# IУАЩХЬЭМАХУЭ

ISSN 0206 – 5266

МАРТ • 2020 • АПРЕЛЬ

2



# ІУАЩХЬЭМАХУЭ

**12+**

**ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ ЖУРНАЛ**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокІ**

**март 2 апрель**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм
и «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ
ІуэхущІапІэм къыдегъэкІ

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР

**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакІуу Хъанджэрий,
БищІо Борис, Гъут Іэдэм, Къэрмокъуэ Хьэмид,
Тэтрокъуэ Астемыр, ТІымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ,
Истэпан Залинэ (жэуап зыхь секретарь)

НАЛШЫК
2020

# Псалъащхьэхэр


**ЖьантIэ**

*ТхакIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ илъэс 90 ирокъу*

**НэщIэпыджэ Замирэ.** Адыгэ литературэм и классик ........ 3
**БакIуу Хъанджэрий.** ФIыщIэ жыг ........ 11
**ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.** Апхуэдэ диIэкъым ........ 13
**Елгъэр Кашиф.** Шу пашэ ........ 15
МэшбащIэ Исхьэкъ хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр ........ 20
**МэшбащIэ Исхьэкъ.** Хэхэсхэр. *Романым щыщ пычыгъуэхэр* ........ 23
**МэшбащIэ Исхьэкъ.** Кастрэ Фидель сызэрыхуэзар. *ГукъэкIыжхэм щыщц* ........ 43

**Прозэ**

**Фырэ-Къаныкъуэ Анфисэ.** Мэуэтхэр. *Тхыдэ роман* ........ 48
**Бещтокъуэ Хьэбас.** АнэгукIэ гъэхуэба прозэ ........ 81
**Мэлей ФатIимэ.** *Рассказ кIэщIхэр* ........ 84

**Усыгъэ**

**ХьэIупэ ДжэбрэIил.** *Усэхэр* ........ 103

**Литературэ щIэныгъэ. Критикэ**

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** Лъэпкъ литературэм и лъагапIэщIэ ........ 121

**Публицистикэ**

**Жыласэ Заурбэч.** Хьэрэмэ Iуащхьэ зи къежьапIэ адыгэ Олимп лIыхъуужьхэр ........ 133
**Нанэ Любэ.** Адыгэбзэр хъумэным теухуа Iуэху щхьэпэ ........ 164

**IуэрыIуатэ**

**Гуэргуэныжь хасэм макIуэ.** *Нарт хъыбархэм щыщц* ........ 167

**ЩIэблэ**

**Нэгъуей Радимэ.** *Усэхэр* ........ 168

Псалъэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдз ........ 174

*ТхакІуэ МэшбащІэ Исхьэкъ илъэс 90 ирокъу*





# АДЫГЭ ЛИТЕРАТУРЭМ И КЛАССИК

*МэшбащІэ Исхьэкъ 1930 гъэм Краснодар щІыналъэм хыхьэ Щхьэщэхуж къуажэм къыщалъхуащ. 1951 гъэм Адыгей педагогикэ училищэр, 1956 гъэм Москва дэт, Горький Максим и цІэр зезыхьэ Литературэ институтыр ехъулІэныгъэкІэ къиухащ. КПСС-м и ЦК-м и Парт школ нэхъыщхьэм журналистикэмкІэ и факультетым щеджащ. 1949 гъэм щегъэжьауэ и тхыгъэхэр къытрадзэ.*

*Абы лъандэрэ тхакІуэм адыгэбзэкІэ къыдигъэкІащ и усэхэмрэ поэмэхэмрэ зэрыт тхылъхэр: «ЩІыху лъэщхэр», «Си дуней», «УэрэдыщІэ», «Вагъуэ бын», «Пшыналъэ», «Псысэ-гупсысэхэр», «Лъэмыжхэр», «Дыгъэгъазэ», «Дыжьын уэшх», «Гъатхэ уэгум и уэрэд», «Шу мафІэ», «Вагъуэ лъагэм и нэхупс», «Махуэбгым и дыгъэ хуабэ», «ФІым и лъагъуэ», «Тхылъищ хъу тхыгъэ къыхэхахэр», «ТхылъитI хъу усэ, поэмэ къыхэхахэр», «Зэманым и шэрхъ», «ПсынэщІэж», «СатыриплІхэр», «УсэкІэ тха псысэхэр», нэгъуэщІхэри. Романхэу: «Ягъеижахэм пэплъэжыркъым»,*

*«Щыхур тIэу къалъхуркъым», «Жэщ лъагъуэхэр», «Бзиикъуэ зауэ», «ЩIыгу хъурей», «ФIы щIэи, псым хэдзэ», «Гуащэней», «Мывэ щхъэлхэр», «ГъэритI», «Хъан-Джэрий», «Ридадэ», «Адыгэхэр», «КъуэкIыпIэмрэ КъухьэпIэмрэ», «Аиссе», «Джасус», «ЩIыгумрэ уэгумрэ щызэпыхьэм сыт щыIэр?», «Ирахуахэр», «Хэхэсхэр», «Тхылъ тIощI хъу тхыгъэ къыхэхахэр», нэгъуэщIхэри. Ильэс зэхуэмыдэхэм Мейкъуапэ, Краснодар, Налшык, Москва урысыбзэкIэ къыщыдэкIащ тхылъ куэд.*

*МэшбащIэм адыгэ литературэм хуищIа хэлъхьэнытъэм папщIэ Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я цIыхубэ тхакIуэ цIэ лъапIэхэр къыфIащащ, Кубаным гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, СССР-мрэ Урысей Федерацэмрэ я Къэрал саугъэтхэм, Шолоховым, Островскэм я цIэкIэ щыIэ литературэ саугъэтхэм я лауреатщ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и саугъэт нэхъыщхьэри къратащ.*

*Къыщалъхуа и хэкум и литературэм зэрызригъэужьам папщIэ абы къыхуагъэфэщащ «Хэкум и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» урысей орденым и II, III, IV нагъыщэхэр, «Лъэпкъ Зэныбжьэгъугъэ» орденыр, «Адыгейм и ЩIыхь» медалыр, Адыгэ Республикэм и Къэрал Советым-Хасэм и «Закон. Долг. Честь» дамыгъэ нэхъыщхьэр, Абхъазым къыщратащ «ПщIэрэ ЩIыхьрэ» орденыр, «Кубаным и зыужьыныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ» медалым и япэ нагъыщэр къыхуагъэфэщащ. Иджыблагъэ къратащ «Урысей Федерацэм ЛэжьыгъэмкIэ и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр.*

*Исхьэкъ илъэс куэдкIэ щытащ Адыгэ Хэку Советым, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм я депутату, иджыпсту УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэтщ.*

*МэшбащIэм итхащ Адыгэ Республикэм и Гимным щIэлъ псалъэхэр. АдыгэбзэкIи урысыбзэкIи и Iэдакъэ къыщIэкIащ тхылъищэм щIигъу, урыс тхакIуэшхуэхэм я тхыгъэхэр, КъурIэныр адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ, и усэ куэдым макъамэ щIалъхьэри, уэрэд цIэрыIуэ хъуащ. Абы и IэдакъэщIэкIхэр инджылызыбзэкIэ, испаныбзэкIэ, нэмыцэбзэкIэ, китаибзэкIэ, франджыбзэкIэ, хьэрыпыбзэкIэ, тыркубзэкIэ, чеххэм, лыхъхэм, болгархэм я бзэхэмкIэ зэрадзэкIащ.*

*МэшбащIэ Исхьэкъ Адыгэ Республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм илъэс 54-рэ хъуауэ и тхъэмадэщ, Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэм я союзым и тхъэмадэм и къуэдзэщ, СНГ-м хыхьэ къэралхэм я ТхакIуэхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм и ГъэзэщIакIуэ гупым и унафэщIым и къуэдзэщ, УФ-м и Президентым и лIыкIуэу Ипщэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм егъэщIылIауэ лажьэ, Нэхъыжьхэм я советым хэтщ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Нэхъыжьхэм я советым и тхъэмадэщ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием, ЩIэныгъэхэмкIэ Абхъаз Академием я академикщ.*

*Адыгэ къэрал университетым, Мейкъуапэ къэрал технологие университетым, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щIыхь зиIэ я докторщ, Мейкъуапэ, Тэрч (КъБР) къалэхэм щIыхь зиIэ я цIыхущ.*

Гугъущ зи цIэм дунейпсо мыхьэнэ игъуэта тхакIуэшхуэм утетхыхьыну. Зы тхыгъэкIэ, дауи, къыпхуэгъэлъэгъуэнукъым, зы цIыху акъылми къитIэщIыфынукъым абы и IэдакъэщIэкI купщIафIэхэмрэ гупсысэ куухэмрэ, и къекIуэкIыкIамрэ нобэ ныбжькIи, зэфIэкIкIи,

зэчийкIи здынэса лъагапIэшхуэмрэ. ИтIани апхуэдэ тхакIуэ, усакIуэ щэджащэр зэрыадыгэм къыпхилъхьэ гушхуэныгъэм, и усэ сатырхэм гур зэригъэушэм, и тхыдэ романхэм укъызыхэкIа лъэпкъыр къуэзэригъэцIыхум, езыр уи цIыхугъэрэ и лъахэ уихьэху и псалъэ Iущхэмрэ тхылъыщIэхэмкIэ узэригъэафIэм утрегъэшхуэ лIэщIыгъуэм нэблагъэ къэзыгъэщIа цIыху телъыджэм теухуа уи псалъэ жыпIэну.

МэшбащIэ Исхьэкъ и зэчиймрэ зэфIэкIымрэ куэд къызэщIаубыдэ, лъахэм, лъэпкъым я IэфIыр гурэ псэкIэ зыхыуигъащIэу гухэлъ пшыналъэхэмрэ прозэ купщIафIэхэмрэ къегъэщI. Абы и IэдакъэщIэкIыр лъэпкъпсо зыщIэппIыкI хъун защIэщ, и дэтхэнэ тхыгъэри адыгэм и тхыдэ куущ.

Исхьэкъ къалэм къызэрищтэрэ и хэкумрэ къызыхэкIа лъэпкъымрэ я беягъыр, дахагъыр хъуэпсэгъуэу къызэригъэлъагъуэр, и бзэр гъатхэ жыг хадэу къызэрызэрытIэпIыкIыр умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым. Дэнэ-тIэ а къалэмыпэр къыщежьэр, тхакIуэ щэджащэм езым хиша лъагъуэм пэщIэдзэ хуэхъур? Ар, дауи, и адэжь лъапсэрщ, Краснодар крайм и Успен районым хыхьэ Щхьэщэхуж къуажэрщ. Исхьэкъ и адэ Шумахуэ, Амзан и къуэр, къызыхэкIа лъэпкъым а щIыгум япэу гъавэ щытрасащ, я унагъуэцIэр къызытекIари аращ – мэш бэв хасащ. Бакъ ипхъу и анэ МыIуминати зыщыщ Деунэжхэ аращ щетIысэхар. ЛъэпкъитIми я сабийхэр а жылэм къыщалъхуащ, лъэ щытеуващ, гъащIэм и дыджымрэ и IэфIымрэ щызыхащIащ, я гуфIэгъуэ-гукъеуэ нэпси щыщIэкIащ. Исхьэкъ япэу жыбгъэ къыщыжьэхэуар и адэр илъэс щэ никъуэ иримыкъуу дунейм щехыжарагъэнщ, езыр илъэсищ хъууэ арат абы щыгъуэ. ИтIани ар и анэм иригъэцIыхуфащ, абы и щапхъэм щIипIыкIыфащи, гуапэу игу къегъэкIыж. Апхуэдэуи къуажэдэсым хужаIэ дахэ къомымкIэ зэхэлъ образ нэсу и гум щызэфIэуващи, ицIыхуу щытауэ къыпфIегъэщI. КъызэраIуэтэжымкIэ, Шумахуэ лIы быдэт, лэжьакIуэшхуэт. Абы и хахуагъэмрэ и лIыгъэмрэ жылэдэсхэм зэIэпахыу ягъэхъыбарырт, псалъэм папщIэ, и дамащхьэм хьэжыгъэ къэп телъу зригъэзыхыурэ етIуанэ къэпыр дзэкIэ къищтэу щытауэ жаIэж. Уи гуащIэрэ уи пщIэнтIэпскIэ къэблэжьам нэхъ лъапIэрэ нэхъ IэфIрэ зэрыщымыIэр ищIэрти, зыщымысхьыжу лажьэрт.

Апхуэдэ шыфэлIыфэ зиIэ адэр пасэу зэраIэщIэкIам къищынэмыщIауэ, Исхьэкъ и сабиигъуэр зыхиубыда лъэхъэнэр гъаблэ зэмант. Бынитху къызыхуэна бзылъхугъэм хуабжьу къыдэIэпыкъуащ и адэ-анэр. Адэшхуэмрэ анэшхуэмрэщ Исхьэкърэ и анэкъилъхуиплIымрэ зыпIар.

Адэшхуэм и куэщI ирипIыкIа щIалэ жаным и гупсысэр зэтеубыда хъунымкIэ сэбэп къыхуэхъуари аращ. Езым игу къызэригъэкIыжымкIэ, адэшхуэр фIыуэ щыгъуазэт адыгэ тхыдэм – тхылъым къриджыкIауэ аратэкъым, атIэ гъащIэм щызэхихат. Деунэж Бакъ и гурыхуагъэр умыгъэщIэгъуэнкIэ Iэмал иIэтэкъым, хъыбарыжьхэри, псысэхэри, тхыдэм щыщхэри куэду ищIэрт, ахэр къиIуэтэжынкIэ Iэзэ дыдэт. Япэ дыдэ нарт Сосрыкъуи, Сэтэнеи, Iэдиихуи, Лъэпщи я гугъу Исхьэкъ къыхуэзыщIар а дадэрщ. КъищынэмыщIауэ, егъэджакIуэфIхэмкIэ гъащIэр къыхуэупсат абы. Ахэращ гъащIэм кууэ пхыплъыфу, пасэм щыIа адыгэ гъукIэхэм хуэ-

дэу, шыIэныгъэ хэлъу псалъэр игъэбзэфу, къыкъуэкI дыгъэми, къуршыщхьэ хужьхэми ящыгуфIыкIыфу, нэхъыщхьэ дыдэу мы дунейм тет ЦIыхур илъытэу зыгъэсар. Мыбдежым къыхэгъэщыпхъэщ Исхьэкъ и творчествэм мыхьэнэшхуэ щызыгъэзэщIа урыс егъэджакIуэхэри. Совет Союзым щыцIэрыIуэ тхакIуэ, усакIуэ куэд я зэчиймкIэ къыдэгуэшащ абы, я псэ хьэлэлагъкIэ ягъэгушхуащ. Абыхэм щрихьэлIар, дауи, Горькэм и цIэр зезыхьэ Литературэ институтырщ. Апхуэдэщ и романхэр къэралым къезыгъэцIыхуа, и IэдакъэщIэкIхэр урысыбзэм къргагъэзагъэу къыдэгъуэгурыкIуэ зэдзэкIакIуэхэри.

Литературэр зи лъабжьэ, зи къуэпс, зи гъащIэ хъуа МэшбащIэ Исхьэкъ бзэ куэдкIэ зи IэдакъэщIэкIхэм еджэ тхакIуэ, классик гъуэзэджэ къыхэкIащ. Пэжщ, тыншу щытакъым сабиигъуэмрэ балигъ гъащIэмрэ я зэхуаку дэлъа гъуэгуанэр. Абы зыщыбгъэгъуэзэн щIэбдзэмэ, гу лъыптэнущ, махуэм жэщыр къызэрыкIэлъыкIуэм хуэдэу, тхакIуэм и гъащIэри фIым Iейр кIэлъыкIуэу зэрызэхэлъар. Ар философие куу зыщIэлъ гъуэгуанэт. Гъуазэ хъур и адыгэбзэмрэ абы хуиIэ лъагъуныгъэмрэт. Ущыуэну къыщIэкIынкъым, МэшбащIэ Исхьэкъ тхакIуэ зыщIар и анэдэлъхубзэрщ, и адыгэ хабзэрщ, къыщалъхуа и жьэгужьырщ жыпIэмэ. Ахэр сыт щыгъуи япэ иригъэщу къогъуэгурыкIуэ ар.

Анэдэлъхубзэм и мыхьэнэр къыгурыIуэу дунейм зы цIыху тетмэ, МэшбащIэр етIуанэщ. Сыту жыпIэмэ, апхуэдиз щIэныгъэ бгъэдэлъми, урысыбзэр фIы дыдэу ищIэми, зэи хамэбзэкIэ тхакъым, и анэдэлъхубзэращ и къалэмыр зэригъабзэр. Мис ар фIыгъуэ нэхъыщхьэу бгъэдэлъхэм ящыщщ абы. «ТхакIуэр щыпсэун хуейри щылэжьэн хуейри къыщалъхуа и лъахэрщ. И адэжь хэкум гурыщIэ къабзэ хуимыIэмэ, абы и тхыдэм щымыгъуазэмэ, и блэкIамрэ и щыIэкIэмрэ имыщIэмэ, лъэпкъ таурыхъхэмрэ уэрэдыжьхэмрэ щIамыпIыкIамэ, и анэдэлъхубзэр имыгъэшэрыуэмэ – лъэпкъ тхакIуэ щыIэнкIэ Iэмал иIэкъым. Сэ куэдрэ Москва сыщылэжьэну срагъэблэгъащ: Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и Правленэм и секретару, ТхакIуэхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм и ГъэзэщIакIуэ гупым и унафэщIым и къуэдзэу, «Октябрь» литературэ-художественнэ журналым и редактор нэхъыщхьэу... Зэгупсысыпхъэт, ауэ сегупсысакъым: сэ сыкъулыкъущIэкъым, сэ сытхакIуэщ, сылъэпкъ тхакIуэщ. Сэ сызэреплъымкIэ, тхакIуэр и лъэпкъ хэсыжын хуейщ, и лIыхъужьхэм къаухъуреихьу, арыншамэ купщIэ зиIэ гуэри IэщIэтхыхьынукъым», – жеIэ Исхьэкъ.

Къыпхуэмылъытэн хуэдизу куущ МэшбащIэ Исхьэкъ адыгэ, урысей, дунейпсо литературэхэм яхуищIа хэлъхьэныгъэр. СатыриплI хъу усэхэм щегъэжьауэ, адыгэ тхыдэм кууэ дризыгъэплъэж романхэр зэрыт тхылъи 100-м щIигъу къыдигъэкIащ абы. Къыщалъхуа лъахэмрэ къызыхэкIа лъэпкъымрэ я къуэ пэжу къыщIэкIа тхакIуэм и тхыгъэхэр бзэ куэдкIэ зэрадзэкIащ. Нобэ абы и зэфIэкIымрэ адыгэм и цIэр жыжьэ зэригъэIумрэ дагъэгушхуэм и закъуэкъым, атIэ абы и тхыгъэхэм дерс къыхыдох, блэкIар ди нэгу къыщIэдгъэхьэжыфын хуэдизу къытхуеIуатэ, ар ди нобэрей гъащIэм едгъапщэурэ лъагъуэ пхытшыну Iэмал къыдет. Абы къыдэкIуэуи къыхэгъэщыпхъэщ

адыгэм и псэкупсэ къулеягъыр нэгъуэщIхэм зыхегъэщIэнымкIэ, къыдэкIуэтей щIэблэм я лъэпкъ зэхэщIыкIыр зэфIэувэнымкIэ а тхыгъэхэм къалэнышхуэ зэрагъэзащIэр. Абы и романхэр псори щIэзыдджыкIа цIыхур университет зыбжанэ къэзыухам хуэдэу губзыгъэ зэрищIынур, лъэпкъым хуэфэщэн цIыху нэсу зэрыпсэунур хьэкъщ. И усэхэращи, гущIэм нэс защIэщ. ГъэщIэгъуэнракъэ, сатыриплI къудей фIэкIа мыхъуми, зы гъащIэ Iыхьэ къыщыгъэлъэгъуа гупсысэ зыщIэлъ е философие кууу зыхэплъагъуэ яхэтщ абыхэм. КIэщIрэ купщIафIэу, захуэрэ пхыкIыу матхэ Исхьэкъ. Усыгъэр ар езыр талантышхуэщ. Гъуазджэм и дунейм ухыхьэныр зэчийм и закъуэ елъытакъым, атIэ уемызэшу улэжьэн хуейщ. КъищынэмыщIауэ, егъэджакIуэ нэхъ лъэщ дыдэм – гъащIэм – узыхуигъасэхэр зыхэплъхьапхъэщ, цIыхубэм я гурыгъу-гурыщIэхэм ущыгъуэзапхъэщ. Мис ахэр Iэрыхуэу дебгъэкIуфрэ уи зэчийм – итIанэщ лъэныкъуэ куэдкIэ зызыужьа, псэкупсэ къулеягъ зыбгъэдэлъ иджырей тхылъеджэм ущызыхищIэнур. Исхьэкъ бгъэдэлъщ а псор, аращ усыгъэри прозэри зэгъусэу къыщIехъулIэр, цIыхубэм я гущIэм щIынэсыфыр.

Езым и IэдакъэщIэкIхэм къадэкIуэу Исхьэкъ адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ «Слово о полку Игореве», «Медный всадник», «Скупой рыцарь», «Моцарт и Сальери» (А. С. Пушкин), «Беглец» (М. Ю. Лермонтов), «Железная дорога» (Н. А. Некрасов), «Двенадцать» (А. А. Блок), «Анна Снегина» (С. А. Есенин), «Облако в штанах» (В. В. Маяковский) тхыгъэ телъыджэхэр.



Прозэр къапщтэмэ, адыгэм и тхыдэм и нэхъ кууупIэхэр IупщIу къызэрыщигъэлъэгъуэжар, лIэщIыгъуэ зыбжанэм къыщыхъуахэр зэкIэлъыхьауэ ди пащхьэ къызэрырилъхьэр уасэ зимыIэ хъугъуэфIыгъуэщ. «Мывэ щхьэлхэр», «Адыгэхэр», «КъуэкIыпIэмрэ КъухьэпIэмрэ», «Бзиикъуэ зауэ» романхэмрэ нэгъуэщI тхыгъэшхуэхэмрэ – ахэр 80-м щIегъу – зэгъусэу къапщтэмэ, зы художественнэ гупсысэщ щыпхышар, апхуэдэуи лъэпкъ тхыдэм хэлъ щхьэхуэныгъэ псори къыщыхьащ. Исхьэкъ и романхэм къыхэщ лIыхъужь нэхъыщхьэхэм – Хъан-Джэрий, ХьэIишэт, Ридадэ, Некрас Тимофей – я хьэлщэнхэмрэ дуней тетыкIэмрэ щIэджыкIакIуэ куэдым ягу дыхьащ. Абы къыщымынэу, а образхэр щэныфIагъымрэ хахуагъэмрэ я джэлэсщ, лъэпкъылI нэсхэр ирибгъэсэну зыхуэдэ щымыIэщ.

Апхуэдизу купщIафIэ, сыт и лъэныкъуэкIи зэпэшэча романхэр птхыныр мыбдеж щылъкъым, а жанрым къалэн гугъу къыпхуегъэув. Абы къыхэкIыу роман зэхуэмыдэхэм иужь итурэ Исхьэкъ щылэжьащ Москва, Ленинград, Краснодар, Тбилиси, Ставрополь, Истамбыл, Париж, Тегеран, Дамаск, Каир щыIэ архивхэм. Ар хэплъащ лIэщIыгъуэ зэхуэмыдэхэм адыгэхэм я щыIэкIэ-псэукIэм теухуауэ зыплъыхьакIуэ цIэрыIуэхэм ятхахэм, блэкIа жыжьэм къыщыхъуакъыщыщIахэм ехьэлIауэ ятхыжа дэфтэр гъэщIэгъуэнхэм, щIэныгъэлI ехьэжьахэм я IэдакъэщIэкIхэм.

ИтIанэ хуабжьу сэбэп къыхуэхъуащ Кремлым щыщыIа илъэсхэр, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и цIыхубэ депутату лажьэрти, зыри пэрыуэгъу къыхуэмыхъуу, урыс офицерхэм, генералхэм я гукъэкIыжхэр щIиджыкIащ, хамэ къэралхэм щыщ авторхэм, дипломат-

хэм я IэдакъэщIэкIхэм хэплъэфащ. Ахэр куэдым дзыхь хуамыщI архив дэфтэр телъыджэщ.

– Тхыдэ романым нэгъуэщIу убгъэдыхьэфынукъым, – жеIэ Исхьэкъ. – Хуабжьу зыбгъэхьэзырын хуейщ, уеблэмэ, узытетхыхьыну Iуэхугъуэр къыщыхъуа лIэщIыгъуэм бгъэзэжыпхъэщ. Ар гъэщIэгъуэн гуэрщ – гурыфIыгъуэ къозыт гугъуехь хьэлъэ дыдэщ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, пщы цIэрыIуэ Ридадэрэ Мстиславрэ я лъэхъэнэр цIыхум я нэгу къыщIэбгъэхьэжыфыныр куэд и уасэщ. Абыхэм я образыр нэрылъагъу пщIыным и мызакъуэу, а лъэхъэнэм и «хьэуари» щIэджыкIакIуэм и деж нэбгъэсыжын хуейщ. КъищынэмыщIауэ, лIыхъужьым и хъуреягъ къыщыхъу Iуэхугъуэхэр, сюжет-композицэ лъабжьэр къызэрызэрыкIыр абы хуэкIуэ псалъэхэмкIэ къэбгъэлъэгъуэфыныр, хэкIыпIэхэр и чэзум уи щхьэ къизэрыхьыныр зыми емыщхь гурыщIэ куущ.

Исхьэкъ и романхэм къызэщIаубыдэр зы лIэщIыгъуэм къыщыхъуахэракъым, атIэ X лIэщIыгъуэм щегъэжьауэ адыгэм и тхыдэр къыщыгъэлъэгъуэжащ. ЩIэджыкIакIуэхэм я пащхьэ ирилъхьащ адыгэпщхэм, дзэзешэхэм, къэрал лэжьакIуэхэм я гъащIэм къыщыхъуахэр, Урысей къэралыгъуэм адыгэм щигъэзэщIа къалэныр. Урыс-Кавказ зауэм теухуа тхылъитху и Iэдакъэ къыщIэкIащ Исхьэкъ, дэтхэнэри архив дэфтэрхэм къыщигъуэта фактхэмкIэ щIэгъэбыдауэ. Абыхэм къахощыж адыгэм и нэгу щIэкIа гузэвэгъуэ куэд. «Ауэ щыхъукIи, тхыдэм сыщыхуеплъэкIыжкIэ, сэ си сэр зыгуэрым хуэзгъэдэлъэну зэи яужь ситакъым, зыри згъэкъуаншэркъым адыгэм къыщыщIамкIэ. Си гугъэщ дэфтэрхэм къахэсхыж пэжыр художественнэ теплъэ иIэу я пащхьэ зэрислъхьэр къагурыIуэу. Дауэ мыхъуми, мамырыгъэ ди зэхуаку дэлъу дыхэпсэукIын хуейщ иджырей зэманым. Дэтхэнэ лъэпкъми езым и щхьэ кърикIуа хьэзаб иIэжщ. Дэри ди лъахэм дыкъыщитIысхьэм зыгуэри дэткъузагъэнщ. Ди щхьэщыгу ит дыгъэр илъэс мин бжыгъэ лъандэрэ и хуабэмкIэ гуашэу апхуэдэщ, лъэпкъ зэхэгъэж имыщIу, апхуэдабзэщ цIыхур псы Iубыгъуэ хуэзымыгъалIэ псыIэрышэхэри, гъавэ къызытрах щIы берычэтри. Апхуэдэ гупсысэщ си тхыдэ романхэм щыпхышар. Уи лъэпкъым и узыфэхэмрэ и гурыфIыгъуэхэмрэ умыщIэмэ, уи дыгъуасэмрэ нобэмрэ зумыгъэпщэфмэ, тхакIуэ, лэжьакIуэ, политик е цIыху зэпIэзэрыт къыпхэкIыну? Сэ сызыхуейр зыщ – адыгэм и тхыдэ пэжымрэ и щэнхабзэ къулеймрэ къыдэкIуэтей щIэблэм ящымыгъупщэнырщ», – жеIэ МэшбащIэм.

Нобэ Исхьэкъ Адыгэ Республикэм и жылагъуэ гъащIэм жыджэру хэтщ, и лъахэм и щэнхабзэ-тхыдэ щIэиныр хъумэным, нэхъ бей щIыным и гуащIэ хелъхьэ, Адыгейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэхэм илъэс куэд щIауэ и тхьэмадэщ, адыгэбзэкIэ къыдэкI «Зэкъуэшыныгъэ», «Вагъуэбын», урысыбзэкIэ къыдэкI «Литературная Адыгея», «Родничок Адыгеи» журналхэм я редактор нэхъыщхьэщ.

ТхакIуэхэр жылагъуэ гъащIэм пэIэщIэу зэи щытыфынукъым. ЦIыхур зыгъэпIейтейхэмрэ дунейм къыщыхъу-къыщыщIэхэмрэ и нэр хуиуфIыцIу и хьэлкъым Исхьэкъ. Экономикэм, щэнхабзэм, щIэныгъэм, гъуазджэм, спортым ехъулIэныгъэхэр щызыIэрызыгъэхьэ адыгэхэм ирогушхуэ, и щхьэр лъагэу ирагъэлъагъуж. Ди къэра-

лым и гурыфIыгъуэри, и гузэвэгъуэри псэкIэ зыхызыщIэ цIыхущ ар, хузэфIэкIымкIэ абы и зыужьыныгъэм хуэлажьэу. УФ-м и Жылагъуэ палатэм нэхъ жыджэру хэлэжьыхьхэм ящыщщ ди тхакIуэ щэджащэр. Абы утыку къыщрихьэну нэхъ фIэщхьэпэр лъэпкъ Iуэхуращ, шэч хэмылъу. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Урысейм и шынагъуэншагъэр щыпсэу лъэпкъ цIыкIухэм я зэкъуэтыныгъэм епхауэ къелъытэ.

Зэкъуэтыныгъэм, зэгурыIуэныгъэм, зыужьыныгъэм сыт щыгъуи хущIэкъуу къекIуэкIащ Исхьэкъ. Апхуэдэуи мамырыгъэр, зэныбжьэгъугъэр, лъагъуныгъэр, цIыхухэм я зэхуаку дэлъ пщIэр, лъэпкъхэм я зэхущытыкIэфIхэр и тхыгъэ купщIафIэхэмкIэ дигъэлъэгъуащ. УсакIуэ цIэрыIуэ, тхакIуэ щэджащэ, зи хэкум хуэпэж хэкулI нэс МэшбащIэ Исхьэкъ хуэдэ цIыху къызыхэкIа лъэпкъым насыпыфIэу зыкъилъытэжын хуейщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ар цIыху къызэрымыкIуэщ. Абы и щыхьэт нэсщ езыр къыщалъхуа Краснодар крайм хыхьэ Успен районым и Щхьэщэхуж (Урупское) жылэм илъэсиплI ипэ фэеплъ зэрыщыхуагъэувар. Фэеплъыр абы щыгъуэм къызэIуахауэ щытащ Краснодар крайм и губернатор Кондратьев Вениаминрэ Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэу щыта ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрийрэ. Краснодар крайм и унафэщIым къыхигъэщат лъэпкъ зэныбжьэгъугъэмрэ щIыналъэхэр зэдэлэжьэнымрэ ехьэлIауэ адыгэ тхакIуэм хузэфIэкIым и инагъыр пщалъэ гуэркIи къызэрыпхуэмылъытэнур.

ТхакIуэм и Iулыджым и лъагагъыр иджыри зэ щIигъэбыдэжу 2019 гъэм МэшбащIэм кърататщ «Урысей Федерацэм ЛэжьыгъэмкIэ и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр. Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь дамыгъэр къэралым хуащIа Iуэху инхэм папщIэ яту аращ. А дамыгъэ лъапIэр къэралым ис лъэпкъхэм я литературэ щIэиныр гъэбэгъуэным, Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я зэгурыIуэныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ егъэфIэкIуэным хуэгъэпсауэ МэшбащIэ Исхьэкъ ищIа лэжьыгъэшхуэм и уасэщ.

Путин Владимир дамыгъэр МэшбащIэм къыщритыжым къыхигъэщащ абы и IэдакъэщIэкIхэм нэхърэ мынэхъ мащIэу, и зэдзэкIыгъэхэми мыхьэнэшхуэ зэраIэр. «Кавказ Ищхъэрэ псор зыгъэлъапIэ абы и усэ телъыджэхэр урысыбзэкIи нэгъуэщIыбзэхэмкIи Iуащ. Махуэ къэс узримыхьэлIэ бзэхэм язу щыт адыгэбзэмкIэ урыс литературэм и хъугъуэфIыгъуэхэр зэрызэридзэкIам папщIэ усакIуэм пщIэ лей къелэжь. Ар совет зэманым фIыуэ зыщызыужьа, иджы, ди жагъуэ зэрыхъущи, Iэпэдэгъэлэл тщIа лэжьыгъэщ, дызыхуэныкъуэ куэд тIэщIигъэхуу, икIэщIыпIэкIэ зэтегъэувэжын хуейуэ. Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я щэнхабзэхэмкIэ зэхъуэжэну Iэмал къезыт, урыс литературэми зезыгъэужь а лъэныкъуэмкIэ уиIэ ехъулIэныгъэхэр дэркIэ хуабжьу лъапIэщ», – жиIащ Путиным.

МэшбащIэ Исхьэкъ адыгэ лъэпкъ щэнхабзэми, урысей, дунейпсо литературэхэми яхуищIа хэлъхьэныгъэм, лъэпкъ зэныбжьэгъугъэмрэ мамырыгъэмрэ, хэкум зиужьынымрэ ефIэкIуэнымрэ и гуащIэшхуэ зэрыхилъхьам щыхьэт техъуащ къэрал Iэтащхьэм кърита дамыгъэр.

Илъэс 90-м нэсами, Исхьэкъ и лэжьэкIэр зыкIи нэхъ кIащхъэ хъуакъым, мурадыщIэхэр ещIри, дахэу гъащIэм хепщэ. Иужьрей хъыбарыфIхэм ящыщщ МэшбащIэм и Iэдакъэ къыщIэкIа «Аиссе»

роман телъыджэм кино къызэрытращӀыкӀынур. Франджы эпистоляр литературэм и классик Аиссе Шарлоттэ-Элизабет ХьэӀишэт и дуней тетыкӀэр, Ӏущагъыр, Ӏэдэбагъыр шэрыуэу къыщыгъэлъэгъуэжащ романым. Зи гъащӀэр Кавказым къыщежьэу, Тыркум щыпищэу, Франджым щиуха адыгэ цӀыхубзщ романыр зытеухуар. И адэм и лъапсэр зэрапхъуэу гъэр ящӀа ХьэӀишэт зи цӀэ хъыджэбз цӀыкӀур 1698 гъэм ливр 1500-кӀэ Уэсмэн пащтыхьыгъуэм щыӀа франджы лӀыкӀуэ Шарль де Ферриоль Истамбыл бэзэрым къыщещэхури, пхъу ещӀ, ирегъаджэ, щӀэныгъэ хъарзыни ирегъэгъуэт. Чыристан диныр къыщищтэм, Шарлоттэ-Элизабет цӀэр къыфӀащат, арщхьэкӀэ дунейм тетыху абы къызэреджар франджы жыӀэкӀэм иува Аиссе цӀэмкӀэщ. ХьэӀишэт узримыгъэплъу хъыджэбз дахэ къищӀыкӀащ, езыр гуакӀуэт, щабэт, псэм дыхьэм хуэдэщ жыхуаӀэт.

ГъащӀэм зэхэзедзэн ищӀа ХьэӀишэт къызыхэхуа унагъуэр сыт хуэдизу къыхуэмыгумэщӀами, и нэгум къищ и гурыгъузхэр яхуэгъэкӀуэдакъым, – гущӀэм щигъэпщкӀу и гурыщӀэхэр къахуэтӀэщӀакъым. А псом и щэнри ягъэпса къыпфӀигъэщӀу Ӏэсэт икӀи зэпӀэзэрытт.

ХьэӀишэт нэгъуэщӀ зы фӀагъи бгъэдэлът: абы зэхэщӀыкӀышхуэ иӀэу къыщӀэкӀащ. ЦӀыху губзыгъэщ хужаӀэу и зэманым псэуа тхакӀуэ, узэщӀакӀуэ, философ куэд абы деж щызэблэкӀыу щыхьэщӀэрт, дэтхэнэми яжриӀэнрэ яхуиӀуэтэнрэ игъуэту. И ныбжьым емылъытауэ акъылышхуэ къызыкъуэкӀа цӀыхубзыр щыпсалъэкӀэ, кӀэщӀт, ауэ купщӀафӀэт, жиӀэр зэгъэзэхуат, ауэ шэрыуэт. ХьэӀишэт бгъэдэлъ зэчийр нахуэ щыхъупар абы Каландрини гуащэм хуитхауэ щыта тхыгъэхэр зэуӀуу дунейм къытехьа нэужьщ. Псэ къабзагъэм, фӀылъагъуныгъэ пэжым, цӀыхугъэм ипэ зыри изымыгъэщ ХьэӀишэт куэд къигъэщӀакъым, и ныбжьыр илъэс 39-м иту 1733 гъэм дунейм ехыжащ.

МэшбащӀэм и романым кинофильм тещӀыкӀыным текӀуэдэнур Адыгэ Республикэм и Ӏэтащхьэу щыта, хьэрычэтыщӀэ Щэумэн Хьэзрэтрэ сенатор Къанокъуэ Арсенрэ я мылъкум къыхэкӀынущ. ХьэӀишэт теухуа фильмыр техыныр къызэгъэпэщыным нэгъабэ дыгъэгъазэ мазэ лъандэрэ йолэжь, абы къыщегъэжьауэ къыхах тезыхыну гупым хэтынухэри, ролхэр зыгъэзэщӀэнухэри. Абы режиссёр хуэхъуар Урысей Федерацэм гъуазджэмкӀэ щӀыхь зиӀэ и лэжьакӀуэ Муратов Александрщ, сценарийр зытхынур Сасинэ Маринэщ.

Лъэпкъыми хэкуми я пащхьэ щиӀэ къалэныр МэшбащӀэ Исхьэкъ зэригъэзащӀэрэ куэд щӀащ, итӀани и зэфӀэкӀымрэ къарумрэ мыкӀуэщӀу зыужьыныгъэм иджыри хуолажьэри, Тхьэм дяпэкӀи хущӀигъэхьэ.

**НЭЩӀЭПЫДЖЭ Замирэ,**
*Адыгей Республикэм щӀыхь зиӀэ и журналист*

# ФIЫЩIЭ ЖЫГ

Иужьрей илъэсипщIхэм МэшбащIэ Исхьэкъ прозэм, псом хуэмыдэу роман жанрым, псэ хьэлэлкIэ хуолажьэ. АбыкIэ и цIэр фIыкIэ жыжьэу щигъэIуащ. Адыгэ тхыдэм и лъэхъэнэ зыбжанэми тритхыхьащ роман щхьэхуэхэр, сэтей къищIащ цIыху щэджащэ зыкъомым я гъащIэр, ди нэгум къыщIигъэувэжащ зэман зэхуэмыдэхэм щыIа псэукIэр. IутIыж Борисрэ МэшбащIэ Исхьэкърэ зыгуэркIэ зэщхьщ. Борис и трагедиехэмкIэ адыгэхэм я тхыдэм и лъэхъэнэ хьэлъэхэр щызэфIигъэувэжащ театр сценэм, МэшбащIэ Исхьэкъ нэгъуэщI жанркIэ хузэфIэкIащ ди тхыдэм адыгэм и мызакъуэу, нэгъуэщI лъэпкъхэри иригъэгупсысын, гу лъаригъэтэн къытлъыса гуауэ куэдым. Аращ и щхьэусыгъуэр Исхьэкъ и романхэр адыгэбзэкIи урысыбзэкIи зэкIэлъхьэужьу къыщIыдигъэкIым.

МэшбащIэм нэхъ гуащIафIэ тхакIуэ къыщыгъуэтыгъуейщ Адыгейми, Къэбэрдей-Балъкъэрми, Къэрэшей-Шэрджэсми, ди гъунэгъу республикэхэми. Апхуэдиз роман иужьрей илъэс щэщIрэ тхум (тхакIуэм и япэрей роман «Ягъеижахэм пэплъэжыркъым» зыфIищар 1966 гъэм итхащ, абы къыкIэлъыкIуащ: «ЦIыхур тIэу къалъхуркъым» – 1968; «Жэщ лъагъуэхэр» – 1971; «Илъэс уаехэр» – 1973; «Бзиикъуэ зауэ» – 1976; «Гуащэней», «ФIы щIэи, псым хэдзэ», «Мывэ щхьэлхэр», «Хъан-Джэрий», «Ридадэ», н.) зи Iэдакъэ къыщIэкIа сщIэркъым. Я куэдагъым и закъуэкъым, атIэ ахэр Iэзэу «историзм» жыхуаIэ Iэмалым тету, фIэщхъуныгъэ хэлъу зэрытхам папщIэ фIыщIэ жыг хухэпсэ хъунущ тхакIуэшхуэм.



МэшбащIэм и романхэм щIэныгъэлI куэд тетхыхьащ, абыхэм хуагъэфэщащ саугъэт лъапIэхэри, хужаIащ псалъэ дахэ Iэджи. Сэ зи гугъу сщIынур абы и усэхэрщ, лирикэ жанрым и жыпхъэм итхэрщ. Куэд щIауэ Исхьэкъ поэзиер тIэкIу «IэщIыб ищIами», ар литературэм зэрыхыхьар, и цIэр фIыкIэ къраIуэу зэрыщытар и лирикэмкIэщ. Пэжщ, Исхьэкъ и поэзием щымащIэкъым эпосыр зи лъабжьэ усэхэри поэмэхэри. Уеблэмэ усакIуэм и япэрей поэмэ «ЦIыху лъэщхэр» (ар и фIэщыгъэ хъуащ и япэрей тхылъми) эпикэр щытопщэ, ауэ лирикэм и хьэли дыболъагъу.

Сэ сызэреплъымкIэ, МэшбащIэм и творчествэм, усэми прозэми щытопщэ эпикэр, ауэ лирикэм дежи и зэфIэкI къыщегъэлъагъуэ. Лирикэр драмэми эпосми къащхьэщокI къигъэсэбэп IэмалхэмкIэ, зытепсэлъыхь Iуэхур къызеригъэлъагъуэмкIэ. Абы и дежкIэ нэхъыщхьэр усакIуэм и щхьэзакъуэ гурыщIэрщ, и гур зыгъэпIейтейрщ. Мы жанрым и дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ усакIуэм и шыфэлIыфэм. КIыщокъуэ Алим и «Дамыгъэ» усэм фIы дыдэу къыщигъэлъэгъуащ зи гугъу тщIыр. УсакIуэм и цIэр дамыгъэ яхуохъу усэхэм, шым трагъауэм хуэдэу. Алим тегузэвыхьу жеIэ: «Си усэ шыхэу си дамыгъэ зытеслъхьахэм къахьыфыну пIэрэ шууейхэм я деж фIыщIэ?».

МэшбащIэ Исхьэкъ и дамыгъэ зытет усэ куэдым къалэжьащ адыгэхэм я лъагъуныгъэрэ я щIыхьрэ. Абыхэм яхэтщ «макъамэм шэсу» уэрэд цIэрыIуэ хъуахэри. Хэт нобэ зымыщIэр «Адыгэхэр» жыхуиIэ усэр? Мы усэ закъуэм деж Исхьэкъ адыгэхэм я лъэпкъ щэныр, я хабзэ дахэр, я лIыгъэр, псом хуэмыдэу зэрыхьэлэлыр, я гур зэрызэIухар къыщигъэлъэгъуэн хузэфIэкIащ. УсакIуэм сюжет хьэ-

лэмэт къигъуэтащ. Ар «мыадыгэ гуэрым» дэуэршэр хуэдэурэ, адыгэхэм ятопсэлъыхь, «ирожэ» тхыдэм, хабзэ щыIахэмрэ щымыIэжхэмрэ къретхэкI. ИкIэ дыдэ строфам деж щыжеIэ: «Иджы фоч щагъауэр нысэишыжым дежщ», «сабийр къагъэхъур, гъуэгу трагъэувэр», «цIыху хуэдэ щыт» жраIэурэ.

НэгъуэщI усэ куэдми МэшбащIэм гупсысэ куу къыщегъэлъагъуэ, псалъэ къызэрыгуэкIхэр къигъэсэбэпурэ, абыхэмкIэ образ щIэщыгъуэ иухуэурэ. Япэрей и усэ тхылъ «Си дуней» (1957) зыфIищам къыщыщIэдзауэ МэшбащIэм и усэхэм а хабзэр къадогъуэгурыкIуэ. УсакIуэм и пэ ита КIыщокъуэ Алим, Гамзатов Расул, Кулиев Къайсын сымэ философие зыщIэлъ лирикэм зрапщытауэ щытащ 60 – 70 гъэхэм. Абыхэм образ гъэщIэгъуэнхэр къагъэщIащ икIи символ мыхьэнэ иратащ бгы, шу, мывэ, сэшхуэ, шы, фоч псалъэхэм. Зыгуэрхэм я тхылъхэм цIэ яхуэхъуащ ахэр: «Iэсят и мывэ» (Уэхъутэ Абдулыхь), «Мывэ хуабэ» (КIыщокъуэ Алим), «Мывэ уIа» (Кулиев Къайсын), н. КIыщокъуэ Алим шымрэ шумрэ гъуэзэджэу къыщигъэсэбэпащ и усэхэм.

МэшбащIэр абыхэм я гъуэгу теувакъым, ауэ абыи къигъэсэбэпащ адыгэм я нэпкъыжьэ зытелъ хьэпшыпхэр, псалъэхэр. Псом япэ къиIуапхъэщ мыхьэнэшхуэ зиIэ «гъуэгу» псалъэр. КъыкIэлъыкIуэу «Адыгэ фащэр», «ЛъагапIэр», «ЩIыгу хъурейр».

Адыгэм и гъащIэм деж, и гупсысэкIэм, и псэукIэ-щытыкIэ философием щIыпIэшхуэ щеубыд гъуэгум. ЦIыхум лъэтеувэ щыхуащIым деж хеш езым и лъагъуэ, къыдокIуэтейри – и гъуэгу къыщелъыхъуэ гъащIэм. ЗекIуэ хабзэм гъуэгу куэдыкIей иригъэкIурт адыгэлIым. МэшбащIэми езым и гъуэгу щыпхишащ поэзием. «Гъуэгухэр» жыхуиIэ усэм деж «Псэ хелъхьэ» гъуэгум, цIыхум и хьэл-щэн ирет. Гъуэгу зэщхь теткъым дунейм, абы яхэтщ «гъуэгу щабэ», «гъуэгу шынэкъэрабгъэ», «гъуэгу пщтыр», «гъуэгу нэф», «гъуэгу нэ жан». Языныкъуэм я къыщIэдзапIэщ гъуэгур, адрейхэм я ухыгъэщ. МэшбащIэм и усэ гъуэгум гу лъитащ урыс усакIуэ Iэзэ Рождественский Роберт: «Много дорог в поэзии Исхака Машбаша. Дорог медленных, будто сумерки, и стремительных, будто солнечные лучи. Это дороги поэзии, дороги Исхака Машбаша». А псалъэ пэжхэм сэ щIызгъуну сыхуейщ: МэшбащIэм и гъуэгум и закъуэ теткъым. Абы щызэхуозэ езым и гупсысэмрэ къызыхэкIа адыгэ лъэпкъым и Iуэху еплъыкIэмрэ. Аращ ар адыгэ усакIуэ нэс зыщIри. И усэхэм я фIэщыгъэцIэми къагъэлъагъуэ абыхэм лъэпкъ дамыгъэ зэрателъыр. Адыгэ къафэ къэс Исхьэкъ хуиусащ усэ щхьэхуэ: «Ислъэмей», «Удж», «ЗэхуэкIуэ», «Хэгъэлъэт». Мы къафэхэмкIэ лъагъуныгъэ гурыщIэ дахэр, адыгэм я нэмыс лъагэр сэтей къещI. «И Iыхьэ лъысащ» пшынауэми, щхьэхуэу хуитхащ абыи усэ хьэлэмэт.

Адыгэ гъащIэм, ди лъэпкъ гупсысэм, ди хьэл-щэным зи творчествэр нэрылъагъуу пыщIа тхакIуэ, усакIуэ КIэрашэ Тембот, ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим сымэ ябгъэдэбгъэувэ хъунущ МэшбащIэ Исхьэкъи. Абыхэм яхузэфIэкIащ адрей лъэпкъхэм яхэмыгъуащэу ди хъугъуэфIыгъуэхэр, хабзэр, дуней тетыкIэр литературэм и Iэмал нэхъыщхьэ образхэмкIэ къагъэлъэгъуэн. Абы и зы щапхъэу иджыри къэтхьынщ адыгэ фащэм МэшбащIэм хуитха усэр (урысыбзэкIэ зэреджэр «Черкеска»-щ). Мы усэр хэбдзын хэмылъу усакIуэм «ибзащ» икIи «идащ», игъэщIэрэщIащ

зэгъэпщэныгъэ щIэщыгъуэрэ эпитет хуэфащэхэмкIэ. Адыгэ шумрэ цеймрэ зокIу. Шыгъажэм деж «цей хужьыр, бзум хуэдэу, мэлъатэ», ар къатож и хьэрхуэрэгъухэм, «хужьщ, уэсым хуэдэу». Фащэмрэ шумрэ «жьыбгъэмрэ мафIэмрэ хуэдэу зэкIэлъоуэ». Цейр дахэ хъун щхьэкIэ къуажэ хъыджэбзхэм «къыхадыкIащ уафэмрэ нэхулъэмрэ», адыгэлIым шэ къытемыхуэн папщIэ, «хьэзырхэр шыпсэм къыхахащ», «дыпIэхэр ягъэщIэрэщIащ бгым дэкI лъагъуэ цIыкIухэмкIэ». Мыбдеж къыжыIэпхъэщ урысыбзэкIэ усэр зэзыдзэкIа Твороговэ Валентинэ (абы Исхьэкъ и усэ куэд зэридзэкIащ) и лэжьыгъэр къызэрехъулIар. Усэм и гупсысэ нэхъыщхьэр ди пащхьэм кърилъхьэн хузэфIэкIащ мыпхуэдэу: «... И хоть по мне черкеска сшита, всему Кавказу подошла». Зы псалъэухакIэ усакIуэми зэдзэкIакIуэми гупсысэ куу къагъэлъэгъуащ – адыгэр нэгъуэщI лъэпкъхэм сыт щыгъуи фIыкIэ ядэгуашэу зэрыщытар.

Исхьэкъ и лирикэр нэхущ, ар гъэнщIащ къызэрыгуэкI псалъэхэмкIэ, ауэ абыхэм щIегъэувэ зэман бзаджэм IэщIыб ищI гурыIуэгъуэхэр: хьэлэлагъыр, цIыхугъэр, адыгагъэр, гущIэгъур, ныбжьэгъугъэр.

1979 гъэм МэшбащIэ Исхьэкъ урысыбзэкIэ къыдигъэкIа усэ тхылъ («Щедрое солнце полудня») тыгъэ къысхуищIам мыпхуэдэу къысхутритхат: «И ждёт Земля добра и удивленья. От всех живущих. И она права». Мыр езым и зы усэм къыхихыжа сатырщ. Сыт хэбдзын! Гуапагъэ куэд хэлъщ МэшбащIэ Исхьэкъ и усэхэми романхэми. ЩIыгум и закъуэкъым а гуапагъэм ежьэр. ЦIыхум и «псыхуэлIэ» зэи икIынукъым фIым, дахагъэм, лъагъуныгъэм ятеухуауэ. Абы илъэс куэд щIауэ толажьэ Исхьэкъ. Емызэшыжу ди пащхьэ кърелъхьэ умыгъэщIэгъуэн пхузэфIэмыкIын тхыгъэхэр.

Хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ МэшбащIэ Исхьэкъ ди литературэм. ЦIыхум зигъэпсэхуну щыхуит ныбжьми фIыуэ фIэкIащ, ауэ зэш имыщIэу лъэпкъым хуолажьэ. И унэцIэми къеIуатэ абы и адэжьхэм «мэш куэд, мэш бэв» къалэжьу зэрыщытар. Арагъэнщ абы узыншагъи талант гъуэзэджи щIиIэр, псэемыблэж зыщIыр. Сохъуэхъу куэдрэ дяпэ итыну!

**БАКIУУ Хъанджэрий,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*

# АПХУЭДЭ ДИIЭКЪЫМ

Дэнэ щIыпIэ дыкъыщымыхутами, дэ къэтлъыхъуэр 1763 – 1864 гъэхэм екIуэкIа Урыс-Кавказ зауэжьым и зэранкIэ зи лъахэр къэзыбгынэу хэхэс псэукIэ бзаджэр зыгъэва ди лъэпкъэгъухэм я щIэблэхэрат. ИкIи къэдгъуэтырт апхуэдэхэр. Ауэ... Илъэс куэд щIащ сэ МэшбащIэ Исхьэкъ ныбжьэгъу сызэрыхуэхъурэ. ЗекIуэ и вакъэ лажьэркъым жыхуаIэу, си напщIэм телъ а ныбжьэгъугъэр къыздисхауэ щытар КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щызэпысча гъуэгуанэхэрат: 1969 гъэм туристхэм срагъусэу Сириемрэ Ливанымрэ сыкIуат. Абы щыгъуэ сэ илъэс тIощIрэ щырэ сыхъуу арат, а зекIуэм и фIыгъэкIэ къэзгъуэта си ныбжьэгъур сэ нэхърэ илъэс 16-кIэ нэхъыжьт. Ауэ, нэхъыжьыфIти, сигъэныбжьэгъуу, сигъэгушхуэу сызригъэгъу-

сащ. Апхуэдэу щӀэхъуар зыкъомкӀэ елъытагъэнт ди Ӏуэху еплъыкӀэхэр зэрызэтехуэм, хэхэс гъащӀэр натӀэ зыхуэхъуа ди лъэпкъэгъухэм ехьэлӀауэ къыдэфыкӀ узхэмкӀи дызэрызэщхьым.

Адэжьхэм я хэкум ирамыгъэзэгъа ди лъэпкъэгъу насыпыншэхэм а хамэ щӀыпӀэхэми псэупӀэ щратыртэкъым: 1967 гъэм израилыдзэхэр къызытеуа щӀыпӀэхэр адыгэхэм нэхъыбэу хэщӀапӀэ ящӀа щӀыналъэхэрати, мо тхьэмыщкӀэ къомым, я щхьэр щӀахьэри, адэмыдэкӀэ егъэзыпӀэ щащӀат. Мис ахэр къэгъуэтыгъуафӀэтэкъым. Ауэ абыхэм захуэдмыгъазэу ди гум тхутегъэхуэнутэкъыми, дымыщхьэхыу къэтлъыхъуэрт ахэр. Псом хуэмыдэу темыпыӀэжыр, емызэшэжыр усакӀуэ МэшбащӀэ Исхьэкът. Адыгэхэм я щхьэм кърикӀуа насыпыншагъэм теухуауэ сэри ди гъусэхэми дымыщӀэ куэдым щыгъуазэт ар. А хъыбар гуауэхэм дыщӀигъэдэӀуу сыхьэт бжыгъэкӀэ дыщигъэст. Дызыхуэза ди лъэпкъэгъухэм къыджаӀэхэр и дэфтэрым иритхэрт, ахэр зи тегъэщӀапӀэрэ гущӀэм зыкъыдэзыгъазэ усэщӀэхэм дригъэдаӀуэрт нэхъ иужькӀэ.

Сириемрэ Ливанымрэ дыкъикӀыжа нэужь, МэшбащӀэр куэдрэ ялъыгъуэзащ унафэщӀышхуэхэм. Зыхуейр лӀот? ХамэщӀым щыпсэу адыгэхэм я дунейр зэрыкӀыфӀыр яжриӀэу, абыхэм зыгуэркӀэ защӀэгъэкъуэн зэрыхуеймкӀэ лъаӀуэу арат. Ауэ «уи мыӀуэху зумыхуэ», къыжраӀэ мыхъумэ, къапих щыӀэтэкъым. «Зи мыӀуэху зезыхуэ» тхакӀуэм хузэфӀэкӀрати, тӀысырти, усэбзэкӀэ и щхьэм хуэтхьэусыхэжырт, адыгэхэм я тхыдэр лъабжьэ зыхуищӀ усэ уахътыншэхэр итхырт. Абдежхэращ дунейм къыщытехьар ди лъэпкъэгъуу хъуам нобэ яӀурылъ «Адыгэхэр» уэрэд цӀэрыӀуэр къызытращӀыкӀа усэр.

Илъэс щэ ныкъуэ хъуащ си ныбжьэгъу нэхъыжьымрэ сэрэ дызэрызэрыцӀыхури, абы адыгагъэу, цӀыхугъэу дэслъагъур сэркӀэ щапхъэфӀщ, ауэ Исхьэкъ ещхь хъугъуафӀэкъым, псом япэрауэ, и талантышхуэмкӀэ, итӀанэ – и дуней тетыкӀэ дахэмкӀэ. Абыхэм щӀэхъуэпсын, Исхьэкъ удэплъейуэ псэун хуейуэ аращи...

2006 гъэм Истамбыл щекӀуэкӀырт Дунейпсо Адыгэ Хасэм и VII Зэхуэсышхуэр. Дауи, МэшбащӀэ Исхьэкъи абы кърихьэлӀат. Гухэхъуэт а Лъэпкъ Хасэшхуэм литературэмкӀэ игъэува саугъэт лъапӀэр си ныбжьэгъу нэхъыжь МэшбащӀэм и роман телъыджэхэм папщӀэ къызэрыратыр плъагъуныр. Апхуэдэ гуфӀэгъуэ куэд си нэгу щӀигъэкӀащ Адыгэ Республикэми, Къэбэрдей-Балъкъэрми, Къэрэшей-Шэрджэсми я цӀыхубэ тхакӀуэ, РСФСР-ми СССР-ми я Къэрал саугъэтхэр зыхуагъэфэща си ныбжьэгъу нэхъыжь МэшбащӀэ Исхьэкъ. Абыхэм я закъуэкъым Исхьэкъ адыгэхэр дызэригъэгуфӀэр, дызэригъэгушхуэр – Хэку литературэм хуищӀа хэлъхьэныгъэ инхэм папщӀэ МэшбащӀэм кърата къэрал дамыгъэ лъапӀэ куэд, Адыгэ Республикэми Краснодар крайми абы къыхуагъэфэщащ цӀыхушхуэхэр зэрагъэпажэу яӀэ дамыгъэ нэхъ лъапӀэ дыдэхэр.

Жылагъуэ лэжьыгъэм жыджэру зэрыхэтыр, ди къэралым щыпсэу лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр, мамырыгъэр гъэбыдэным псэемыблэжу зэрыбгъэдэтыр къалъытэри, МэшбащӀэ Исхьэкъ къыхуагъэфэщащ «Мамырыгъэм щӀэбэн» дыщэ медалыр, Урысей лъэпкъ фондым и «Жылагъуэм зэригъэлъапӀэ» дыщэ щӀыхь нагъыщэр.

Дауи, мис а псори къалъытащ абы Мейкъуапэ къалэм щӀыхь зиӀэ и гражданин цӀэр къыщыфӀащми, Урысейм Лэжьыгъэмк Ӏэ и ЛӀыхъужь цӀэр къыщратами.

Нобель саугъэтыр къуатыну, къыпфIащыну пхуэфащэщи, ари къыплъагъэсауэ Тхьэм дигъэлъагъу, си ныбжьэгъу нэхъыжьыфI Исхьэкъ!

**ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд,**
*УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м, Адыгэ Республикэм, КъШР-м щIыхь зиIэ я журналист*

# ШУ ПАШЭ

МэшбащIэ Исхьэкъ и творчествэм теухуауэ ятхахэм зыкъомкIэ сыщыгъуазэщи, абыхэм нэхърэ нэхъыфIи нэхъыби жысIэну сыпымылъу, Iуэхур гукъэкIыжхэм нэхъ тызогъащIэ...

Горький Максим и цIэр зэрихьэу Мэзкуу дэт Литературэ институтым сыщыщIэтIысхьа 1955 гъэращ сэ Исхьэкъ япэ дыдэу сыщыхуэзар. Абы и пэкIэ сцIыхуакъым ар. Псыгуэнсу къуажэм щыщ къэбэрдей усакIуэ Мысачэ Пётррэ МэшбащIэмрэ 5-нэ курсым щIэст абы щыгъуэ. Дыгъуасэ Щхьэлыкъуэ еджапIэр къэзыуха сэ щIалэжь цIыкIум къызэлъытауэ, мохэр я творчествэкIи, я теплъэкIи лIыт. Ауэ, пцIы щхьэ упсын хуей, зыкъысхуагъэщIагъуэртэкъым, зыкъысхуагъэлIыртэкъым, си щтэIэщтэблагъэр, IэпцIупцIу сызэрыхуэпар, си Iуэхур зэрымыщIагъуэр, стипендиеншэу (сыщыщIэтIысхьэм урысыбзэ тхэнымкIэ «щы» къэсхьат) сыкъызэрынар ялъагъурти, сыт хуэдизкIи сигу фIы къысхуащIырт, сымыгужьейуэ лIыгъэ зыхэгъэлъын зэрыхуейм сыхуагъэIущырт. Аркъудейтэкъым – Исхьэкъ абы щыгъуэ бынунагъуэ хъуакIэт. Щыпсэур ди общежитым пэгъунэгъубзэти, я деж дригъэблэгъэрейт. Зи тхыгъэхэр адыгэбзэкIи урысыбзэкIи щIэх-щIэхыурэ къытрадзэ, зи япэ тхылъри 1953 гъэм Мейкъуапэ къыщыдэкIа МэшбащIэ Исхьэкъ и унагъуэр хъарзынэу хуэщIауэ псэурти, зи ныбэ ныкъуэ, зи щIалэгъуэ-зи шхэгъуэ сэркIэ апхуэдэ бысым Тхьэм къуззэритынт. Абы и закъуэ? Исхьэкъ и усэхэмкIи, литературэм теухуауэ сызригъэдаIуэхэмкIи сигъэнщIырт. Сэри ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим сымэ я усыгъэ зыкъом гукIэ сщIэ пэтми, а лъэныкъуэмкIи Исхьэкъ сылъэщIыхьэнутэкъым – абы Алий и поэмэу хъуари гукIэ къыбжиIэфынут. Сэ а лъэхъэнэхэм зыри зыхэзмыщIыкI КIэрашэ Тембот и творчествэм япэ дыдэ щыгъуазэ сызыщIари Исхьэкъщ.

Апхуэдэ ди зэIущIэхэр щIэх-щIэхыурэ екIуэкIырт. ЗэрыжысIащи, ди общежитыр здэщыIэ Переделкинэрат МэшбащIэхи щыпсэур. Лекцэ нэужьхэм электричкэкIэ Мэзкуу дикIыжу дыщыкIуэжкIэ, Исхьэкъхэ я унэмкIэ дыблэкIыжын хуейти, «Фынеблагъэ, фи нысэм тхуигъэхьэзыра ерыскъым деплъынщ», – жиIэрэ къолъэIумэ, уи ныбжьэгъум и хьэтыр умылъагъуу дауэ хъунт? И жагъуэ тхуэщIыртэкъым...

Махуэшхуэхэр гъэлъэпIэнри, илъэсыщIэр къигъэхьэнри МэшбащIэхэ я деж мызэ-мытIэу щедгъэкIуэкIащ. Апхуэдэу умыщIу къыпхуадэнутэкъым езы Исхьэкъи, хьэщIэ къегъэблэгъэнкIэ нэхъыфI узыгъэлъыхъуэн и щхьэгъусэми. Апхуэдэхэр зыщыбгъэгъупщэмэ, уфIыщIэгъэкIуэдщ, сэ Исхьэкъ и фIыщIагъэ куэд слъэгъуащ.

Мейкъуапэ къигъэзэжа нэужь къудейкъым МэшбащIэм къулыкъу IэнатIэ куэд зэрихьэн щыщIидзар – институтым щыщIэса илъэсхэ-

ми унафэщӀхэм ящыщт ар: студентхэм ди комитетым и тхьэмадэт, парт, комсомол организацэхэми щыкъулыкъущӀэт. ЖыпӀэнурамэ, жьы зыщӀэт, дэнэкӀи хунэс щӀалэ жыджэрт. Арат ар егъэджакӀуэхэми еджакӀуэхэми фӀыуэ щӀалъагъур. Иджыпсту слъагъум хуэдэу фӀыуэ сощӀэж институтыр къыщиухым абы и диплом лэжьыгъэм иращӀэкӀауэ щыта гуфӀэгъуэ зэӀущӀэшхуэр зэрекӀуэкӀар. МэшбащӀэм а пщыхьэщхьэм щытхъурэ псалъэ гуапэу къылъагъэсар зы тхылъ хъунт. Ин срихъуу седаӀуэрт къэралым и тхакӀуэ, усакӀуэ цӀэрыӀуэхэу Чуковский Корней, Иванов Всеволод, Светлов Михаил сымэ, нэгъуэщӀхэми Исхьэкъ къыхужаӀэ щытхъушхуэхэм. Зи творчествэр фӀым я нэхъыфӀыжхэм хабжэ МэшбащӀэм диплом плъыжьыр къыщратым иращӀэкӀа Ӏэгуауэ макъыр зэхэпхыныр гухэхъуэт...

Илъэс 69-рэ япэкӀэ апхуэдэ Ӏэгуауэхэр зыхуаӀэту литературэм и гъуэгуанэшхуэм техьа си ныбжьэгъу МэшбащӀэ Исхьэкъ и цӀыхугъэкӀи и талантышхуэмкӀи псалъэ гуапэхэр, щытхъухэр къыхуагъэфащэу сыт щыгъуи къызэрекӀуэкӀым куэд щыгъуазэщ. Ар зэи укъэзымыгъэщӀэхъун ныбжьэгъу пэжщ. ЦӀыху жумартщ. Гулъытэшхуэ зыхэлъщ. А хьэл-щэныфӀхэр абы куэдрэ щыдэслъэгъуащ Мэзкууи, Мейкъуапи, Налшыки. Дыщынэхъ щӀалэхэм щыгъуэ ди лэжьыгъэхэмкӀи, литературэ ӀуэхухэмкӀи, тхакӀуэхэм я юбилейхэр гъэлъэпӀэным ехьэлӀауи нэхъыбэрэ дызэкӀэлъыкӀуэу зэрыщытам шэч хэлъкъым. Абыхэм щыгъуэ Мейкъуапэ узэрыдыхьэу япэ узыхуэза уи цӀыхугъэр, сэлам-чэлам нэужьхэм, занщӀэу къоупщӀырт: «Исхьэкъ флъэгъуа?» – жиӀэрти.

Абы къикӀыр гурыӀуэгъуэщ: Исхьэкъ ухуэзэмэ, абы зэфӀимыхыфынрэ къыпхуимыщӀэфынрэ щымыӀэу арат. Зи зэманыр апхуэдизу зэпэубыда, щхьэӀэтыпӀэ зимыӀэ (апхуэдэу щымытамэ, абы тхылъи 100-м щӀигъу къыхудэгъэкӀрэт?!) тхакӀуэ, ӀэнатӀэ Ӏэджэ зезыхьэ, жылагъуэ лэжьыгъэхэри зыгъэзащӀэ ди ныбжьэгъум псоми закъыдигъахуэрти ущӀэкӀуа Ӏуэхур пхузэфӀигъэкӀырт. Литературэм, лъэпкъ проблемэхэм ятеухуауэ псалъэмакъ щхьэпэхэр къыбдригъэкӀуэкӀырт. Я деж уишэу и щхьэгъусэ телъыджэм и шыгъупӀастэ умышхауи къалэм укъыдигъэкӀыжынутэкъым. Аркъудейкъым: «Фызытехьэжыну гъуэгум и кӀыхьагъыр сэ фӀыуэ сощӀэ», – жиӀэнти, гъуэмылэншэуи укъригъэжьэжынтэкъым.

Пэж дыдэу, абы фӀыуэ ещӀэ Мейкъуапэрэ Налшыкрэ яку дэлъ гъуэгум и кӀыхьагъыр: езыр гущхьэӀыгъыуи (псом хуэмыдэу щынэхъ щӀалэм щыгъуэ) е и шоферым зыкъригъашэури ар ди деж къэкӀуэрейт – лъагъунлъагъу къудейуи, ди тхакӀуэхэм я юбилейхэм хэтын папщӀи. Апхуэдэ щхьэкӀэ километр 1000-м нэблагъэ зэпызычыну гъуэгу техьэнкӀэ хъунур адыгэ тхакӀуэу хъуар дызыгъэныбжьэгъу, дэри пщӀэ зыхуэтщӀ, КӀэрашэ Темботрэ КӀыщокъуэ Алимрэ я гъукӀэгъэсэн, я цӀыхугъэ лъагэу щытахэмкӀи, я талантымкӀи абыхэм ядэплъейуэ, я гъуэгум пызыщэу зи илъэс 90-р къезыхьэлӀа си ныбжьэгъу нэхъыжь МэшбащӀэ Исхьэкъ и илъэсищэ юбилейри щигъэлъапӀэкӀэ езым дэ къытхуищӀ гулъытэм хуэдэ зэригъуэтыжыр зылъагъунухэм я насыпщи, абы хэмынынхэм ящыщ Тхьэм дищӀ.

**ЕЛГЪЭР Кашиф,**
*КъБР-м и цӀыхубэ тхакӀуэ*





Путин Владимиррэ МэшбащIэ Исхьэкърэ.



МэшбащIэ Исхьэкърэ урыс актёр цIэрыIуэ Лановой Василийрэ.



*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **МэшбащIэ Исхьэкъ, урыс тхакIуэ Белов Василийрэ и щхьэгъусэмрэ, тхакIуэ КхъуэIуфэ Хьэчим, усакIуэ Созаев Ахъмэт сымэ.**





*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **усакIуэ Бицу Анатолэ, жылагъуэ лэжьакIуэ Зумакулов Борис, МэшбащIэ Исхьэкъ, тхакIуэхэу Къэрмокъуэ Мухьэмэд, МафIэдз Сэрэбий сымэ.**



**МэшбащIэ Исхьэкърэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ.**





*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм Къэрал щIыб политикэмкIэ и управленэм и унафэщI Къуэжей Артём, МэшбащIэ Исхьэкъ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий.**

# МэшбащIэ Исхьэкъ хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр

### *Сэри абы щыхьэт сытохъуэ*

УсакIуэ псалъэр гупсысэ куу зыхэлъ Псалъэшхуэщ. Ар щIэбгъэщIэрэщIэни щыIэкъым. Ар уэри фIыуэ уощIэ, Исхьэкъ. Дауи, уэ езыми къыбгуроIуэж узэрыусакIуэр. Сэри абы щыхьэт сытохъуэ. Ауэ, сэ сыщынэхъыжькIэ, а Псалъэм щIызогъу: уэ уусакIуэшхуэщ, гу губзыгъэ зи бгъэм къыщеуэ уусакIуэ телъыджэщ. Кавказым и усакIуэ нэхъ ин дыдэхэм уащыщщ.

**КУЛИЕВ Къайсын,**
*усакIуэ*

### *УсакIуэ нэс*

Исхьэкъ и усыгъэ тхылъхэм укъыщеджэкIэ, уи нэгу къыщIохьэ абы и къуажэгъу Iущхэм я дунейр, я псэукIэ-щыIэкIэхэр, я хьэл-щэнхэр. Къыпщохъу абыхэм урахьэщIэу, урапсэлъэгъуу. Усыгъэм и къалэн нэхъ лъапIэу хъуар гъэзэщIа щохъу Исхьэкъ и тхыгъэхэм – Iуэхур апхуэдэу щIыщытыр си ныбжьэгъу МэшбащIэр усакIуэ нэсщи аращ.

**РОЖДЕСТВЕНСКИЙ Роберт,**
*усакIуэ*



### *Хуэфащэу пещэ*

Си ныбжьэгъу адыгэ тхакIуэшхуэ МэшбащIэ Исхьэкъ зи щIалэгъуэ дахэм насыпыфIэу къыхэтэджыкIахэм ящыщщ. Сэ ар соцIыху щыстудента илъэсхэм лъандэрэ. Си щхьэгъусэ, сурэтыщI Кончаловская Наталье занщIэу гу лъитат а щIалэщIэр усакIуэшхуэ зэрыхъунум. Ар икIи щыуатэкъым. СССР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хагъэхьэну абы тхылъ зэрестамкIэ сэри сыщыуатэкъым.

МэшбащIэ Исхьэкъ ящыщщ Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм нэхъ пщIэшхуэ дыдэ щызиIэхэм. Абы пщIэ хуэзымыщIрэ ар фIыуэ зымылъагъурэ яхэткъым лъэпкъыбзэу зэдэлажьэ ди тхакIуэхэм. МэшбащIэм хуэфащэу пещэ и ныбжьэгъу нэхъыжьыфIхэу щытахэу КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын, Гамзатов Расул, Кугультинов Давид сымэ я IуэхущIафэ дахэ псоми.

**МИХАЛКОВ Сергей,**
*тхакIуэ, драматург*

### *Тхыдэм и пэжыр*

МэшбащIэм и усэхэр сыт щыгъуи узыгъэпIейтейщ. Ахэр зи IэдакъэщIэкIыр зи акъылыр тIыса, дуней и пIалъэ зыщIэ адыгэлI нэсщ. УсакIуэшхуэщ. Куэдым зэрыжаIэщи, Исхьэкъ и усыгъэхэм я тегъэщIапIэр и лъэпкъ тхыдэращ. А тхыдэм и пэжырщ абы и усэхэр псэ быдэ, удэзыхьэх зыщIыр, езы усакIуэм пщIэрэ щIыхьрэ къыхуэзыхьыр.

**ДАНГУЛОВ Саввэ,**
*тхакIуэ*

### *Шэч къытесхьэркъым*

Зыми шэч къытрихьэну къыщӀэкӀынкъым МэшбащӀэ Исхьэкъ зэчий ин зыбгъэдэлъ усакӀуэшхуэу зэрыщытым. Дауи, аращ абы псалъэ гуапэ куэд щӀыхужаӀэри, дяпэкӀи нэхъыбэж щӀыхужаӀэнури. Ар адыгэ усыгъэм и зэфӀэкӀым зезыгъэузэщӀ, зыгъэбжьыфӀэ усакӀуэшхуэщ.

**ИВАНОВ Всеволод,**
*тхакӀуэ*

### *Тхьэм къыбгъэдилъхьэж*

Талант ин зиӀэ тхакӀуэшхуэ, и лъэпкъым хуэпэж, и псэм пищӀу зи лъахэри Урысейри фӀыуэ зылъагъу МэшбащӀэ Исхьэкъ и творчествэ лъэщым щхьэкӀэ гъунапкъэншэу фӀыщӀэ хузощӀ. И роман телъыджэхэмкӀэ къыдит гуфӀэгъуэр щэрэ минкӀэ гъэбэгъуауэ езым Тхьэм къыбгъэдилъхьэж.

**ПРОКУШЕВ Юрий,**
*критик, литературовед*

### *Зэбгъэдэпх хъунукъым*



Кавказ Ищхъэрэм и усыгъэм Гамзатов Расул иӀэмэ, МэшбащӀэ Исхьэкъ зыхуэлажьэ абы и прозэри насыпыншэкъым. Расулрэ Исхьэкърэ зэбгъэдэпх хъунукъым – тӀуми талантышхуэ ябгъэдэлъщ, къызыхэкӀа лъэпкъхэри, Урысейм и литературэри зыгъэбжьыфӀэ цӀыху цӀэрыӀуэхэщ.

**ИСАЕВ Егор,**
*усакӀуэ*

### *Апхуэдэу щӀыщытыр*

Сэ куэдрэ слъэгъуащ МэшбащӀэ Исхьэкъ дэнэ щӀыпӀи, – Якутиеми, Краснодари, Смоленски, Налшыки, Ростови – цӀыхухэр гуапэу къызэрыщыӀущӀэр. Апхуэдэу щӀыщытыр гурыӀуэгъуэщ: Исхьэкъ зи тхакӀуэр адыгэхэм я закъуэкъым – ар лъэпкъыбэ урысей литературэр япэкӀэ зыгъэкӀуатэ шу пашэхэм ящыщщ.

**СОРОКИН Валентин,**
*усакӀуэ*

### *Тхыдэм и гъуджэщ*

Сыкъеджэн щӀэздзэри, схуэмыгъэтӀылъыжу и кӀэм сынэсыху сиӀыгъащ МэшбащӀэ Исхьэкъ и «Хъан-Джэрий» романым. Ар адыгэ лъэпкъ тхыдэм и гъуджэщ. Апхуэдэ романхэращ Урысей прозэр дунейпсо литературэм и фӀыпӀэхэм ящыщ зыщӀыр. А тхыгъэм къеджэм, шэч хэмылъу, къыщӀэнщ адыгэхэм я хэкумрэ езы лъэпкъымрэ зищӀысыр, абыхэм тхыдэшхуэ зэраӀэр.

**АРХИПОВ Владимир,**
*усакӀуэ*

### *Тхыгъэ уахътыншэхэр*

Адыгэбзэр зыхъумэхэм, къулей зыщIхэм ящыщщ МэшбащIэ Исхьэкъ. Абы Алыхьым къыIурилъхьащ адыгэ псалъэм и дахагъри, и шэрыуагъри, и лъэщагъри. Мис а псори IэкIуэлъакIуэу къызэригъэсэбэпыращ Исхьэкъ и тхыгъэхэр уахътыншэ зыщIыр, дэнэкIэ щыIэ адыгэми я гумрэ я псэмрэ щIыдыхьэр, езы тхакIуэр зыгъэщIэрыIуэр.

**ШАЩIЭ Къазбэч,**
*критик, литературовед*

### *СхуэмыгъэтIылъыжу сыкъеджащ*

Тхьэр арэзы къыпхухъу, Исхьэкъ, схуэмыгъэтIылъыжу сыкъызэджа уи тхылъ телъыджэмкIэ сыбгъэгуфIащ. Уи ехъулIэныгъэхэм дяпэкIи хэбгъэхъуэну, дызыщыгуфIыкIын тхылъхэр уи Iэдакъэм къыщIэкIыу куэдрэ утхуэпсэуну си гуапэщ.

**ДЖУСОЙТЫ Нафий,**
*усакIуэ*

### *ЦIыхур зэхъуапсэм хуэдэщ*

МэшбащIэ Исхьэкъ адыгэлI Iущщ, укIытэ зыхэлъщ. Гу къабзэрэ псэ дахэкIэ зыхещIэ абы Урысейми езым и лъахэми щекIуэкI псори. Литературэми жылагъуэ гъащIэми щекIуэкIыу хъуам гудзакъэ иIэу якIэлъоплъ. И тхакIуэгъухэм къащхьэщыжу хуежьакъэ – зыкIи къыпхуикIуэтынукъым. Абы и дуней тетыкIэри, и лэжьэкIэри цIыхур зэхъуапсэм хуэдэщ. Литературэ нэсым пэлъэщыр талантымрэ емышыжу лэжьэнымрэщи, а тIумкIи Алыхьыр къыхуэупсащ си ныбжьэгъу МэшбащIэ Исхьэкъ.

**БОНДАРЕВ Юрий,**
*тхакIуэ*

МЭШБАЩIЭ Исхьэкъ

# ХЭХЭСХЭР

*Романым щыщ пычыгъуэхэр*

* * *

1864 гъэм и август мазэщ.

Я щхьэр щIахьауэ хым зэпрокI цIыхухэр. Хым гъуни нэзи имыIэущ абыхэм къазэрыщыхъур. Кхъухьым исхэм дыгъэ гуащIэр ящхьэщытщ, Iэдакъэжьауэ ящIми, къаIэщIэлъагъуэIаркъым. ЦIыхум я нэхъыбэр бзылъхугъэщ, лIыжьфызыжьщ, сабийщ.

Дыгъэр етIысэхауэ, къаIэщIэлъагъуэ хъуащ бгыщхьэ закъуэтIакъуэ – Тыркум нэблэгъащ.

Кхъухь натIэхэм еувэлIа цIыхухъухэр псалъэмакъыншэщ. Нэгум щIэлъар лъэгум кIуащ. Я хэкур яIэщIэкIащ, хамэм и хэкущ къапэплъэр. «Ялыхь, гущIэгъу къытхуэщI...» Тхьэ елъэIун фIэкIа, нэгъуэщI сыт къахуэнэжар?

ЦIыхухъухэм захигъэзэрыхьри, зы хъыджэбз цIыкIу кхъуафэ натIэм еувэлIащ. Хытхьэрыкъуэхэр къажьэхолъатэ, якIэлъыпхъуэ щхьэкIэ, хъыджэбз цIыкIум зыкъыIэрагъэхьэркъым.



– Дибгхэм ещхькъэ, нанэ? Плъэт! – и анэшхуэм бгъэдолъэдэж Дарихъан.

– Дибгхэм ещхь дэнэ къипхын? – и нэхэр щIелъэщIыкI нанэм. – Алыхьырщ, Алыхьым нэмыщI, дызыщыгугъын диIэкъым, – нэмэз щыгъэр егъажэ Саудэт, хы IуфэмкIэ плъэурэ.

– ЛаIилахьэ Iилэлахь... – къоIу цIыхухъу макъ. Абы къыподжэж кхъухь натIэм бгъэдэт адрей цIыхухъухэр. Тхьэм къыихъумащ, хыр зэпаупщIри Тыркум нэсащ. ФIыгъуэ къащыпэплъэрэ хамэ щIыналъэм? «Жылэр зэрыхъу дыхъунщ» – аращ псоми я гур зэрагъэфIыр.

Ачкъалэ нэблэгъауэ, кхъухьыр къэувыIащ. Кхъухь натIэм еувэлIауэ щызэхэт цIыхухъухэм ящыщ зым, Багъ Мэсхьэб, зыкъыщригъэзэкIым гу лъитащ нанэм и щхьэр къызэрыфIэхуам.

– Дарихъан, нанэ и щхьэр унэзагъэнщ, еплъыт! – жиIащ Мэсхьэб.

– Нанэ! – хъыджэбз цIыкIур фызыжьым бгъэдэлъэдащ. – Нанэ!

Мэсхьэб и лъэр щIэхуащ: и анэр щыIэжкъым. Дарихъан зыхуэIыгъыжыркъым – магъ, и нэпсыр къыщIолъэлъ.

– Емынэра мыбы дыкъэзыхуар! ДывгъэкIуэж! Ди хэкум дывгъэкIуэж!

– ДыздэкIуэжын диIатэмэ...

– Дэнэ мыгъуэ дыздэкIуэжынур? Фымыдзыхэ, Алыхьым дыкъихъумэнщ. Дгъэзэжынт, здэдгъэзэжын диIатэмэ, – жиIащ Куэблэ ЧэрмытI. – Гугъуехьым ирищIыкIым дащыщкъым дэ. Фи гур вгъэфI.

– Сэрэ си хъыджэбз цIыкIумрэщ ди лъэпкъым щыщу псэууэ къэнэжар, – жиIащ Мэсхьэб. – Кхъухьым дикIмэ, дунейм ехыжахэр щIэтлъхьэнщ – я ахърэтыр нэху ухъу. Хьэрун, кIуэт къащIэт: сыт кхъухьыр къыщIэувыIар?

– Дяпэ итахэм я Ӏуэхур зэфӀэкӀыху дапэплъэн хуейщ, – жиӀащ ЧэрмытӀ и къуэ Хьэрун.

Дарихъан и нэпсыр щӀилъэщӀыкӀ зэпытщ, зыри къыфӀэӀуэхужыркъым, псалъэмакъми хыхьэркъым.

Хы Ӏуфэм есылӀэри, кхъухьыр къэувыӀащ.

– Ди чэзур къэса хуэдэщ, – жиӀащ Мэсхьэб. – Иджыпсту дикӀынущ кхъухьым.

– Нанэ-щэ? – мэгъынанэ хъыджэбз цӀыкӀур. – Нанэ къиднэ хъунукъым.

– Нани здитхынщ, – жиӀащ Мэсхьэб. – Къиднэнукъым.

Мэсхьэб и нэгу къыщӀыхьэжащ кхъухьым къызэритӀысхьар. ЦӀыхур Ӏувт, лъэ теувапӀэ бгъуэтыртэкъым, я ужь къинэм и махуэ мыгъуэт. Зэрызохьэ псори, хэт магъ, хэт и сабийм йоджэ – кхъухьым къыкӀэрыху хъунукъым.

Кхъухьым икӀхэм къаӀуощӀэ япэ ищахэр – я лъэпкъэгъухэр.

– Емынэра мыбы фыкъэзыхуар? – къахуэгубжьи къыхокӀ япэ ищахэм. – Тыркум дыщытхъэ фи гугъэрэ?

Я бгым нэс псым хэту, нэхъ лъэрызехьэхэм лӀыжь-фызыжьхэр, сабийхэр, сымаджэхэр кхъухьым ирах. Хьэдэхэр зэрырахыр хы Ӏуфэм Ӏут тырку аскэрхэм ирагъэлъагъу хъунукъым: зи псэ хэкӀым и хьэдэр хым хэдзэн хуейуэ унафэ къыхуащӀат Сошэ деж кхъухьым къыщрагуэм.

Сошэ деж щэрэ тӀощӀрэ ирэ къыщитӀысхьащ кхъухьым. Тыркум псэууэ нэсар бгъущӀрэ хырэщ. Псэууэ нэсахэр Ачкъалэ деж щрагъэтӀысыкӀащ кхъухьым. Къалэм дагъэхьакъым, яцӀэлэнкӀэ шынэри. Чыцэ цӀырхъым хагъэтӀысхьащ. Я пӀэ изэгъащ хуэм-хуэмурэ. Щыпсэун гуэрхэр зэтрауфащ – щхьэж зэрыхузэфӀэкӀкӀэ.

Япэ ищахэм ящыщ зы, Берычэт Зэуал, къахыхьащи, и лъэпкъэгъухэм я гур фӀы зэрахуищӀынщ зыпылъыр:

– Щхьэр псэумэ, пыӀэ щыщӀэркъым. Фымыгужьей. Алыхьым фыкъихъумэнщ. Мазэ хъуауэ аращ дэри дыкъызэрысрэ. Дигу къихьэжа щӀыкӀэкъым иджыри.

– Тхьэразэ къыфхухъу: фыкъытпежьащ, нэмыплъ къыдэфтакъым, – Мэсхьэб фӀыщӀэ хуищӀащ Берычэт Зэуал.

* * *

Мазэ хуэдэ дэкӀри, чыцэ гуэрэнхэр зэрыт уэхым щетӀысэхахэм я гур къихьэжа хуэдэт. Я гур къихьэжауэ къыпфӀэщӀынуми, я псэр пыӀэртэкъым: махуэ къэс зы хьэдэ щӀалъхьэрт, гъуэмылэ къезыхьэжьами къыӀэщӀэухат. Тыркухэм уащӀыщыгугъын щыӀэтэкъым: ерыскъы гуэрхэр къыхуадзри лъэныкъуэ зрагъэзыжащ – «фи щхьэ зэрыхьщ...» Уэлбанэ кӀыхь къатехъуащи, аращ нэхъ къайхьэлъэкӀыр псоми. КъайхьэлъэкӀ щхьэкӀэ, икӀуэтыжынукъым – хасэр зэхыхьэнущи, поплъэ.

Багъ Мэсхьэб мухъутарым, Куэблэ Хьэрун, зыхуригъэзэкӀащ:

– ЦӀыхур къытпоплъэ: хасэр ублэ, Хьэрун.

Багъымрэ Наурызымрэ гъусэ ищӀри, Хьэрун цӀыхум я пащхьэ иуващ.

– Дэ щыр Трабзон дыщыIащ. Ар зигу къэкIар Багъ Мэсхьэбщ, – жиIащ Хьэрун. – Уэращ псалъэр япэ зылъысыр, Мэсхьэб. Псалъэ яжеIэ цIыхум.

– Жылэм я мухъутарыр уэращ, Хьэрун. Уэрат псалъэ жызыIэн хуейр. Сэ къыщыслъыбгъэсакIэ, жысIэнщ. Тхьэразэ къыпхухъу. Ачкъалэ къызэрыщытIущIам хуэдэкъым дыздэщыIар – дигу ягъэзэгъауэ къытфIэщIащ.

Мэсхьэб и псалъэр зэпаудащ:

– СыткIэ фыкъызэрагъэгугъар? Ар къыджеIэ – аращ дызыхуейр!

– КъызэрыджаIамкIэ, мы щIыпIэ къуейщIейм драгъэсынукъым, дагъэIэпхъуэн мурад яIэщ.

– Дэнэ дыздагъэIэпхъуэнур? Дапщэщ?

– А псом щыгъуазэ дащIакъым, – къыщIигъуащ Мэсхьэб. – Трабзон лIыщхьэм къызэрыджиIамкIэ, мы дыщетIысэха щIыпIэм нэхърэ нэхъ щIыпIэ зэгъщ.

– Ди лIахэр мыбдеж щыщIэтлъхьэжащ. Ди лIахэм япэIэщIэ дымыхъумэ, нэхъыфIкъэ? Ар нэхъ сфIэзахуэщ, – къахэпсэлъыкIащ гупым зылI.

– Ди хэкум къиднакъэ лIахэм я кхъэмащэ? Ди лIахэм я кхъэмащэ Iэджэ къызэднэкIакъэ, ди щIыб яхуэдгъазэри мыбы дыкъызэрыхьакъэ? – къахидзащ Брант Хьэтам.

НэгъуэщI зыми жиIащ:

– Дэни дрегъэIэпхъуэ, мыбдей дыщымыпсэу закъуэмэ! ЩIыри щIыфIкъым, псыри ращ. Гъуамэжьыпсщ! Ди псынэхэм япэхъун?

– ЩIы щымащIэкъым хы Iуфэм.

– Дунейр зэтес хъужмэ, ди хэкум дгъэзэжынщ. Хы Iуфэм дыIуамышмэ, ди хэкур нэхъ тпэблагъэщ, нэхъ щIэх дынэсыжынущ.

– ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, – псалъэ кIапэр иубыдыжащ Багъым. – ДыздагъэIэпхъуэнум и пэжыпIэр сщIэркъым. Я псалъэм зэрэ-тIэурэ къыхэхуащ: Балъкъан. КхъухькIэ дашэнущ.

– Кхъухьым драгъэтIысхьэмэ, ди хэкум дашэжынкIи мэхъу...

– Хьэуэ, дыздашэнур Бэлгъарырщ, – жиIащ Куэблэ Хьэрун. – ГъуэгупщIэ дагъэтынукъым, гъуэмылэкIи къытхуэбэлэрыгъынукъым. Аращ дэ Iуэхум хэтщIыкIыр.

* * *

Адыгэхэр Iэпхъуэн хуей хъуащ аргуэрым, я пIэ ирагъэзэгъакъым, зы щIыпIэ щрагъэтIысэхати. Тыркум щыIэпхъуэм кхъухьхэр къайзэвэкIырти, иджы гупитI иращIыкIащ. Тырку кхъухьитI хы Iуфэм къыIукIри, ВарнэкIэ яунэтIащ. ГупитI иращIыкIами, зыгъэIэпхъуэхэм фIыщIэ хуащIакъым адыгэхэм. Арат тыркухэр зыпэплъэр: «ФIыщIэ къытхуащIынщ шэрджэсхэм, кхъухь Iэхуитлъэхуит идгъэтIысхьащи...» Сыт къапэплъэр – арат  я щхьэм имыкIыр: дэнэ щащIэн къапэплъэр? ТыншыпIэ яшэрэ, унэ, лъапсэ щагъуэтыну? Дапщэщ я хэкум щагъэзэжынур? – ар зыми ищIэркъым. Тхьэмадэхэм ящIэркъым Бэлгъарыр дэнэ лъэныкъуэми, сыт хуэдэ псэукIэ щагъуэтынкIэ хъунуми.

ФIым щагъэгугъ щхьэкIэ, цIыхум я гур загъэркъым. ЦIыхубзхэм я нэпсхэр щIалъэщIыкI. ЗдрагъэтIысэха щIыпIэ къуейщIейм щыщIалъхьэжащ я лIахэр – абыхэм я кхъащхьэхэри къызэранэкI иджы.

ГъэмахуэкIэ мазэщ, дыгъэвэхым зэтриукIэжыркъыми, ари Тхьэм и фIыщIэщ. Хы гущIыIум жьы къабзэ мащIэ щызоуэ. Дарихъанрэ Хьэжрэтрэ зэбгъэдэсщ. Дарихъан нэхърэ илъэситIкIэ нэхъыщIэщ Хьэжрэт. Я Iыхьлыхэр дунейм щехыжым, ахэр Багъ Мэсхьэб зришэлIэжащ, и нэIэ ятригъэкIыркъым. Абыхэм ябгъукIэ къыщысщ Хьэтам, уанэм йолIалIэри. Абы хуеплъэкIыурэ, Хьэжрэт подыхьэшхыкI.

– Умыдыхьэшх, – жиIащ Дарихъан. – Уанэр Хьэтам и адэм къыхуигъэнащ.

– Ар пэжщ, – жиIащ Хьэтам. – Мы уанэр си адэм и шым телъащ. Иджы сэ зызохьэ. Дыздашэм къыщысщхьэпэжынкIэ согугъэ – шы згъуэтынкъэ! Ди адэм и шыр кхъухькIэ къесшэжьэн къысхуадакъым. Тхьэм ещIэ ди шыр зыIэрыхьар – къэзакъ гуэрым кърихуэкIрэ иджы?.. Ди хэкум и Iуэху зытет тщIащэрэт. Хэт къытхуихьын ди хэкум и хъыбар?

– Кхъухьыпщым девгъэпсалъэ: дыгурыIуэмэ, ди хэкум дишэжынкIэ мэхъу.

– Ар щхьэгъэпцIэжщ. Дыздашэр зэрыдмыщIэрщ сигу къеуэр: жыжьэ, гъунэгъу?

– Кхъухьыпщым зэрыжиIэмкIэ, хым махуищрэ жэщищкIэ дытетынущ, – жиIащ Хьэтам. – Ари борэн къэмыхъумэ. Хыр къэукъубеймэ, нэхъыбэкIи дытетынкIэ мэхъу.

– Дыздашэр сыт хуэдэ езыр? Хэт щыпсэур?

– Урысхэм я лъэпкъэгъущ, зэрызэхэсхамкIэ.

– Урысхэм я лъэпкъэгъуми, Бэлгъарыр тыркум IэщIэлъщ.

– Дуней псор яIэщIэлъи мы тыркухэм. Апхуэдиз къару дэнэ къыздрахар?

– Тыркур къэралышхуэщ. Гъуни нэзи иIэкъым жыхуаIэм хуэдэщ. Сэ сымыщIэр абы дыщIашэращ. ДрагъэзэуэнщхьэкIэ?

– Я лъэпкъэгъухэр къыдэзауэри ди хэкум дыкърахуащ. Ди хэкур дагъэбгынэху ди ужь икIакъым. КъыдащIар етщIэжынщ езыхэм я лъэпкъэгъухэм...

– Уи жьэм хуэсакъ, – къыпэрыуащ щIалэ цIыкIум Хьэтам.

Ещанэ махуэм бгы, къурш къаIэщIэлъэгъуащ. Абы щыгуфIыкIащ кхъухьым исхэр – кхъухь натIэм ежэлIащ псори.

– Кхъухьыр вгъэуфэрэнкIынущ: зы натIэм фемыувалIэ псори! – къахуэгубжьащ кхъухьыпщыр.

– Флъагъуркъэ бгыхэр! – кхъухьыпщыр къафIэIуэхуакъым цIыхум.

– Мор Iуащхьэмахуэкъэ! Ди хэкум дыкъашэжа къысфIощI!

– Щыгугъ абы! Бэлъкъаныращ дыкъыздашар, – жиIащ Багъ Мэсхьэб.

Кхъухьым икIа къудейуэ, шууищ къаIущIащ. Шухэр епсыхащ.

– Сэлам алейкум! – жиIащ зым.

– Уалейкум сэлам!

ФIэхъус къезыхам ищIэ хъунт зрихьэлIахэр зэрышэрджэсыр. ИтIани къеупщIащ:

– Фышэрджэс фэ? Фымуслъымэн?

– Дышэрджэсщ. Дымуслъымэнщ, – иратыжащ жэуап. – Мыбы дыщыпсэуну къыджаIащ. Аращ дыкъыщIашар.

– Урысхэм я лъэпкъэгъущ мыр зи лъахэр. Урысхэращ фэ фи хэкум фыкъизыхуар, – адыгэбзэкIэ къэпсэлъащ тырку нэщхъыдзэр. – Мыбы фыкъыщIашар фагъэзэуэн щхьэкIэщ. Филъ фщIэжынумэ, флъэкI къэвмыгъанэ.

Тыркур адыгэбзэкIэ къазэрепсэлъар ягъэщIэгъуащ. Ар щышэсыжым кIэлъыджащ:

– Зэ фымыпIащIэт! Адыгэбзэ дэнэ щыфщIэрэ фэ? Мыхъуми, фи цIэр къыджефIэ, зыкъэдвгъэцIыху.

– Нэхъ иужькIэ. Дэ гъуэгу дытетщ, допIащIэ. ИтIанэ дызэрыцIыхунщ.

Шууищыр ежьэжащ.

– Дагъэзэуэн щхьэкIэщ жыпIэркъэ мыбы дыкъыщIашар. Къытхуэупсащ жыпIэркъэ, – жиIащ ЧэрмытI, шухэм якIэлъыплъурэ.

МуIэзиным и макъи тхьэгъуш макъи къэIуащ асыхьэтым.

– Мы къуэм чыристани муслъымэни дэсщ. Дахэзэгъэни дахэмызэгъэни, – жиIащ ЧэрмытI.

Адыгэхэр зэрыхамэгу-хамащхьэт. ЩыгуфIыкIакъым псэупIэ яхуэхъуам: къуэ кIуэцIщ, уэлбанэ кIыхь дэтагъэнщ мы къуэм – псымэр къыдех.



Шэджагъуэм пшагъуэм зиIэтыжри, жыг псыфхэр къыщIэщыжащ. Бжей, жыгей, кIей – я хэкум щыкуэдщ апхуэдэ жыг домбейхэр.

Пшагъуэр зыщхьэщыкIа жыгхэр щалъагъум, я хэкур я нэгу къыщIыхьэжащ ЧэрмытI къетIысэкIауэ мэз лъапэм щызэхэсхэм.

– Ди хэкур дыбгынэн хуеякъым, – и псалъэм пищащ лIыжьым. – Дымыбгынэн тлъэкIынут, ди фIэщамэ. Жэнэтыр къытпэплъэ ди гугъащ кхъухьым дыкъыщитIысхьэм. Зауэм дыхэзыдзами зыгуэрурэ дыгурыIуэнт, дызэрымыукIын тхузэфIэкIын хуеящ. Ди адэшхуэм и псэлъафэр сигу къокIыж: шыщхьэр пIэщIэкIамэ, шыкIэм укIэлъымыпхъуэж... Аращ ди Iуэху зытетыр. Сэ илъэс пщIейм сыщхьэдэхыжащ, си гугъэр хэсхыжащ хэкум згъэзэжыным – апхуэдэ къару сиIэжкъым. Фэ фыщIалэщ, фи къару илъыгъуэщ. Фэ флъэкIынущ вгъэзэжын – ар зыщывмыгъэгъупщэ, фи гугъэр хэвмыхыж. ГуващIэхами вгъэзэж. Си щIалэ закъуэми аращ жесIар, и тхьэкIумэр хуэскъузащ. И гум илъыр сигъащIэркъым армыхъу. Хьэрунщ жыхуэсIэр. СызэхищIыкIыркъым, си псалъэм къедаIуэркъым – ар сигу къоуэ.

Псалъэр зэпигъэури, лIыжьыр заулкIэ щымащ. И щхьэр къиIэтыжри, джабэмкIэ плъащ: мэл хъушэ кIэрытт джабэм.

– Мэлыхъуэм дыхуэзамэ, ягъэ кIынутэкъым, – зыкъиIэтащ лIыжьым.

– Уи нэ къикIмэ, дыхуэзэнщ. Ар джаурщ, – жиIащ Хьэжрэт.

– Псом япэрауэ, цIыхущ. ДызэхищIыкIынщ.

– Дауэ дызэхищIыкIын: и бзэр тщIэркъым, ди бзэри езым ищIэркъым.

– Зигу фӀы илъыр арыншэми зэрыщӀэнущ, – жиӀащ Хьэжрэт. – Урысхэм я лъэпкъэгъумэ, зыгуэрурэ сыгурыӀуэнущ сэ.

Мэл хъушэм щынэблагъэм, мэлыхъуэхьэшхуэ къапежьащ. Узэпкъриудыну хьэзырт мэлыхъуэхьэр. Мэлыхъуэр къыщыщӀэкӀием, хьэм ӀуигъэзыкӀыжащ, и кӀэ бацэр диупщӀэжри.

ЧэрмытӀ нэхърэ илъэситӀ-щыкӀэ нэхъыщӀэнт мэлыхъуэр.

– Фыкъеблагъэ! – жиӀащ мэлыхъуэм. – ХьэщӀэ фытщӀынщ.

– ФӀым дыхуиблагъэ, – мэлыхъуэм и Ӏэр иубыдащ ЧэрмытӀ. – Хьэ губзыгъэщ уи хьэр.

– Сэ Стефанщ си цӀэр.

– Сэ ЧэрмытӀкӀэ къызоджэ. Си гъусэм и цӀэр Хьэжрэтщ. Дэ дышэрджэсщ. Кавказым дисащ, аращ ди хэкур, мыбы дыкъашащ иджы, – жиӀащ лӀыжьым.

– Черкес... Кавказ...

Шэрджэсхэми Кавказми я хъыбар зэхихауэ щыгъуазэт болгар мэлыхъуэр.

– Си къуэрылъхум фи гугъу къысхуищӀащ. ФытӀыс, дызэдэшхэнщ. ЩӀакхъуи, мэлыли, мэл кхъуеи сиӀэщ. Шей фхуэзгъэвэнщи, теффыхьыжынщ. Фи гум фӀэпихынумэ, аркъэи сиӀэщ. Фэ фымуслъымэнщ, фадэ фызэремыфэм сыщыгъуазэщ... Мес, си къуэрылъхури къэсыжащ.

Илъэс тӀощӀрэ тхурэ зи ныбжьын щӀалэр шууэ къабгъэдэкӀуатэри епсыхащ. ХьэщӀэхэм ней-нейуэ къахуеплъэкӀащ Борис, Стефан и къуэрылъхур. ЛъэныкъуэкӀэ ӀукӀуэтыжри, пхъэ къутапӀэм хэуващ.

– Бысым щӀалэм игу дрихьакъым, – жиӀащ Хьэжрэт. – Мыхъуми, ди Ӏэр къиубыдын хуеякъэ?

– УемылӀалӀэ: дэракъым зыгъэсари зыущияри, – жиӀащ ЧэрмытӀ.

Стефан и къуэрылъхум еджащ.

– Пхъэр итӀани пкъутэ мэхъу, си щӀалэ. Къабгъэдыхьи, ди хьэщӀэхэм я Ӏэр къэубыд, сэлам къех.

– Шэрджэс басурман си щыпэлъагъу сэ! – жэуап къидзыжащ щӀалэм. – Ахэри ди деж къэзышахэм нэхърэ нэхъ щӀагъуэкъым...

– Уи жьэр зэтепӀэ, емыкӀу жумыӀэ! – хуилъащ Стефан и къуэрылъхум.

ЩӀалэм зы псалъи къыпидзыжакъым, шэсри мэлыхъуэ пщыӀэм текӀащ.

– Уи къуэрылъхум игу дрихьакъым, – жиӀащ ЧэрмытӀ, адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ къызэдигъэсэбэпурэ. – Дэри фэ дыфхуэдэщ, дыӀэщыхъуэщ, аращ уи мэлыхъуэ пщыӀэм дыщӀыблэмыкӀыфар. Дэ тщыщ гуэрым и жагъуэ ищӀауэ пӀэрэ уи къуэрылъхум?

– Фигу евмыгъабгъэ, – жиӀащ Стефан, нэщхъей къэхъуауэ. – Абы и адэр, си къуэр, тыркухэм нэгъабэ къаукӀащ. Аращ щӀалэр абыхэм ятеплъэ щӀэмыхъур. Куэд тхаукӀыкӀащ тыркухэм: си адэри, си адэ къуэшри, си щыкъу адэри. Ди жылэм щыщ куэд яӀэщӀэукӀащ тыркухэм. ИгъащӀэ лъандэрэ дызэбийщ тыркухэмрэ дэрэ – псэупӀи псэхупӀи къыдатыркъым. Тырку жылагъуэ ди гъунэгъуу кърагъэтӀысхьащ. Фэ мыбы фыкъыщӀашами щхьэусыгъуэ иӀэщ. Тыркухэмрэ дэрэ дызэлъэпкъэгъукъым. Абы щхьэкӀэ дызэрыукӀын хуей?

Хьэжрэт зэгупсысыр болгар лІыжьым и къуэрылъхурт: «ХьэщІагъэ къыдихын дэнэ къэна, и нэр къытхузэригъэдзэкІащ. ЛІыжьым и напэри трихащ щІалэ нэмысыншэм».

Бэлгъар лІыжьым и псалъэр къыгурыІуэртэкъым Хьэжрэт.

– Сытыт лІыжьым жиІэр? – еупщІащ Хьэжрэт ЧэрмытІ.

– Сэ къызэрызгурыІуамкІэ, дэ тхуэдэ ІэнатІэ Іутщ мыхэри, – жиІащ ЧэрмытІ. – Хамэр пщы къахуэхъуащи, я щхьэр къаригъэІэтыркъым.

ЧэрмытІ зыкъиІэтащ.

– Ди бысымыр узахуэщ, – жиІащ абы. – Дунейр инщ, угъуэщэнкІэ зыхуэІуа щыІэкъым. Уи къуэрылъхум дигу ебгъэркъым, къыдгуроІуэ и Іуэху зытетыр. Уэри уигу иумыгъабгъэ, нэмысыншагъэ дэплъэгъуами, зыхуэгъэшэч. Фи мэл хъушэр иребагъуэ. Фымыгужьей закъуэ. ФыщІэгужьеин щыІэкъым. Мо бжьэпэр псэупІэ тхуэхъумэ, ди Іугъуэ зэдикІын си гугъэщ. Гъунэгъу дыщызэхуэхъуакІэ дызэдэпсэунщ, адыгэм зэрыжытІэщи, ди псэр зы чысэм илъынщ. Фи Іуэхур Тхьэм иригъэфІакІуэ, фи насыпыр фи жагъуэгъум трырекІуэ. Дэ дежьэжынщ.

– Зэ умыпІащІэт, ЧэрмытІ, – жиІащ мэлыхъуэ лІыжьым. – Гъуэмылэ здэфщтэ. Мэлыл гъэгъуа, кхъуей, щІакхъуэ, шыгъу. Куэд дыди хъуркъым, емыкІу дыкъэвмыщІ – ди унэ дисыжамэ, хьэщІагъи фэтхынти, фхуэфащэкІи дыфхуэупсэнт.

ЧэрмытІрэ Хьэжрэтрэ мэлыхъуэ пщыІэм къыщытекІыжам пшапэ зэхэуэгъуэ хъуат. Зы жэщрэ зы махуэкІэ зэпыуатэкъым уэшхыр, гъуэгур гъэмахуэкІэ дыгъэми хуэгъэгъущыжатэкъым.



Хьэжрэт зэплъэкІащ.

– ЩІалэм и нэр ттригъэкІыркъым, пщыІэм къытехьэжащи. Хьэр къыдимыуштащэрэт.

– Мы щІалэм уигу щхьэ ебгъа? – пыдыхьэшхыкІащ ЧэрмытІ. – Тыркухэращ ар зытеплъэ мыхъур. Щхьэусыгъуэ иІэщ. И адэри, и Іыхьлыхэри къаукІащ тыркухэм – аращ мэлыхъуэ лІыжьым къызжиІар.

– Абы адэшхуэ иІэщ. Сэ зыри сиІэжкъым: ди лъэпкъыр зэтраукІащ, зыри къагъэнакъым. Мэсхьэбрэ уэрэ тхьэразэ къыфхухъу: фи нэІэ стевгъэкІакъым, сыкъэфхъумащ. Фэращ сызыщыгугъыр. Ар сщыгъупщэнукъым сэ, – жиІащ Хьэжрэт, и нэпсым къызэпижыхьауэ.

Балканым япэ кхъухьымкІэ яша адыгэхэм щІы Іыхьэ къратащ, унэ, псэуалъэ щащІын щхьэкІэ. Мэлыр щыкуэдщ мы щІыпІэм, адыгэхэми ягъэхъунщ мэл хъушэхэр, Іэщи зэрахуэнщ.

Къуэм дагъэтІысхьащ адыгэхэр, гъунэгъу яхуэхъуащ абы щыпсэу болгар жылагъуэхэм.

ЕтІуанэ кхъухьымкІэ къашахэм нэгъуэщІ псэупІэ хухахащ, ахэр верстищэ хуэдизкІэ япэжыжьэ хъуащ.

Болгар, тырку жылагъуэхэр щыкуэдщ мы щІыпІэм, Тырговиште къалэ цІыкІур япэжыжьэкъым. УнафэщІхэр зыдэсыр Шумлэ къалэщ, ари верстищэкІэ япэжыжьэщ, лъэсу уежьэмэ, щІэх унэсынукъым. Шур махуэ ныкъуэм нос, гъуэгум щхьэусыгъуэ гуэркІэ щымыгувэмэ. Шумлэ уи хьэтыр къыщамылъагъумэ, Варнэ укІуэ хъунущ. Абыи къыщимыкІрэ уи кІэн – Бургасрэ Созополрэ яблэкІи, Истамбыл кІуэ. Истамбыл сулътІаныр дэсщ, абы и ІэмыщІэ илъщ Тыркури Болгариери.

Илъэс щищым щIигъуащ болгархэр тыркухэм я унафэм, нэхъ белджылыуэ жыпIэмэ, я лъэгум зэрыщIэтрэ. Тыркубзэр я анэдэлъхубзэм хуэдэщ, я фэкIи ещхь хъуащ тыркухэм.

Зыгуэрым ущIэлъэIун щхьэкIэ, Истамбыл укIуэмэ, къыпхуащIэнышхуи щыIэкъым – нэхъыбапIэм деж узэрыкIуам ухущIегъуэжауэ къэбгъэзэжынкIэ мэхъу. Болгархэм я закъуэкъым тыркухэм я лъэгум щIэтыр. Адыгэ насыпыншэхэми арауэ къыщIэкIынщ къапэплъэр. Мыбы нэс къашэри болгархэм хакIутащ адыгэхэр, езы дыдэхэми къагурыIуэркъым ар я натIэ щIэхъуар. Я щхьэм илъ зэпытщ а упщIэр: сыт щхьэкIэ къаша мыбы нэс? Шэч къызытрамыхьэращи, мыбы нэс къыщIашам, болгархэм щIыхагъэтIысхьам, дауи, щхьэусыгъуэ иIэщ. Тыркум щхьэ къыщрамытарэ щIы? Адыгэ куэдыкIей къэIэпхъуащ Тыркум, я хэкужьри нэхъ щапэблэгъащ Тыркум...

Я хэкум, Шэрджэсым, ирагъэщхь Болгариер: бгылъэщ, мэз щыкуэдщ, къуакIэбгыкIэщ, уэсыр зэи щымыткIу къуршхэр къащхьэщытщ.

Я хэкужьым ещхьми, есэркъым Болгарием. НэгъуэщI лъахэщ ар, езыхэр щыхамэгу-хамащхьэщ.

Болгархэр къащыгуфIыкIакъым адыгэхэм, нэмыплъ къезытар мащIэкъым. «Дэнэ фыкъикIа? Емынэм фыкъихуа!..» НэгъуэщI къыпхужаIэн? Дауи ирехъу, хуэм-хуэмурэ яхэзэгъащ болгархэм. Яхэзэгъами, зэкIэлъыкIуэркъым. Болгар жылэхэм япэжыжьэкъым адыгэхэм псэупIэ яхуэхъуар. Мэз лъапэм къуажэ цIыкIу щаухуащ, псэуалъэ, унэ ящI – Iуэхур я щхьэм къос. Я Iэр увыIэркъым хэхэсхэм. Хэхэсущ зыкъызэралъытэжыр. ЗыхэтIысхьами нэгъуэщI къыфIащынукъым – хэхэс. Я жылэ цIыкIури цIэншэщ зэкIэ – цIэ гуэр фIащын зэрыхуейр я пщIыхьэпIэ къыхэхуакъым. Я акъыл хунэсакъым абы – мафIэм хэт пэлъытэщ.

ЧэрмытIрэ Багъ Мэсхьэбрэ махуэ къэси зэIуощIэ. ЛIыжьым и мащIэкъым зыщIэупщIэн.

– КъызгурыгъаIуэт, Мэсхьэб: болгархэмрэ дэрэ ди бзэри зэтехуэркъым, дэ дымуслъымэнщ, болгархэр джаурщ. Тыркухэри муслъымэнщ. Лъэпкъищри дызэпэжыжьэкъым, иджыпсту дыщыпсэум тепщIыхьмэ. ИтIанэми дызэрыщIэркъым, дызэкIэлъыкIуэркъым, дызэкIэлъыжэркъым. Тыркухэми болгархэми дакъыфIэIуэхукъым. Я жьэм пщIэ щIатIынукъым: «Дауэ фыпсэурэ, дауэ фехъулIэрэ? Фызыхуэныкъуэ щыIэ, фызыщыщIэ щыIэ?» Сигу ебгъэркъым Стефани абы и къуэрылъху щIалэми – ахэр чыристанщ. Тыркухэр муслъымэнщ, итIани нэмыплъ къыдат, я пщIыхьэпIэ дыкъыхэхуэркъым. Сыт ар къызыхахыр, сытым хуэпхь хъуну?

– КъыткIэлъыплъ, дызрагъэцIыху хъунщ...

Багъ Мэсхьэб и пIэкIэ жэуап къритащ Наурызым. Мыри къыщIигъужащ:

– Шумлэ тетым деж дыщыкIуэм абыхэм я жылэхэм дыблэкIащ. НэкIэ къыдэплъын къахэкIакъым. Къыдэплъын дэнэ къэна, я бжэщхьэгъубжэхэр кърагъэбыдэкIащ дыщыблэкIым.

– Дэ дыхъунщIакIуэ хьэмэ дылIыукI? Хьэмэрэ ара ттеIукIар? Сыт пщIэн: аращ ди натIэ хъуар. Тхьэм жиIэмэ, ди Iуэхури зэфIэувэжынщ,

гупсэхугъуэ дгъуэтыжынщ. Ди гум Iей илъкъым. Дэ дыадыгэщ, адыгэ хабзэр зыхэднынукъым, дэнэ дыкъыщымыхутэми: ар ди псэм хэлъщ, ди лъым хэтщ... НэгъуэщIи сигу къоуэ сэ. Сабийр къалъхури цIэ фIащ. ЦIэ зимыIэ щыIэкъым. Ди жылэми цIэ фIэтщын хуейкъэ? Хуейщ. Дывгъэчэнджащэ, ди жылэщIэм хуэфащэ цIэ фIэдвгъэщ. Сыт къыджепIэн, Багъ и къуэ? Уэ-щэ, Куэблэ и къуэ? Уи акъыли къыхэлъхьэ, Наурыз и къуэ. Ди жылэм и цIэм къыщIэупщIакъэ фыздэкIуэр? Сыт яжефIар?

– КъыщIэупщIащ, ауэ жэуап тхуетыжакъым, – жиIащ Мэсхьэб. – Ди жылэм и цIэм къыщIэупщIащ Шумлэ дэс тетри. ЦIэ зэримыIэр щажетIэм, ягу ирихьащ. «Дэ фIэтщынщ цIэ!» – къыджаIащ.

– ФIаща?

– «ХьэжрэткIэ феджэ щIэмыхъунур сыт?» Аращ я щхьэм къихьар.

– «Хьэжрэт» жывоIэ?

– «Iэпхъуэшапхъуэ» – аракъэ абы къикIыр?

– Узахуэщ, – абыкIэ акъылэгъу хъуа къахэкIащ гупым.

– Дэ дыIэпхъуэшапхъуэщ, абы тепщIыхьмэ, цIэм дэбгъуэн щыIэкъым.

ЧэрмытI и щхьэр къиIэтащ.

– ДыIэпхъуэшапхъуэщ. Ар пэжщ. Арагъэнт тхуэфащэр, – жиIащ лIыжьым.

– Шэч къытепхьэрэ, ЧэрмытI?

– КъезгъэкIуркъым а цIэр. Ди жылэ цIыкIум хуэзгъэфащэркъым, – жиIащ лIыжьым.

– Хуэбгъэфащэр жыпIэркъэ-тIэ, тхьэмадэ.

ЗаулкIэ щымри, лIыжьыр щIэупщIащ:

– Дэ абэзэхэхэм дыщыщ?

– Дыщыщщ. Абэзэхэхэм.

– Абэзэхэ жылэ фIэдвгъэщ ди жылэ цIыкIум. Аращ сэ сфIэзахуэр.

ЛIыжьым акъылэгъу дэхъуащ гупыр: «Абэзэхэ» фIащащ я жылэм.

* * *

Дыгъэ къухьэгъуэщ, бзий плъыжьыфэхэр жыг щхьэкIэхэм къахоплъ. Шэджагъуэ лъандэрэ етIысэхакъым Борис – тезагъэркъым, Стефанрэ Тодоррэ поплъэри. Шэрджэсхэм я деж кIуати, щIэвэщIащ тIури.

ИкIэм-икIэжым шу къыIэщIэлъэгъуащ Борис. Стефан уанэгум исщ, Тодор кIэсщ. Шы зырызкIэ ежьащ, зышкIэ къагъэзэжащ – ар зыхуихьынур ищIэркъым щIалэм. Стефанрэ Тодоррэ къыщысыжым, Борис и адэшхуэм еупщIащ:

– Сыт къэхъуар? Дэнэ фыщыкIуэдар? Шыри дэнэ фхьа?

– Къэхъуа щыIэкъым. Шэрджэсхэм я деж хьэщIапIэ дыщыIащ, – жиIащ Стефан. – ФIэхъус къуахыжащ.

Шы IумпIэр и къуэрылъхум IэщIилъхьэри, чэтыбжэм Iухьащ лIыжьыр.

– ХэщIаIа хуэдэкъым ди хъушэм.

– ХэщIащ мэлитIрэ щынитIрэ, – жэуап къритащ Борис. – Шэрджэсхэм яхуэфшар хэщIащ. МэлитIымрэ щынитIымрэ я закъуэкъым – ар ффIэмащIэ хъуащ: зы ши дэвгъэкIуащ.

– Уи ныбжьэгъум жиIэр зэхэпхрэ, Тодор? Уэри акъылэгъу удэхъу хъунущ абы... Фэ фыщIалэщ, фыпхъашэщ, нэхъыжьым федаIуэркъым, щIалагъэм фыщIехьэри. Уи гъунэгъур уи жагъуэгъумэ, нэхъыфI? Хьэ ныбаджэр мэдзакъэ, къупщхьэ хуэбдзмэ, уи гугъу къищIынукъым. Тыркухэм шэрджэсхэр къыщIытхуашар, гъунэгъу къыщIытхуащIар сыт фи гугъэ? ФIырыфIкIэ къыддагъэпсэун щхьэкIэкъым, ныбжьэгъу къытхуащIын папщIэкъым. Тыркухэр бзаджэщ, шэрджэсхэри нэхъыфIкъым. Ди нэр ятедгъэкI хъунукъым тIуми. Дащымыхьэмэ, дапэмыувмэ, дэркIэ нэхъыфIщ. Ди гум илъыр ирамыщIэ абыхэм. Ди гум илъыр дыбзыщIын хуейщ, ди жьэм жиIэр нэхъапэкъым. Жьэм Iэджи жеIэ, уи щэхур уи гум игъэлъ. Уэ бжесIэнуращ, Тодор, уи адэр къэзыукIамрэ шэрджэсхэмрэ я диныр зыщ, тыркухэри шэрджэсхэри муслъымэнщ. Шэрджэсхэр я хэкум къизыхуар хэт? Абыхэм я хэкур зыубыдахэмрэ дэрэ ди диныр зыщ – дэ дычыристанщ. Шэрджэсхэм къращIар ягъэгъун фи гугъэ? Я нэхъыжьи, я нэхъыщIи я гум илъыр зыщ: ялъ зэращIэжынщ. Урысри болгарри я зэхуэдэщ шэрджэсхэм. Зауэ дыхэхуэмэ, шэрджэсхэр дэ къыддэщIын фи гугъэ? КъыддэщIынукъым. Тыркухэм я дзэм хыхьэнурэ къыдэзэуэнущ. Шыр ЧэрмытI лIыжьым зэрестам щхьэкIэ уигу къызумыгъабгъэ. Шы уэстыжынщ сэ – пщэдей фIэзгъэкIынкъым.

– Уи шыр щыпIэщIагъэкIым си адэшхуэм уигъэкIэсри укъихыжащ. ФIыщIэ хуэщI си адэшхуэм. Ар мыхъуатэмэ, шэрджэс Iэлхэр къолъэпэуэнти, лъэсу укъаутIыпщыжынт. 

И гур тригъэзэгъащ Борис и ныбжьэгъу щIалэм, дэгушыIэ зищIурэ. Тодор и нэщхъыр зэхилъхьащ, и нэр къицIыщхъукIащ.

– Си анэр зэрышэрджэсыпхъур уощIэ, ар къызэпхъуэну здэнукъым. Си гур хыумыгъэщI, – жиIащ Тодор. – Си адэм и лъахэр Болгариеращ, сэри си лъахэщ ар. Шэрджэсхэм псалъэжь Iущ яIэщ, ущыгъуазэ?

– КъызжепIэмэ, щыгъуазэ сыхъунщ.

– «Гупсыси псалъэ, зыплъыхьи тIыс». Абы тет зэпытщ шэрджэсхэр.

Псалъэжьыр адыгэбзэкIэщ Тодор зэрыжиIар. АдыгэбзэкIэ жиIэри, болгарыбзэкIэ зэридзэкIыжащ.

Псалъэжьыр игу ирихьати, Стефан жиIащ:

– Уи анэр, Тодор, цIыху губзыгъэт – здэкIуам Тхьэм щигъэтынш. И лъэпкъэгъухэм яIумыплъэ щIыкIэ дунейм ехыжащ тхьэмыщкIэр – ар игу къеуагъэнщ, дауи. И анэдэлъхубзэм и закъуэтэкъым уи анэм ищIэр: тыркубзи болгарыбзи ищIэрт. Шэрджэсым къыщадыгъуащ уи анэр. Сабий ныбжьым итт къыщадыгъуам щыгъуэ. Хамэ щIыналъэм къыщыхъуами, и анэдэлъхубзэр зыщигъэгъупщакъым уи анэм. Ар дэнэ къэна, уэри уигъэщIащ Кавказым къыздриха бзэр. Ар хузэфIэкIащ уи анэм. Сыт щIыхузэфIэкIар? И хэкур щыгъупщатэкъым, и лъэпкъыр фIыуэ илъагъурти, аращ щIыхузэфIэкIар. Ар уигу иумыгъэху, Борис!

* * *

Багъымрэ Наурызымрэ къахьа хъыбарыр зэхэзымыха къыдэнэжакъым Абэзэхэ жылэ цIыкIум. ГупитI зэрищIыкIащ жылэр, хъыбарыр щызэхахым: зы гупым къэбыл ящIащ, зигу иримыхьари апхуэдиз мэхъу.

ЧэрмытI лIыжьыр псалъэмакъым хыхьакъым, зыдэщIыпхъэр имыщIэ хуэдэ. Гуп-гупурэ зэхыхьауэ щIызэдауэр игу къемыуэ хуэдэт лIыжьым, ар хэзыгъаплъэр нэгъуэщIт: и нэгу къыщIыхьэжащ хым къызэрызэпрыкIар. Тыркум къыщызэрыхьым щыгъуэ хьэдэ мащIэ хым хадзэн хуей хъуа? Сабий мащIэ зэтелIа? А псор и нэгу щIэт зэпытщ лIыжьым. «Мы зэдауэхэр щIалэщ, дунейм и пIалъэ ящIэркъым иджыри, зэфэну псыр дяпэкIэщ къыщыжэнур...»

– Къасым, уэри ухигъаплъэрэ Багъымрэ Наурызымрэ къахьа хъыбарым? Зыри жыпIэркъыми? Псалъэмакъым щхьэ ухэмыхьэрэ?

И щхьэр игъэсыса фIэкIа, Къасым жэуап къритыжакъым лIыжьым.

– Зымахуэ хасэм дыщытепсэлъыхьащ мы Iуэхум, – жиIащ лIыжьым. – Ди жылэм щыщ щIалэ пщыкIуз хыхьэн хуейщ шуудзэм – аращ хасэм и унафэр. Ар сфIэкуэдыIуэщ сэ. Ди жылэ цIыкIум апхуэдиз щIалэ дэкIмэ, хэт дэ дызыщыгугъыжынури дыкъэзыхъумэнури?

– ЦIыху пщыкIузым сыт яхузэфIэкIынур? – щIэупщIащ Къасым.

– Зыш фIэкIаи ямыIэу...

– Шы дэнэ къипхын? Дэ ди хэку дисыжкъым...

– Сэ зыш сиIэщи, фызот, – жиIащ лIыжьым. – Тодор къызита шыращ жыхуэсIэр.

– Шы закъуэм сыт къыпхуищIэнур?

Багъ Мэсхьэб утыкум къихьащ.

– Дзэм хыхьэр Iыхьэншэ хъунукъым. Абы сыщыгъуазэщ. Шы къратынущ, Iэщэ къратынущ. Я къалэныр зэфIагъэкIауэ я жылэ къыщагъэзэжкIэ шыри Iэщэри къахуэнэнущ – апхуэдэ унафэ щыIэщ. Аркъудейкъым. Ахъшэ гуэри къратынущ – ари къащхьэпэнкъэ?

– ЩIы дестынэ хуэдизи къызэрыратынур зэхэсхащ, – жиIащ Хьэтам.

– ДыкъагъэпцIэнукъэ?

– Шэч къытевмыхьэ, дыкъагъэпцIэнукъым. Афицарым нэхъыбэ къратынущ.

– Дыщыгугъынщ, – жиIащ ЧэрмытI. – Я щхьэр псэууэ къахьыжмэ, аращ дэ дызыхуейр...

* * *

ПщIантIэм дэкIауэ шууищ къыIэщIэлъэгъуащ ЧэрмытI. Iэдакъэжьауэ ищIащ.

– Си нэм къищтэркъым, – жиIащ лIыжьым. – Уэ пцIыху яхэт шухэм? – еупщIащ къыбгъэдыхьахэм.

Багъ Мэсхьэб япэ зыкърыгъэщащ:

– Зы шур къэсцIыхужащ – Берычэт Зэуалщ.

– Узахуэщ, – жиIащ Наурызым. – Аращ. Берычэт Зэуалщ. Адрей шууитIыр сцIыхуркъым.

– Хэтуи щрет, хьэщIэм хьэщIагъэ ехын хуейщ, аращ ди хабзэр. Яку дэтыр зыщIыпIэ щыслъэгъуауэ къысфIощI, – жиIащ ЧэрмытI дадэм.

Шууищыр къэсри епсыхащ. Сэлам кърахащ.

– Фыкъеблагъэ, ди хьэщIэ лъапIэхэ. Мыбдеж хасэр дыщызэхуос, мыр ди жылэщ – абэзэхэ жылэщ.



3 Заказ №352

– СыкъэпцIыхужыркъэ, тхьэмадэ? – жиIащ хьэщIэхэм ящыщ зым, тыркубзэмрэ адыгэбзэмрэ зэхигъэзэрыхьурэ. – Мэз лъапэм дыщызэрихьэлIауэ щытащ.

– УкъэсцIыхужащ, – жиIащ ЧэрмытI. – Уи псалъэри сщыгъупщэжакъым. «Тыркухэр къывдэщIынущ, филъ фщIэжынумэ, лъыщIэжыпIэ фихуащ...» Ар къызжепIауэ щытащ, сщыгъупщэжакъым.

ЛIы быртIымым бгъэдэт щIалитIым еплъащ ЧэрмытI. Ахэр щымт, псалъэмакъым къыхыхьэртэкъым.

– «ИтIанэ» жыпIэри зыкъэзбгъэцIыхуакъым абы щыгъуэ, уи цIэри къызжепIатэкъым. ФIыкIэ дызэрихьэлIэжауэ Тхьэм къыщIигъэкI, – къыщIигъужащ лIыжьым.

Берычэтым япэ зыкъригъэщащ:

– Ди гъусэр сэ уэзгъэцIыхунщ, – жиIащ абы. – Мурад-бейщ ди гъусэм и цIэр. Шумлэ къалэм къедза тырку жылэхэм псоми къыщацIыху ди гъусэр. Ар зымыцIыхурэ пщIэ къыхуэзымыщIрэ дэскъым мы псыхъуэм. Мурад-бей Истамбыли, Бургаси, Варни къыщацIыху, а къалэхэм я Iэтащхьэхэм япыщIащ, пщIэ къыхуащI, зэрыжысIащи. Сыт и лъэныкъуэкIи къывдэIэпыкъуфынущ Мурад-бей, и нэIэ фтригъэтынущ, фи лъэIухэр тырку лIыщхьэхэм я деж нигъэсыфынущ. Ди гъусэ ещанэр арнаутщ (апхуэдэущ адыгэхэр албанхэм зэреджэу щытар), и цIэри аращ – Албанщ. Абы тыркубзэри ещIэ, адыгэбзэкIи мэпсэлъэф.

– Тхьэразэ къахухъу ди хьэщIэхэм. Къытхыхьэри дагъэгуфIащ. Фынеблагъэ, фыдгъэхьэщIэнщ, – жери хьэщIэхэр иришэжьащ ЧэрмытI дадэ.

Унэм хьэщIэхэр ириша нэужь, лIыжьыр Берычэтым еупщIащ:

– Уэ уи Iуэху сытым тет, сыт бгъэхъэрэ?

– Iейкъым си Iуэху, – жиIащ Берычэтым. – Адыгэ Iуэхущ зетхуэр, зэи зыщызгъэгъупщэркъым ар си пщэ зэрыдэлъыр. Нобэ-пщэдей Истамбыл сыкIуэн мурад сиIэщ. Пащтыхь гуащэм сыхуагъэзэнкIэ согугъэ. Пащтыхь гуащэр ди лъэпкъэгъущ. Ар фщIэркъэ?

– ДощIэ, дыщыгъуазэщ, дызэрилъэпкъэгъури дощIэ, – жиIащ ЧэрмытI.

Берычэтым и псалъэм къыщIигъуащ:

– Истамбыл сыкIуэмэ, Мухьэмэд Iэмин къэзгъуэтын си гугъэщ. Дызыгъэжэкъуахэм ящыщщ ар. Сигу илъыр сыбзыщIынукъым, и нэм щIэсIуущ зэрыжесIэнур.

– И нэм щIэпIун къудейкъым, и нэр хуищIын хуейщ а бзаджэнаджэм! – жиIащ ЧэрмытI дадэ.

ХьэщIэщым здисым, псалъэм пащащ хьэщIэхэмрэ бысымымрэ. Зэрыхабзэти, псалъэр нэхъыбэрэ зылъагъэсыр хьэщIэхэрат.

Мурад-бей псалъэ лъагъэсын и пэ бысым лIыжьым хъуэхъум щIигъужащ: щхьэ тфIэткъым. Къаплъэнэф жыхуаIэр дэрати, дыщхьэрыуащ, дыжэкъуащ. Ди гум илъ зэпытщ ар: лей къыдэзыхам зэи хуэдгъэгъунукъым, дилъ дымыщIэжауэ щIым дыщIыхьэжмэ, ди гъащIэр псыхэкIуадэщ...

Мурад-бей псалъэ лъагъэсащ.

– Дуней псор щыгъуазэщ фэ къыващӀа гукъутэгъуэм. Фи щхьэр хэфлъхьэху фи ужь икӀакъым фи бийр. Зы къэрали къывдэӀэпыкъуакъым, зигу къыфщӀэгъуар Тыркум и закъуэщ. Тыркухэм гулъытэ яӀэщ, утыкум фыкъранакъым. Сэ сызэрытыркуракъым ар щӀыжысӀэр – емыкӀу сыкъэвмыщӀ. Хэти щыгъуазэщ Тыркур щӀэгъэкъуэн къызэрыфхуэхъуам. ХьэшхыпӀэ фыщихуэм зи Ӏэр къыфхуэзышияр тыркухэращ.

ХьэщӀэщым ис шэрджэсхэм я нэгур зэрызэхэуам гу лъитащ Мурад-бей.

– Хьэмэ сыщыуэрэ? Сызахуэкъэ? – щӀэупщӀащ Мурад-бей.

– Ущыуэркъым. Узахуэщ. Пэж зэфэзэщщ жыпӀэр, – ЧэрмытӀ дадэ нэщхъ яхузэхилъхьащ и гъусэхэм. – ДынодаӀуэ, ди хьэщӀэ.

– Сэ жысӀэр уи фӀэщ зэрыхъур си гуапэщ, тхьэмадэ, – пищащ Мурад-бей и псалъэм. – Шэрджэсхэр соцӀыху сэ, псалъэ Ӏей яхужысӀакъым игъащӀэм. ЛӀыгъи, цӀыхугъи, гулъыти яӀэщ. Фэ сыфхуэдабзэщ: сэри схуегъэхыркъым джаурхэм къыващӀар. Си закъуэкъым зигу къыфщӀэгъур, зы тыркуи вгъуэтынукъым зигу къыфщӀэмыгъу. Ди пащтыхьым и Ӏэр ныфхуишия къудейкъым: ди къэралым фыкъригъэтӀысхьэри, щӀым и фӀыпӀэр къывитащ... Фахуэсакъ болгархэм, дзыхь яхуэвмыщӀ. Хэкум фыкъизыхуахэм нэхърэ нэхъ щӀагъуэкъым ахэр, абыхэм я лъэпкъэгъущ. Зэкъуэхуауэ фапэщӀэхуэмэ, фыӀуапӀэнкӀэ тӀэу еплъынукъым.

– Ди хэкум пэӀэщӀэ дащӀами, джаурхэм къыдащӀар тщыгъупщэнукъым зэи, – жиӀащ Берычэтым. Абы зыри падзыжакъым – акъылэгъу хъуагъэнщ Зэуал жиӀамкӀэ. Берычэтым игъэщӀэгъуар я тхьэмадэм зыри къызэрыпимыдзыжарщ.

Башым зытригъэщӀауэ алъандэм жьантӀэм дэса лӀыжьым псалъэ кӀапэр иубыдыжащ.

– ФӀыщӀэ пхудощӀ, Мурад-бей: дызэхыбощӀыкӀ, ди гъурми ди цӀынэми ущыгъуазэщ. Фи пащтыхьми дыхуэарэзыщ. ГъащӀэ кӀыхь ухъу фи пащтыхьыр. Ди хэкур тфӀэкӀуэдащ дэ. Хэкум дыкъыщрахум фи деж щхьэегъэзыпӀэ щыдгъуэтащ. Дигу имыхур ди лъабжьэр здэщыӀэ ди щӀыналъэрщ – ар зэи тщыгъупщэнукъым дэ. ИгъащӀэкӀэ псэуа щыӀэкъым, псори щӀым дыщӀыхьэжынущ, ди чэзур къэсмэ. АпщӀондэху дыпсэун хуейщ. ПсэупӀэ къыдэфтащи, фӀыщӀэ фхудощӀ. Тыркуи болгари ди гъунэгъущ нобэ, хэт муслъымэнщ, хэт чыристанщ. Я диным дыщӀэупщӀэркъым дэ, гъунэгъу дыщызэхуэхъуакӀэ дызэдэпсэун хуейщ – арщ ди лъэпкъэгъухэр зыхуэдгъэӀущыр...

А псалъэхэр Мурад-бей игу ирихьарэ иримыхьарэ дэнэ щыпщӀэн: лӀыжьым зыри къыпидзыжакъым...

* * *

1870 гъэм и япэ махуэр уэтӀпсытӀ хъуауэ нэху щащ. Шыр гъуэгум ерагъмыгъуейуэщ зэрыщызекӀуэфыр – ятӀэм хонэри.

Берычэт Зэуал шэджагъуэ нэужьым дыхьащ Истамбыл. Гугъу щехьащ ар гъуэгум. Апхуэдэ гъуэгу къыщӀэлъ и гугъагъэнкъым Зэуал. Болгарием укъикӀрэ Тыркум кхъухькӀэ укӀуэмэ, ар дыщэм хуэдэщ: нэхъ кӀэщӀщ, уэтӀпсытӀи ухыхьэнукъым. Берычэтыр щыгъуазэт абы,

албаным щӀедэӀуаращ щӀызэгуэпыр – абы гъусэ зыхуищӀын хуеякъым. Албаным тыркубзи, албаныбзи, адыгэбзи ищӀэрт – арагъэнщ гъусэ зыщӀыхуищӀар.

Гъуэгур мыгъуэ хуэхъуащ Зэуал: и ахъшэр щыӀэщӀэухащ абы. И гум нэхъ къеуэр ахъшэратэкъым, и адэм и къамэр зэрыӀэщӀэкӀарат. Къамэр зэи зыкӀэрихыртэкъым Берычэтым, абы къихъумэрт. Гъуэгу уасэ ищӀащ къамэр, ахъшэр къыщыӀэщӀэухэм.

Гупсысэм хэхуащи, игу загъэркъым Зэуал. Адыгэм я псэлъафэр игу къэкӀыжащ: «Умыуэвмэ, къиувыкӀ ухуэзэнщ».

Арнаутми шыгухуми къагъэпцӀащ, къебзэджэкӀащ Берычэтым. И щхьэр фӀеудыж иджы: «Емынэм сыкърихужьат, сызезыхуар сыт? Болгарым дыщетӀысэхащ, дизэгъащ а щӀыпӀэм. Си мыӀуэху зесхуэн хуеякъым...»

Уи ӀэфракӀэм уедзэкъэжыфын? Уедзэкъэжыфуи сощӀ – уэшх блэкӀам щӀакӀуэ кӀэлъумыщтэж. Аракъэ адыгэм жиӀар?..

Ӏэджэм егупсыса хъунщ Зэуал, жейм емызэгъыурэ. Жэщыбгращ щыӀурихар. Пщэдджыжьым жьыуэ къызэщыуащ. Къамэр ӀэщӀэкӀами, цейр къыхуэнащ: зихуапэри уэрамым дыхьащ. Истамбыл къалэшхуэщ, уэрамхэр зэвщ, цӀыхур Ӏувщ. Хэт уеупщӀын: дуней псом щыцӀэрыӀуэ мэжджытышхуэр дэнэ лъэныкъуэкӀэ къыщызгъуэтынур?

Ая-Софи мэжджытыр чыристанхэм яӀэщӀэлъащ нэхъапэм, Византием щикъаруилъыгъуэу яухуэгъащ ар. Константинополь (иджы Истамбыл) игъэбжьыфӀэрт абы, дуней псом щыцӀэрыӀуэт. Иджы тыркухэм я ӀэмыщӀэ илъщ, я мэжджытщ...

Берычэтыр пӀащӀэркъым, зиплъыхьурэ ирокӀуэ уэрамхэм – къалэ дахэкӀейщ. Уэрамхэм сыхьэт хуэдэкӀэ дэтри, Зэуал мэжджытышхуэм екӀуэлӀащ. Андез ищтащ. Тырку жьакӀацэ гъунэгъу къыхуэхъуати, еупщӀащ:

– Мыхьэмэт ефэндым ущримыхьэлӀауэ пӀэрэ мыбы? Шэрджэсщ зи гугъу сщӀыр.

– Дэтхэнэ шэрджэсыр пцӀыхун? – зыкъигъэзэххакъым тырку жьакӀацэм. Иужьым къеупщӀащ къыхуеплъэкӀри. – Ди бегъымбар дотэм и цӀэджэгъура хъунщ жыхуэпӀэр. Мэрем махуэм абы мы мэжджытышхуэм уаз щет.

– Сыт и ныбжьын? – щӀэупщӀащ Берычэтыр.

– И ныбжьым сыщыгъуазэкъым, – жэуап къритыжащ тыркум. – И фэкӀэ уэ уи ныбжьынщ, е зымащӀэкӀэ нэхъыжьынщ... Мес гухъыринэм зыгуэр къокӀ. АрагъэнкӀэ мэхъу узыщӀэупщӀэр. КӀуэ, зыхуэгъазэ. И гъусэхэм къыпхуадэмэ.

– Ара хуэдэщ, – жиӀащ Зэуал.

Ефэндым бгъэдыхьащ Зэуал, сэлам ирихащ адыгэбзэкӀэ. Къыбгъэдыхьар имыцӀыхуфэ зытригъэуащ Мэрзухъай Мыхьэмэт, нейнейуэ къеплъри, мэжджытыбжэмкӀэ иунэтӀащ. Бжэм щынэблагъэм къызэплъэкӀащ.

– СыкъэпцӀыхужыркъэ, Мыхьэмэт? Сэ сы-Берычэт Зэуалщ.

– Зэлъэпкъэгъухэр зэрыгъэгъуащэркъым – аращ шэрджэсхэм я хабзэр, – жиӀащ Мэрзухъай Мыхьэмэт, къэувыӀэри. – Ачкъалэ дэс дзэм и Ӏэтащхьэм и къуэдзэм уи гугъу къысхуищӀащ зымахуэ. Абы

къызэрызжиIамкIэ, уэ Бэлъкъаным ущыIэщ, болгархэм уахэсщ. Пэж ар?

– Пэжщ, афицарым укъигъэпцIакъым, – жиIащ Зэуал. – Езы афицарыр дэнэ щыIэ? Юсефщ жыхуэсIэр.

ЩIэмыупщIэми, Зэуал ищIэрт Юсеф здэщыIэр.

– Жыжьэ щыIэкъым. Къэдгъуэтынщ, дылъыгъуэзэнщи, – фIэмыфIыщэу жэуап къритащ Мыхьэмэт. – Уэрэ сэрэ дызэрызэрыцIыхурэ Iэджэ щIащ. ДяпэкIэ укъызэрызэджэнур пщIэрэ?

– Дауэ?

– Мыхьэмэт-ефэнды. Ар зыщумыгъэгъупщэ.

– Дауэ сщыгъупщэн! Уэ абэзэхэхэм ураефэндышхуэщ.

– Абэзэхэхэм я закъуэкъым. Тыркухэм сраефэндыщ, – и бгъэр къригъэкIащ Мэрзухъайм. – Сэ сопIащIэ, иджыпсту сыхущIыхьэнукъым. ИтIанэ дызэхуэзэнщ.

– Хъунщ. Узгъэгувэнкъым, Мыхьэмэт-ефэнды, – жиIащ Зэуал. – Сэ тхылъ къыздэсхьащ, абы итщ Юсеф и лэжьапIэр къыщызгъуэтынур.

– Сыт тхылъ?

– Бэлъкъан дзэпщ Мустафа-пэщэм къызигъэхьащ. Юсеф естыжын хуейщ.

Апхуэдэ хъыбар щызэхихым, Мыхьэмэт-ефэндым и фэм зихъуэжащ, нэгъуэщI хъуауэ къыфIэщIащ Зэуал.

– ЗанщIэу щхьэ къызжумыIарэ дзэпщышхуэм укъызэриIуэхуар? НакIуэ, нэмэз тщIынщи, итIанэ дызэпсэлъэнщ. Тыркухэр къоупщIмэ, дзэпщышхуэм узэрилIыкIуэр яжеIэ.

Мыхьэмэтрэ Зэуалрэ мэжджытым щIыхьащ. Ефэндым уаз итащ.

– Мы мэжджытым пэшитI щызиIэщ сэ, – жиIащ Мэрзухъайм. – ПэшитIым нэхъри нэхъ лъапIэщ пщIэуэ щызиIэр: пщIэшхуэ къысхуащI, я дзыхь къызагъэзащ, сызыпащI щыIэкъым. Уи нэкIэ плъэгъуакъэ ар?

– Слъэгъуащ, – жиIащ Зэуал. – Уи пщIэр нэхъ лъагэ хъумэ, си гуапэщ. Тхьэм уригъэфIакIуэ.

Мэрзухъай Мыхьэмэт пщIэ лъэпкъ щиIакъым Абэзэхэм, цIыхум хабжэххэртэкъым – абы щыгъуазэт Берычэтыр.

– Си лъэпкъэгъухэм я деж пщIэшхуэ щызимыIами, сигу ебгъэркъым абыхэм. Сэ къызгурымыIуэр зыщ: Цейхи, Быржэхи, Бэрзэджхи загъэхуэмыхуакъым. Занокъуэми къикIуэтын мурад иIакъым. ИтIани я лъэпкъэгъухэр яхуэхъумакъым абыхэм, къащхьэщыжыфакъым. ИкIэм-икIэжым ягъэунэхъуащ.

– Мухьэмэд-Iэмин къытхуигъэкIуауэ щытащ Шамил, дзэпщ къытхуищIащ, – жиIащ Зэуал. – Зыри хузэфIэкIакъым. И Iуэхур щызэIыхьэм кIэбгъу зищIыжащ Мухьэмэд-Iэмин. Зауэм хэкIуэдамэ, нэхъыфIт зита нэхърэ. Бийм зарищащ.

– Узахуэщ, Зэуал. Пэжщ жыпIэр – акъылэгъу сыбдохъу. ЛIыгъэ яхэлъакъым, – жиIащ Мэрзухъайм, иджы къызэреджэмкIэ – Мыхьэмэт-ефэнды.

Шей къахьащ. Шейм хэфурэ, ефэндыр щIэупщIащ:

– Сыт я псэукIэ абэзэхэхэм? Болгархэм яхэзагъэрэ?

– Дызэгъунэгъущ, дызэрыгъэхамэкъым. ДыщIызэмызэгъын щыIэкъым, – жиIащ Зэуал.

– Тхылъым итыр сыт? Ущыгъуазэкъэ?

– Сэ дэнэ щысщIэн тхылъым итыр. ЕджэкIи тхэкIи сщIэркъым. ТыркубзэкIэ тха хъунщ – сщIэркъым. Тыркубзэми сыхуэхейщ.

– Хъунщ. Ухэзгъэзыхьыркъым. ИужькIэ щыгъуазэ сыхъун сфIощI, – жиIащ ефэндым. – Iимамыр жьы хъуащ, жьы дыдэ. Абы и пIэ срагъэувэнкIэ согугъэ. Схузехьэнут, срагъэувамэ...

– Хамэр фIыуэ ялъагъуркъым тыркухэм. Уэ ухамэщ... УехъулIат, Iимам уащIамэ.

– Си кIэн къикIат. Си нэр адыгэхэм ятезгъэкIынтэкъым, Iимам сащIамэ...

– Ар тыркухэм къыпхуадэн? – игъэщIэгъуащ Зэуал.

– Тыркухэм я пщIыхьэпIэм къыхэмыхуэ схузэфIэкIынущ сэ, – зыщытхъужащ Мэрзухъайр.

– Тхьэм пхущIигъэхьэ, – абы къыфIигъэкIакъым Зэуал.

ЗаулкIэ щымри, шей здефэм, Зэуал жиIащ:

– Багъ Мэсхьэб, Наурыз Дзэгъащтэ, Куэблэ Хьэрун сымэ уигу къэкIыжрэ?

– Зэи сщыгъупщакъым... Хьэзаб мащIэ зэдэтшэчакъым дэ. МафIэм дыхэтащ, зы махуэ депсыхакъым. ЛIыгъэ зэрахьащ абыхэм. Сащымыгъупщэжамэ, фIэхъус схуехыж псоми. Куэблэ Хьэрун и адэр, ЧэрмытI, псэукъэ?

– Псэущ...

– Тхьэм и шыкурщ. И гъащIэр кIыхь ухъу тхьэмадэм. ПщIэшхуэ хуэфащэщ лIыжь угъурлым. КъысщIэупщIэмэ, си хъыбар жеIэ. ЖеIэ сигу зэримыхур.

– Зыщызгъэгъупщэнкъым. – Шей ефэри къэтэджыжащ Зэуал: Iуэху къыщIэлът. Юсеф хуэзэн хуейщ. И лъэпкъэгъум, Мэрзухъей Мыхьэмэт, зыри къыпихакъым, шеибжьэ къыхуищта фIэкIа, зыкIи къигъэгугъакъым. НэгъуэщI къыпыпхынутэкъым абы – Iимам зэрыхъуныращ зыщIэкъур. Хэт и гугъэнт: хэкум щисам щыгъуэ цIыхум хабжэу щытакъым, Тыркум къэIэпхъуэри, ефэнды цIэрыIуэ хъуащ, Iимам IэнатIэм щIокъу иджы – пщIэнукъым цIыхур къызэрыщIидзынур...

Истамбыл уэрамхэм дыхьэжащ Берычэтыр. Зеплъыхьри зыщигъэнщIыркъым илъагъум: къалэ дахэщ, цIыхур дэзщ, кIий-гуо макъым уи тхьэкIумэ Iупсыр IуаудынкIэ шынагъуэщ. Азэн джэхэращ зи жьэр мыувыIэр – нэмэз ящIын фIэкIа, нэгъуэщI Iуэху ямыIэми ярейщ.

Iимам IэнатIэм щIэбэг хьэхэбасэм сыт къыпыпхын? А IэнатIэм ещэ зэпытщи, уи лъэпкъэгъуи уи гузэвэгъуи къыфIэIуэхукъым: псыхэкIуадэщ жепIэр.

Зэуал игу къыщIэзыубыдэн щызэхихакъым Мэрзухъай Мыхьэмэт деж. И лъэпкъэгъухэм Болгарием щаIэ псэукIэми къызэрыщIэупщIа щыIэкъым, зы-тIум я цIэ къриIуа фIэкIа. ЧэрмытI дадэ башкIэ щIиукIыхьынт ар мэжджытым, крихьэлIамэ. И насыпти, зрихьэлIар игу хэзымыгъэщIын щIалэщ – Берычэт Зэуалщ. Зэуал тэмакъкIыхьщ,

сытри ишэчынущ, къыщумыгъэч закъуэмэ. Къыщебгъэчмэ, щIым ущIихуэн тIэу еплъынукъым...

Зыхуэзэн хуей тырку дзэпщхэм яIущIащ Зэуал. Тхылъ къыщратащ штабым. Тхылъым итми щыгъуазэ ящIащ. Тырку дзэпщхэм унафэ ящIащ: Болгарием щыпсэу шэрджэсхэм дзэ пакIэ къызэрагъэпэщын хуейщ. Езы Берычэтым афицарыцIэ къыфIащащ – юзбаш. НэгъуэщIу жыпIэмэ, лейтенант. Абы щыгуфIыкIащ Зэуал. ДзэлI фащи къратащ. Фащэр щитIагъэри еплъащ хуэхъурэ-хуэмыхъурэ.

– Пхуэмыхъумэ, тхъуэжынщ, – адыгэбзэкIэ къыжриIащ тырку афицарым.

Зэуал и нэр къихуащ:

– Уадыгэ? Ушэрджэс?

– Уэ узэрытыркум хуэдэущ сэ сызэрышэрджэсыр.

– Адыгэбзэ дэнэ щыпщIэрэ-тIэ?

– Шэрджэсым илъэсищкIэ щысщIащ къулыкъу. Шэрджэсхэм я бзэри я дуней тетыкIэри зэзгъэщIащ илъэсищым. Фэ, шэрджэсхэр, фыжыIэмыдаIуэщ, зым и унафи федаIуэркъым, зыр зым зыхувогъэлIри, абыкIэ факъыхощ. Аращ урысхэр къыщIыфтекIуар. Нэхъ белджылыуэ бжесIэмэ – зыщIытевгъэкIуар.

– Шэрджэсхэр дыкъэрабгъэщ. Аракъэ къызжепIэну узыхуейр? – къэтэмакъкIэщIащ Зэуал.

– ЗывгъэлI щхьэкIэ фхузэфIэкI щыIэкъым. Аращ Тыркум фыкъыщIыщыхутар.



– Тыркум дыкъыщыхутащ, фэ фыкъыддэщIатэкъыми. Зауэм и гуащIэгъуэм кIэбгъу зыфщIыжащ, фи щIыб къытхуэвгъазэри!

– АфицарыцIэ къыпфIащами, уэр нэхърэ сызэрынэхъыщхьэр зыщумыгъэгъупщэ – пхуэздэнкъым! – жиIащ тырку афицарым.

«Мыбы къыпыпхын щыIэкъым!» – жиIащ Зэуал игукIэ, фащэр къищтэри уэрамым дыхьэжащ. ДзэлIхэм я хьэщIэщым щIыхьэн хуейт, Юсеф IущIэн щхьэкIэ.

Iэджэм йогупсыс Зэуал, уэрамым здыдэтым. «ЦIыхуитI зэщхькъым, Зым ди гур хегъэщI, зым дегъэгушхуэ. Тырку афицарым ауан сыкъиищIащ. Ар къригъэкIуащ, сэ сызэрыхьэщIэр зыщигъэгъупщэри. Сэ сыадыгэщ, сызэрыадыгэм срогушхуэ. ИлъэсищкIэ щыIауэ жеIэ ди хэкум. СрихьэлIакъым зэи. И цIэ Iуамэ, срихьэлIэнт – зэхэсхакъым и цIэ. КъуэгъэнапIэм къуэсагъэнщ, дэ зауэм дыхэтыху. КIэбгъу зищIыжащ иужьым. ИлъэсищкIэ къыддэзэуауэщ зэригъэIуар, кIакхъу щIимычами...»

Юсеф деж зыщрихьэлIам еплъ! Мэрзухъай Мыхьэмэт. Зэуал къыщыгуфIыкIауэ фэ зытригъэуащ ефэндым.

– Си гуапэ дыдэщ, Зэуал, афицар узэращIар! Фащэр щытIагъи, дызэгъэплъыт, – жиIащ Мэрзухъайм.

– ЩыстIэгъэнт, къэпталым и Iэщхьэр схуэкIыхьщи, аращ щIыщызмытIагъэр, – жэуап кърitaщ Зэуал.

– Ар си фIэщ хъуркъым. Уэ пхуэмыхъун фащэ къуатынукъым. ПыIэр пхуэхъурэ?

– ПыIэри шырыкъури схуохъу, – жиIащ Зэуал.

– Щхьэр псэумэ, пыIэ щыщIэркъым. Аракъэ адыгэм жиIэр? Псом ящхьэращи, пщIэ къыпхуащIащ, афицар уащIащ. Юсефи сэри ди гуапэщ афицар узэращIар. А цIэм узэрыхуэпэжынум шэч къытетхьэркъым дэ. Нэхъыщхьэж ухъуауэ Тхьэм дигъэлъагъу.

Ефэндым и псалъэм Юсеф къыщIигъуащ.

– Дзыхь зыхуэдмыщIым афицарыцIэ фIэтщыркъым дэ. Дзыхь пхуэтщIащ, укъызэрытхуэпэжынум шэч къытетхьэркъым. Аращ тыркухэр къызэрыпщыгугъыр. Ди бийхэм уащымысхь, я пэр щIым щыхуэ! Я нэр къыумыгъаплъэ!

Мэрзухъайр къэтэджыжащ.

– Сэ абы фIэзгъэкI хъунукъым, – жиIащ ефэндым. – ЦIыхур мэжджытым къыщыспоплъэ. Фи Iуэху фIы ирикIуэ. Фи акъыл зэтехуащи, абы сыщогуфIыкI. – Ар къыщIигъужри ефэндыр ежьэжащ.

– Жыжьэ маплъэ мы уи лъэпкъэгъур, – жиIащ Юсеф. – Ар зэщэр пщIэрэ?

– Дэнэ щысщIэн? Ефэнды IэнатIэм щIэкъурти, зыIэригъэхьащ, – жиIащ Зэуал.

– Аркъудейкъым. Сэ бжесIэнщ ар зыщIэбэгыр. Шэрджэс шуудзэ къызэдгъэпэщын зэрыдимурадым щыгъуазэ ухъуакIэщ, шынэхъыщIэ. Шэрджэс шуудзэм ефэнды захуищIын мурад иIэщ абы – аращ зыщIэбэгыр: мэжджытыр фIэIэзэвлъэзэвщ.

– Мэрзухъайр апхуэдэ IэнатIэм щIэбэгмэ, сэ болгарым лIыщхьэ сахуэхъунукIэ емыкIу илъкъым, – гушыIащ Берычэтыр.

– СогушыIэ жыпIэу, ар уи жьэм къыумыгъакIуэ, шынэхъыщIэ. Дэ зы лIыщхьэщ диIэр – тыркухэми болгархэми. СулътIанращ. Ди пащтыхь дотэращ!

* * *

Тыркухэм гулъытэ къыхуащIащ Берычэт Зэуал: Истамбыл яшэри афицар ящIащ, фащэ екIу къыщатIэгъащ, улахуэ къыхуагъэлъэгъуащи, ахъшэншэ хъужынукъым дяпэкIэ.

И Iуэхур зэфIэкIати, Истамбыл зыщигъэгувэжакъым Зэуал, гухъыринэ къищтэри гъуэгу техьэжащ. Шыгузехуэр зригъэцIыхуащ Зэуал, дзыхь иригъэзри еупщIащ:

– Сэрдар зи цIэ шыгузехуэ пцIыхурэ?

– СоцIыху, – жиIащ модрейм. – Сыт ущIыщIэупщIэр? Си гухъыринэр уигу ирихьыркъэ?

– Сыт щIримыхьыр! Гухъыринэ щабэщ, уишри шыфIщ. Сэрдар си щIыхуэ телъщи, аращ сыщIыщIэупщIэр.

– НапIэзыпIэм къыпхуэзгъуэтынщ! Мес, зи цIэ ираIуэ бжэщхьэIу тесщ: мобдей щытщ, гъуэгурыкIуэ мэлъыхъуэри.

Афицар фащэ зыщыгъ щIалэр къыщыбгъэдэкIуатэм, Сэрдар къэщтащ.

– СыкъэпцIыхужыркъэ?

– ЕмыкIу сыкъыумыщI: услъэгъуауэ сщIэжыркъым, – жиIащ Сэрдар, Iэнкун къэхъуауэ.

– Сэ узоцIыхуж: къамэр зэстар уэракъэ?

Шыгузехуэр ней-нейуэ къеплъащ Зэуал.

– Уэра ар? Мис иджы укъэсцIыхужа хуэдэщ. Ухэзгъэзыхьакъым, уи IэкIэ къызэптащ. Ахъшэ пIыгъагъэнтэкъым...

– Сыахъшэншэти, аращ щIозмытар. Къащтэ мыдэ къамэр. Мэ гъуэгупщIэр.

ГъуэгупщIэр IэщIилъхьэри, шыгузехуэм къыбгъэдэкIыжащ Зэуал...

Гъуэгу здытетым Iэджэм йогупсыс Берычэтыр. ПщIэ къыщыхуащIащ Истамбыл, афицар хъуащ, улахуи къратынущ. ИтIани и гур загъэркъым, гупсысэм хэкIыркъым.

«Мы къэралым зыри къыщытхуейкъым дэ. Зауэ ди щыпэлъагъу дэ, зауэкъэ дыкъызыхэкIар? Ди нэ къыхуикIыркъым зауэм. ИтIани ди пщэ къыдалъхьэну зыхэтым еплъ: шэрджэс шуудзэ къызэдгъэпэщын хуейщ. Ар къытпаубыдащ, аращ Истамбыл сыщIраджар. Гулъытэ лъэпкъ къытхуащIакъым езыхэм, мэз лъапэм дыщагъэтIысати, дызыщIэс хьэщпакъхэр езым ди IэкIэ тщIыжащ. КъыдобзэджэкI тыркухэр, сытри къытхуагъэфащэ, хэхэскIэ къыдоджэ. Ар пэжщ, дыхэхэсщ дэ, дыщыхамэщ мы лъахэм. Ди ныпыр зетхьэн къытпаубыдыркъым, ауэ ди ныпым тырку бэракъри дэщIыдгъун хуейщ, шуудзэ къызэдгъэпэщмэ. Ди лъэпкъ дамыгъэм и закъуэкъым ди ныпым тетын хуейр – мазэ ныкъуэри хэтщIыхьын хуейщ ди ныпым – апхуэдэ унафэ къытхуащIащ...»

Гупсысэ кIыхьым къыщыхэхужым, Зэуал шыгухум еупщIащ:

– Сыт уи цIэр? КъызжепIэркъэ. Сэ ЗэуалкIэ къызоджэ. Сышэрджэсщ сэ.

– Узэрышэрджэсыр къэсщIащ Сэрдар къамэр къыщытепхыжам, – жиIащ шыгухум. Сэ Iэюбщ си цIэр. Тыркум ис псори тыркуущ дызэралъытэр. Уэ узэрышэрджэсыр щумыбзыщIакIэ, сэри си лъэпкъыр сыбзыщIынкъым: сэ сыкурдщ. Фи дежи нэсынщ ахэр – фымыпIащIэ. ШэрджэсыбзэкIэ фагъэпсэлъэнукъым – ар къыфхуамурад хъунщ тыркухэм. Тырку афицар фащэ къыпщатIэгъащ. ФIыкIэ зуухьэ. Тырку фащэ къыпщатIэгъами, укъызыхэкIа лъэпкъыр умыгъэгъуащэ, узэрышэрджэсыр зыщумыгъэгъупщэ – аращ си чэнджэщыр.

Курдым и псалъэм хигъэплъащ Зэуал: захуэ ар? И жьэм темыкIуэдэжащэрэт мыр. Соплъри, и гум Iей илъ хуэдэкъым. ЦIыху губзыгъэщ. Жьэнахуэщи, игу илъыр ибзыщIыныфэ теткъым – абы и зэран къекIыжынкIэ мэхъу, иригъэлеймэ.

Курдым и псалъэм пищащ.

– Шэрджэсхэм фи насыпщ, – жиIащ, заулрэ щыма нэужь.

– Сыт щIыдинасыпыр? – игъэщIэгъуащ Зэуал.

– Тыркум я пащтыхь гуащэр фи лъэпкъэгъущ. Къайгъэ фыхэхуэмэ, къывдэщIынщ... Зэрышэрджэсыпхъур зыщигъэгъупщэркъым, сэ зэрызэхэсхамкIэ. Дэ апхуэдэ дэIэпыкъуэгъуи къытщхьэщыжыни диIэкъым. Уэри зыщумыгъэгъупщэ узэрышэрджэсыр. Тырку афицар фащэкIэ ущIахуэпар пщIэркъэ, Тхьэм и нэфI зыщыхуэн?

– СщIэркъым. Уэ пщIэрэ?

– Сэ сщIэм ущIэмыупщIэ, – абы къыфIигъэкIакъым курд шыгузехуэм.

– Уэ куэдым ущыгъуазэщ. Щхьэ пфIэтщ, – жиIащ Зэуал.

– Псоми тфIэтщ щхьэ. Дызыхуэныкъуэр акъылщ... Болгархэм я щIым фытрагъэтIысхьащ. Сыт щхьэкIэ жыIэт? Нэхъ иужькIэ къэпщIэнщ ар. Болгархэри адрей цIыхухэм хуэдэщ: нэхъыфIкъым, нэхъ Iейкъым. Чыристанри муслъымэнри Алыхьыращ къэзыгъэщIар. Ди бзэ зэтемыхуэми, дыщIызэгурымыIуэн щыIэкъым... Зым илъ адрейм дгъажэркъым, дгъэжэнуи дыхуейкъым – Алыхьым къытхуидэнукъым ар. ЗэкIэ дызэмызэгъми, ди Iугъуэ щызэдикIын зэман къэсынщ – абы шэч къытесхьэркъым сэ...

Шыгухум и псалъэм хигъэплъащ Берычэтыр. «Зы илъэскъым, илъэситIкъым Тыркум дыкъызэрыIэпхъуэрэ блэкIар. Мыпхуэдэ жьэнахуэ срихьэлIауэ сщIэжыркъым, – игукIэ жиIащ Зэуал. – Жьэнахуэ къудейкъым. Акъылышхуэ зиIэ цIыхущ. Сыту фIыт мыпхуэдэ цIыху гъусэ къызэрысхуэхъуар!»

– Курдхэм я хъыбар сщIэркъым. Куэд фыхъурэ? – еупщIащ Зэуал шыгузехуэм.

– Курдхэр лъэпкъышхуэщ, – жиIащ шыгузехуэм. – ЩIыпIэ куэдым щопсэу. Хьэрыпхэми яхэсщ, ермэлыхэми къэжэрхэми ядопсэу – тыркухэм я закъуэкъым. Тыркум ис курдхэм я щхьэр къырагъэIэтыркъым, курдыбзэкIэ дыпсалъэу къытхуадэркъым. Дэри дапикIуэтыркъым, ди бзи, ди хабзи IэщIыб тщIынукъым – аращ къыттеплъэ щIэмыхъур.

«Курдхэри зыIут IэнатIэр нэхъ щIагъуэкъым-тIэ, вакъэ зэвым итщ ахэри», – жиIащ Зэуал игукIэ.

– Сэ узэхызощIыкI, Iэюб. Хьэзаб фтелъщ, зэрыжыпIэмкIэ. Фи гур кIуэдыркъыми, фи насыпщ. Абы нэхъ насып щыIэкъым – гу уиIэным. Гухэ ухъу хъунукъым, – къыщIигъужащ Зэуал и псалъэм.

– Гухэ ухъу зэрымыхъунур шэрджэсхэм дуней псом я нэгу щIэвгъэкIащ. Аращ фыкъэзыхъумар. Фи Iуэху къызэрекIуэкIам, зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми, сыщыгъуазэщ. Лей къызэрыфтехьар сощIэ. Лейри залымыгъэри зыхуэвгъэшэчащ – ар псом ящхьэщ. Ар фигу имыхумэ, фехъулIащ. Хэхэсым зыщигъэгъупщэ хъунукъым IэнатIэ хьэлъэ зэрыIутыр.

Шыгухум и псалъэм нэхъри хигъэплъащ Берычэт Зэуал. Гъуэгу кIыхьыр зэ теуэгъуэм якIуауэ къыщыхъуащ Зэуал – апхуэдэ псэлъэгъу щиIащ и лъэпкъэгъухэм я деж нэсыжыху.

# КАСТРЭ ФИДЕЛЬ СЫЗЭРЫХУЭЗАР

*ГукъэкIыжхэм щыщц*

ГущIыхьэ сщыхъуащ Кастрэ Фидель дунейм зэрехыжам и хъыбар щызэхэсхам. Сэ сыщыгъуазэт, дауи, ар зэрысымаджэ хьэлъэм, и фэ дэкI гугъуехь псоми хахуэу зэрыпэщIэтым, ауэ, дауэ щымытми, ар щымыIэжу зэхэтхыныр дызыпэмыплъа хъыбарт. Шэч къытесхьэркъым къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм щыщ цIыху куэдым ар я жагъуэ зэрыхъуам. Кастрэ Фидель и лIэныгъэм дэщIыгъуу лъэхъэнэ псо иухащ, дунейм иджыри зы къэгъэшыпIэ къызэринэкIащ, зэрыщытам хуэдэу дяпэкIэ зэи зэрыщымытыжынур игъэбелджылыуэ.

Кубэм дыкIуауэ Фидель сызэрыхуэзэрэ илъэс 26-рэ дэкIами, сэ ар ноби си нэгум щIэтщ – лIы щхьэпэлъагэ, жан, малъхъэдис къару къызыпкърыкI цIыху гъуэзэджэ, политик щэджащэ.

1990 гъэм накъыгъэм и 3-м Кубэм кIуэну ежьат СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и лIыкIуэ гуп. Абы хэтт КПСС-м и ЦК-м и секретарь Бакланов Олег, Совет Союзым и ЛIыхъужь, япэ бзылъхугъэ космонавт Терешковэ Валентинэ, Социалист Лэжьыгъэм тIэунейрэ и ЛIыхъужь, еджагъэшхуэ Уткин Владимир («Воевода» ракетэр зыщIа конструкторыр arащ), хыдзэ адмирал, СССР-м и цIыхубэ депутат Сорокин Алексей сымэ. ЛIыкIуэ гупым ягъусэт МИД-м и лэжьакIуэрэ журналисту цIыху 15-м щIигъу.



Пщэдджыжьым сыхьэти 10-м псори дыщызэхуэсащ «Внуково-2» аэропортым. Кубэм и лIыкIуэу Совет Союзым щыIэм и фIэхъус псалъэхэмрэ гупым ди унафэщI Бакланов Олег зэрызыкъытхуигъэзамрэ яужькIэ, дэ дитIысхьащ «Ил-86» правительственнэ кхъухьлъатэ Iэхуитлъэхуитым. Бакланов Олег гупым хэтхэм саригъэцIыхуащ:

– МэшбащIэ Исхьэкъ Шумахуэ и къуэр адыгэ тхакIуэщ, усыгъэ, прозэ тхыгъэ куэд и Iэдакъэ къыщIэкIащ. Аращ жызыIар: «Нэм илъагъур щхьэм нэхърэ нэхъ лъапIэщ» псалъэхэр.

– Ар сэракъым жызыIар, Олег Дмитриевич, – псалъэ Iущхэр зейр сэрауэ зэрыжаIэр си гуапэми, Баклановым жиIар сымыгъэтэмэмыжу хъунутэкъым. – Ар ди лъэпкъ псалъэжьу аращ.

Апхуэдэу нэкIуэпакIуэу, зэIухауэ, куэд щIауэ зэныбжьэгъухэм хуэдэу дызэрызэпсэлъам дэ нэхъ зэблагъэ дызэхуищIащ Гаванэ дыщынэсым ирихьэлIэу.

## Ныбжьэгъу Фидель

Дэ къытIущIащ революцэ щытыкIэм ит Кубэм и унафэщIхэр, Кастрэ Рауль я пашэу. Къытпежьахэм яхэтт СССР-м и лIыкIуэу а къэралым щыIэ Петров Юрэ. ФIэхъус къыдаха нэужь, дэ къалэм дашащ икIи хъыбар къыдагъэщIащ пщыхьэщхьэм Кастрэ Фидель дызэрыхуэзэнур.

Удз гъэгъахэр щаIыгъ хадэ щIыIэтыIэ цIыкIум деж пIалъэ къагъэлъэгъуам ирихьэлIэу къыщытIущIащ Кастрэ Фидель, хабзэ хуэхъуауэ зэрихьэ зауэлI фащэмкIэ хуэпауэ.

Ар псэлъэгъу гъэщIэгъуэнт, и псэлъэкIэм узыIэпишэт, куэд щIауэ и нэIуасэ цIыхухэм ядэуэршэрым хуэдэу къыдэпсалъэрт. ТIэкIу дэкIауэ ерыскъы Iэнэшхуэ къыщащта пэшымкIэ дыщрагъэблагъэм, Фидель унафэ ищIащ:

– Дэ мы плIанэпэм деж дытIысынщ, бзылъхугъэхэм (Терешковэ Валентинэрэ Кастрэ Рауль и щхьэгъусэ Вильмэрэ) Iэнэ щхьэхуэ яхуэвгъэув.

Дакъикъэ зыбжанэм и кIуэцIкIэ Iэнэхэр унафэ ящIам тету къаузэдащ. Кастрэ Фидель шагъыр фадэбжьэ иIэтри нэмыщI-IэмыщIу жиIащ:

– Кавказус поэтус!

Тэрмэшым а псалъэхэр зэредзэкI:

– Кавказым щыщ усакIуэ, псалъэ жыпIэну зыкъыпхуагъазэ.

Си гугъатэкъым лIыкIуэ гупым ди унафэщIыр къагъанэу япэ псалъэр сэ къызатыну, икIи Баклановым сыхуеплъэкIащ.

– Къэпсалъэ, Исхьэкъ Шумафович, – сытрегъэгушхуэ абы.

Асыхьэтым сэ гу лъызотэ Фидель иIэта бжьэм ит фадэр сысейм хуэдэу шагъыр плъыжьу зэрыщымытым, атIэ зэрышагъыр хужьым икIи жызоIэ:

– Ныбжьэгъу Фидель, санэплъ зэрыт си кумбыгъэр санэху зэрыт ууейм езгъэунтIэIу хъунукъым.

– Сыт щхьэкIэ? – щIоупщIэ Кастрэ.

– Ди къэралым «хужь» псалъэр хуагъадэ граждан зауэр щекIуэкIым Дзэ плъыжьым къыпэщIэта белогвардеецхэм, ахэр ягу къегъэкIри. Дэ ди къэрал ныпым, уэ фIыуэ бощIэ, и фэри плъыжьщ...

– Апхуэдэу щыхъукIэ, дэ иджыпступцIэ «хужьыдзэр» дгъэкIуэдынщ, – жеIэри Фидель санэхур ирef, санэплъыр кърырегъакIэ.

Си хъуэхъум сэ къыхэзгъэщащ Кубэ революцэм и зэхэшакIуэм и лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ, ар зэрыпсэлъакIуэ Iэзэр, зи щхьэхуитыныгъэм щIэбэн лъэпкъ куэдым зэращапхъэр. Совет Союзым Фидель фIыуэ къызэрыщалъагъури пщIэшхуэ къызэрыщыхуащIри жысIащ.

Си гъусэу гупым хэта адрейхэми жаIащ Кастрэ Фидель хуэгъэза псалъэ гуапэ куэд. Абы и жэуапу Кастрэ къыддэгуэшащ дунейпсо политикэ ухуэкIэми абы Совет Союзымрэ социалист къэралхэмрэ щаубыд увыпIэми теухуауэ иIэ гупсысэхэмкIэ, къыджиIащ Кубэм и цIыхубэр щхьэмыгъазэу икIи хахуэу и щхьэхуитыныгъэм зэрыщIэбэныр.

Кубэм щыдгъэкIуа япэ тхьэмахуэм кIэух хуэхъуащ зы жэщмахуэкIэ Варадерэ зыгъэпсэхупIэм дызэрыщыIар, бдзэжьей дещэу, хым зыщыдгъэпскIыу, псы щIыIум кхъуафэжьейкIэ къыщыткIухьу.

КъэралитIым я зэпыщIэныгъэхэр егъэфIэкIуэнымкIэ Iуэхугъуэ зыбжанэ зи пщэ дэлъ Баклановыр ахэр зэфIэхыным яужь итащ. ЛIыкIуэ гупым хэта къэрал къулыкъущIэхэр Гаванэ и мызакъуэу Кубэм и нэгъуэщI къалэхэми щыIащ, лъэныкъуитIми я фейдэ зыхэлъ зэгурыIуэныгъэхэмрэ документхэмрэ Iэ традзащ. Псалъэм папщIэ, Сантьяго-де-Кубэ къалэм и фэеплъ щIыпIэхэр зэдгъэлъэгъуащ, и тхыдэм нэIуасэ зыхуэтщIащ. Къалэдэсхэм дащыхуэза зэIущIэр иухащ Кубэмрэ Совет Союзымрэ я зэныбжьэгъуныгъэм

теухуа пшыхьымкIэ. ЖыпIэнуракъэ, а къэралым и дэнэ щIыпIэ дыщымыIами, Совет Союзым и лIыкIуэхэр нэфIэгуфIэу драгъэблагъэрт, я нэхъыбэм урысыбзэ зэращIэри тфIэгъэщIэгъуэнт.

Терешковэ Валентинэрэ сэрэ ди пщэрылъхэр зэхуэдэу жыпIэ хъунут: ар бзылъхугъэ жыджэрхэм, жэрдэмщIакIуэхэм яхуэзэрт, егъэджакIуэхэмрэ дохутырхэмрэ епсэлъылIэрт, сэ – щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм, тхакIуэхэм, щIэныгъэлIхэм, артистхэм.

Дэ тIур дызыхэт зэIущIэхэм, чэзу ищIауэ, ауэ димыгъэхуу зыкъригъэхьэлIэрт Кастрэ Рауль и щхьэгъусэ Эспин Вильмэ. И щIалэгъуэм ар хэтат 1959 гъэм екIуэкIа партизан зэщIэхъееныгъэмрэ революцэмрэ.

Дызыхуэзэ цIыхухэм зыкъытхуагъазэрт ди къэралым, абы щызекIуэ политикэм, ди цIыхухэр зэрыпсэум, ди щэнхабзэм, гъуазджэм теухуа упщIэхэмкIэ. Адыгэ Республикэм сызэрыщыщыр къащIа нэужь, къыщIэупщIэрт адыгэхэми. Пэжщ, ди зэпсэлъэныгъэхэр зэдзэкIакIуэ хэмыту екIуэкIыртэкъым. Зэзэмызэ Вильмэ къыддэIэпыкъуну делъэIурт, ар щIэныгъэ зыбгъэдэлъ цIыху Iущт.

Егъэлеиныгъэ лъэпкъ хэмылъу жысIэфынущ зэIущIэхэр икъукIэ гуапэу, гукъинэжу, зэIухауэ зэрекIуэкIар. СощIэж, Кубэмрэ Совет Союзымрэ я зэныбжьэгъугъэм и щIыхькIэ цIыху мин зыбжанэ кърихьэлIэу Гаванэ щекIуэкIауэ щыта зэIущIэшхуэр. Ди къэралым и лIыкIуэ гупыр зыхэта зекIуэм къызэщIиубыдэ Iуэхухэм я кIэух Iыхьэт ар. Абы къыщыпсэлъащ Кастрэ Фидели Бакланов Олеги. ЗэIущIэм хэтащ СССР-м и лIыкIуэу Кубэм щыIэ Петров Юрэ икIи а махуэ дыдэм и пщыхьэщхьэм посольствэм дыщигъэхьэщIэжащ.

Посольствэм дыщрагъэблэгъа пщыхьэщхьэм къэхъуа зы Iуэхугъуэ мыбдеж къыщысIуэтэжыну сфIэигъуэт. ЗэIущIэм щIидзэным ипэ къиихуэу Петровым зыкъысхуегъэзэ:

– ЗыгуэркIэ сынолъэIунут, Исхьэкъ Шумафович. Ефэ-ешхэр щекIуэкIкIэ, кхъыIэ, Кастрэ Фидель и къуэдзэм бгъэдыхьи фIыщIэ хуэщI, псалъэ гуапэ зыбжанэкIэ зыхуэгъазэ, абы и щIыхькIэ зы бжьэ къызэдэфIэт. Ди лэжьакIуэхэм щыщ зы щIалэ зэдзэкIакIуэ пхуэхъуфынущи, ар езыр къывбгъэдыхьэнщ.

– Юрий Владимирович, си гуапэу схуэгъэзэщIэнущ уи лъэIур.

– Ефэ-ешхэ нэужьым Фидель къэкIуэнущи, фэ мо пэшымкIэ фIыщIыхьэнщ, – жеIэри, дыздэкIуэнур сегъэлъагъу.

ЛIыкIуэм и лъэIур згъэзэщIащ. Парт IуэхухэмкIэ Кастрэ и къуэдзэм и гуапэ хъуащ сызэрепсэлъар. Кубэм зиужьыну, Фидель яхуэузыншэну, езыри ефIэкIуэну сыхуэхъуахъуэу жесIа псалъэхэр гунэс зэрыщыхъуар нэрылъагъут.

Пщыхьэщхьэшхэр зэфIэкIа нэужь, сэ сунэтIащ ди лIыкIуэм сигъэлъэгъуа пэшымкIэ. Абы и щIыхьэпIэр яхъумэрт зауэлI щхьэпэлъагэхэм. Ди посольствэм сызэрыщыIэр, ар СССР-м и щIыналъэ пэбжу зэрыщытыр къызгурыIуэрти, Фидель и щхьэхъумэхэм щхьа сыкъызэтемыувыIэу сокIуэ. Ауэ хъумакIуэхэр къыщыспэувым, мыжыжьэу къыщыт Вильмэ абы гу лъетэри, къокIуатэ икIи абыхэм саблешри пэшым сыщIешэ. Къыхэзгъэщыну сызыхуейт, Кубэм я лIы

пашэм и гъащIэм ещэхэр абы куэдрэ къызэребгъэрыкIуар икIи арат Фидель и щхьэхъумэхэр апхуэдизу сакъыу, зыми дзыхь хуамыщIу щIыщытыр.

А пщыхьэщхьэм посольствэм щызэхаубла зэIущIэр нэху щыху екIуэкIащ. ХьэщIэхэр зэбгрыкIыжа нэужь, Петров Юрэ къызжеIэ:

– Щхьэхъумэхэм уащыIуувам шыIэныгъэшхуэ бгъэлъэгъуащ, фIыщIэ пхузощI абы папщIэ. Сыт пщIэн, ар абы я лэжьыгъэщ.

Сэри сыдэгушыIэжащ дыщызэрыцIыхуа япэ махуэм щегъэжьауэ ныбжьэгъу къысхуэхъуа щIалэм (дэ нобэр къыздэсми дызэныбжьэгъущ): «Пэжщ, Юрий Владимирович, си насыпу сыкъелащ абыхэм».

# Мейкъуапэ – Гаванэ

Дыкъыщежьэжыну махуэм дагъэщIа пщыхьэщхьэшхэм, Петров Юрэ и псэупIэм щекIуэкIам, Кубэм щыщу Кастрэ зэкъуэшитIырщ щыIар. Iэнэр зезыгъакIуэр Фиделрэ Петровымрэт. Сэ Рауль сыбгъэдэст, урысыбзэкIэ зэзэмызэ дызэпсалъэу. ЗэIущIэр гуапэу екIуэкIырт, къызэхуэсахэр дахэу зэдэгушыIэу зэхэст.

– Рауль, фэ фыкъэдаIуэркъым, – жиIащ Фидель, Раулрэ сэрэ дызэрызэпсалъэм гу лъитауэ. Ар щызэхихым Рауль къэтэджри къуэшым жиIэм щыту едэIуащ.

ИужькIэ къызжеIэ:

– Къуэш нэхъыжьыр къыщопсалъэкIэ, гу зылъыптэжыну къыщыпхуигъэлъагъуэкIэ, ущыту уедэIуэн хуейщ ди хабзэмкIэ.

Абы сигу къигъэкIыжащ дэри нэхъыжьым пщIэ хуэпщIу ущыту уедэIуэн хуейуэ дызэрихабзэр. Псалъэ къыщызатым, сэ жысIащ:

– Сэ Кавказым щынэхъыжь дыдэ лъэпкъхэм ящыщ зым сыщыщщ. Си лъэпкъыр – адыгэхэр – игъащIэми къогъуэгурыкIуэ щхьэхуитыныгъэм щIэбэну. 1959 гъэм Кубэм революцэ къыщыхъуауэ, уэ, ныбжьэгъу Фидель, узипашэ цIыхубэр текIуауэ щызэхэтха илъэсыщIэ жэщым сэ усэ стхауэ щытащ уэрэ уи гъуса зауэлI хахуэхэмрэ фи лIыгъэм и щIыхькIэ. Сыхуейт си анэдэлъхубзэмкIэ стха а усэм иджыпсту сыкъыфхуеджэну.

Усэм къеджэн суха нэужь, куэд дэмыкIыу ди посольствэм и библиотекэм кърахри Петров Юрэ къыхуахьащ усэхэр щызэхуэхьэса «Москва – Гавана, Гавана – Москва» тхылъыр. Абы урысыбзэрэ испаныбзэкIэ зэдзэкIауэ си усэ зыбжани итт. АдыгэбзэкIэ сыкъызэджа усэ дыдэм Петровыр урысыбзэкIэ (Рождественский Роберт зэридзэкIауэ щытат ар) къеджащ, итIанэ Фидель абы испаныбзэкIэ къеджащ. А псом кIэух хуэхъуащ къуэш зэхуэхъуахэм зэхуэтщIа IэплIэ быдэхэр.

А зэманым си нэгу щIэкIауэ щыта псори си гум илъу илъэс куэд хъуауэ къыздызохьэкI, си гукъэкIыж нэхъ гуапэ дыдэхэм ящыщ зыуэ. Абы щыгъуэ Щхьэхуитыныгъэм и хытIыгум дыкъикIыжу Москва дыкъэкIуэжу гъуэгу дыздытетым, сэ сегупсысырт цIыхухэм я пащхьэ ткакIуэм щихь пщэрылъ нэхъыщхьэмрэ жэуаплыныгъэм-

рэ я инагъым, пэжымрэ фIымрэ я джакIуэу ар зэрыщытым, а псор щIэджыкIакIуэм и деж нихьэсын зэрыхуейм.

Дунейм тет цIыхухэр зэщхькъым: я теплъэкIи, я гурылъкIи, зыщыщ лъэпкъкIи, зэрахьэ динкIи. Зэхуэдэу абыхэм яIэр, тобэ ирехъуи, я псэкупсэрщ. ФIы къащехъулIэми, Iей я нэгу щыщIэкIми, абыхэм захъуэжыркъым: илъэсищэ, щитху, мин ипэкIэ зэрыщытам хуэдэу псэ хьэлэлщ, гумащIэщ, жумартщ, цIыхуфIщ, абы къыдэкIуэуи нэпсейщ, гущIэгъуншэщ, фыгъуэнэдщ, фейдэщIэкъущ. Ауэ сыт щыгъуи цIыхум япэ иригъэщу нэхъ игъэлъапIэр и щхьэ хуищIыж пщIэмрэ и щIыхьымрэщ.

Дэ, тхакIуэхэм, нэхъапэхэм къытпаубыдырт «нып плъыжьым хуэпэжу» щапхъэфI зытепх хъун лIыхъужьхэр зыхэт тхыгъэхэр къэдгъэщIыну. Дзэ Плъыжьым и зауэлIыр лейзехьэу щытынкIэ а зэманым Iэмал зимыIэт. ГурыIуэгъуэщ апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм дызыхуишар: лъэхъэнэр, цIыхухэр, зэманыр зэрыщыта дыдэу къэгъэлъэгъуэжыныр пэжым бгъэдишри, лъэныкъуабэ ищIащ.

Дэ ар къызэднэкIри, цIыхум и псэкупсэ дунейр, ар плъыфэбэу зэрызэхэлъыр къэгъэлъэгъуэным дыхуэкIуащ. Кастрэ Фидель и деж къэдгъэзэжынци, Кубэм и цIыхубэм я дежкIэ ар щхьэхуитыныгъэм и дамыгъэ хъуащ. Абыхэм я дежкIэ Фидель революцэм и джакIуэщ, цIыхубэ хуитыныгъэм и щхьэщыжакIуэщ икIи зигу пщтырыр цIыху къызэрыгуэкIхэм яхуэгъэза лъагъуныгъэкIэ гъэнщIа гъуазэщ.



**МЭШБАЩIЭ Исхьэкъ**

ФЫРЭ-КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ

# МЭУЭТХЭР

*Тхыдэ роман*

* * *



Псыхъуэм дэта дэрдэнейхэр изыха нэжьгъущIыдзэр къыздыкъуэхуари зэрызагъэбзэхыжари къагурымыIуэу заплъыхьырт хым тет алыджыдзэм. А псори зи нэгу щIэкIа, зи дзэпэм щыщ къыхэмынэжа дэрдэнеипщыр, къикIукI-никIукIыу, губжьауэ гъуахъуэрт, мэуэтхэм жьэгукъутэр яхилъхьэну тхьэ иIуэу.

– Мы зинэкIэ къалъхуа хьэ цыплъ гупыр къыздикIар дэнэ? – мэгуо Ахей.

Жьыгъэр къытекIуарэ, шагъырым игъэбэгыжауэ лIы Iув гущыкIыгъуэ хъуа дэрдэнеипщыр зэгуэр дзэпщ уардэу, Iэпщэрыбанэ Iэзэу, Хьэт къэралыгъуэм щыцIэрыIуэ зауэлI хахуэу щытауэ пщIэжынтэкъым. Илъэс щэщIым нэблэгъауэ зэрихьэрт абы и къулыкъур. А илъэс щэщIым и кIыхьагъкIи зы хъуэпсапIэ нэхущ и гум щигъэфIар – Iузэв и къуэкIыпIэ Iуфэм къэралыгъуэ щиухуэну хуейт ар.

Ахей и бгъэгум къэсат тхъугъэм ищта жьакIэ Iувыр. Ар ириухуэнэхырт пщыжьым, зекIуэ щыкIуэкIэ. ТекIуэныгъэр игъэлъапIэу, фадэ гуащIэр и кIуэцIым имыхуэж хъуху ефэрти, щымыкIуэжыр и нэкIум ирикIэрт, жьакIэпэмкIэ къыпыткIужу. Дэрдэнеипщым и щIалэгъуэм хъурыфэ пыIэм хуэдэу щхьэц баринэ фIыцIэ тетащ. Пэ псыгъуэ захуэр зауэ-банэм щыхутракъутарэ къыдэшауэ, кумб цIыкIу зиIэ жьэпкъыпэ зэщIэкъуауэ щытам жьэгъу къыщIэгъуэлъхьарэ, ар жьакIэкIэ игъэпщкIу и гугъэжу апхуэдэт ар иджы... ПIащIэ хъуа щхьэц тхъуар, дыжьын толъкъуну, и пщэдыкъым дэлъщ, и натIэцыр жьэдэбзыкIауэ икIащи, бзаджэнаджафэ къытрегъауэ. Тхъугъэ мащIэ хидзащ жьынду напщIэм хуэдэу тепIиикI набдзэ Iувми. КъызэрыпцIыхужынур и напIэпщ къелIыхам къыщIэплъ и нэ фIыцIэ къилыдыкIхэмкIэщ.

Ахей щIэх-щIэхыурэ дэщI[1] хуащIын хуей мэхъу, ефэ-ешхэ зэпымыухэм ныбэкъ зэрищIам, ари къызэтемыувыIэжу зэрыхэхъуэм къыхэкIыу. Гъатхэм щыгъа афэ джанэр бжьыхьэм хуэмыхъужмэ, абы иригубжьрэ къыIэрыхьэр зэтрикъутэу лIыжь хьэлыншэщ ар. Пщыжьым и гум ирилъхьат мы зи чэзу зекIуэм Мэуэтейр къизэуну хузэфIэмыкIмэ, псэууэ Алыджым имыгъэзэжыну. Ауэ щыхъукIэ, зэгурыIуэныгъэ лъыхъуэу къежьатэкъыми, икIуэтынутэкъым. Апхуэдизрэ и гум щигъэфIа хъуэпсапIэр къемыхъулIэурэ Ахей и гъащIэ гъунэм нэблэгъащи, а зыращ мыхьэнэ зыхилъэгъуэжыр. БлэкIар – зэрыщыту Iу бахъэу бзэхыжащ.

* КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр япэ номерым итщ.

[1] ДэщI – зауэлI фащэ, гъущIым къыхэщIыкIарэ зыщыгъыр къамэ, сэшхуэ сыт хуэдэхэм щихъумэу.

– Еней! Плъэгъуа? Мэуэтхэр фыз кIэкъуащIэм къыкъуоплъ... Аращ къызыхуэнэжари, нэжьгъущIыдзэр япэ кърагъэувэ, езыхэр быдапIэм къыдэкIыну мэшынэ! Уахьа-хьа-хьа! – дыжьын фалъэм къина шагъыр плъыжьыр жьэдикIэри, гущыкIыгъуэу дыхьэшхащ Ахей. – А куэпэч гупым пашэу яхэта щхьэплъыр си пащхьэ лъэгуажьэмыщхьэу къимытIысхьэмэ, сэ сы-Ахейкъым! Зэхэпха, Еней?! Ар уи пщэ дызолъхьэ, си щIалэ! Мы зекIуэм зэхигъэкIынщ си пщыгъуэр пхуэфащэрэ пхуэмыфащэрэ. Дэни къих, нэрыбгейхэм я пашэр къысхуэшэ. СыкъыумыгъэщIэхъу! НэжьгъущIыдзэр зэтеткъутэмэ, мэуэтхэм я лъэр щIэхунущ. Арэс[1] и цIэкIэ тхьэ соIуэ, армырамэ абыхэм я тIасхъапIэр.

Ахей губжьауэ хыфIихуа дыжьын фалъэр щIым техуэщ, зуууэ лъеижри, Iэнэ лъабжьэм щIэджэрэзэжащ.

– ЗэрыжыпIэщ, ди адэ. ЩIы фIыцIэм къыщIэсха пщIондэ, сэ ар къыпхуесшэлIэнщ. Зы лъэныкъуэкIэ къыщыкъуэкIри, нэгъуэщIыпIэкIэ щыбзэхыжащ нэжьгъущIыдзэр. Ди тIасхъэщIэххэм къызэрытIэрагъэхьамкIэ, быдапIэм зы дыхьэпIэкъым иIэр. Си гугъэкъым адреитIыр мыпхуэдэу яхъумэу. Мэуэтхэм я къарур зэрыщыткIэ дыхьэпIэ нэхъыщхьэм къыщызэхагъэуващи, адрейхэм теплъэкъукIауэ къыщIэкIынущ. Нобэ зытIэтынкъым, зыдгъэпсэхунщ. Жэщ хъумэ, ипщэкIи ищхъэрэкIи уэр[2] зырыз сутIыпщынщ, нэхумыщым дыхьэпIэ нэхъыщхьэм дебгъэрыкIуэнщи, дубыдынщ быдапIэр, зиусхьэн. Нэхъыбэ дыдэу абыхэм яхуэщIэнур къуакIэбгыкIэм ихьэжынуращ, е мэзым щIыхьэнурэ адрей нарт лъэпкъхэр къэсыху заIыгъыну яужь итынуращи, къедгъэхъулIэнкъым – деужьэрэкIрэ, Тыуар щагъэпщкIуар къатщIэмэ, текIуэныгъэр уи Iэрылъхьэщ. Я пщыр ямыIэжмэ, щIыналъэр уэ пхьэхуамэ, я щхьэр пхуагъэщхъынущ мэуэтхэм, – жиIащ Еней, Ахей и къуэм, мэуэт быдапIэмкIэ плъэурэ.

Ахей и къуэ закъуэм – дэрдэней дзэзешэм – гу лъимытэ хуэдэт и адэм. Пщыжьыр зэи арэзытэкъым и къуэм илэжь IуэхухэмкIэ. Ахей щIэхъуэпсырт, и къуэр зытет гъуэгум лъы пцIа лъагъуэ къыщызэринэкIыурэ ирикIуа пщIондэ, Еней и цIэр дунеижьым щигъэIуну, абы, ирипагэу, и щхьэр ириIэту, дзэпщ залым къыхищIыкIыну. Дэрдэнеипщыр хуэпхъашэт и къуэм, хуэгущIыIэт, хуилъырейт, уеблэмэ нэмыплъ хуищI хуэдэт. Ахей фIэмащIэт дзэпщым къыкъуэкIа лIыгъэр, хахуагъэр, хъыжьагъэр, ткIиягъыр. Ар щIэхъуэпсырт и щIэблэр езым хуэдэу хьэщхьэрыIуэу, джатэдэпщу[3] къыщIэувэжыну. Дэрдэнеидзэм и пэIущIэм хьэбэсабэ къызэрыхрагъэхари зи къуаншагъэу къилъытэр и къуэ дзэзешэрат.

Ахей къытехьауэ, къыIэрыхьэр зэтрикъутэрт. Еней есэжат и пщыадэм и щытыкIэми, гу лъимытэ хуэдэт ар къызэрехъурджауэм. Абы фIыуэ къыгурыIуэрт, мэуэтхэм нэхърэ дэрдэнейхэр куэдкIэ нэхъыбэми, я гурылъхэр тыншу къазэремыхъулIэнур. Нэрыбгейхэм ирахащ дэрдэнеидзэм и пэIущIэр... Зыуи къащымыхъуу! Я къару къызэрихькIэ зауэмэ, сыт ялъэкIынур, жьыбгъэм хуэдэу къызэрыкъуэхыу, гъуэбжэгъуэщу бзэхыжа бзылъхугъэхэм! Ари, нэгъуэщI Iэджи зэхуигъэхъуу, и нэ къаритIыр мэуэт быдапIэм тедияуэ щытт Еней зауэлI хахуэр.

[1] Арэс – ижь-ижьыж алыдж мифологием къызэрыхэщымкIэ, – зауэм и тхьэщ.
[2] Уэр – мыбдеж: дзэ лIэужьыгъуэ.
[3] Джатэпщ – дзэзешэ. /Полководец.



4 Заказ №352

ЗэпIэзэрыту, гупсысэ куу хэлъу зыкъэзыгъэлъэгъуа Еней гуащIафIэм дзэзешэ къулыкъур и пщэ къызэрыдалъхьэрэ куэд щIатэкъым. И адэр къыщIэнакIэми, къыхуэмыарэзыуэ зилыгъуэжми, щIалэщIэм зекIуэ кIуэныр и щыпэтэкъым. Абы хузэфIэкIынур адэм имыгъэунэхуауэ щыттэкъым, ипэжыпIэкIэ куэдкIэ щыгугъырт. И гугъапIэхэр къимыгъэпэжынкIэ, и хъуэпсапIэр къемыхъулIэнкIэ шынэрти арат Ахей зыщIилыгъуэжыр.

Лъахъстэн Iув кхъуэщыныфэм къыхэщIыкIа вакъэ лъащхьэ кIэщIыр лъэпс псыгъуэкIэ лъэнкIапIэм епхэкIат. ДэщI IэкIуэлъакIуэр Iэпкълъэпкъ пцIанэ къэпщIэнтIам хуиту щыгъэ, шхужьыр лъахъстэн джанэкIэм щIихъумэу щытт дэрдэней дзэзешэр щыму. Абы и Iэпкълъэпкъ уардэм щыщу зы налъэ мычэму текIуэныгъэм щIэхъуэпсырт. Уеблэмэ езы Ахей нэхърэ нэхъыбэжу щIэхъуэпсу къыщIэкIынт. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, итIанэ и адэм гу къылъитэнкIэ хъунт, щытхъу псалъэ къыжриIэнт, и къуэ закъуэм лIы нэс къызэрыхэкIам ирипагэу, гуапэу зэ къыIуплъэнт. ЕщIэ и адэм и гурылъ нэхъ IэфI дыдэр къехъулIэным зымащIэ тIэкIукIэ хэлIыфIыхьмэ, абы и цIэр зэриIэтынур, цIэрыIуэ зэрырихъунур. ХъуэпсапIэ IэфIхэр нахуапIэ хъуауэ и нэгу къыщIигъэхьэри, дзэпщым, и тыкъыныр[1] зэригъакIуэу, и Iупсыр ирикъухащ.

Еней и гъущI тажым щхьэрыт бжыкI кIапэм пылъ шы соку Iэрамэр акъужьым зэрихьэурэ, щабэу пщэдыкъым дэгъуэлъхьэжырт. Ар дэгу хуэхъуат чэфым нэхъри делэ ищIа пщыжьыр къытехьауэ зэрыхъуанэм. ЩIалэщIэм и гупсысэ псори зэтар Мэуэтейр зэриубыдыну щIыкIэрат. Абы и нэгу къыщIигъэхьэмрэ Iуэхум и пэжыпIэмрэ зэхэзэрыхьыжати, я зэпылъыпIэм хэгъуэщыхьауэ, къыхэкIыжыфыртэкъым. 51

## УкъызэмыплъэкI!

Алэдамэ зыщхьэщыхьа лъагапIэм укъеплъыхмэ, лъэгум дэс жылэр Iэгум илъым хуэдэу плъагъурт. ЦIыхунэ къатемыплъэу, къызэтемыувыIэу мэз защIэкIэ жэщ-махуэ гъуэгуанэр къызэпызыча гупыр нэсащ Удынэ жыхуиIа щIыпIэм. Жылэм удэмыхьэ щIыкIэ, къыхэщхьэхукIауэ щытт къуэрэдэрэ[2] бжыхькIэ къэхухьа унэ закъуэ. Абы бзылъхугъэ лъагэ къыщIэкIри, зэщIэдэIукIащ, Iэгъуэблагъэм зыгуэр къызэрихьар хьэкIэкхъуэкIэхэмрэ бзухэмрэ я щытыкIэмкIэ къищIауэ. ЦIыхубзым и ныбжьыр къыпхуэмыщIэну теплъэ гъэщIэгъуэн иIэт: пщэщIэт бостей фIыцIэ кIыхьышхуэр щIым хилъафэу щыгът, и пкъы псыгъуэм щыкъузарэ, Iэщхьэ кIыхьым Iэдий хужьыпсыр щIиуфэу. Фызыжьщ жыпIэнущи, Iэпкълъэпкъ зэкIужщ, и бгы псыгъуэр нэхъ псыгъуэжу икъузу бгырыпх дыжьыныфэ гъэщIэрэщIа щIэлъщ, жыджэру зегъазэ. Фызыжькъым жыпIэнущи, зэгуэр вындым хуэдэу фIыцIэу щыта щхьэц кIыхьым и нэхъыбапIэр уэсым хуэдэу хужьу хэтхъукIащ. Хьэмэрэ, сытым дежи апхуэдэу щыта?! Бзылъхугъэм зиплъыхьщ, зыщIэдэIукIри, игъэзэжащ щIыхьэпIэмкIэ. Бжэблыпкъым щынэсым, бзылъхугъэм и нэр бгъэныщхьэ натIэм тедиери, къызэтеувыIащ. И Iэр и шхужьым иригъэуваэ доплъей, хуэму къоплъыхыж, аргуэру доплъей, зыгуэрхэр зэ-

---

[1] Тыкъын – къурмакъей сыдж – жьэпкъым и лъабжьэмкIэ къурмакъейм къыхэщ хъыщт тыкъыр. /Кадык.
[2] Къуэрэдэрэ – къэкIыгъэ лъэпкъыгъуэ. /Можжевельник.

пеплъыхь. Бгъэнышцхьэ натIэм щIэгъэкъуа бжэгъур Iэ сэмэгумкIэ иубыдщ, напIэзыпIэм зиIэтщ, Iэ ижьымкIэ бгъэнышцхьэм хэпхъуэри, дзыгъуэнэф къыхичащ, зиукIыжу пщIэууэ.

Алэдамэ къыгурыIуэщакъым псэущхьэ гужьеяр абы зэрищIынур, ауэ, Удынэ зэрыжиIамкIэ, а бзылъхугъэрат пщыр зыгъэхъужыфынури, шым елъэдэкъауэри, лъэгум дыхьащ. ЩIыхьэпIэм нэмыс щIыкIэ къыщIэIукIащ тхьэкIумэм къедэхащIэ макъ щабэ:

– КъыщIыхьэ, Алэдамэ!

Хьэт щIыналъэм уд куэд щилъэгъуат щIалэм, абы къыхэкIыуи игъэщIэгъуакъым бзылъхугъэм и зэфIэкIхэр.

– Пщыри къыщIэфхьэ занщIэу, – шэджагъуэ дыгъэ жьэражьэр уэгум къиувами, зы нэху зыщIэмыпсэ пэш кIыфIым къыщIэувыкIащ бзылъхугъэр.

– Дауэ къэпщIа ди гъусэр зэрыпщыр? – щтэIэщтаблэу зэщIэувыIыкIащ Гуащэнагъуэ.

– Дзыгъуэнэфыр къоуэсамэ, хьэщIэ лъапIэ къыпхуэкIуэу жаIэ. Дыгъуасэ лъандэрэ сигъэпсэуркъым, бгъэнышцхьэм къыхэтIысхьауэ... Еблагъэ, гуащэ! – жиIэри, удым Iэ щIыIэкIэ Гуащэнагъуэ и Iэблэр иубыдащ, имыгъэлъэпэрапэу унэм щIишэну.

– Уи благъэр куэд ухъу! – и щIыфэр зэрытхытхар зэримыгъэлъэгъуэным яужь иту, пыгуфIыкIащ Гуащэнагъуэ.

– Благъэ сиIэ сэ сытми?! – щIыIэ-щIыIэу жиIащ удым. – Пщащэхэ, жьантIэм дэт гъуэлъыпIэм пщыр ивгъэгъуалъхьи, унэ щIыбагъымкIэ Iэнэ щызухуащи, си хьэщIэ лъапIэхэм Iэнэ лъакъуищыр къахуефхьэкI, фэри федзакъэ. Си тхьэIухудхэм гъуэгуанэ хьэлъэ къыфпэщылъщ иджыри...

Нэрыбгейхэр япэ ежьэжын хуейуэ удым щIигъэувам и закъуэтэкъым Гуащэнагъуэ къыгурымыIуэр. Гуащэр шынат.

– ЩыIэщ апхуэдэ цIыху, гуащэ, гупсысэхэр зэхихыу, ар умыгъэщIагъуэ, – пыдыхьэшхыкIащ удыр, Гуащэнагъуэ шэнт къыхуигъэуври. – ЕтIысэх, кхъыIэ. СощIэ си Iэр зэрыщIыIэр. Дыгъэ сфIэфIкъыми, сыщIэкIыркъым, езыри къыщIэзгъэхьэркъым.

Дэп гъэплъа изу кхъуэщын хъурей бжэкъуагъым къуэтт, щхьэгъубжэ зыхэмылъ пэш кIыфIыр къигъэнэхуу. Абы къыпих нэху мащIэри пхурикъунут «удыжь» жыхуаIа бзылъхугъэр зэрымыжьыр къыбгурыIуэн щхьэкIэ. Ар цIыхубзыку зэкIужт, и щхьэц кIыхь зэмыфэгъу утIыпщам нэхъри гурыхь щIэхъукIрэ мащIэу зэхэкIа набдзэ къурашэ Iувыр лъагэу Iэтауэ. Маисэ и напIэ лъагэм къыщIэплъ нэ щIыхупсымрэ Iупэ пIащIэ плъыжьымрэ цIыхубзым бзаджафэ къытрагъауэрт. И нэкъуапэхэм щызэхуэлъэфэса зэлъагъэ мащIэрат бзылъхугъэм ныбжь зэриIэр къызэрыпщIэр.

Абы хэту, нэрыбгейхэм Iэнэр къыщIахьащ.

– Зэанэзэкъуэм зыфтхьэщIи, федзакъэ, сэ пщым и Iуэху зесхуэнщ, – жиIэри, Маисэр IукIащ.

Iыхьэ-Iыхьэу зэпкърыхыжауэ лы гъэва, лэпс, бжьыныху уба, хугу пIастэ телъу Iэнэ лъакъуищыр я пащхьэ къыщрагъэувэм, Алэдамэ и напщIэр хэлъэтащ. Гуащэнагъуэ къыIурыуа мэ IэфIхэмкIэ къыгурыIуащ удым, нарт хабзэ дахэм тету, екIурэ-ещхьу зэрызигъэхьэзырар. Iэнэм телъым мащIэу хэIэба нэужь, пщым еIэзэу, гурыму щхьэщыс удым бгъэдыхьащ Алэдамэ.

– Хэт уигъэсами, къолIэлIащ, щIалэ, уи IитIым дыщэр къыпо-

щэщри! Уэр мыхъуатэмэ, ди Iуэхур къызэIищIэт, зэрымыщIэкIэ! Биидзэ къыдэбгъэрыкIуам къытхалъхьэну хьэлэчым нэхърэ нэхъ Iеиж дагъэлъагъунти, нарт лъэпкъхэр мэуэт щIыналъэм щхьэкIэ зэныкъуэкъун щIадзатэмэ... Аращ гъащIэм и зэхэлъыкIэр, ауэ тхэлъщ зы хьэлыфI – дэр-дэру дызэныкъуэкъужми, бийр къызэрыттеуэу, зы IэштIыму зыдоукъуэдий, – щIалэм зыкъыхуигъазэу, и щхьэ хужиIэжи хуэдэу, Iущэщащ Маисэ.

– Пщым теухуауэ сыт къызжепIэн? – нэхъыщхьэм и гугъу удым зэримыщIым ирибампIэрт Алэдамэ.

– Пщыр хъужынущ, умыгузавэ. Дыгъэ къухьэжыгъуэм нэхъ фIэмыкIыу зыкъищIэжынущ. Пщэдджыжьыпэм ирихьэлIэу къэсын



**НэжьгъущIыдзэхэм яхэт фызшу гуащIэхэр.**

хуейщ дэIэпыкъуэгъур. Пщыр абы и пашэу, фежьэжынщ нэхущым. Ауэ, хуэсакъ, щIалэ, пщым и къупщхьэхэр зэпцIыжыным куэд иIэщ иджыри, кIэлъыплъ. Сэ узыр зэманкIэ щхьэщысхыфынущ, ауэ лъэкIэ ув хъунукъым, шым тес зэпыту дзэр зауэм ишэ мыхъумэ. Аращи, быдэу зэщIэтпхэнщи, уэ уи нэIэ тегъэт, уэстыну хущхъуэхэр зэрозгъэлъагъум хуэдэу ехьэлIэ пщыхьэщхьэ къэс. Дэ Псатхьэм гущIэгъу къытхуищIати, и чэзум унэсри, Тыуар ажалым къыIэщIэптхъат, – пщым и уIэгъэхэр къиIэбэрэбыхьри, удыр Алэдамэ къыхуеплъэкIащ.

– Иумыгъэлей апхуэдизу. СщIа щыIэкъым, – щэху дыдэу, къыфIэмыIуэху хуэдэ пидзыжащ абы Алэдамэ.

– Уи гур утIыпщыж, щIалэ! Уи нэр къызэтех!

– Сыт зи гугъу пщIыр? – Алэдамэ и щхьэр зэуэ техьакъым удыр зытепсэлъыхьым.

– Уи гур зэхуэпщIащи, уи бгъэгум имызэгъэжу йобэмпIыхь, къонықъуэкъу. Уи нэр зэтелъщи, уи пащхьэ итыр плъагъуркъым. Блэжьми, пшхыми, узэфэми, уи нэм илъагъуми, уи тхьэкIумэхэм

зэхахми я нэхъыбапIэр зыхыумыщIэу уопсэу, уи щхьэр нэгъуэщIым етащи. ГъащIэр зэрыкIуэр зыхыумыщIэ хуэдэщ. ЦIыхур апхуэдэу псэуфынукъым. Уи блэкIар а зэрыхъуам хуэдэу зэхэмыджатэмэ, лъахэм къэбгъэзэжынутэкъым, къыппэщылъ псори уи нэгу щIэкIынутэкъым. Пшэчар щIэпшэчыжар нобэм укъэсын папщIэщ, зыщумыгъэгъупщэ ар. Бланэ щалъху йокIуэлIэж. УкъекIуэлIэжащ. Иджы блэкIар блэкIам къыщыни, уи гур нэхущым хузэIух! – ар жиIэри, удым и щхьэр ирихьэкIыжащ.

Алэдамэ къыгурыIуат псори. Ауэ, арами, напIэзыпIэм нэгъуэщI цIыху ухъуну пхузэфIэкIын?! БлэкIам хуэм-хуэмурэ укъиутIыпщын хуейуэ арагъэнущ.

– Къэхьыт мо фэнд цIыкIур, щIалэ! – блыным фIэлъ арджэн бгъуэшхуэм кIэрыщIа фэнд бжыгъэншэхэмрэ фэлъыркъэб гъэгъуахэмкIэ и Iэпэ псыгъуэ кIыхьыр ишиящ удым.

Алэдамэ къищта фэндым ит псым и Iэпэр хищIэурэ, пщым и нэзэрыхъэмрэ пэ лъабжьэмрэ щихуащ Маисэ. ИжьырабгъумкIэ къыщыт фалъэшхуэм ит псы хущхъуэм хъыдан хикухьурэ абыкIэ пщыр зэпилъэщIыхьа нэужь, Тыуар и жьэпкъыпэр иубыдщ, и жьэр зэтрихри, нэгъуэщI фэнд цIыкIум ит ткIуаткIуэм щыщ жьэдигъэткIуащ. ИужькIэ, дагъэ хуабэкIэ пщым и лъэгур щабэу ишытIэри, тебжэу, гурыму, макъамэ гъэщIэгъуэн къришу тIысыжащ.

КъызэрыгуэкI цIыхум игъэщIэгъуэнуми, Алэдамэ зыуи къыщымыхъу хуэдэт а псори. Апхуэдэ Iэзагъэ, удыгъэ куэд щилъэгъуат Хьэт къэралыгъуэм. Уеблэмэ, езы дыдэри мис мыпхуэдэу ажал фIыцIэм къыIэщIихауэ щытащ хьэт фызыжьым.



Гуащэнагъуэ зэхихымрэ мэ къыIурыуэмрэ зэрагъэшынар имыгъэлъагъуэу щыст, и пкъыр уардэу иIыгъми, и щIыфэр удым и псалъэхэм дэтхытхыу.

Зэм-зэм Маисэ зыкъиIэтри, щIэкIыпIэмкIэ иунэтIащ. Нэрыбгейхэр пщIантIэм щызэхэтт, къэпщIантIэу упщIыIужа я шы къарэхэмрэ пцIэгъуэплъхэмрэ зэпалъэщIыхьу.

– Пщащэхэ, фепIэщIэкI! МафIэ бзийр толъкъун щIыIэм имыгъэункIыфI щIыкIэ фекIуэлIэж! КIэбгъулъ мэзым фыщымыбэлэрыгъ! – Маисэ щэхуу еIущэщащ нэрыбгейхэм.

Абы къикIыр къагурымыIуэщами, жыр хъыджэбзхэм фIыуэ ящIэрт Маисэ жиIам уфIэкI зэрымыхъунур. ЗамыIэжьэу, яшхэм зрадзри, удым и пщIантIэм къызэрыдэхащ нэрыбгейхэр.

– Дэ ттеухуауэ псори щыпщIэкIэ, емыкIу сыкъыумыщIынумэ, сэри зыгуэркIэ сыноупщIынут! – жиIащ Гуащэнагъуэ щабэ дыдэу, удыр пщым и гъунэгъуу щетIысэхыжым.

– Сэ шыхэм сакIэлъыплъынщ, – жиIэри, Алэдамэ зыкъыщIигъэбзэхыкIащ, фыз псалъэмакъым щIэдэIуну хуэмеищэу.

– Дауи, сыхэтми пщIэну ухуейуэ аращ! – къищIат удым.

– Аращ, – пыгуфIыкIри, жиIащ Гуащэнагъуэ.

– Сэ нэрыбгейуэ сыкъалъхуащ. Мыбы укъэзышэса фыз шухэм хуэдэу нэжьгъущIыдзэм сыхэтащ сэри. Зэманыгъуэ телъыджэ сиIащ, иджы жьы сыхъуащ, япэрей къарури схэлъыжкъым.

– Иджыпстуи ущIалэщ, уи макъымкIэ зыхызощIэ ар, – жи Гуащэнагъуэ.

– Хьэуэ, гуащэ! ЛIыныбжь къэзгъэщIащ сэ... Псатхьэм сыщыгъупщэжа нэхъей, мы теплъэм сижыхьащ. Зэгуэр жьы хъун щызгъэтауэ, иджыпсту сиIэ теплъэм зимыхъуэжу гу къыщыслъатэм, си шыпхъухэм – нэрыбгейхэм – саукIыну яужь ихьат. Згъэкъуаншэркъым сэ ахэр. Шынагъуэщ, уи щIалэгъуэм пцIыхуа цIыхум и нэгум е и Iэпкълъэпкъым щыщу зы мэскъал зимыхъуэжауэ, уэ жьыгъэр къыплъэщIыхьэну. Ар щхьэм пхуигъэзагъэркъым. Си фыз шу къалэныр згъэзэщIэжу, щIыналъэм сэбэп сыхуэхъумэ, нэгъуэщI зыри сыхуейтэкъым. Си зэфIэкIхэр къэзгъэсэбэпу, щхьэгуащэ къулыкъуми сыщIэбэныну зызгъэхьэзыртэкъым. Iуэхур нэхъри къызэIищIащ зэи сызэрымылъхуамрэ удз хущхъуэхэр зэрызэхэсщIэмрэ. Си шыпхъухэм удыжь къысфIащащ абы щхьэкIэ, икIи жэщ гуэрым ныбжь нысхуагъэкIуащ, сиукIыну. Ныбжьхэм къэралыгъуэм епцIыжа нэрыбгейхэр къагъуэту яукIыну арат я къалэныр. ИпэIуэкIэ зэи зыми илъэгъуакъым зы ныбжь, абыхэм апхуэдизкIэ Iэзэу загъэпщкIури, хэтми къыпхуэцIыхуркъым. Ар къызэробгъэрыкIуэм гу лъумытэурэ, къыуищIэнур ищIэнурэ бзэхыжынущ. Ауэ си шыпхъухэм ящыгъупщэжат сэ цIыхум и гум илъыр къызэрысщIэфыр. ИкIи я гугъакъым а пщэдджыжьым «ныбжьым» и хьэдэр щхьэгуащэм и пащхьэ издзэжыну. Абдеж къызэжэу саукIыфынут, си удыгъэм щышынащ армыхъумэ. ДызэгурыIуащ нэрыбгей щIыналъэм си щхьэр къисхыну, си шыпхъухэм я щэхуи, я хъыбар нэпцIи сымыгъэIуну, езыхэри, си ажал къалъыхъуэу, зэи си ужь къимыувэну. Апхуэдэу, мыбдеж сыщепсыхащ. Сэбэп сымыхъумэ, си зэран зы цIыхум екIакъым, мэуэтхэм сакъызэрыхыхьэрэ. Арами, цIыхухэр къысщошынэ. Схуэмыгъэхъужауэ зы цIыхущ сызрихьэлIар си гъащIэм – си щхьэ... Сыт сымыщIами, бын сиIакъым зэи. Иуха хъунтэкъым сэ схуэдэ бзаджэнаджэ гуэр къыспищэну.

– Нэжан... Нэжан... – абы хэту пщыр къэIущэщащ, Маисэ и хъыбарыр къызэпиуду.

Къыбгъурыт Iэнэ цIыкIум тет хущхъуэ бжыгъэншэхэм ящыщ зы къиштэри, удым ар пщым и пэм хуихьащ. Тыуар абы и мэр къызэрыIурыуэу хуэмурэ и напIэр къызэтрихащ, Iуэщхъум къыхэкIри. ЗдэщыIэр къыгурымыIуэу, пщым зыкъомрэ зиплъыхьащ. Иужьым, хъарпшэрыр и нэм текIыу цIыхубзхэм къащыхуеплъэкIым, Гуащэнагъуэ къиицIыхужри, зыкъыхуигъэзащ:

– Сыт къэхъуар, гуащэ?

Абдежым Алэдамэ бжэблыпкъым къиуващ. ЩIалэр пщым гъунэгъу хуэхъуу, дэп мафIэм и нэгур къигъэнэхуа нэужь, ари къицIыхужащ:

– УкъэсщIэжащ. Уэрат... Мэзыкхъуэм... сыкъезыгъэлар.

Маисэ и унэ цIыкIум нэху щыху щыблащ нэху мащIэр, Мэуэтейм къыщыхъуа псор пщым хуаIуэтэжу, лъэпкъыр зыIуува IэнатIэ мытыншым къызэрикIыну щIыкIэм тепсэлъыхьу...

* * *

Хьэм зишыхьрэ и щхьэр и кIапэм кIэщIиIуауэ Iубахъэкъ Iэ зэрызигъэхуэбэжым хуэдэу, диярэ зызэкIуэцIигъэпщхьэжауэ Нэжан ист быдапIэм и лъабжьэм щIэт хьэпс щIыIэтыIэхэм ящыщ зым. Iэщэ-

[1] Ныбжь – мыбдеж: Iэзэу нэрымылъагъу зызыщIыф лIыукI.

фащэр щахыу, джанэкIэ пцIанэу къагъэна лIым и Iупэ пIащIэр щхъуантIэ хъужауэ щIыIэм иукIыпэрт. Арами, Адэмей щIыунэм ехыу, Нэжан щыщхьэщыхьэм, къумалыр[1] къызэфIэтIысхьэри, и щхьэр лъагэу иIэтащ. ЗэщIэкIэзызэу, и дзэпкъыр зэтеуэу, ауэ пагэу...

– Сыхуейкъым мы къэхъу псори си фIэщ сщIыну. Къуэшу, ныбжьэгъуу, дамэгъуу сыбжа цIыхур си хэкум епцIыжауэ, бийм и лъэныкъуэу къэгъуэгурыкIуауэ къыщIэкIыжыну. СынолъэIу, Нэжан, ар пцIыуэ жыIэ! – гугъэ щIэншэ хэлъу и пащхьэ къиувам зыхуигъэзащ Адэмей.

Нэжан щымщ, и напIэр едзыхауэ щытщ.

– ЖыIэ, пцIы къыптралъхьауэ, лей къыптехьэу...

– Илъэсибл сыхъуми арат хьэлъэзешэ кхъухь фIыцIэшхуэм сису Мэуэтейм сыкъыщесылIам. Жыпиуэмрэ Iэбэлъабэмрэ си мыхамэу, къэзущыхьащ зыкъомрэ... Зыгуэрурэ сышхэн, сыпсэун хуейтэкъэ-тIэ?! Ади, ани, благъи, Iыхьлыи, зыри си мыгъусэу, си закъуэ дыдэу хамэщIым сыкъыщыхутат. Хьэуэ, Адэмей, сыкъадыгъуатэкъым, сыщхьэхуимыттэкъым... Си пщым къысхуищIыр си унафэти, дэрдэней щIалэжь цIыкIур мэуэт зеиншэ сыхъуащ апхуэдэу, – жиIэщ Нэжани, хуэм дыдэу и напIэр къиIэтри, зи нэгур зэхэзэрыхьа дзэпщым и нэ щхъуантIэхэм щIэплъащ.

– Уэ пхуэдэ дапщэ къытхэтыр? – и дзэ зэхуакум къыдэпсэлъыкIащ Адэмей.

– Уо-о-о, дэ куэд дыдэ дохъу, Адэмей. Мэуэтейр зэщIэдблащ, си къуэшыжь, Ахей и зы псалъэ ди тхьэкIумэм къызэрицырхъэу, зытIэтыну дыхьэзырыххэу. Абы зыри пхуещIэжынукъым, – дыхьэшхащ Нэжан.

– Сыту сыдела... – и щхьэр игъэкIэрэхъуащ дзэзешэм.

– Уэрэ сэрэ ерыскъы IэфI куэд зэдэтшхащ, Адэмей. Уеблэмэ къуэш пэлъытэ усхуэхъуат. АпхуэдизкIэ укъысхуэцIыхуфIти, зыхуэзумысын жысIэу сыгупсысэу куэдрэ нэху къыстещхьащ, си гур хьэжэпхъажэ хъуауэ. Ауэ си лъахэр, си пщыр, си гъусэхэр къэсщIэжырти, ескъухыжырт.

– Илъэсибл фIэкIа умыхъуу укъэIэпхъуар пэжмэ, уи сабиигъуэм къыпхуащIа унафэм щхьэ апхуэдизу ухуэпэжа? СыткIэ узэраIыгъар, узэрагъэшынар? – къыгурыIуэркъым Адэмей.

– Дэрдэнейм къыщынат си адэ-анэр, си шыпхъу цIыкIур. Узэригугъэм хуэдэу сыхьэщхьэвылъэкъым, сэри сыцIыхущ, фIыуэ слъагъу, сыщIэпсэу гуэри щыIэщ. КъызжаIат, унафэр сымыгъэзащIэмэ, абыхэм я щхьэр къэп гъуэжьыжьым илъу къызэрысхурагъэхьынур. Сытри сщIэнут си Iыхьлыхэр псэун папщIэ, – зауэлI гущIэгъуншэм и нэпсым къызэпижыхьащ. – СощIэ си псэр пыту мы щIыунэм уэ сызэрумыгъэкIынур. Ахей сыхуэпэжащ, унафэу къысIэригъэхьари зэрыщыту згъэзэщIащ. Ауэ щыхъукIэ, си адэ-анэмрэ си шыпхъумрэ псэущ. Сыхуэзэшащ хуабагъэм, лъагъуныгъэм, анэ Iэ щабэм. ЗауэлIым я нэхъ хъыжьэ дыдэми гу кIуэцIылъщ, тIасхъапIэ иIэщ. Сэ си унагъуэращ уз нэхъ хьэлъэ дыдэу спкърытыр. Ауэ унэ схуэхъуа Мэуэтейр арагъэнщ хьэдрыхэ лэгъунэ щызгъуэтыжынури. Ди зэхуаку дэлъа ныбжьэгъугъэм и хьэтыркIэ сэбэп сыпхуэхъужынщ иужь дыдэу, си къуэш. Уэстынщ зы чэнджэщ – фыбгынэ мы псыхъуэр! ФыIэпхъуэ Насып Iуащхьэ и гъунэгъуу. Псы Iуфэм щыпсэу лъэпкъхэр фызэгу-



[1] Къумал – епцIыжакIуэ. /Предатель.

хьи, фащхьэпрыкI Ахын къыщхьэщыт бгыжьхэм, хуиту фыщыпсэу къуэкIыпIэмкIэ. Гува-щэхами, алыдж лъэпкъхэр къыдэтIысхьэнущ мы псыхъуэм. Илъэс дапщэ хъуауэ къывэныкъуэкъурэ! Уи фIэщ гъэхъу – фыкъамызэуауэ псэху жыхуаIэр ямыщIэну, лъэпкъми щыщ къыфхамынэну. Адэмей, къызэдаIуэ, нартхэр кIуэдыжыгъуэ иумыгъэувэ! Пщы фиIэжкъым, абы и пIэм щхьэкIэ фызэныкъуэкъуху, дэрдэнейхэм фызэхакъутэ... – Нэжан жиIэнур нимыгъэс щIыкIэ, къамэ щIыIэм и дзэпкъыр и кIуэцIым зэрыхыхьар зыхищIэри, и жьэр иубыдащ къумалым.

– Арат къэнэжар, уэ сэ чэнджэщ къызэптыну. Зэхуумыгъадэ зэи нартхэмрэ алыдж лъэпкъхэмрэ. Фэ фхуэдэу дыхьэщхьэрыIуэкъым дэ. Дэ анэ быдзышэр тфIэмыIэфIу щхьэ къэплъыта?! Я къару къызэрихькIэ ирезауэ дэрдэнейхэр, дэри ди къару къызэрихькIэ дапэджэжынщ. ТыншыпIэ пхухъу уи хьэдрыхэ лэгъунэр, – жиIэри, Адэмей и къамэр ириIуэнтIыхьащ Нэжан и кIуэцIым.

Иджы дзэзешэм ищIэрт мэуэтхэм гу лъамытэу къыхагъэпшахъуэурэ биидзэ хьэзыр къазэрыщIэхъуар. Сыт хуэдэ унафэ ямыщIами, сыт къамыпсэлъами, псори Ахей деж нагъэсыж. Адэмей и шыпхъум щечэнджэщым, НэтIасэ къыхилъхьащ бзаджагъэ нэхъ зыхэлъхэм жаIэм едэIуэн зэрыхуейр. Апхуэдэу, нэжьгъущIыдзэм я нэхъыщхьэу къыхана Жан ираджащ.

– Ауэ щыхъукIэ, ди уэртетхэм ириплъэжауэ, мэуэт унагъуэ щалъхуахэр, къыщыхъуахэр къыхэгъэщхьэхукIын хуейщ. Абыхэм дзыхь яхуэпщI хъунущ. КъарукIэ къызэрыттемыкIуэнур къагурыIуэри, бзаджагъэ екIуауэ аращ дэрдэнеипщри, дэри абы бзаджагъэкIэ дыпэджэжыным емыкIу пылъкъым. Мы пэшым щIэт дэ цIыхуищым фIэкIа пэжыпIэр зыми ямыщIэу, дгъэхъыбарынщ ди пщыр «зэрымыпсэужым» къыхэкIыу, адрей нарт лъэпкъхэр зауэм къызэрыхэмыхьэр, зэрикIуэтыжар, Аскъалэ дыбгынэмэ зэрынэхъыфIыр, – къыIурыщэщу, зэкIэлъыгъэкIуауэ къэпсэлъащ Жан.

– Сыт напэтех мы жыпIэр, цIыхубз? Арат иджы къытхуэнэжар, мэуэтхэр дикIуэту, – хуилъащ абы Адэмей.

– Иджыри зэ гу лъозгъэтэнут, зиусхьэн, бзаджагъэм емыкIу зэрыпымылъым. Быдэу уи фIэщ щIы, Адэмей, быдапIэр щыдбгынэкIэ къумалу мы щIыналъэм исыр зэрыппыхунур. Кхъузанэм щIагъэкIам хуэдэу, наIуэ къэхъунущ ахэр. Ауэ дикIуэту дгъэIу щхьэкIэ, КIэбгъулъ мэзым дыщIэтIысхьэнурэ, дэрдэнейхэр я кхъухьым къехыу, Аскъалэ щетIысэхыху, мэуэтыдзэм нэрыбгейхэм ди быдапIэм зыщытIэжьэнущ. Ар лъагэщ, быдэщ, дымыгузавэу дыщепсых хъунущ. Щэрмэтхэми, щындхэми, тэрэуэтхэми, агъырейхэми, ищхъэрэкIи, къуэкIыпIэмкIи щыпсэу ди лъэпкъэгъухэми фIыуэ къагуроIуэ, дэрдэнейхэр Iузэв псыхъуэм къыдэтIысхьэмэ, адрей алыдж лъэпкъхэри мыбы къызэрыIэпхъуэнур, гъуэгур зэIуахмэ, дэ зэи псэхугъуэрэ хуитыныгъэрэ зэрыдмылъагъужынур. Аращи, псори дызэкъуэувэу, Аскъалэ щетIысэха биидзэр къэдухъуреихьрэ датеуэмэ, зыри ялъэкIыжынукъым. Дэрдэнейхэм апхуэдэ хьэлэч яхэтлъхьауэ, нарт лъэпкъхэр дызэрыубыдауэ ягъэIужмэ, си Iуэхущ алыджхэм щIэхфэх ягу къыдэжыжмэ! – зэхуигъэхъуащ нэрыбгей IэмащIэлъэмащIэ цIыкIум.

– ХэкIыпIэщ ар, Адэмей! Пэжщ Жан жиIэр, – арэзы техъуащ гуащэр.

– СщІэркъым. Гъунэгъу щІыналъэхэр къыткъуэмыувэмэ-щэ? – зыми дзыхь хуимыщІыж хуэдэт лІы щхьэцыгъуэм.

– Мэуэтыпщым къызэщІимыІэтэфынкІэ ушынэрэ лъэпкъыр? – пыгуфІыкІащ Жан.

– Ди пщым зыкъиІэтыжыну ущыгъуазэ? – къилъащ дзэзешэр.

– Ар дауэ къыбжьэдэукІ си дэлъху закъуэм?! – и жагъуэ хъуащ гуащэм.

– ЗыкъиІэтыжынущ, Адэмей! Шэч къытумыхьэ. Ар зыІэщІэхуам ди пщыр хьэдрыхэ гъуэгум къытримышыжмэ, си щхьэр пыупщІ! – и нэщхъыр зэхиукІащ Жан.

Абы хэту, щІыбымкІэ зэрыгъэкІий макъ къыщыІуащ – дэрдэней-



**Нэрыбгей плъырхэмрэ къэрэгъулхэмрэ биидзэм кІэлъоплъ.**



хэм мывэ къалэр гъуанэу кІуэцІрахауэ арат.

– Ерэхъу! Деплъынщ апхуэдэу! – шордакъым илъэдащ Адэмей, зауэлІхэм захуигъазэу кІийуэ. – Къалэм фыныдэкІ! ДокІуэт! ДокІуэт!

* * *

Жыг къудамэхэм Удынэ и нэкІур ямыфыщІын щхьэкІэ, шы пцІэгъуэплъ лъэдий псыгъуэм и соку Іувым зэхиІубауэ, лъатэрт нэрыбгейр. Ар хуэпІащІэрт къэралыгъуэр Алэдамэ и ІэщІагъэ-щІэныгъэм зэрыхуэныкъуэр жриІэу, къришэлІэжыну. КъыздекІуэлІэжам увыпІэ зэрыщимыгъуэтам, зыкъигъэлъэгъуэну хущІыхьэгъуэ зэримыІам щІалэр иринэщхъейуэ къыщыхъурт Удынэ. Дауи, абы и закъуэтэкъым нэрыбгейм и щІасэр хэзыгъаплъэр... Хэкужьым къыщыхъуа Іуэхугъуэ гуэрым зэримыутІыпщри нэрылъагъущ. Аращи, Мэуэтейм щыдэзыхьэхын Іуэху игъуэтатэмэ, и нэгу дахэр мащІэу зэхэкІыжынт.

Удынэ и гупсысэхэр къызэпиудащ телъыджэлажьэ гуэрым...

Шым и фІалъэ лъакъуитІыр зыщІыпІэ фІэнэщ, и лъэр щІэхури, щхьэпридзащ, фыз шур хыфІихуэу. Удынэ здэлъатэм и лъакъуитІыр зыщІиупщІэщ, и жьэпкъыр и бгъэгум ирикъузылІэу и щхьэр ІитІкІэ фІиубыдыкІри, мывэ ягъэжам хуэдэу, щІым щынэсым зигъэджэрэз-

ри, щабэу къызэфIэтIысхьэжащ. Нэрыбгейм и нэр фIэнащ жыгитIым ткIийуэ щызэпрыша кIапсэ укъуэдиям икIи къыгурыIуащ зыгуэр къызэрещакIуэр. Пщащэм и къыщылъэти и Iэщэ къипхъуэти зы ищIу, Iэ сэмэгумкIэ къамэ кIэщIыр, Iэ ижьымкIэ Джатокъуэ хуигъэжа джатэр IэщIэлъу иувыкIащ. Абы Iэгъуэблагъэр зэпиплъыхьу и нэм кърегъэжыхь, зэщIодэIукI, шыри къэтэджыжауэ мэпырхъ, и щхьэр еутхыпщI, щIыр фIалъэ лъакъуэхэмкIэ къреуд, шынагъуэ зэрыщыIэр нэрыбгейм къригъащIэу.

Удынэ игъэщIэгъуащ жыг къуагъхэмрэ пабжьэхэмрэ «мэуэт» зауэлI зыбжанэ къыщыкъуэкIам. Ахэр къещэкIуэн хуей щIэхъуар зэуэ къыгурыIуакъым нэрыбгейм. Ауэ, япэ къебгъэрыкIуэным щхьэкIэ зэплъыжу, темыгушхуэ хуэдэу зыщралъэфыхьым, пщащэм и щхьэм нэсащ – и пащхьэ къитхэр къумалт.

– Еуэ-тIэ, фыкъэкIуатэ! – жиIэри, Удынэ и нащхъуэхэр къилыдыкIыу къэгуфIащ.

Тажыр щхьэрыхуарэ щхьэц плъыжьыфэ Iувыр зи дамащхьэм тепхъа хъыджэбзым хузэфIэкIынур ящIэжырт зауэлIхэми, тIурытIу къызэрехьэжьащ. КъащыщIари удын къазэрытехуари къагурымыIуэу, зым и кIуэцIыр къиури, и лъэр щIэхуащ, адрейм и пщэм къиутIыпща лъы уэрыр игъэувыIэн и гугъэу, быдэу икъузащ, арщхьэкIэ, и нэр къыщихуарэ и Iэпкълъэпкъым псынщIэу гъащIэр зэрыхэкIыр зыхищIэу ещэнауэри, пабжьэм хэхуэжащ уIэгъэ хьэлъэ хъуа зауэлIыр. Ар зылъэгъуа мыдрейхэри зэуэ къыщызэрехьэжьэм, Удынэ абыхэм хьэнджэрэзууэ яхэлъэтащ, джатэмрэ къамэмрэ игъабзэу. Пщащэм апхуэдизкIэ псынщIэу зигъазэрти, зауэлIхэм зызытрашэщIам лъэмыIэсурэ, езыхэм я лIапIэм удын гуащIэ иридзырт нэрыбгейм.

Пщащэм зыкъищIэжу щызэтеувыIэм, и хъуреягъыр хьэдэ пщтырт, уеблэмэ, пцIэгъуэплъыр щтэри, лъэныкъуэ зригъэзауэ, жыжьэу щытт. Iэгъуэблагъэр, зэримыхабзэу, зэрыщэхумкIэ Удынэ къыгурыIуащ зэхэуэр абдеж зэрыщимыухар. ЩIыфэкIэ зыхищIэу къыщыхъурт абы бийм и плъэкIэр, зэхихырт дэрдэней гужьеяхэм я гум и къеуэкIэр.

Хьэуар зэприхулыкIыу зыгуэр къызэрылъэтэр Удынэ и тхьэкIумэм къицырхъащ. Абы хэту, и кIапэ зырызым мывэ пыщIауэ къаутIыпща кIапсэм нэрыбгейм и лъэдийхэр зэхуишэу зришэкIащ, шылэ хъышхуэ кърадзар аркъэнкIэ щапхыкIыжри, нэрыбгейм и лъэр щIаудащ. Удынэ зыкъиутIыпщыжыну хэту зеудынызщIэ, ауэ и IитIыр и пкъым быдэу епхащи, зыри хъуркъым. Джатэри къамэри IэщIэхуауэ жыжьэу щылъщ.

– Мэз джэдум хуэдэу къызэрилъ! Уалъэхъакъэ, яхуэмыгъэIэсэ пщащэ ябгэр?! – пыгуфIыкIыу жыг къуагъым къыкъуэкIащ мыцIыху гуэр. – Мыбы Iисрафу яхилъхьар... Уэ ящыгугъ абыхэм.

Къумал хьэдэхэм, гъуметIымэу, елъэпауэурэ, щIым щылъ нэрыбгейм щхьэщыхьащ лIыр.

– КъызэфIэвгъэувэт! КъекIурэ бзылъхугъэм апхуэдэ лей епхыну?! – Удынэ къызэрыщIэнакIэр нэрылъагъуу, жиIащ лIым.

– Зиусхьэн, хэти хэт, мыр щIым щылъмэ нэхъыфIщ. Шы мыгъасэм хуэдэщ мы нэрыбгейр, – къэпсэлъащ нэгъуэщI зы зауэлI.

– Къэгъэтэдж, жысIакъэ! – жьэхэлъащ абы нэхъыщхьэ хуэдэр.

Игурэ и щхьэрэ зэтелъщ зауэлIым. ЩIалэхэр шынапэурэ Удынэ къыщхьэщыхьэщ, и IэблитIыр яубыдри, къызэфIагъэуващ.

– Мыпхуэдэу тщIынщ, дахэ... Уэ мэуэтыпщыр здэщыIэр пщIэуэ

зэхэсхащи, къызжепIэмэ – узукIынкъым. КъызжумыIэрэ – сапэ защIэкIэ къыпкIуэцIыстIэпIыкIынщи, уи жагъуэ сщIынщ. ДызэгурыгъэIуи нэхъыфIщ уи дежкIэ. Лей уэсхыну сэри си гуапэкъым, – нэрыбгейм бгъэдэкIуатэри, пщащэм и нэкIущхьэ къызэщIэплъамкIэ Iэбащ лIыр.

– Хэт ухъуну уэ езыр? – и щхьэр ирихьэкIащ Удынэ, зауэлIыр зылъимыгъэIэсу.

– Ахей и къуэ Еней жыхуаIэжыр сэращ, – пагэу и щхьэр иIэтащ зауэлIым.

Удынэ и дамащхьэр дригъэуейри, и щхьэр игъэкIэрэхъуащ, сцIыхуркъым апхуэдэ, жыхуиIэу. Пщыкъуэм и жагъуэ хъуа хуэдэт Мэуэтейм къызэрыщамыцIыхур.

– Дауэ ухъу Алыджым нэхъ цIэрыIуэ дыдэу ис зауэлIым и хъыбар зэи зэхыумыхауэ!

Щхьэщытхъуагъыр и хамэ хъунтэкъым Еней...

– АдэфI къуэфI хуэщкъым. Къызэрыпщыхъужым хуэдэ дыдэу уцIэрыIуэ хъункъым, – щыдыхьэшхащ абы Удынэ.

Щыдыхьэшхащ, пщыкъуэм и уIэгъэ нэхъ куу дыдэм лъакъуащхьэкIэ кIуэцIыувэу.

– Уэ уи Iуэхур дыхьэшхэнкъым, дахэ! Бзылъхугъэм си Iэр зэи хуэсIэтакъым, ауэ Тыуар здэщыIэр къызжумыIэнумэ, уи бзэр къызэрыстIэщIын Iэмали сиIэщ, – жиIащ Еней, къызэкIуэкIауэ.

– КъэкIуатэ мыдэ. Щэхуу бжесIэнщ, – и щхьэр ищIащ нэрыбгейм.

– Зиусхьэн, убгъэдэмыкIуатэ! – къэпсэлъащ зы къумал, ауэ «уи жьэр гъэбэяу», жыхуиIэу, Еней и Iэ сэмэгур щиIэтым, зауэлIыр и пIэ изэгъэжащ.

Пщащэ зэщIэпхар къарууншэ ящIа и гугъэжу, нэрыбгейм щыбгъэдэкIуатэм, Удынэ зыкъишэщIри, зэрифIэщкIэ Еней и пэбгым щхьэкIэ еуащ, дэрдэней дзэзешэм и пэм лъыр къежэхрэ и жьэпкъыпэмкIэ къыпыжыжу хуикъутэу.

– Мис аращ сэ уэ бжесIэнур. УзауэлI хахуэр пэжмэ, сыкъэтIати, дгъэунэхунщ уи лIыгъэр здынэсыр, – хуилъащ абы нэрыбгейр, хъыр зэфIитхъыу иджыпсту зыкъитIэтэжыным хуэдэу къеIэу, зиудэу.

Узым зэщIиша дзэзешэм зыкъищIэжщ, и нэкIум хицIалэу лъыр ирилъэщIэкIри, лъы защIэ хъуа и IэгумкIэ Удынэ и напэр кърихулэкIащ.

– Уэ насып уиIэти, ди пщым и пащхьэ упсэууэ уисшэн хуейт! – къыхуэдзэлашхэу жиIащ Еней.

– Уэ насып уиIэмэ, зауэ губгъуэм дыщызэрихьэлIэнкъым! – пэджэжащ абы нэрыбгейри.

– ШыплIэм дэфлъхьи, фынежьэ, – и гъусэхэм захуегъазэ дзэпщым. – Зауэ губгъуэм, жи... Сыт хуэдэ зауэ губгъуэ?! Уи лъэпкъэгъуухэм къалащхьэр ябгынэри, мэзым щIыхьэжащ, дэрдэнеипщым ищтащ Аскъалэр.

ЯпэщIыкIэ Удынэ и фIэщ хъуакъым дэрдэней дзэзешэм жиIар, ауэ Аскъалэ щынэсам и нэгу щIэкIащ мывэ къалэр щIым щыщ зэращIыжар, адэкIэ-мыдэкIэ мафIэс къыщыхъуахэм къалащхьэм и зэхуэдитIыр зэрихьар. Нэрыбгейм зэрыхуигъэфэщамкIэ, нэжьгъущIыдзэр зэрызекIуэ дыхьэпIэ щэхухэр къагъуэтри, абыкIэ биидзэр Аскъалэ дыхьауэ арат. КъуакIэбгыкIэм теубгъуа хьэдэхэр мыхъумэ, псэ Iуту зы мэуэт дэсыжтэкъым къалэм. Дэрдэней зауэлIхэм, еша-елIауэ, ерагъыу я лъэр зэблахыу, лъэныкъуэ ирагъэзырт

я лъэпкъэгъу яукIахэр. Къалащхьэм мин бжыгъэкIэ щызэтелъ хамэ хьэдэхэмкIэ гурыIуэгъуэт мэуэтхэмрэ нэрыбгейхэмрэ икIуэтын и пэ зэхэуэ гуащIэ зэрекIуэкIар. КъызэрыщIэкIымкIэ, пэжт Еней жиIар... Хым тет дэрдэней кхъухьхэм къепсыхыу къызэрехьэжьа биидзэ бжыгъэншэм я закъуэ зэрыпэмылъэщынур къагурыIуэри, зэхэуэм къелар мэзым щIыхьэжауэ аращ. Удынэ, и гум мастэ къыхаIуам хуэдэу, къыхэскIыкIащ, тенджызым хадзэну къалэм шыгукIэ даш хьэдэхэм нэрыбгей гуп яхэлъу щилъагъум.

Сыт къащыщIар и лъэпкъэгъухэм, и шыпхъухэм? Дэнэ здаунэтIар? Я гуащэмрэ дзэпщымрэ псэу? УпщIэ куэд щыуфэразэрт Удынэ и щхьэм. Ауэ нэрыбгейм и лъэр щIэху, и гугъэр хихыж хъунукъым, гъэрыпIэ иувами. Жан дзэзешэ екIу къыхэкIынущ, абы и псэр пыту икIуэтынукъым. Гува-щIэхами, мэуэтыдзэр къызэрагъэпэщыжынурэ, адрей я лъэпкъэгъухэри ящIыгъуу, къагъэзэжынущ, къалащхьэр бийм къыIэщIатхъыжын папщIэ.

– Зиусхьэн, къыпхуэсшащ нэжьгъущIыдзэм я гъуазэр, – жиIэри, дэрдэней дзэзешэм нэрыбгейр Ахей и пащхьэ иригъэуващ.

Ахей мэуэтыпщым и тIысыпIэм зригъэщэтауэ ист, чэфынэ хъужауэ. Ар щыму зыкъомрэ къеплъащ Удынэ. ИкIэм-икIэжым, и бзэр игъэкIэрэхъуэн щхьэх нэхъей, жиIэм и зэхуэдитIыр ишхыжу къэпсэлъащ:

– Мыпхуэдизу щхьэ зэкIуэцIыфпха-тIэ?!

– Апхуэдэу нэхъыфIщ, ди адэ, – пэгъым-пэгъыму жэуап итащ Еней.

Пщыжьым и чэфынэр ерагъыу триухуэри, и дзэзешэр набдзэгубдзаплъэу зэпиплъыхьащ. Еней и нэгу зэщIэбэгамрэ и пэбг къыдэхуамрэ гу щылъитэм, щIэфиихьу, къэдыхьэшхащ дэрдэнеипщыр:

– Хъыджэбзыжь цIыкIум си дзэзешэр зэхикъутащ! – жиIэурэ.

Еней и адэр къызэрыщыдыхьэшхыр хуабжьу и гум щIыхьа пэтми, и дзэр быдэу зэтрикъуза мыхъумэ, зы псалъэкIэ зыкъригъэщIакъым.

Удынэ зимыгъэхъейуэ щытт, и нэщхъыр зэхэлъу лIы гущыкIыгъуэм еплъу.

ИкIэм-икIэжым, Ахей теужри, ткIий къэхъужащ:

– КIэщIу жыпIэмэ, сэ сыщыгъуазэщ Тыуар зэрыпсэум. Гува-щIэхами, ар щывгъэпщкIур къэсщIэнущ. КъэсщIэнущ, мэуэтхэм я хьэдэр губгъуэжьхэм изубгъуэурэ, фи фызхэм лей есхыурэ, фи цIыкIухэр мафIэм пэрыздзэурэ. Ауэ си Iуэхур сщыбгъэпсынщIэмэ, уэри уи щхьэр нэхъ хъума хъунщ, уи лъэпкъэгъухэри нэхъ къызэтенэнщ. КъызжеIэт, дахэ, пщыр здэщыIэр дэнэ? Егупсыс, ерыщу укъыщIэкIмэ, щэхур къэттIэщIыху уи фэр итхынущ.

Удынэ зэрыщымщ.

– Сызэхэпхрэ? Мыр дэгу-бзагуэу ара? – Ахей дзэзешэм зыхуигъэзащ, нэрыбгейм зыщимыгъэхъейм.

– Зэхызох... – макъ пхъашэкIэ къэпсэлъащ Удынэ.

– Уи щхьэр ехьэх, уи пщыр къыщопсалъэкIэ, куэпэч! – Iупсыр къыжьэдиупцIыкIыу кIиящ Ахей.

– Уэ узипщкъым сэ! – и напIэр зэрымыхуадэу жэуап итыжащ нэрыбгейми.

– А уи нэгу дахэр къезупщIэтэхмэ, пагагъэм кIэрыхуну пIэрэ? – жиIэри, Ахей и ныбэкъым щIэпха бгырыбх бгъуэшхуэм кIэрыщIа

къамэ кIэщIымкIэ Iэбэри, къехьэлъэкIыпэу зыкъиIэтащ.

– Дегъэплъыт! – погуфIыкI Удынэ.

И Iэ-и лъэр зэрыпхам хуэдэу, дэрдэнеипщыр IэщIэукIэнут абы, моуэ зэ гъунэгъу къыхуэхъу закъуэмэ. И къурмакъеищIэр щIишхыкIа пщIондэ, псэууэ IэщIэкIынтэкъым, къыбгъэдэкIуэтамэ. Езыр нэщанэуапIэ ящIми – зырикIщ, биидзэм и лъэр щIэхунщ зи мыхъу...

– Зиусхьэн! Ди адэ... Хуит къысхуэщI нэрыбгейр. Укъызогъэгугъэ абы и жьэр къэстIэщIыну, – псалъэмакъым къыдэуащ дзэзешэр.

– Дгъэунэхуащ уи зэфIэкIхэри, Еней. Мес, уи пэжьыр пхутрикъутащ. ЛIыфэ къыптеуащ иджы, – мыарэзыуэ и нэр щIригъэлъэфащ Ахей.

Щыблэ и нейр къыщыхуауэ, хуэмыфащэ бын кърипэсауэ къыщыхъурт Ахей. Абы къыхэкIыу, зыкIи укIытэртэкъым ЕнейкIэ зэрымыарэзыр игъэлъэгъуэну.

– НэжьгъущIыдзэм я пашэр уи пащхьэ къисшэну псалъэ уэстати, мис. Иджыри укъэзгъэщIэхъункъым, зиусхьэн, – ерыщщ Еней.

– Идзэ щIыунэм. КъыумыгъэпсэлъэуИ зызумыгъэлъагъу, – и Iэр ищIащ пщым, «зыщIегъэх», жыхуиIэу.

Пщым къыщыхъуащ дзэзешэр нэрыбгей тхьэIухудым егуэкIуауэ, лей къытемыхьэмэ нэхъ къиштэу щхьэщихауэ. Ахей и гум ирилъхьащ, ар пэжу къыщIэкIмэ, и къуэми нэрыбгейми я щхьэр фIихыну.

Зи Iэ-зи лъэр зэщIэпха бзылъхугъэр щIыунэ щIыIэжьым ирадзэри, и лъэр къыщIэмыувэжыху, цIыхухъуищым зэIэпахыурэ яубэрэжьащ. А псоми кIэлъыплъу лъэныкъуэкIэ щыта дэрдэней дзэпщым игъэщIагъуэрт нэрыбгейм, зы «Iыхь» жимыIэу, ерыщу зэрызиIыгъыр. Дауи, ущыцIыхукIэ, апхуэдиз удыныр къомыузу къанэркъым, ауэ Удынэ хуейтэкъым зэрыпхъуакIуэхэм я гур къытезэгъэну, и щIыхьыр зэрыхаутар, и напэр зэрытрахар, абы гумащIэ зэрищIар къаригъэщIэнуи, и зы нэпс къудами яригъэлъэгъуакъым, и зы щэIу макъи захригъэхакъым. ЛIищыр ешу къэувыIэжа нэужь, ахэр щIигъэкIыжри, зи нэ дахитIыр щIилъафэу щIы пцIанэм щылъ нэрыбгейр дзэзешэм къызэфIигъэтIысхьащ, блыным кIэрыгъэщIауэ.

– БжесIатэкъэ, лей зызумыгъэх жысIэри! ХэкIуэдэжа къэралыгъуэ нэпцIым щхьэкIэ апхуэдиз удын щхьэ пшэчрэ? СощIэ, фи пщым и псэр Iуту, лъэпкъыр зэгъэнукъым, гува-щIэхами, зыкъаIэтынущ. Ауэ Мэуэтейр яхьэхуакIэщ, икIи мы щIыналъэм зыпщщ иIэн хуейр. Ар Ахейщ. Лейуэ лъэпкъым илъ думыгъэгъажэ. ЖыIэ Тыуар здэщыIэри, мэуэтхэр хуиту гъэпсэу! – жиIащ Еней.

Удынэ, къэрадза удын хьэлъэхэм къарууншэ ящIауэ, жейм кIуэцIрыщэтырт. Абы дэрдэней дзэзешэм къив къомыр зэхихыжыртэкъым, и тхьэкIумэр вурт, зэщIэкIэзызэрт, и гур Iэпихырт. Арами, «моуэ зыкъегъэзых», жыхуиIэу, и щхьэр ищIащ. Еней и гугъащ нэрыбгейм узыр хуэмышэчыжу и бзэр къитIэтауэ, Тыуар и хэщIапIэр къыхуиIуэтэну хьэзыру. Ауэ зыщригъэзыхым, Удынэ къаруэ къыхуэнэжар зэхуихьэсри, лъымрэ Iупсымрэ зэхэзэрыхьыжауэ къежэхыу, дэрдэней дзэзешэм и нэкIум иубжьытхащ. Бзылъхугъэм щысхьурэ алъандэм зызышыIа Еней къызэкIуэкIауэ зыкъишэщIри, пщащэм и нэгум иуащ. Удынэ ещэтэкIащ, мэхауэ.

[1] Щыблэ – уафэм, уафэгъуагъуэм, щыблэм я тхьэ. /Зевс.

ЩIыналъэр «къызэрихьэхуар» игъэлъапIэу, Ахей, ефэ-ешхэ зэхиублауэ, фадэ Iэнэр хузэблахырт. Дэрдэнейхэм я дыхьэшх макъымрэ къызыдэфэ макъамэмрэ джэрпэджэжу щIыунэмкIэ щыIужырт. Куэдрэ жея, мащIэрэ щылъа, сытми, Удынэ зэгуэр зыкъищIэжащ. Абы и Iэпкълъэпкъыр апхуэдизкIэ хьэлъэти, бдзапцIэм хагъэжыхьам хуэдэу, зыхуэгъэхъейртэкъым. Щаубэрэжьым щыгъуэ апхуэдэ дыдэу къехьэлъэкIатэкъым, ауэ иджыпсту зэщIэбэгарэ щIыпIэ-щIыпIэкIэ и Iэпкълъэпкъым лъы щызэхуихусауэ, къарууншэ дыдэу щылът нэрыбгейр.

Гъуэтэрымэ хьэлъэ къызыщIих щIыунэ псыIэр къэзыгъэнэхур пырхъуэ блыным фIэдза мафIэрат. Ар зэм гуащIэу къызэщIэнэрт, зэм, мэужьыхыпэ иджы щыжыпIэм, «сырхъ» жиIэу, хъуаскIэ хэлъэтырти, нэхушхуэ къэхъужырт. А мафIэр моуэ гъунэгъуу иIэу, абы и хуабэм зригъэуатэмэ, Удынэ нэхъыфI къэхъужыну пIэрэт? Хьэмэрэ и Iэпкълъэпкъым и кIыхьагъкIэ щызэхуихуса лъыр къыщимыудын папщIэ, щIы щIыIэтыIэм зэрытелъыр нэхъыфI?!



**Адыгэ нэрыбгейхэм я хъыбар куэд алыдж тхыдэм къыхэнащ.**

А псори щIишэчыжыр сыт? Зыхуэпэжыр хэт? Лъэпкъыра, мэуэтыпщыра, хьэмэрэ ар нэрыбгей хьэл? Сыт мыхьэнэуэ хэлъар нэрыбгейхэм къызэрагъэпэща къэралыгъуэм? Илъэс миным къриубыдэу яукIыжа я щIалэ цIыкIухэр яIэжатэмэ, бзылъхугъэ къызэрыгуэкIыу, лъэпкъгъэбагъуэу псэужатэмэ, лъэпкъыр нэхъ лъэщ хъунт, нэхъыбэ къызэрыгъэхъунт... Зауэ-банэм хэмыкIыурэ нэрыбгейхэм я гъащIэр блокI, цIыхур къызыхуигъэщIа гурыщIэ къабзэхэм, лъагъуныгъэм, унагъуэм, хуабагъэм пэIэщIэу. Уи щхьэм уэрдыхъу фIэбукIэжауэ уп-

сэуным сыт и мыхьэнэр? ГъащIэм и IэфIым зыщIыхэбна уи къалэным упэрытурэ кIуэдыжыгъуэр къэсмэ, мис мыпхуэдэу, бийр къыптеуэрэ уи лъахэр ирилъэсыкIмэ... Сыт и мыхьэнэр? ЩIэблэншэу, лъэпкъыншэу, адэ-анэншэу, зыми ущымыщу, зыри къомыжьэу, зыми уимыгъеижыну. Хэт а псори къэзыгупсысар?! Хэт ар захуагъэу жызыIар?! Удынэ и щхьэм упщIэ куэд щыуфэразэрт. ГъащIэм къригъэкIэрэхъуэкIыжатэмэ, лъхуэрэ-пIэуэ, пщафIэу, жьыщIэу, тхьэщIэу, пхъанкIэу, псынэм кIуэрэ кхъуэщынкIэ псы къабзэ къихьу, зэпитхьэщIыхьу игъэгъуэлъыжа цIыкIухэм я щхьэфэм щабэу Iэ дилъэу, къакIэрих мэ IэфIым епэму, зекIуэ ежьа и лIым пэплъэу, и гур игъэфIу, псэунут. Ауэ нэрыбгейхэм зыри къеупщIыркъым, хэплъэ-хэди ирагъэщIыркъым. Нэрыбгей укъилъхуамэ, уэри а лъагъуэм урикIуэнущ. Зыгуэр къыбгурыIуэ хъуакъэ – зэрыджэгу хьэпшып щыIэу умыщIэххэу, шабзэр, джатэр, кIапсэр къыпIэщIалъхьэ, шым уагъэшэс, анэшхуэ куэщIым уису уагъафIэу уапIыным и пIэкIэ. КIэпхъым хуэдэу жыгым удэпщейуэ, блэм хуэдэу пабжьэм укIэщIэпщу, мыщэм хуэдэу укъарууфIэу, джэдум хуэдэу ущабэрыкIуэу, шым хуэдэу ужэру, зыми хуэмыдэжу, убэшэчу уагъэсэнущ, ауэ бзылъхугъэ Iэщабэ-Iущабэу узэрыщытыным теухуауэ зыми зыри къыбжиIэнукъым.

Мис иджыпсту, псалъэм папщIэ, щэхуу и гум щегъафIэ гурыщIэ нэху. Удынэ и гъащIэ фагъуэм, щIыIэм, гущIэгъуншэм къыхыхьащ и хъуэпсапIэ хъуа цIыхухъуи, и гур утIыпщауэ псэуфыркъым, и лъагъуныгъэм щIэзэуфыркъым, и гум илъыр къиIуэтэфыркъым. Нэрыбгейуэ къалъхуащ, нэгъуэщI гъащIэ ицIыхуркъыми, щошынэ а и гурылъми. ИкIи уимыкI, икIи уимыс жыхуиIэракъэ, и нобэр IэщIыб ищIыфыркъым, и пщэдейри фIэIэфIкъым...

Удынэ и узыр щхьэщызылъэщIыкIа гупсысэхэм къыхишащ Iэуэлъауэ макъым. Хьэпсым и гъущI бжыхьым зыгуэр къыбгъэдохьэ, зиудыгъуурэ. Удынэ зыри къыфIэIуэхужтэкъым, ар хьэзырт и гъащIэ мыхьэнэншэр ажалым тыхь хуищIынуи, еплъэкIыххакъым.

– Удынэ! Удынэ, сызэхэпхрэ? – зэхэпх къудейуэ къэIуащ ицIыхуу къыщыхъуа макъ.

ЩIым щылъ нэрыбгейм и щхьэр хуэму ирихьэкIащ гъущI бжыхь зэхуакум къыдэплъу щытым дежкIэ. КIыфIщи, пщащэм илъагъу щыIэкъым, и жьэ пхъэбгъури хуэгъэхъейкъым.

– М-м-м... – лъым зэтригъэпщIа и Iупэр зэтритхъыфыртэкъыми, гурымащ нэрыбгейр.

– Мыдэ къызэдаIуэ. Ахей жэщгъуэлъ уриджэнущ. Къаруушэ ухъуащи, уи щIыхьыр хиутэну яужь ихьэнущ. Ауэ, уи лъэр къыбдэбзыжыххэмэ, лей зытумыгъэхьэ, – жиIэри, хьэнтхъупс шынакъ къыщIигъэлъэдащ бжыхь лъабжьэмкIэ.

– Ухэт?

– Дэрдэнеипщыр лъы фIейщ, хьэщхьэвылъэщ. Ар увыIэнукъым, зыхуейр зыIэримыгъэхьауэ. Пэшым и щхьэгъубжэм кIапсэ дэздзащ, и лъабжьэм нэхъ жэр дыдэу къысхуэгъуэта шыр щытщи, уи щхьэр дэх мы быдапIэм! НыпкIэлъыпхъэрIамэ, къызэтезгъэувыIэнщ. КIэбгъулъ кIуэцIрыкI, укъызэмыплъэкIыу, – Iущащэрт къыIухьар.

– Ухэт, жысIакъэ?! – Удынэ зэхихам апхуэдизкIэ къриуIэбжьащи, зыкъиIэтыну къоIэ.

БыдапIэм мэуэт къыдэнэжакъым, ауэ щыхъукIэ, мыр – бийщ. Нэрыбгейм къыгурыIуэркъым бийр къыщIыдэIэпыкъур.

Удынэ гугъу ехьыпэу къызэфIэуващ, и лъэр щIэщэт-щIэщэту.

– Уэращ сызэпсалъэр! Ухэт? – и лъэр хуэм дыдэу зэблихыурэ, гъущI бжыхьымкIэ кIуэтащ Удынэ, Iэбэрабэу.

МыцIыхум, икIуэтурэ, зигъэбзэхыжащ, нэрыбгейм и упщIэм жэуап иримытыжу. Удынэ и щхьэр икъутэжырт, абы и макъыр щызэхихар къыхуэмыщIэжу. Мо кIыфIым, гу лъимытэу, пщащэр елъэпауэри, пхъэ шынакъыр лъэныкъуэкIэ ирихуэкIащ. Абдеж къэIуащ гъущI зу макъ – шынакъым зыгуэр илъауэ арагъэнущ. ЩызуукIэ, гъущIщ... Зы гъущI кIапэ фIэкIа имыIами, хуэукIынущ абы Ахей. Аращи, нэрыбгейм хьэ лъакъуиплIу къипщыхьу мэлъыхъуэ мыцIыхум къыхуихьам... Абы и щхьэ егъэзыхар мауэ, и нэпкъыр къихуным хуэдэу мэуз, ауэ и Iэбжьанэхэм ятIэр дэнэжауэ, мывэ лъэгу пцIанэр къеIэбэрэбыхь, хьэнтхъупсым хэлъу къыхуахьа къэзууар зэрыIэщэ лIэужьыгъуэр къыгурыIуащи.

Йужьым къыIэрохьэ... Пэжщ, ар нэрыбгейхэм я щхьэцыр ризэщIакъуэу зэрахьэ гъущI хьэпшыпщ, дыдым хуэдэу папцIэу. Щхьэцым щыхэлъым деж, ар зэрыIэщэр къыпхуэмыщIэну, и кIапэм къуалэбзу цIыкIу «тесщ». Джати, къами, сэ кIэщIи, шабзи, зыри къызыIэщIэмынэжа фызшум ар игъэлъатэрт, е бийр зытригъэгушхуэрти, и щхьэцым хэлъ гъущI кIапэмкIэ къебгъэрыкIуам и лIапIэм техуэу зэ еуэрти, арат и пIалъэр. IэгупIэ хуэдиз хъу бзылъхугъэ Iэмэпсымэр Удынэ и щхьэц Iувым тынш дыдэу хигъэпщкIуэфынущ.

Дэрдэнейхэр щыгъуазэкъым нэрыбгей щэхухэм. Щхьэцхэлъхьэм и хъыбар зыщIэу быдапIэм зы мэуэт къыщыдэмынакIэ, къыдэIэпыкъур хуиту щIыунэм щехыфакIэ, ар икIи мэуэтщ, икIи дэрдэнейщ. ИтIанэщ Удынэ къыщыгурыIуар – тIасхъэщIэхщ нетIэ къепсэлъар. Ар дэрдэней къумалмэ, щхьэ къыдэIэпыкъурэ?

Нэрыбгейр къыдэскIащ жыжьэу къэIуа лъэ макъым. Удынэ къыхуахьа Iэщэ бзаджэр псынщIэу и щхьэц къэбэтам хигъэзэгъащ, къемыщэтэхын, къыхэмыщын хуэдэу. Асыхьэтуи, и IитIыр едзыхауэ, и напIэр ехьэхауэ, утыкум иуващ.

– УзэфIэти! – игъэщIэгъуащ Еней. – Укъэтэджыжын си гугъакъым. Бзылъхугъэхэм апхуэдиз лIыгъэрэ ерыщагъэрэ фхэлъмэ, фи цIыхухъухэр сыт хуэдэ?!

– Бгъэунэхунщ ари, умыпIащIэ, – и дзэ зэтекъузам къыдэпсэлъыкIащ Удынэ.

– Тлъагъумэ, тIуэтэжынщ, – щыдыхьэшхащ абы дэрдэней дзэзешэр. – Нежьэ.

Хьэлъкъыр Iуихри, гъущI бжыхьыр IуигъэузэщIыкIащ Еней:

– Ди пщыр къыпхуейщ.

– Хуеймэ, занщIэу среукI, зы псалъэ къызжьэдишынукъым. И зэманыр лейуэ иремыгъэкIуэд хьэIуцыдзым, – зригъэнащ Удынэ.

– УиукIынущ, дауи. Нежьэ.

Удынэ и щхьэр ирихьэхри, хэщэтIыкIащ, и гугъэр гъащIэм хихыжа, Псатхьэ къыхуиуха ажалымкIэ арэзы нэхъей. ЕщIэкъуауэу, и лъакъуэр илъэфу, и лъэр щIэхуурэ, быдапIэм и ещанэ къатым драшеящ нэрыбгейр. Пырхъуэ блыным фIэдза мафIэм и нэхур къытехьэлъэрт щIыунэ кIыфIым зи нэр еса пщащэм. Хуэм зыщищIкIэ, и щIыбымкIэ бжыкI папцIэмкIэ къыкIуэцIыпыджэу зы зауэлI зэгуэудыгъуэ и ужьым итти, Удынэ лъэкIамэ, и губжьыр абы трикъутэнут. Ауэ тэмакъкIыхьмэ, нэхъыфIт. Иригъэнэхын хуейт ари, зэщакIуэм деж нэсын папщIэ.

Ахей джащIэу[1] щылът. Абы ищIэр имыщIэжу чэф иIэтэкъым, ауэ, зыгъэгушхуэн гуэри зэрыпкърытыр нэрылъагъуу, игурэ и щхьэрэ зэтелът. КъыхущIагъэуvауэ утыкум ит нэрыбгейм хуэму бгъэдэкIуатэри, шагъыр плъыжьыр зэрыт кумбыгъэр хуишиящ.

– Убыд мыр! – жиIэри.

Удынэ и щIыфэм сэкъатыншэу зы IэпапIэ имыIэжми, и щхьэр Iэтауэ, зэрыпагэу дэрдэнеипщым и пащхьэм итщ.

– Убыд жысIа! – и макъым зригъэIэтащ Ахей.

Нэрыбгейм, кърах залымыгъэр зэрыфIэмыфIыр игъэлъагъуэу, и напIэр хишри, къыIэщIихащ пщым къыхуишия фадэр. Пщащэр къарууншэ хъуащи, и Iэр мэкIэзыз, шагъырыр кумбыгъэм къежэхыу. Абы гу лъызыта алыджыпщри нэрыбгейм къыщIэнакIэу подыхьэшхыкI. А щIэщхъур дэрдэнеипщым къызэрыдилъэгъуам и гур хигъэщIауэ, нэрыбгейм, зыхуэмыIыгъыжу, «Iыхь» макъыр къыжьэдэхуащ. И нащхъуэ дахитIым нэпсыр къытелъэдащи, ерагъыу зиIыгъщ, ар къримыгъэжэхыну. Удынэ, и жьэпкъыпэр пыкIэзызыхьу, Ахей хуеплъэкIащ:

– Мы си IэпщитIым зы къару мащIэ щIэлъыжу укъызихьэлIатэмэ, уи псэфылъэр хэсчынт! – жиIэри.

– Плъагъурэ? Уи гугъати зэи уи лъэр щIэмыхуну! – ину дыхьэшхащ Ахей. – Иджы уэзгъэлъагъунщ уэ пхуэдэ куэпэчхэм иращIэр.

И гум илъ бзаджагъэр и нэгу гущыкIыгъуэм кърихырт абы. Чэфынэ щIилъафэхэр зи ныбжьым зыкIи къемыкIуж пщыжьыр зэIурыбзаерт, и нэкIущхьэр къызэщIэплъауэ. Ахей и ныбжьыр хэкIуэтами, и лъэр зэрыжаныр игъэлъэгъуэну хуейуэ арагъэнт, джатэжьейр кърипхъуэту, Удынэ и Iэр зэрапха кIапсэр щIызэпигъэхуар. ИгъащIэм зы делагъэ илэжьамэ, мыр етIуанэт. Бжэм адэкIэ хъумакIуэхэр къыщытщ, пщащэр къарууншэщ, Iэщэ IэщIэлъкъым. Узыхуейр ещIэ!

– Iэпэ къысхуэхьи еплъ! – и нэпсыр къыфIежэхащ Удынэ, хуэмыубыду.

КIапсэм зэприхулыкIа и Iэпщэхэр ундэрэбжьауэ, пэж дыдэу, къедэIуэжыртэкъым, игу ирилъхьари къехъулIэнрэ къемыхъулIэнрэ ищIэртэкъым. ЛIы хъурей гущыкIыгъуэм и Iупэ псыфыр къылъэIэсмэ, илIыкIыну къыщыхъурт абы. Удынэ и пщэм губгъэнымрэ губжьымрэ къыщIэгъуэлъхьауэ игъэбауэртэкъым. И бгъэр къызэгуитхъыным хуэдэу къеныкъуэкъурт, зишхыхьыжырт и гум.

Ахей къапхъуэщ, Удынэ и Iэблэ лъэныкъуэр иубыдри, хэIубауэ гъуэлъыпIэм иридзащ. Нэрыбгейм гужьеяуэ зыкъыщигъазэм, Ахей и пкъы хьэлъэмкIэ зыкъытригъэщIащ, Удынэ жьы къыпиубыду хипIытIэу.

– Уи нэгур зэхэх, дахэ! Уигу ирихьынущ, сощIэ! – лей кIэрылъыр къехьэлъэкIыу хэпырхъащ Ахей.

Удынэ, абы и нэгум иплъэну хуэмейуэ, и нэр иуфIыцIауэ, и щхьэр зэрихьэрт. ИкIи зыкъыIэщIимыудыфу, зылъимыгъэIэсынуи лъэмыкIыу. Ахей Iэ лъэныкъуэкIэ зыкъытриIэтыкIыу, адреймкIэ нэрыбгейм и джанэкIэр иIэтыху, Удынэ и щхьэцым хигъэпщкIуа гъущI кIапэр къыхипхъуэтщ, и IэпкълъэпкъыМ гуащIэу къыхэнэжа мащIэ тIэкIур хилъхьэри, дэрдэнеипщым къэхъур къыгурымыIуэ щIыкIэ, абы и нэзэрыхъэм хуэзэу хигъэтIысхьащ. Пщыжьым и жьэр Iурыхущ,

[1] ДжащIэу – игъуэлъыкIауэ.



5 Заказ №352

и нэр къипкIыным хуэдэу къыщихури, и натIэ лъынтхуэхэр къытридзащ. Зы «быхъ» хужымыIэжуи, Ахей зэшэзэпIэу къызэфIэлIащ, и щхьэ хъурыфэр нэрыбгейм и бгъэ лъагэм хэIубауэ.

Хэт и гугъэнт апхуэдиз зауэ гуащIэм къела лIы хахуэм и ажалыр зи гущIыIу кIуа бзылъхугъэм IэщIэлъу!

Удынэ и лъэр зэщIэзыгъэна узым зыкъыIэщIимытхъыжу хъунутэкъым. Хьэпсым къыщепсэлъа мыцIыхум зэрыжиIамкIэ, щхьэгъубжэ лъабжьэм шы щIэтщ. Пщы хьэдэм ерагъыу къыкIэщIэпщри, нэрыбгейм и лъэр зыгуэрурэ нихьэсащ щхьэгъубжэм. Ар зэIуидзу, хьэуа къабзэ Iубыгъуэ къыIурыуа нэужь, пщащэр нэхъ жан къэхъужащ, къару къыхэзылъхьэ гуащIэ гуэр и лъынтхуэхэм ирижэу Iэпкълъэпкъым зриубгъуам хуэдэу. Пэж дыдэуи, мафIэ убыдыпIэм епхауэ, кIапсэ дэдзат щхьэгъубжэмкIэ. ХъумакIуэхэм щIэщхъу къазэрыщыщIар я щхьэм нэмыс щIыкIэ зигъэкIуэдын хуейт Удынэ.

И Iэпкълъэпкъыр лъагапIэм кIапсэкIэ кърихьэхыну зи Iэпщэм къару хэмылъыж нэрыбгейм и IэгуитIыр къэплъарэ и фэр трилъэфауэ щIым щынэсым, гъунэгъу дыдэу къыщыт шы къарэр къэпырхъащ. ШыплIэм телъ щIакIуэ фIыцIэ пIащIэр зытриубгъуэщ, дыгъужьыфэ кусэ зыIуда щхьэрхъуэн[1] быхъур и щхьэм къыфIилъхьэжри, Удынэ шым елъэдэкъэуащ.

ЩIыбымкIэ зэрыгъэкIий макъ къыщыщыIум, пщым и хъумакIуэхэр къыдэплъащ шыуаныкъу[2] щхьэгъубжэм. БыдапIэм дэлъэту кIыфIым хэгъуэщэжа шы къарэм кIэлъыпхъэрыну чэфыжьынэ гуп зэрызехьэрт. ХъумакIуэхэм занщIэу къагурыIуакъым къэхъуар, ауэ зызэщIапхъуэту пщы лэгъунэбжэр зэIуадза нэужь, я щхьэм нэсауэ аращ зэхакъутауэ ягугъа нэрыбгей тхьэIухудым дэрдэнеипщыр къиукIыу зэрыщIэпхъуэжар.

Мэуэтхэм хуэдэу зыми ицIыхукъым а мэз Iувхэр. Дэрдэнейхэм я ужьыху[3] нэхъ Iэзэ дыдэр нэрыбгейм и ужь ирагъэувами, зыри лъэщIэмыхьэну, яIэщIэкIыфыну къыщыхъужырт езы Удынэ.

# *Мастэпылъэ[4]*

Лъэпкъым и зэхуэдэ хьэлъэр зэдаIэтыну тэрэуэтхэмрэ агъырейхэмрэ я зэпылъыпIэм къыщызэхуэсат дзэшхуэ. Абыхэм щындхэмрэ арыкъейхэмрэ къахыхьэжу, КIэбгъулъ мэзым щепсыха мэуэтыдзэм щIыгъуу дэрдэнейхэм теуэу, я къалащхьэр зыIэрагъэхьэжыну арат я гугъэр.

Алыджхэр хуэхьэзырт абыи, мывэ къалэр зытет лъагапIэм къеухыурэ мэуэтыдзэр зэтракъутэным щыгугъыу, мывэгъэлъатэхэр къагъэхьэзырауэ пэплъэрт мэуэтыдзэм.

Дауи, Еней щIэхъуэпсырт мы зауэм лIыгъэ щызэрихьэу, пщIэрэ щIыхьрэ къыщилэжьыну. Ауэ абы и гугъакъым апхуэдэу псынщIэу бжьыпэр иубыдыну, и къулыкъукIэ дэкIуэтеину.

[1] Щхьэрхъуэн – щхьэфIэкъуэ. /Капюшон.
[2] Шыуаныкъу – мыбдеж: шыуаным и къум ещхьу щхьэ хъурей зиIэ.
[3] Ужьыху – хьэкIэкхъуэкIэр, цIыхур я лъагъуэмкIэ къэзыгъуэтыф цIыху. /Следопыт.
[4] Мастэпылъэ – шэрыуагъкIэ щызэпеуэ зэхьэзэхуэ (Пкъо лъагэм фIэдза мастэр къыпаудрэ ар щIакIуэ кIапэкIэ къаубыдыжу).

Къуэм и къалэныр арати, и адэр игъеижащ Еней. Хэт ищIэрэ абы игъея дыдэр сытми, хэтми... И щхьэра е Ахей пщIэ къыхуимыщIу, гу къылъимытэу, адэ хуэдэу къыхущымыту зэрызэфIэкIуэдара? Хьэмэрэ, Ахей зэман гущIэгъуншэм залым зэрищIам, псэхугъуэрэ тыншыгъуэрэ зэримылъэгъуам, и хъуэпсапIэ нэхъ IэфI дыдэр къызэремыхъулIам щхьэкIэ? Дауэ мыхъуами, адэм и Iуэхум пыщэн, езыр абы нэхърэ зэрымынэхъ тIасхъэр, и къарур здынэсыр, пщы къулыкъур зэрыхуэфащэр игъэлъэгъуэн хуейти, Еней и бгыр щIикъузэри, утыкум, хуит хуэхъуауэ, къихьащ.

ЗэрыжаIэу, щхьэри лъакъуэри къыхуэнат щIалэщIэм. Еней и къару илъыгъуэт, и фIыгъуэ дыдэт. А ныбжьым итущ Ахеи пщыгъуэр къыщылъысар. Ари щыташ лIы хахуэу, пщIэ къыхуащIу, фIым щIэхъуэпсу.



**НэжьгъущIыдзэхэмрэ алыдж зауэлIхэмрэ зобгъэрыкIуэ.**



ГъащIэращ, апхуэдиз зауэ бжыгъэншэхэмрэ лъымрэщ пщыжьыр гу быдэ, пхъашэ зыщIар... Адэр къыхуэгущIыIэу къэгъуэгурыкIуами, Еней зэман гущIэгъуншэр игъэкъуаншэмэ нэхъ къищтэрт, зи гъащIэр пщыгъуэм тыхь хуэзыщIа, апхуэдиз илъэскIэ унафэр зыIэщIэлъа и адэм и цIэр игъэулъий нэхърэ.

Еней фIыуэ къыгурыIуэжырт и адэм зэрырагъэпщэнур, ар щапхъэу къызэрыхуахьынур. Аращи, Ахей хуэфэщэн къупщхьэу зыкъигъэлъэгъуэн хуейщ. Ауэ щыхъукIэ, икIуэтрэ шынэрэ жыхуаIэр зыщегъэгъупщэ дзэпщым. ПщыщIэм. ТемыкIуэну и нэгу къыхущIэгъэхьэркъым алыджыкъуэм.

* * *

Нэрыбгей удыжьым ажал гъуэгуанэм къытришыжу къызригъэгъэзэжа мэуэтыпщым и фэ пыкIамкIэ гурыIуэгъуэт и гуащIэр

хуэм-хуэмурэ зэрыкIуэщIыр. Тхъугъэ мащIэ зыхидза и щхьэц фIыцIэ Iувыр цIырхъ хъуами, и нэщIащэхэр иуами, и Iупэр IурыгъущIыкIами, мэуэтым икIуэт ищIэркъым. И псэр пытуи джатэр ирихьэхынукъым Тыуар. Хамэхьэ къихьэри, унэхьэр ирихущ, жыхуаIэу, биидзэм хэкур иубыдащи, ар къыIэщIихыжынущ мэуэтыпщым. Къарууншэ хъуа лIыку зэIэщIэлъым къыгурыIуэжыркъым сыт хуэдэ гукъыдэжым къызэщIиIэтауэ, и Iэпкълъэпкъыр уардэу иригъэIыгъми...

КъызэщIэуша мэзым щIэтщ шууеитIыр, зэрыпIащIэр нэрылъагъуми, иужькIэ зыхущIэмыхьэжынкIэ хъуну хъыбархэр зэхуаIуатэри:

– СощIэж а махуэр... Мыбы ипэ дэрдэнейхэр къыттеуэу, Уэрыш Хахуэр щытфIэкIуэдар. Абы щыгъуэ дзэзешэу сыхэтащ мэуэтыдзэм. Пщыр и псэ еджэу телът, уIэгъэ хьэлъэхэр игъуэтауэ. ЛъэныкъуитIыр дызэрегъэзэшарэ зэхэуэр увыIауэ, жьыIурыхьэгъуэ дгъуэтауэ, дызэхэтт. ТщIэнур сыт?! Пщыр лIэмэ, тхьэмахуэ ухуэмыщыгъуауэ нэгъуэщI хэпхыж хъунукъым. Дзэм гъуазэ имыIэуи, дауэ зауэм зэрыпыпщэнур?! Уэрыш хэпырхъэрт, гурыIуэгъуэт абы и псэр зэрыхэкIыр. СщIэркъым сэ ар къыщIысхуигъэфэщар... КъеувэкIауэ щхьэщытхэр зэкIэщIигъэкIуэтри, Iэ къысхуищIащ, гъунэгъуу къызэкIуалIэт, жыхуиIэу. Сыщыщхьэщыхьэм, и джатэр къысIэщIилъхьащ. Хэт илъэгъуа мэуэтым и джатэр е и шыр иту!!! АпхуэдизкIэ сыкъэуIэбжьати, си Iэр къисам хуэдэу, джатэ Iэпщэр сутIыпщыну сыхьэзырт. Ауэ Уэрыш си Iэр икъузащ: «ЗэтеукIэ зэрыщыту», – жиIэри. Абдеж сэ къысщыхъуащ Уэрыш и лъэпкъыр къызэщIикъуэу си IэмыщIэ кърилъхьауэ. Хъумэн, гъэфIэн, гъэщIэрэщIэн хуей гуэр тыгъэ къысхуищIауэ. Апхуэдэу, мэуэтыдзэм къаруиуэ къытхэнэжар къызэщIэткъуэжри, дэрдэнейхэр етхужьэжауэ щытащ. Къысщыхъурт ди пщыжьым и псэр, абы лъэпкъым хуиIа лъагъуныгъэр къыттригуэшауэ. Армырамэ, дэнэ къитхат къыткъуэкIа гуащIэр?! – къарууншэ хъуа пщым щэху дыдэу къиIуэтэжырт Алэдамэ и адэм и кIуэдыкIар.

– Жьыщхьэ махуэ ухъу, зиусхьэн, – пщыгъусэр хуэныкъуэт гукъыдэж къезытын апхуэдэ хъыбар гуэр.

Вакъуэ адэм деж щыIэ щIалэр балигъыпIэ имыуvауэ и адэ-анэр илъагъуртэкъым, я хъыбари ищIэртэкъым. Къэзылъхуахэр къыхуэтын, абыхэм яхуэзэшын хуейуи ямыщIэу, япIырт мэуэтыкъуэхэр. Ауэ Алэдамэ къыщыхъурт, дэнэкIэ къыщыщIимыдзами, и адэм и хъыбар имыщIэу къэгъуэгурыкIуами, уафэм къеплъыхыу зыгуэр къыдэIэпыкъуу нобэм къишэсауэ. Армырамэ, зеиншэу, щхьэхуимыту хым адрыщI къыщыхута пщыкъуэм щхьэ мыпхуэдэ щIыхь игъуэтыжа? Мы гъащIэм щыщыIэ хъунщ захуагъэ, щхьэж хуэфэщэн зэригъуэтыж хабзэ гуэр.

Иджыпстуи, Хахуэ цIэ лейр пымыту къамыпсэлъ Уэрыш пщыжьым теухуауэ псалъэ гуапэ зэрызэхихам Алэдамэ щыгуфIыкIырт щэхуу.

– Уи адэ хуэфэщэн лIы хъыжьэу укъыщIэкIащ щIалэ мыцIыхур! Уи гъащIэр кIыхь ухъу! – пищащ Тыуар. – Сыхуейт, Хьэтейм теухуауэ уи хъыбар гъэщIэгъуэнхэм сыщIэдэIуу, гъуэгум пкIэлъей

еддзауэ, зекIуэ жьэгу пащхьэ сыпэрысыну. Лы гъэгъуар чы дзасэкIэ дгъажьэрэ, ху пIастэ дияm тедубыдэу, абы и мэ гуакIуэр жьэдэтшэу, зы Iэнащхьэ дызэтешхыкIыу, пщыдэшхэ[1] уэзгъэщIыну.

ЩIалэ Iущми къыгуроIуэ пщым а псалъэхэм къарихыр – нэхъыфIыжкIэ къызэрыщыгугъыр, дзыхь къызэрыхуищIыр, дамэгъуу къызэрыхуэныкъуэр.

– Зиусхьэн! – Алэдамэ зэщIэувыIыкIри, и щхьэр ищIащ, мэзым къыщыщIэкIым.

Тыуар къызэплъэкIмэ, нартыдзэр къэблэгъат...

Дзэзешэхэм яхузэхуэгъэхъуртэкъым мэуэтыпщыр мы щIыналъэхэм къызэрыщыхутар, ауэ а псори къатIэщIыну зэман яIэжтэкъым мэуэтхэм. ХъыбарегъащIэхэм зэIэпахам тепщIыхьмэ, дэрдэнейхэм псыхъуэр яубыдри, хуиту Аскъалэ къыдэтIысхьэжащ.

* * *

Удынэ щIэх-щIэхыурэ темэхыкIырти, зыкъыщищIэж закъуэтIакъуэхэм шым здынихьэсар къыхуэмыщIэу, зиплъыхьырт. Пщэдджыжьыпэм ирихьэлIэу къаплъэри, шы къарэ есыр КIэбгъулъ и Iэшэлъашэм зэрыщыхъуакIуэр къыгурыIуащ. Шы джабэм кIэрыщIа фэндым псы иту къыщIэкIащ. Пщащэм и джий игъущIыкIам иужь дыдэу псы ткIуэпс щехар къыхуэщIэжыртэкъым. Фэндым псы изу итщ, къэлътмакъми гъуэмылэ тIэкIурэ хъыданыжьым кIуэцIышыхьа джатэжьейрэ илъщ. ПсэзэпылъхьэпIэ щихуам ар гулъытэншэ къэзымыщIар къыгурыIуэркъым иджыри.

Абдежым нэрыбгейм и тхьэкIумэм къицырхъащ лъэ макъ. ЗэмыплъэкIыххэуи къыгурыIуащ абы шууей гуп къыкIэлъыпхъэрауэ и ужь зэритыр. Ар дауэ?! Нэсыпауэ малIэ, жыхуаIэу, нэхъ шынагъуэ дыдэм къыIэщIэкIауэ, нэрыбгейхэм я нэхъ хахуэр ужьыхухэм яIэщIэкIуэдэжыну ара?! Ауэ ар зырикIщ, ахэр КIэбгъулъ къыщысакIэ, мэзыкум ит нэрыбгей быдапIэри къалъэгъуагъэнущ, дауи.

Нэхъ шынагъуэжыращи, ужьыхухэм языхэзым игъэзэжрэ нэрыбгейхэм я хэщIапIэр къызэрахутар иIуэтэжмэ, дэрдэнеидзэр къызэрехьэжьэнущ. ИтIанэ, дэIэпыкъуэгъур къэмыс щIыкIэ, нэжьгъущIыдзэми Iисрафыр халъхьэнущ. ФIы къыхуищIэу къыщыхъуами, гъэрыпIэ къизыша мыцIыхум мы гупыр къыкIэлъиутIыпщауэ къыщIокI!

– Сыту сыдела! Сыту сыдела! – Iущэщащ Удынэ.

Иджыпсту абы хуэщIэнур зы закъуэт – ужьыхухэм гу ялъимыта хуэдэ зищIу, гъуэгу нэпцI тригъэувэнырщ, нэрыбгей быдапIэм нэхъ пэжыжьэу Iуишынырщ.

Лы гъур ущэбам щыщ жьэдикIутэщ, псы трифыхьыжри, и къарур нэхъ къызэрыгъуэтыжауэ, Удынэ ежьэжащ. Абы игу ирилъхьащ КIэбгъулъ щIэмыхьэу, къуэкIыпIэмкIэ иунэтIыну. Гува-щIэхами, зыкъызэкъуахынущ ужьыхухэм, къагурыIуэнущ гъуэгунэпцI зэрытрашар. Мис итIанэ Мэзытхьэм[2] зэрыжиIа хъунщ...



[1] Пщыдэшхэ – лIыгъэкIэ, акъылкIэ, зэфIэкIкIэ адрей зауэлIхэм къахэжаныкIар пщым деж ирагъэблагъэрти, дагъашхэрт, пщIэ къыхуащIу.

[2] Мэзытхьэ – мажусий диным ита ижьрей адыгэхэм мэзхэм я тепщэу къалъытэу щыта тхьэ.

Нэрыбгейхэм я псэр пытыху гугъэри яфIэкIуэдыркъым, ауэ Удынэ быдэу и фIэщ хъурт ужьыхухэм псэууэ зэраIэщIэмыкIынур. Гъунэгъу зыкъыхуащIыну шынэми, зы шабзэшэ къаутIыпщмэ аращ... Ажал фIыцIэр къэблэгъарэ уаер щIакIуэу кърищэкIми, Удынэ и нэгу щIэтыр, и гум илъыр зы закъуэщ – гурыщIэ щэху зыхуищIа цIыхухъум и нэгу дахэрщ. Аращ къару къезытри, гугъэ бзий пытхъахуэхэр и гум къыщызыгъэнэхури. Пщащэр мэгугъэ... Мэхъуапсэ... И гурыщIэхэм Алэдамэ къыпэджэжатэмэ...

«Езыри къызэгупсысмэ-щэ?! Алэдамэ щыслъагъукIэ, си гур схуэмыубыдыжу зэрыщIэпхъуэм гу лъитауэ къыщIэкIынщ езыми. КъыумыщIапIэ иIэ, сыкъызэщIонэ, си натIэм псыр къекIуэу... Алъандэрэ къысхуэгущIыIэу, зыкIи зыкъызимыгъащIэу, зыкъызэкъуимыхыу зэрызишыIам щхьэусыгъуэ гуэр иIэ хъунщ. Си гъащIэм нэху, IэфI, гуапэ гуэр зэрыхэлъам и гугъу хуэзмыщIу дыкIуэдыжмэщэ?! Си щхьэ къэзгъэпцIэжрэ, псори сэ езым къэзгупсысыжауэ арамэ, иджыпступцIи нэщанэуапIэ сахурехъу си ужьым ит хьэщхьэвылъэхэм», – мэгупсысэ нэрыбгейр.

– Аращ! Гъуэгу зэхэкIыпIэ, пэжгъэнахуэ, гъэунэхупIэ ирехъу ар! – жиIэри, Удынэ зэщIэувыIыкIащ.

Пэжу къыщIэкIынт нэрыбгейхэм жаIэр – лъагъуныгъэм уи лъэр зэрыщIихыр, къаруушэ узэрищIыр, мыхъумыщIагъэм узэрырихулIэр. Аращ абыхэм я гъэсэнхэр зэ зыдэгъуэлъа цIыхухъум етIуанэу щIыхуамыгъазэр. Лъагъуныгъэ хуамыщIын папщIэ. Дэтхэнэ зы нэрыбгейми и бгъэм гурыщIэ нэху щыблэу къэгъуэгурыкIуатэмэ, я къэралыгъуэр къахузэгъэпэщынтэкъым, яхуэхъумэжынтэкъым. Иджы мис, Удынэ делагъэ езыгъащIэр а гурыщIэращ – лъагъуныгъэрщ. Иродждэгу, пхъэидзэ ищIыжауэ. Ужьыхухэм иджыпсту къаукIмэ – зэфIэкIащ, Псатхьэм[1] игу къыщIэгъурэ зы Iэмыр гуэркIэ къригъэлмэ – Алэдамэ фIыуэ къелъагъури, гъащIэ зэдаIэщ.

– ФыкъыкъуэкI! СощIэ си ужь фызэритыр, – и макъым къызэрихькIэ джащ Удынэ, зыкъигъазэри.

Iуащхьэ лъагэм толъкъун щхъуантIэу тегъуэлъхьа мэз Iувым джэрпэджэжу щыIуащ нэрыбгейм и макъыр. Пщэдджыжь дыгъэпсыр къыбдэджэгу хуэдэ, жыгыщхьэ баринэхэм къыхоплъри, зегъэпщкIуж, аргуэрыжьщи, уи дамащхьэм къытотIысхьэж.

– ФыкъыкъуэкI! – нэхъ иныжу кIиящ ар.

Аддэ жыжьэу, жыг къудамэм тес мэзджэд щхъуэкIэплъыкIэр щтэуэ, щыхэлъэтым ирихьэлIэу, пабжьэ Iувым къыхэкIащ ужьыхур зи япэ ит дэрдэней гупыр.

– Куэдщ ар... Гъуэгу нэпцIкIэ фызэрысшэр фощIэ, – щIакIуэ фIыцIэр и дамащхьэм иригъэщэтэхыу, и пщэм щызэрыдза кIапсэр итIэтащ нэрыбгейм, бауэ-бапщэу. – Куэдщ!

Къэлътмакъым кърихa джатэжьейм и Iэпщэр быдэу икъузащ Удынэ. Дэрдэнейхэм къагурыIуат я зэманыр ауэ сытми зэрагъэкIуэдар. Я пщэ къыдалъхьа унафэм пэлъэщатэкъыми, IэлфIыцIэу къызэщIэнащ.

– Еуэ мы хьэбзми, пыкI! Зыри къыпытхынукъым. Зи мыхъуми, дигу тедгъэзэгъэнщ, – убжьытхэщ ужьыхури, гупым я нэхъыщхьэм хуеплъэкIащ.

---

[1] Псатхьэ – мажусий диным къызэрилъытэу щытамкIэ, псэхэм я тхьэ; тхьэм и тхьэж, тхьэшхуэ.

Ужьыхур нэрыбгейм дежкIэ къеплъэкIыжакъым... Удынэ игъэлъэта джатэжьейм абы и пщэ кIэщIыр зэщIигъэхури, и щIыбагъ къыдэт зауэлIым и къурмакъейм зыхисэжащ. Ар апхуэдизкIэ псынщIэу, напIэзыпIэм къэхъуати, ужьыхум и пщэм уэру къриутхыкI лъыр къыздикIар занщIэу къагурыIуакъым дэрдэнейхэм. Яшхэр, къатриупцIэ лъы пщтырым игъэщтауэ, щIэлъэт-щIэлъэту зэхэзехуэн хъуащи, шхуэмылакIэр къыжьэдакъуэурэ ягъэзэгъэжыну яужь итщ. Уду къалъытэ нэрыбгейм бгъэдэкIуэтэну дзыхь ямыщIу зэхэт зауэлIхэм, зэгурыIуам хуэдэу, зэуэ къашэщIащ я шабзэхэр. Ауэ яутIыпщыну хунэсакъым. КъыздикIари къэхъуари зыми къагурымыIуэу, мэзым къызэрыщIэхащ нэрыбгей гуп. Маисэ удыжьым деж къикIыжа пщащэхэм къаутIыпща гъущI шабзэшэ IуэнтIахэм гъуанэпщIанэ ящIащ дэрдэней зауэлIхэм я дэщI зэщIэцIууэхэр.

Пэжт Удынэ игу ирилъхьар. Пэжт. Мыхьэнэ игъуэтащ иджы и гъащIэм... Зэхэуэм я нэхъ гуащIэр лъэпкъым къыпэщылъми, пщащэм и псэр а гупсысэм дэпсэхужауэ щэтащ. Къезыгъэла нэрыбгейхэмкIэ ар маплъэ, ауэ къыхуэпIащIэу къызэрыхь и ныбжьэгъухэр хъарпшэру фIэкIа илъагъуркъым, и щхьэр, бжьэ щызэрызехьэм хуэдэу, мэву, и нэр щоункIыфIыкIри, и пкъыр хуэмыIыгъыжу шы сокум зыхеIубэ.

* * *



ПщыхьэщхьэхуегъэзэкIыу зэгъэж дыгъэм и бзииплъ мащIэхэм таж пыIэхэмрэ бжыкI папцIэхэмрэ пэлыду, Iуащхьэм къытехьащ хэкур биидзэм къыIэщIахыжыну, дэрдэнейхэр зэхакъутэну къызэхуэса, гукъыдэжым къызэщIиIэта нартыдзэр. КIэбгъулъ мэзыжьым и курыкупсэм быдапIэ иращIыхьу жылэшхуэу къэтIысыжа нэрыбгейхэм къахуеблэгъат зи хъыбарыфIхэр хэкум къыщрахьэкI лIыхъужь Iэлхэр, хъыжьэхэр, ерухэр. НэжьгъущIыдзэм и гъуазэм – Удынэ – и хэщIапIэу чэщанэ лъагэм и щхьэм, жэщ-махуэ имыIэу зызэблахъуу, сытым дежи тетщ плъыр зыбжанэ. А чэщанэм и хьэщIэщырщ хасащхьэр щызэхашари. Батэр зыгъэша, уей-уей жезыгъэIэ дзэпщ хахуэхэмрэ зи цIэр зи япэ ит нарт лIыхъужьхэмрэ тепсэлъыхьырт дэрдэнейхэм зэребгъэрыкIуэну щIыкIэм, Аскъалэ хуит къызэращIыжыну Iэмалхэм. МывэкъалэкIэ къегъэбыдэкIа нэрыбгей жылэшхуэм я хъыджэбз цIыкIухэр зэрагъасэм нэ лей темыплъэн хуэдэу, къуажэкум дэт Iуащхьэ лъагэм тращIыхьа унэшхуэм щхьэхуэу щаIыгъщ. Унэ домбейр зэращIа щIыкIэр къагурымыIуэу, я щхьэ ягъэкIэрахъуэу зэхэтщ нарт зауэлIхэр. ЦIыхубз телъыджэхэм я ткIиягъыр, я гъащIэмрэ я Iуэхухэмрэ зэпэщу зэрызэтеублар ягъэщIагъуэу, ар зэпаплъыхь лIыхъужьхэм.

Нэрыбгей къэс езыр зэрыхуейм хуэдэу и унэ иухуэжауэ щIэсщ, кIэщIу жыпIэмэ, унагъуэ щхьэхуэхэщ, щхьэ закъуэхэщ жумыIэмэ. Е бынкъым, е лIыкъым... Бын яIэщ, дауи, ипэжыпIэкIэ. Я бынхэм зэи яIуплъакъым, яцIыхуркъым армыхъумэ. ЦIыхухъухэм яхэплъэн папщIэ зэхашэ джэгур щрагъэкIуэкI щIыпIэри, абыхэм щахуэзэ унэри быдапIэм узэрыдыхьэу ижьырабгъумкIэ къыщытщ. Жылэм дашэну, щхьэж и унэ иригъэблэгъэну тегушхуэ хъункъым, цIыхухъухэр ягъэхамэ, гъунэгъу зыхуащIыщэркъым, я къалэн нэхъыщхьэр ягъэзащIэрэ псынщIэу загъэбзэхыжмэ аракъэ!

Нэрыбгей жылэр къандзэгум хуэдэщ иджыпстуи, зэрызохьэ. УIэгъэхэр зыхуей хуэгъэзэн, цIыкIухэр гъэшхэн, балигъхэм

зыгъэпсэхупIэ етын хуейщ, хьэщIэми хьэщIагъэ ехыпхъэкъэ... Хасащхьэри мэчэнджащэ.

– Си хьэщIэ лъапIэхэ! Си зауэлI хахуэхэ! – и бгъэм кууэ къипсэлъыкIыу, и макъ лъахъшэ гъумыр иIэтащ Тыуар. – Ди щыпэкъым алыджыкъуэхэр къызэрыдэбгъэрыкIуэр. Хабзэ яхуэхъуащи, ди цIыкIухэр ядыгъуу, ди цIыхухэр къызэтраукIэу, ди жылэхэм мафIэ щIадзэу дыкъогъуэгурыкIуэ. Мы псыхъуэжьыр иубыду, алыдж къалэхэр щиухуэну щIохъуэпс дэрдэнеипщыр. ЗытIыгъащ иджыри къэс, ди къару закъуэкIэ дапэлъэщырти. Иджы, мызыгъуэгум, дыкъыхигъэщIащ, ди къалащхьэри иубыдащ... Е дылIэн е дылIын! Естынукъым сэ абыхэм Мэуэтейр.



**Мэуэтхэр я хуитыныгъэм щыщIэзэуа Iузэв псыхъуэр алыдж зэрыпхъуакIуэхэм я хъуэпсапIэт.**

И гуащэр сэкъатыншэу кърихьэлIэжати, Тыуар и гур нэхъ псэхужа хуэдэщ. КъищынэмыщIауэ, и бгъуитI зырызым къыщытщ дзыхь нэхъ зыхуищI, и дзэпщ хахуэу Адэмейрэ дуней щIэншэу къызэIуиха, и дзыхь зригъэза Алэдамэрэ. Тыуар и малъхъэр яцIыхуми, пщым и гъусэу хасэм къекIуэлIа щIалэщIэм ней-нейуэ къыхуоплъэкI нартыжьхэр.

– Нобэ Мэуэтейр иубыдынщ, пщэдей Псыжь икIынщ, – и IэфракIэ сэмэгумкIэ куэпкъым тегъэщIауэ, Iэгу ижьыр лъэгуажьэм телъу щIыс лIыхъужьыр къыхэпсчыкIри, и макъ гъуагъуэр мащIэу икIам хуэдэу, фий щIэту къэпсэлъащ пэшым щIэсым я нэхъ пелуан лIы пащIапцIэр.

Набдзэ Iувым къыщIэплъ нэ пIащэ фIыцIитIым уафэхъуэпскIыр къыщIех, пщэ гъум хъужарэ, гъущI Iэпщэу нарт цIэрыIуэм, зэхэуэр къыхуэмыгъэсу, зэрытепыIэншэр къапщIэу, и дзэхэр зэрегъэшх.

– Пэжщ Щэуей жиIэр, ауэрэ Насып Iуащхьэ нэсынщи, джэгупIэ ящIыжынщ. Хым къызэпрыкIа хьэIуцыдзым хуэфащэкъым ди щIым щыщу зы мэскъали! – пелуаным и псалъэм пищащ псы тIуащIэм къикIа Тотрэш Ябгэм.

Тотрэш и домбеякъ афэм шабзэшэ пхымыкIыу, и бжыкIыр мыкъутэу, и тажыр мэIум хуэдэу быдэу жаIэрт. Абы лIипщI къыпэщIэувами, Псатхьэм и нейр къащыхуа хуэдэ, псыблаер яхилъхьэнт[1], я шыр ирихужьэнти, тIуащIэм дэтIысхьэжынт, зыри къэмыхъуам хуэдэу, шыбз гуартэр игъэхъуу. Дауи, дзэгъащтэ щхьэзакъуэу зи цIэр Iуа лIыхъужь ябгэм къыкъуэкI къарур къыздрихыр къахуэмыщIэу, цIыху къызэрыгуэкIхэм хъыбарыжьхэр зэхаблэрт.

Мис, иджыпстуи щысщ Тотрэш – лIы быдэ лъагэр, абы хужаIэ псори зэригъэхъа щIыкIэр къыпхуэмыщIэу, укъигъэуIэбжьу. Алыджхэми хьэтхэми хуэдэу дэщI екIу щыгъкъым абы, атIэ хъырцыджым[2] къытекъуа домбеякъ афэ джанэ зэвыр мыхъумэ, ямылейуэ зэщыхуэпыкIакъым. ИтIани, абы и лIыгъэм и хъыбар цIыхум яIурыкIыркъым.

– Дауэ тщIымэ, дауэ хъун? – Тыуар хуэныкъуэт апхуэдэ лIыхъужьхэм я чэнджэщ.

– Хуит сыкъэпщIмэ, зиусхьэн... – псалъэмакъым къыхэIэбащ Адэмей, мэуэт дзэпщыр. – ЩIэщхъу къытщыщIащ, ди мыгугъа бзаджагъэ къакъуэкIащ дэрдэнейхэм: къумал гуп къытхаутIыпщхьауэ къыщIэкIри, ахэращ ди тIасхъапIэхэр зыIуэтар, ди ищхъэрэбжэр Iуахыу, бийр къалэм къыдэзыгъэхьар. КъищынэмыщIауэ, ди Iуэху зыIути ди зэхэтыкIи зэрыщыту хуаIуэтэжащ Ахей. ДызэребгъэрыкIуэну щIыкIэми щыгъуазэу, екIурэ ещхьу къытпежьэми згъэщIэгъуэнукъым!

– Апхуэмыдэ куэдым дыкъелащ, Адэмей. Япэ къэсым дригъэкIуэту щытамэ, нарт лъэпкъыжьыр нобэм къэсынтэкъым. БзаджагъэкIэ къытпэщIэувами, дэ лIыгъэкIэ дыпежьэнщ, – пидзыжащ абы Тыуар.

– Аскъалэ щаубыдакIэ, мэуэт кхъухьхэри яхьэхуащ. Хыдзэ уимыIэу лъэсыдзэ защIэрэ шуудзэкIэ уапэлъэщыну? Сэ зэрысщIэмкIэ, алыджхэр кхъухь мин бжыгъэкIэ къесылIащ мэуэт псыхъуэм, – жиIащ тэрэуэтхэм япщ, лIы гъур фIыцIэ Къарэшу.

– Пэжщ, Къарэшу. Ди Iэ-ди лъэр зэщIапхащ. Дэрдэнейхэм тенджызым зыкъыщытраубгъуам, я кхъухьыжьхэм щIэплъыпIэр къигъэуфIыцIати, кIэ имыIэжым хуэдэу уIуплъэрт. Ди мывэ къалэм пэмылъэщын ди гугъами, лIитху зэтетыр зи лъагагъ, дэшхуеищ IэплIакIуэр[3] зи Iувагъ блыныр къызэтракъутащ. СызэригугъэмкIэ, дэрдэнейхэм я закъуэкъым. НэгъуэщI алыдж лъэпкъ зыбжанэ къыдоIэпыкъу Ахей, пщIэ щIиту хьэтхэм я деж лъэсыдзэ къыщищэхуауи къыщIэкIынущ, – жи Адэмей.

Алэдамэ алъандэрэ щэхуу щытауэ, хьэт гугъу щызэхихым, зыхуэмышыIэу, дзэпщым хуеплъэкIащ, и нэщхъыр зэхэлърэ и Iупэплъыр зэтекъузауэ. Хасэм къекIуэлIахэми абы гу лъамытэу къэнакъым. Зи цIи зи щхьи ямыцIыху пщы гъусэм япэу щIэупщIар Щэуей жьэнахуэщ.

– ЛIо, нарт щауэ, укъыщIытричыр? ЖыпIэн уиIэмэ, жыIэ, – дыхьэшхащ ар и макъ гъуагъуэмкIэ, хасэм къекIуэлIахэр къыдежьууэ.

Тыуар и нэкIубгъур щIалэм хуигъазэри, и щхьэр ищIащ, «жыIэ», жыхуиIэу.



---

[1] Псыблаер яхилъхьэнт – хьэлэчыпцIэр къахуигъэкIуэнт.

[2] Хъырцыдж – афэ щыщатIагъэкIэ и щIагъым щIалъхьэу щыта цыджанэ лIэужьыгъуэ (и закъуэуи щагъагъыу щытащ).

[3] Дэшхуеищ IэплIакIуэ – дэшхуей жыг IэплIакIуэурэ щы хуэдиз.

– Хьэтхэмрэ нартхэмрэ зы лъабжьэжь дызэриIэм щымыгъуазэу щыткъым хьэтыпщыр. КъищынэмыщIауэ, мамырыгъэкIэ зэхэкIыну Iуэхум джатэ хилъхьэркъым Хьэтусилэ, – пигъэщхъащ Алэдамэ, къызэрытехьар наIуэу.

– Хьэтхэмрэ алыдж лъэпкъхэмрэ зэкъуэту мысыр фирхьэуным зэрезэуам и хъыбари къытлъэIэсыжащ, – Уэрыш и къуэм дзыхь зэрыхуимыщIыр хуэшыIакъым Адэмей.

– Пэжщ, Дэрдэнейр Хьэт къэралыгъуэм и дамэгъущ, зэгурыIуэныгъэ гуэрхэри я зэхуаку дэлъу къыщIэкIынщ, ауэ хьэтыпщым и щIыхьыр хэзыутэн икIагъэ илэжьынукъым. Хьэтусилэ ищэркъым и цIыхухэр, – жиIэм текIыркъым щIалэщIэри.

– Дауи, уэ фIыуэ боцIыху хьэтыпщыр. Ауэ, зыри хэпщIыкIыу къыщIэкIынкъым Хьэтусилэ и къуэш нэхъыжьым и тетыгъуэм ди лъэпкъэгъуу Ахын и адрыщI Iуфэм тес къашкъэхэм къазэрезэуам... – дзэпщ щхьэцыгъуэр къытехьат, и нэкIущхьэр къызэщIэнауэ.

– Абыи сыщыгъуазэщ, зи щIыхьыр ин. Ауэ ар ди Iуэхукъым дэ иджыпсту. Псы Iуфэр зыубыда дэрдэнейхэм я унафэ дывгъэщIи, адэкIэ уэршэрым къыпытщэнщ, – ныбжькIэ щIалэми, Алэдамэ зэрымытIэсхъэнур наIуэт.

– ЛIы гуащIэу укъыщIэкIын пэтрэ, зыбущэхуауэ пщым и щIыбагъ укъыдэти, – и пащIэм щIэгуфIыкIыу, жиIащ Щэуей.

– Пщыгъусэр дыбгъэцIыхуркъэ, Тыуар! – жиIащ Тотрэш, и напщIэр хишри.

– Уэрыш и къуэ Алэдамэ и адэ цIэрыIуэм хуэфэщэн быну къыщIэкIащ. Дэрдэнейхэм къытхаутIыпщхьа къумалхэм ящыщ зыр сэкIэ къызэпыджри, щыхупIэм сыщидзыжат. Си щIыбым уIэгъэ телъу си хьэдащхьэ къагъуэтыжатэмэ, сытIэулIэти! Абы и щIыIужым, мэзыкхъуэм и хьэдзэхэмкIэ сызэридзэу Алэдамэ нрихьэлIэри, сыкъыIэщIихащ. Мэзытхьэм гущIэгъу къысхуищIагъэнт, си лъэпкъри Псатхьэ къиужэгъужатэкъым. Мы щIалэр вакъуэ адэм деж щыIэу бзаджащIэхэм ядыгъури, Хьэт къэралыгъуэм къыщыхъуащ, Хьэтусилэ пщышхуэм и блыгущIэту, и хъумакIуэу къулыкъу щрихьэкIащ, – арэзыуэ жиIащ Тыуар.

– Мэзыкхъуэ губжьам упэлъэщамэ, уи Iэпщэм къару щIэлъщ. Афэрым! – зигъэкIэщIащ Къарэшу. – А псори фIыщ, нартыжьхэм яхуэфэщэн щIэблэ Псатхьэм къытщIигъахъуэ! ДэрдэнеидзэмлIо етщIэнур?

– Ди къарур здынэсынур дощIэж. Зы нартыр дэрдэнеипщIым пэлъэщыну дыкъегъэгугъэ. ЩIалэщIэм гу зэрылъитащи, уэршэрыныр къэдвгъэгъани, девгъажьэ, – къытричырт Щэуей.

– Аскъалэ лъагапIэм тетщ. Губгъуэм ущызэхэлъадэу узауэмрэ псы Iуфэм ущызэхэуэмрэ зыкъым, – гу лъитащ Адэмей.

– Ди тIасхъэщIэххэм къызэрахутамкIэ, Аскъалэ дэхуэр щепсыхащ, мыдрейхэм псыхъуэм шэтыр щагъэуvауэ дэсщ. ДебгъэрыкIуэнуми, удэуеймрэ укъеухымрэ зыкъым. Арат Аскъалэ щIамыубыдыфыр – лъагапIэм тетти. Иджы, ди Iэщэ нэхъыщхьэр къыттрагъэпсэжам хуэдэу, утыку дыкъинащ, – и макъыр ехуэхащ Тыуар.

Абы и Iэпкълъэпкъ зэхэкъутар къезауэрт, хущхъуэ ехьэлIэгъуэт, хасэр япэ иригъэщу зэхишат армыхъумэ. Тыуар и Iэпкълъэпкъым зриубгъуауэ къеныкъуэкъу узыр зыхуигъэшэчми, щIыIэтехьэгъуэм зэхуишэрт, плъыржьэрым хидзэрти, и нэкIущхьитIыр къызэщIэплъэрт. МащIэу къыдэша и пэм къытрипхъэ пщIэнтIэпсыр щIэх-щIэхыурэ

пилъэщIыкIырт. Арами, мэуэтыпщым и плIабгъуэшхуэм къытегъуэлъхьа хьэлъэр имыIэту хъунутэкъым, дзыхэу къалъагъункIэ Iэмал иIэтэкъым. Тыуар и набдзэ фIыцIэ Iувыр мащIэу зэхэкIати, абы ткIиифэ къытригъауэрт, и нэщхъыр щызэхиуфэкIэ. Иджыпстуи зэхэлъщ и нэщхъыр, и Iуэхур хэплъэгъуэщи. Iэ ижьым IэщIэлъ бжыкъур иджыпсту къыIэщIэлъэлъэнукъэ жыпIэу екъуз. Гузавэм, губжьым, узым иубыдауэ имыутIыпщ мэуэтыпщым и кIуэцIым щыщIэр зэримыгъэлъэгъуэным пылъми, Алэдамэ абы гу лъимытэу къанэркъым. Тыуар икIэщIыпIэкIэ хущхъуэ ехьэлIэн хуейщ, ауэ псори щым зэрыгъэхъуауэ зралъэфыхь.

Губгъуэрысхэмрэ псыхъуэм дэсхэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэртэкъым, зым жиIэр адрейм къиштэртэкъыми, псалъэмакъыр зэуэ ужьыхащ.

– Хасэм кърихьэлIа дэтхэнэ зыми и Iуэху еплъыкIэр утыку крилъхьэну хуитщ. Аращ хасэм щIраджэжри. Уэрыш и къуэм нэхърэ нэхъыщIэ мы пэшым щIэмысми, псалъэ етын хуейщ. Дэрдэнейхэр фIыуэ ицIыхуу фэ есплъащи, акъыл зэхэдзэм къыхрепсэлъыхь, – къыхилъхьащ Щэуей, хамэщI къыщыхъуа щIалэщIэм къызэрымыкIуэ акъылрэ къарурэ зэрыбгъэдэлъым гу лъитати.

Адэмей абыкIэ мыарэзыуэ и щхьэр игъэкIэрэхъуащ. Блэ зэуар аркъэным щощтэ, жыхуиIэракъэ – и ныбжьэгъу нэхъыфI дыдэу къилъыта Нэжан къумалу къызэрыщIэкIыжам гущтэ иригъэщIат дзэпщым. Зыми ямыцIыху «хамэ-благъэм» хуэмыфащэ гулъытэ хуащIу къыщыхъурт Адэмей.



– Гу зэрылъыстамкIэ, Щындейм и лIыкIуэ щIэскъым мыбдеж?! – язынықъуэхэм нэмыплъ къызэрыратри, дзыхьщIыгъуэджэу къызэрыхуеплъэкIри къызыфIимыгъэIуэхуу, жиIащ Алэдамэ.

– Щындхэр нэхъ гуващ къэсынущ. ХытIуалэм[1] къыдэкIыу КIэбгъулъ и Iэшэлъашэм къесылIэху зэман хуейщ, – Алэдамэ къыхуемыплъэкIыххэу жэуап итащ дзэпщым.

– Арамэ, лIэныкъуиплIымкIи теуэн хуейщ дэрдэнейхэм, – кIэщIу пидзыжащ абы Алэдамэ.

– Зэ догуэт, еплIанэ пщIыжыр сыт хуэдэ лъэныкъуэ? – пыдыхьэшхыкIащ Адэмей, Алэдамэ щIэнакIэу. – Ди кхъухьхэр яубыдащ, хыдзэ диIэжкъым.

Хасэм щIэсхэм яфIэгъэщIэгъуэну кIэлъыплъырт дзэпщымрэ щIалэ мыцIыхумрэ зэрызэныкъуэкъум, япэрыуэнуи зы цIыху къахэкIыртэкъым.

– ИщхъэрэкIэ щэрмэтхэр, къуэкIыпIэмкIэ тэрэуэтхэмрэ агъырейхэмрэ, ипщэкIэ – арыкъейхэр, къухьэпIэмкIэ – тенджызымкIэ – щындхэр къебгъэрыкIуэнщи, биидзэр къэдухъуреихьынщ. Мэуэтхэм хуэдэу, мы псыхъуэмрэ мэзыжьхэмрэ зыми яцIыхуркъым. Ауэ щыхъукIэ, дзиплIу заугуэшынщи, уэриплIми я дзапэу къэувынщ. Дэрдэней кхъухьхэм мафIэ ящIэдзауэ зэтегъэсхьэн хуейщ, псом япэрауэ. Гужьеигъуэ ихуа биидзэр теплъэкъукIынщи, апщIондэху мыдрейхэр быдапIэм дыхьэнщ. Аращ сэ сызэреплъыр, – жиIащ Алэдамэ зэпIэзэрыту, хэкъузауэ.

– ЩIалэщIэм жиIэр дызоIыгъ! – зыкъиIэтащ Тотрэш. – Апхуэдэ гъусэ уиIэу, уи лъэпкъыр дзыхэнкъым, Тыуар...

– Дапщэщ дыщежьэр? – къытричырт Щэуей.

[1] ХытIуалэ – тенджызитI зэзыпх псы бгъузэ ирикIуэщ. /Пролив.

Абы хэту, пэшым зы зауэлI къыщIыхьэри, Адэмей гъунэгъу зыкъыхуищIащ. Дзэпщыр, хуабжьу къызэрыуIэбжьар и нэгум къищу, къызэкIуэкIащ, и напщIэхур хэлъэтри, къыжраIар и фIэщ мыхъуа нэхъей, зэ щIэупщIэжащ.

– Зиусхьэн, хъыбарыщIэ щыIэщ... Ахей яукIауэ жаIэ, – псоми зэхахыу, ину жиIащ Адэмей.

– Ар дауэ хъун? Хэт зыукIар? – къызэщIэващ хасэм кърихьэлIахэр.

Тыуар Адэмей хуеплъэкIри, и щхьэр ищIащ, «жыIэ псори», жыхуиIэу.

– Ди плъыртетыр гъэр ящIат дэрдэнейхэм. Нэрыбгейм зыри къахужьэдэшакъым, ауэ дэрдэнеипщыр иукIри, къаIэщIэкIыжащ, – апхуэдэ цIыху мэуэтхэм зэрахэтым зэрырипагэр къапщIэу, гушхуэу жиIащ дзэпщым.

– Iэгъу! – зэплъыжащ хасэм щIэс пщыжьхэмрэ лIыхъужьхэмрэ.

Псом нэхърэ нэхъыбэжу ар зыгъэщIагъуэр Алэдамэт. Абы хуигъэфащэрт Удынэ зэрымыцIыху тIасхъэр, ищIэрт нэрыбгейхэм фызшу ябгэхэр, пелуанхэр къазэрыхэкIыр, ауэ мазэ нэкIуу пщащэ тхьэIухудым апхуэдэ лIыгъэрэ хахуагъэрэ къыкъуэкIыну и гущхьэ къыхуэкIыххэртэкъыми, жиIэнумрэ зэгупсысынумрэ къыгурымыIуэжу щытт. Абы и щхьэфэцыр дэхъеят Адэмей и псалъэхэм. Дэрдэнейхэр цIыху залымщ, лейзехьэщ. Пщащэр гъэрыпIэ итамэ, мытIасхъэу къаукIагъэнщ. Сыт и лажьэ, дауэ къаIэщIэкIа?! Алэдамэ зэшэзэпIэу къыпкърыхьащ Iэджэ щIауэ зыхимыщIэжа гузавэ, хуабагъэ, нэху гуэр. Ар хуэпIащIэрт Удынэ и нэгу нэхутхьэхум иплъэну. ИпэжыпIэкIэ, Алэдамэ и гущхьэ къэкIыххатэкъым Удынэ кIуэуэ мафIэм и курыкупсэм хэувэну, апхуэдэ лей къытехьэну. КIэбгъулъ къыщекIуэлIэжам, Алэдамэ, къыхуэтыр къыгурымыIуащэу, зиплъыхьырт, лъыхъуэрт зыгуэрым, и нэгу къыфIыщIидзэрт пщащэ щхьэцыплъыр, ауэ Удынэ щIимылъагъур къыгурымыIуэурэ хасэр зэхашэри, кIэлъыгъуэзэфакъым. Иджы мис, Адэмей утыку кърилъхьа хъыбарым зыкъыдигъэзащ Алэдамэ и кIуэцIыкIыщIэм.

Алэдамэ къригъэкIуакъым икIи къытехуэртэкъым щIэупщIэну, ауэ, щIалэм и гум илъыр къищIа нэхъей, Къарэшу къэпсэлъащ:

– Нэрыбгейхэр цIыхубз хахуэщ. Афэрым! Узыншэу къекIуэлIэжа-тIэ плъыртетыр?

– И псэр пытщ. Къэсыжа къудейщ гупыр, – и щхьэр ищIащ дзэпщым.

– Ахей мыпсэужмэ, хэт иджы дэрдэнейхэм я гъуазэр? – щIоупщIэ щэрмэтхэм я дзэзешэ лIы зэIэщIэлъ лъэдий гъумыр.

– Еней – дэрдэней дзэзешэр – Ахей и къуэ закъуэщ. Алыдж хабзэкIэ, пщыгъуэр зылъысыр аращ. НыбжькIэ щIалэми, дзэпщ лъэрызехьэу жаIэ, – Iупэ щхъуантIэ хъужауэ, жэуап итащ Тыуар.

– Деплъынкъэ! – пыгуфIыкIащ Щэуей бзаджэу.

– АтIэ, лIо ди унафэр? Алэдамэ къыхилъхьам арэзы дытехъуэрэ хьэмэрэ нэгъуэщI хэкIыпIэ щыIэ? – къызэщIэва гупым къахэкIиикIащ Къарэшу.

Тыуар и дзэзешэм хуеплъэкIащ, жиIэным пэплъэу.

– ЩIалэм жиIамкIэ сыарэзыщ, – хуей-хуэмейуэ и щхьэр игъэсысащ Адэмей.

– Шууей гуп пегъажьэ щындхэм, Адэмей. КIэбгъулъ деж щемыпсыхыу, тенджызым хьэзыру тетыну, махуитI дэкIмэ, Нэхущвагъуэм и

кIуэдыжыгъуэм ирихьэлIэу, дэрдэней кхъухьхэм теуэу, мафIэ щIадзэну яжефIэ. Псыхъуэм дэт биидзэр щындхэмрэ нэрыбгейхэмрэ ейщ. Аскъалэ щепсыхахэм лъэныкъуищымкIи дебгъэрыкIуэнщ мыдрейхэр. Тэтэртуп и нэфI къытщыхуэ! ТхьэлъэIум зыхуагъэхьэзыращ нэрыбгейхэми, фынеблагъэ, ди ныбжьэгъу лъапIэхэ, – узыр, къыхэдзэкъыкIыу, куцIым хыхьами, зыкъиIэтри, и Iэр бжэмкIэ ишиящ Тыуар.

* * *

Зи хэщIапIэм екIуэлIэжа нэрыбгейм и гур псэхужат, хьэмэрэ махэ хъуа Iэпкълъэпкъым зызэтригъэувэжыну зигъэпсэхужрэт – Удынэ зимыщIэжу къращэлIэжауэ жейрт. Iэзэр къеплъа нэужь, Жан, ар нэгъуэщIым дзыхь хуимыщIу, Удынэ и дэщIыр щихщ, быдэу зэпилъэщIыхьри, мыщафэр шхыIэну трипIэжауэ щхьэщыст. Зэхэуэ нэужьым Удынэ хуэдэу хьэлъэхэр куэдт, дэтхэнэм гулъытэ хуищIынт Iэзэм... Плъыртетщ жыпIэу япэ ибгъэщкIэ, дунейр чэзущ. Щхьэж и натIэ къритхам фIэкIынукъым. Удынэ и къулыкъури хьэулеинутэкъым, ар зыхуэбгъэфэщэн нэрыбгейхэм куэду яхэтти, къелIэлIакъым Iэзэр. «Къелмэ – цIыху быдэщи, псэуну хуэфащэщ, къемылмэ – и хьэдрыхэ дахэ ухъу. Сэ схузэфIэкIыр хуэсщIащ», – жиIэри, щIэкIыжащ.

Пщащэм и бгъэр хуэм дыдэу къыдришейуэрэ, хьэлъэ-хьэлъэу ехыжырти, зэрыпсэур къызэрыпщIэр арат, армыхъумэ и напэм хъыдан псыф теплъхьэкIи уеджэкIи укъищIэртэкъым.



Сыт хуэдиз щэху зэхуаIуэтат, сыт хуэдиз гугъуехь зэдашэчат Жанрэ Удынэрэ... Къызэдэхъуащ, зэрыщIыкIурэ зэщIыгъущ. Уи адэанэр щумыщIыхукIэ, къыбдалъхуа шыпхъу уиIэми умыщIэххэу, щхьэ закъуэ дыдэу дунейм ущытеткIэ, укъызыгурыIуэн, щIэгъэкъуэн пхуэхъун, уи дзыхь зэбгъэзу зы цIыху закъуэ уиIэныр уасэншэщ.

Удынэ мыхъужмэ-щэ?! Дауэ хъуну Жан, и щIэлъэныкъуэр гуатхъмэ?!

Хъыджэбзым игу къегъэкIыж я сабиигъуэр... Жан къуейщIей дыдэу къэтэджат, мылъхуэсми, къэмыхъуххэну я гугъами. Уеблэмэ адрей хъыджэбз цIыкIухэм нэхърэ нэхъ псынщIэу къэжэпхъат. Ар щхьэзыфIэфIт, IэпсынщIэлъэпсынщIэт, жыIэмыдаIуэт, зэраншут. Абы къыхэкIыуи, щIэх-щIэхыурэ къилэжьырт чы цIынэр. Зэгуэр, Жан гъэсакIуэм хузэгуэпри, и таж пыIэм мывэкIэ еуэурэ къуаншэ ищIати, быдэу яукIауэ, зэщIэкIэзызэу щылът. Сыт хуэдиз удын имыхьами, зы «Iым» жимыIэу зригъэукIат, и зы нэпс къудами къехатэкъым. Ауэрэ, Жан къригубжьыжащ зэраукIыххам. Жэщыбгым, псори зэгъэжарэ жей IэфIым хэту, кIэпхъ цIыкIум даущыншэу шэщым зыщIигъахуэщ, хьэнцэ из шывей къихьри, таж пыIэ яузэхужам ирилъхьэри, гъэсакIуэ ябгэм и пэшым зыкъыщIигъэбзэхыкIыжащ. Нэхумыщым гъэсакIуэр гъуахъуэу къахэлъэдащ абыхэм. Чы цIынэм и пIэкIэ бжы псыгъуэ кIыхьыр Жан трикъутэну зигъэхьэзырауэ щыщхьэщылъадэм, Удынэ щхьэплъ бацэ цIыкIум и ныбжьэгъур фIэгуэныхь хъури, къэкIиящ: «Аракъым ар зыщIар! Сэращ!». Абдежым, Жан къыкIэрыщIауэ, нэрыбгей губжьам и бампIэр дыгъэ шыр цIыкIум и щIыфэ хужьым дилъхьэри, щIэкIыжащ. Жанрэ Удынэрэ къызэхуэнэжа нэужь, зызэрашэкIри, зэщыджэу, гъуэгыу тIури щысащ зыкъомрэ. Абдежым тхьэ зэхуаIуат а тIур псэуху зэныбжьэгъуну, сыт къэмыхъуами, афIэкIа зэи я нэпс къудамэ кърамыгъэхыну.

... Абы щыгъуи хуэдэу, иджы, и щIыфэм зы IэпапIи мыуфIыцIауэ имыIэу, Удынэ и Iэпкълъэпкъыр зэхэчэтхъат. Жан, и нэпситIыр къыфIыщIэжыну, ерагъыу зиIыгъыу аращ. ЛъэгуажьэмыщхьэкIэ щIым щысу, гъуэлъыпIэм кIэрысщи, и нэр къытримыгъэкIыу и ныбжьэгъум йоплъ, и бэуэкIэм щIодэIу.

ЩIыбымкIэ ефэ-ешхэ, дыхьэшх, зэрызехьэ макъ къыщоIу. Я зекIуэр къехъулIэну тхьэхэм йолъэIу нартхэр, мэуэтхэм я хьэщIэ лъапIэхэм хабзэ кIэлъызэрахьэ, хьэщIагъэ ирах. Дауи, ныщхьэбэрей жэщым хуэдэ зэи ямыIэжынри хэлъщ нэрыбгейхэм – апхуэдиз нарт лIыхъужь зэуэ куэдрэ зэхуэсыркъым. А IэмалрI зыIэщIагъэкIынукъым нэжьгъущIыдзэм. КъагуроIуэ абыхэм нарт хахуэхэм щIэблэ узыншэ, лъэщ, къарууфIэ зэрадэбгъуэтынур. Аращи, къапэщылъ зауэм нэрыбгейхэр къелмэ, мазибгъу нэхъ дэмыкIыу, хъыджэбз быдэ цIыкIухэр тыгъэ хуащIынущ мэуэтыдзэм.

– Дауэ щыт Удынэ? – Жан и гупсысэхэм къыхишыжащ цIыхухъу макъ гуэрым.

КъызэплъэкIмэ, Алэдамэ бжэблыпкъым итщ.

– СщIэркъым! Мэжей укъимыщIэу, – нэщхъейуэ жиIащ Жан.

Алэдамэ и щыпэтэкъым цIыху сымаджэ, ауэ, зэи хуэмыдэжу, и гур къидзэкъыкIащ пIэм иукъуэдия бзылъхугъэм щыщхьэщыхьэм.

– Хьэлъэу мэбауэ, и бгъэр хъей къудейуэ аращ, – занщIэу гу лъитащ щIалэм.

– Солъагъу! – щIыIэ-щIыIэу пидзыжащ абы нэрыбгейм, мыарэзыуэ.

– Ар тэмэмкъым, щIыунэм щаIыгъамэ, щIыIэ хыхьэри, и тхьэмбылыр икудауэ аращ, е къупщхьэ гуэр къутэри хэуэжауэ аращ, – хуегъэфащэ, IэзэкIэм мащIэу хэзыщIыкI щIалэм.

– Сыт-тIэ тщIэнур? – пIейтейуэ, псынщIэу къызэфIоувэ Жан.

Алэдамэ абы жэуап иримытыжу, гъуэлъыпIэм бгъэдолъадэри, Удынэ и бынжэм нэс мыщафэр ирегъэкIуэтэх, нэрыбгейм и пкъы пцIанэр къыщIэщу.

– ПщIэр сыт, цIыхухъу, мыр пцIанэщ! – и макъым зригъэIэтащ нэрыбгейм.

ЩIалэр зэрыщымщ. И Iэр къызэщIигъаплъэу, зэрегъэIуэтри, щабэ дыдэу гъуэрыгъуэурэ тоIэбэ Удынэ и шхулъэхэм[1]. Псощ, лажьэ яIэкъым. И дзажэналъэхэмкIэ къоIэбых, зырызурэ тоIэбэ, бгъэгу̀кIэм[2] нэс и Iэпэхэр иригъажэурэ. Ахэри псощ. Хуэсакъыпэу бгъукIэ егъэгъуэлъри, и тхыцIэр, блэгъур, блэгъукIэр къепщытэ. И къупщхьэхэр псощ. Ауэ щыхъукIэ, тхьэмбылым щIыIэ хыхьэри, бэгауэ аращи, икIэщIыпIэкIэ хущхъуэ иумыхьэлIэмэ, хьэуа хуримыкъуу лIэнущ.

– Уашхэ дагъэ бгъуэтыну иджыпступцIэ? – зыхуегъазэ абы Жан.

– Сылъыхъуэнщ, – бжэмкIэ мажэ нэрыбгейр.

– Къыумыгъуэту хъунукъым. ИтIанэ форэ санэ хужьрэ къэхь, хъыдан къабзэ щIыгъуу, – кIэлъоджэ абы Алэдамэ.

Жан и щхьэр ещIри, зегъэбзэх.

Бжэблыпкъым и лъэныкъуитIымкIи щыфIэдза мафIэм мащIэу къигъэнэхуу аращ Удынэ и пэшышхуэр. Жыгеибжэ Iувышхуэр зэрызэIулIа гъущI кусэм топщIыпщIыкI а нэхури, жьым игъэхъей жыг къудамэу къыпщегъэхъу. Бжэкъуагъым къуэт Iэнэ лъагэм кум-

[1] Шхулъэ – бгъэ къупщхьэмрэ блэгъукIэмрэ яку дэт къупщхьэ псыгъуэ кIыхь. /Ключица.

[2] Бгъэгу̀кIэ – дзажэзэрыхъэ. /Солнечное сплетение.

быгъэрэ гуэгуэн пщэ псыгъуэ кIыхьрэ тетщ, нэрыбгейр зэрызэпалъэщIыхьа хъыдан псыф лъы защIэхэри тепхъащ... ЩIым щылъщ пщащэм пIащIэу щатхъа дэщI екIур. Ари лъы защIэщ. Ауэ щыхъукIэ – удынышхуэ ишэчащ цIыхубзым. Алэдамэ и дзэр зэригъэшхащ, Удынэ апхуэдиз лей къезыхам хуэгубжьу. Щхьэ иутIыпщат?!

Мывэ блын щIыIэм кIэредзэ пIэм иукъуэдия пщащэм и ныбжьыр. Алэдамэ, хуэсакъыпэу, щIеуфэж пщащэри, бгъуротIысхьэ. Сыту дахащэ нэрыбгейр! ЗэкIужу къагъэщIащ тхьэхэм абы и Iэпкълъэпкъ лантIэр. НетIэ, гужьеяуэ, зыхимыщIами, иджыпсту къыгурыIуэжауэ аращ Алэдамэ, бзылъхугъэ Iэпкълъэпкъ пцIанэм зэрытеIэбар. И дзажэналъэхэр къыщипщытэм и Iэгур зыщIэгъуэлъхьа бгъэ лъагэхэм я хуабагъэр, дамитIым тепхъа щхьэц гъуафэ-гъуаплъафэр, и шэху щIыфэм и щабагъыр... Иджыщ а псор щызыхищIар, я закъуэ къызэхуэна нэужьщ. Хъыджэбзым и нэбжьыц фIыцIэ кIыхьыр иIэту, и нащхъуэ щIэншэхэр никъуэзэтехыу, гуапэу къеплъу, и Iупэплъ хъуэпсэгъуэр зэтрихыу, щэху дыдэу «мыдэ къэкIуатэ» къыжриIэным зэрыщIэхъуэпсыр и щхьэм щынэсым, Алэдамэ къыщылъэтащ.

Сыт ар зищIысыр? Щхьэ и кIуэцIыр кърисыкIрэ? Щхьэ къэплъа, дэпым хуэдэу? Нэрыбгейр зэщIиубыдэу, зэи имыутIыпщыжу, еIущащэу, и щхьэц Iувым зыхиIубарэ, и Iэпэхэр хъыджэбзым и щIыбым иригъажэу зрикъузылIэну щхьэ щIэхъуэпсрэ? Щхьэ и пкъым зыкъриубгъуа а гупсысэм? Ар цIыхухъумрэ цIыхубзымрэ я зэхуаку къыдэхъуэ къызэрыгуэкI хъуэпсапIэ, хьэмэрэ нэхъ куу гуэр?



Алэдамэ щыщтэжат и гупсысэр зэщIэзыщта гурыщIэм. Абы и гугъат бзылъхугъэ зэи емыплъыжыфыну, и бгъэгум икIуэдыкIа и гур зэи къимыхьэжыну. Ауэ, къызэрыщIэкIымкIэ, щхьэм унафэ хуэпщIкIэ, зэфIэкIыркъым Iуэхур.

Блыным фIэдза мафIэм и бзийхэр щIэджэгухьырт щIалэм и нэ фIыцIэм. И нэщхъыр зэхэлъу, и IэштIымхэр быдэу икъузарэ и щхьэр мащIэу ехьэхауэ, щытщ ар, къыпкърыхьа гурыщIэм къаруур иIэмкIэ пэщIэту.

– Ди тхьэ, мы си щхьэр къэмыуэ щIыкIэ зыгуэр къыщIэгъэхьэ пэшым! – мэбжэрыIуэ[1] ар, и нэр зэтрекъузэри.

УафэмкIэ зыгуэрым щызэхихыу, гущIэгъу къыхуищIа нэхъей, бжэр Iуихри, къыщIэбэкъуащ гуащэр.

– Алэдамэ! Сыт мыбдеж щыпщIэр? – къэуIэбжьащ НэтIасэ.

– ЕмыкIу сыкъыумыщI, гуащэ! Плъыртетым сыщIэупщIэну сыкъэкIуати, лъэрымыхь дыдэу къыщIэкIащ, – и нэгур зэхихыжри, хуиту къэбэуэжащ Алэдамэ.

– Сыт мы жыпIэр?! – пщащэм щхьэщыхьэщ гуащэри, и натIэм теIэбащ. – МащIэу пщтыру къысщыхъурэ?

– ДяпэкIэ щIидзэу аращ плъыржьэрым. Жан хущхъуэхьэ згъэкIуащ.

– Мы пщащэм Мэуэтейм куэд къытхуищIащ, Алэдамэ. Хуэфащэщ псэуну! – гугъэ хэлъу къыхуеплъэкIащ ар щIалэм.

– КъызгуроIуэ, – и щхьэр ирихьэхьащ Алэдамэ, Удынэ хъужыным езыри зэрыщIэхъуэпсыр игъэпщкIуу.

– Уэ къытхуумыщIа щыIэкъым, щIалэфI! Афэрым! ФIыщIэ пхуэсщIыну ныщхьэбэрей лъандэм узгъуэтыркъым. Тхьэхэм фIыуэ

---

[1] МэбжэрыIуэ – зыгуэрхэр къеIущэщ, тхьэм йолъэIу.

дыкъалъагъуу арагъэнщ, и чэзум хэкум укъыщІрашэлІэжар... Уэр мыхъуатэмэ, зы бэлыхь гуэр къытщыщІынти, – гуапэу пыгуфІыкІащ НэтІасэ.

Алэдамэ, псалъэр лейуэ къыщыхъури, и щхьэр ищІащ зэпІэзэрыту.

Абдеж Жан къыщІэлъэдэжащ, Алэдамэ жыхуиІа псори ІэщІэлъу.

– Хъунщ-тІэ, усІэжьэнкъым, щІалэ. Фи Іуэху фІы ирикІуэ! – НэтІасэ щабэу Жан и дамащхьэм теІэбэщ, гугъэ хэлъу Алэдамэ къыхуеплъэкІыжри, щІэкІыжащ.

– Сыт щІэн хуейр? – къытричырт Жан.

Алэдамэ уашхэ дагъэр мащІэу къигъэхуабэщ, дагъэ Ізбжьит Ірэ фо Іэбжьит Ірэ зэхищІэри, Жан къритащ.

– Мыр Удынэ и бгъэгум, и щІыбым, и джабитІым, и бгъэгукІэм нэсу, и лъэгум щыхуэ. ИтІанэ быдэу щІэуфэ, къэпщІэнтІэн хуэдэу. ФІыуэ къызэщІэпщІэнтІа, псы къыпыжа нэужь хъыданыр санэхум хэкухь, къузыжи, псынщІэу зэпылъэщІыхьыж. Абы и ужькІэ джанэ щытІагъи, зэрыжей и хабзэм хуэдэу, тепІэн тепІэж. Пщэдджыжь нэхъыфІ хъун хуейщ. Упэлъэщыну? – хуеплъэкІащ ар нэрыбгейм.

– Умыгузавэ! КІуэ, уи Іуэху зехуэ, – епІэщІэкІыу жиІащ Жан, и ныбжьэгъур зэрылъ гъуэлъыпІэм лъэгуажьэкІэ иувэри.

Алэдамэ бжэм нэсауэ нэрыбгейр кІэлъоджэ:

– Е, цІыхухъу! Упсэу! Си ныбжьэгъум узыншэу зыкъиІэтыжмэ, уи щІыхуэ стелъу бжы, – пыгуфІыкІащ хъыджэбзыр.

– Птелъщ-тІэ! – Удынэ зэрыхъужынуми, гъащІэм и фІыгъуэ дыдэр къазэрыпэщылъми шэч къытримыхьэу пыгуфІыкІри, Алэдамэ бжэр кърищэлІэжащ.

ЩІалэм и гур мафІэм исри яжьэ ихъухыжати, къыдрисейуэрэ и Іур дыдж къиищІым хуэдэу, гъащІэр ирихьэкІырт, зыри фІэмыІэфІу. Иджы... Пщэдджыжь акъужьым ирихьэжьэри, хьэуам хипхъэжащ сахуэр, ІэпкълъэпкъыркъригъэкъэбзыкІыжу. ИхъуреягъкІэ къигъэнэхуу, Алэдамэ и пкъым къыщызэщІэнащ нэгъуэщІ мафІэ... Япэрейм емыщхьу. А мафІэм зыри зэран хуэхъунукъым, ар Іэрыгъасэ ящІым хуэдэкъым. Ар щхьэхуитщ, гуащІэщ, къабзэщ, гухэхъуэу нэхъри къызэщІэнэ лыгъейщ. Щэхуу уи лъэр щІэзыхым, узышхым хуэдэкъым, атІэ къару къыпхэзылъхьэ, упсэуну гукъыдэж къыпщІэзыгъэхуабжьэщ, узыгъэгушхуэщ.

Алэдамэ иджы ещІэ зыхуейри, ар зэрызыІэригъэхьэну щІыкІэри. Лъахъэр зрихыжу, хуиту зызыукъуэдиижа цІыхущІэу, Алэдамэ Удынэ и пэшым къыщІэкІыжри, я хьэщІэхэм яхыхьэжащ.

*КъыкІэлъыкІуэнущ*

# АНЭГУКIЭ ГЪЭХУЭБА ПРОЗЭ



*Псори дыщыгъуазэщ сабий узыншэ цIыкIу дунейм къыщытехъэкIэ гуфIэгъуэрэ дэрэжэгъуэу абы къыпхилъхьэр зыхуэдизым. «Хэт-тIэ ар зымыщIэр, сыт узытепсэлъыхьыну абы хэлъри хэплъагъуэри», – жиIэу иувыкIыни щыIэнщ.*

*«... Унагъуэм сабий къахэхъуат. Пщащэ цIыкIу. НэкIу хъурей хужь цIыкIут. Щхьэц фIыцIабзэт. Нэ хъурей пIащэт, удзыфафэ щIэлъадэу. УдимыхьэхынкIэ Iэмал иIэтэкъым. «Пу мэшалыхь», жумыIэу уеплъыфыртэкъым... Адэм адрей сабий нэхъыжьхэр, и анэм илъагъуу, и куэщI зэи иригъэтIысхьатэкъым. Ауэ, хэт къилъагъуми фIэмыIуэхуу, мы кIэсыжыр абы и куэщI иригъэтIысхьэрт, игъэджэгурт, дридзейрт, къиубыдыжырт. АпщIондэхукIи зэрылъэлъу дыхьэшх сабийм адэр и нэ щхъуэпсхэмкIэ еубзэрабзэрт. (ЩIэстхъа псалъэхэм хэлъ къэгъэлъэгъуэкIэр Iэджи и уасэкъэ?!) А пщащэм адэм и мызакъуэу, куэд щыгуфIыкIат... Адэми, анэшхуэми, и къуэш-и шыпхъухэми, хьэблэми пщащэ цIыкIур кърахъэкIырти, анэм къыщылъысыжыр быдз щригъэфэнум дежт. Абы щхьэкIэ анэм зыри жиIэртэкъым. ЖиIэнури сытыт?! Гъуэгур я зэхуакуу къапэщыс унагъуэм я лIыр лэжьакIуэ къыщикIыжкIэ, накIуэпакIуэу дыхьэрти, сабийр я деж ихьырт. «Хьэуэ, уэдгъэхьынукъым», – жаIэу игъащIэкIэ унагъуэм исхэм я бзэгупэ къытыхуэнутэкъым. И Iэблэм тес сабийр къыщыгуфIыкIыу, и Iэпэ щабэ цIыкIухэмкIэ лIы накъэпакъэшхуэм и нэкIу Iув пхъашэм щепэщэщкIэ, лIыр гуфIэрт.*

*Ауэ анэшхуэр... Зыми и пщIыхьэпIэ къыхэхуатэкъым мамэ (арат анэшхуэм къуэрылъхухэр зэреджэр) а хъыджэбз цIыкIум апхуэдизу щыгуфIыкIыну. «Сэ къуэщ, тIасэ, сызыхуейр», – жриIэххэурэ, и нысэр аргуэру зы пщащэ цIыкIукIэ къыхуэупсат. Ауэ а кIэсыж цIыкIур Iыхьэлейм икIауэ фIыщэу зэрилъагъур зэрыжиIэн псалъэхэр абы хузэпыщэртэкъым. Къыгуэудауи, щытелъэщIаи щыIэу псалъэ анэшхуэм IупскIэ ипIа и къуэ закъуэм и кIэсыж пщащэ цIыкIум сыт щыгъуи жриIэр зыт: «уафэм къехуэха щыгъэ закъуэ...»*

*Прозэу тха усэ фIэпщми щыуагъэ хъунукъым, псоми япэ изгъэщауэ, сызытепсэлъыхь мы тхыгъэ гъуэзэджэ цIыкIур. Нэхъ къапщтэмэ, новеллэ е этюд фIэщ, аракъым нэхъыщхьэр. ГъащIэм, Iыхьлыгъэ жыхуэтIэм гуапагъэу, лъапIэныгъэу хэлъыр ущеджэкIэ къыппкърыхьэу зэригъэпсыфарщ, ди анэдэлъхубзэр акъужьым хуэдэу къызэрыпIурыуэрщ.*

*ТIэкIу дыхэвгъэплъэжыт фызыжьым и образыр тхакIуэм зэрызэIуищэ щIыкIэм. Анэшхуэр, «къыгуэудауи, щытелъэщIаи щыIэу» зэрыпсалъэм дыщыгъуазэщ, авторым къыджиIауэ. АдэкIэ докIуатэри, езы анэшхуэм дыхегъэгъуазэ и гупсысэкIэмрэ и жыIэкIэмрэ: «Сэ къуэщ,*



6 Заказ №352

*тIасэ, сызыхуейр...» КIэщIщ икIи гурыIуэгъуэщ. Нанэр елIалIэркъым «нысэм и лабораторием» хъэзыр щыхъур абы и закъуэ зэремылъытам.*

*КъегъэкIуэкI-негъэкIуэкI куэд хэмыту, авторым уи пащхъэ кърегъэувэ унагъуэ властыр зыIэщIэзыгъэкIыну зи мымурад фызыжь ткIийм и образыр. БлэкIа зауэжьым и зэранкIэ бэлыхь куэд зышэча, зи гъащIэр фызабэу езыхьэкIа анэшхуэр хуейщ лъэпкъым къупщхьэ хуэхъун къуэрылъху нэхъыбэ иIэну. Къэхъунур къохъури, хъыджэбз цIыкIу къыIэщIалъхьэ. Ар насыпышхуэу къыщIокI. АпхуэдизкIэ насыпышхуэщи, абы хуигъэфэщэн цIэ лей щIыгум щимыгъуэту, «уафэм къехуэха щыгъэ закъуэ»-кIэ еджэу щIедзэ.*

*Зауэм къызэринэкIа гъуэзым и кIапэлъапэу нобэрей гъащIэми хэплъагъуэр, зыкъэзыIэтыжа зэрыбыным я гуфIэгъуэр, цIыхугъэр, зэхущытыкIэ тэмэм зыдэль адыгэ хъэблэм гуапагъэу щызэIэпахыр... Куэд щызэпыщIащ мы тхыгъэ цIыкIум. МащIэрэ IэфIу икIи хуабэу щызэпыщIащ.*

*Сэ къызэрысщыхъуам тепщIыхьмэ, Мэлей ФатIимэ къищтэ темэ псоми, къигъэлъагъуэ дэтхэнэ теплъэгъуэми къару, къэуат яхуэхъур а хуабэр аращ.*

*«Гущэ къуапэ» зыфIища новеллэр (е этюд?) зытеухуа щIалэ цIыкIум илэжьыр икъукIэ гъэщIэгъуэнщ: абы етх зэикI имылъэгъуа, дунейм темытыж и анэшхуэм и сурэт.*

*«Сурэтым щыплъагъурт адыгэ фызыжь. Нэгу угъурлыт. МащIэ дыдэу зэтеха и Iупэхэм зыгуэр къаIущэщырт. И нэ гуапэхэр, зэгуэр удзыфафэ зыщIэлъадэу щытахэр, мащIэу текIыжат...*

*Нанэ и дунейр ихъуэжащ сэ сыкъытемыхьэ щIыкIэ. И нэ къыхуикIырт къысIуплъэну, гущэм сыхипхэну, сыщIиупскIэну, гущэкъу уэрэд сыщIигъэжеикIыну, ауэ... Сэрауэ пIэрэ-тIэ сурэтым къыхуэтыр?.. Умыгузавэ уэ, тIэкIунитIэ къыспэплъэж. Мис иджыпсту нэзгъэсынущ, – мэIущащэ щIалэ цIыкIур...*

*– Суха хуэдэщ, ауэ нанэ игу зэгъауэ пIэрэ иджы?*

*КъыIуокIуэтыжри... сурэтым къощ: анэшхуэм, гущэ къуапэр иIыгъыу, и къуэрылъхур щIегъэхъае, гущэкъу уэрэди щабэу къеIущэщ».*

*Анэшхуэр хунэсакъым Хъэзрит и гущэр щIиупскIэну. Дунейм къызэрытехьэрэ щIалэ цIыкIум зэхех имылъэгъуа анэшхуэм теухуа хъыбар зэмылIэужьыгъуэхэр. Апхуэдэурэ езыми къыгуроIуэ и нанэр иIэжатэмэ, и дунейр нэхъ дахэжу зэрыщытынур. Арати, езым и цIыкIущхъэмрэ (гущэм хэлъу) и нанэмрэ сурэт тхам, нэгъуэщIу жыпIэмэ, искусствэм, щызэрегъэгъуэтыж.*

*ЦIыхупсэм къыщекIуэкI жыхуэпIэр гъунапкъэншэщ. Сабийхэм я псэм и зэхэлъыкIэм балигъ къызэрыгуэкIхэм куэд Iей хэтщIыкIыу къыщIэкIынукъым, псом япэрауэ, цIыхухъухэм. Нэхъ хэзыщIыкIыр, дауикI, анэхэращ, псом хуэмыдэу анэ губзыгъэхэр.*

*ФатIимэ тегушхуэныгъэкIэ узэджэн къегъэлъагъуэ, псэм къыщекIуэкIыр къиIуэтэну и ужь щихъэкIэ. Апхуэдэ тегушхуэныгъэ (эксперимент жыхуаIэм нызэрыхьэсу) хыболъагъуэ тхакIуэм и новеллэ цIыкIухэм я нэхъыбэм. Апхуэдэхэм псом япэ изгъэувэнт «Зы жэщ» жыхуиIэ новеллэр, мэзым щIэгъуэщыхьа лIымрэ зи лъакъуэм уIэгъэ хъэлъэ телъ дыгъужьымрэ щакIуэ унэ бгынэжам зэрымытхъэлэу щIэсын зэрахузэфIэкIам теухуар.*

*Иримыгъэлеяуэ пIэрэ? Ярэби, къэхъункIэ хъуну пIэрэ апхуэдэр, жыпIэурэ уоджэ... Зэман докIри, уи гум къохъэж уIэгъэм зи лъэм тримыгъэувэ хъэкIэкхъуэкIэмрэ Iэщэу Iэдакъэсэ фIэкIа зымыIыгъ лIымрэ я зэпэщысыкIэр. Къарур къызэрыжьэдэпкъуэн гуэр ущимыIэм деж (акъылу е нэгъуэщI зыгуэру) псом нэхърэ нэхъыфIыр – ар къомэщIэкIыныр армырауэ пIэрэ? Апхуэдэ гупсысэхэм ухашэ мы новеллэм. ЦIыкIухэр апхуэдизым емыгупсысми хъунущ, ауэ сабийхэри балигъхэри зыгъэгупсысэн тхыгъэщ мыр, жытIэмэ, дыщыуэну си гугъэкъым.*

*ФатIимэ цIыкIухэм я псэм, я хъэл-щэным и зыужьыкIэм фIыуэ зэрыкIэлъыплъым щыхьэт техъуэ щапхъэ куэд и новеллэ, этюд, прозэкIэ тха усэхэм къыхэпхыфынущ.*

*«Мазэр хэIэжыну щIидзами, мастэ пIэпыхуамэ къэпщтэжыну, жэщыр нэхущ. Жыг хадэм щыубгъуа щIакIуэм щIалэ цIыкIуитI зэдытетщ. Пхъэ къамэ Iэпщэхэр IэдакъэкIэ яIыгъыу, лъэбакъуэхъуу иувыкIахэщ. Зыр зым поплъэ, щIакIуэм здытетым хъурейуэ къокIуэкI.*

*– Еуэ, къыщIэдзэ, ущэнауэу куэдрэ ущытыну, – зыхуэмышыIэ пщтырафэу, зыр къытреч.*

*– ХьыI! Абы и гугъэрелъ! Къэрабгъэр япэ мауэ, къысхужыпIэжыну ара? Нэхъ къэпщтэнти!»*

*Зэзэуэнуи хуеищэ мыгъуэтэкъым мы щIалэ цIыкIуитIыр.*

*«НтIэ, сыту пIэрэ иджы къэхъужар? КъызэрыщIэкIымкIэ, я хъэблэгъу пщащэ щхъэц баринэ цIыкIум нэхъ нэлейкIэ еплъхэу гу зылъатэжауэ, арат я щхъэусыгъуэр...»*



*ЗокIуж щIалэ цIыкIухэр. Зэзэуэфакъым. ФIыуэ зэролъагъу а тIур. Сабийхэр абы щыгуфIыкIыну къыщIэкIынщ. Арами, балигъхэр япэкIэ плъэуэ гупсысэнуми – хуитщ.*

*Ярэби, мыхэр лIыпIэ иува нэужь зы бзылъхугъэ дахэшхуэ тIуми фIыуэ зэдалъагъумэ, фIырыфIкIэ зэпикIуэтыфыну пIэрэт? ТхакIуэм игъэувыркъым апхуэдэ упщIэ. Тхылъеджэр хуитщ игъэувыну: сабийхэр хохъуэ, заужь, я хъэлми зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр къыщокIуэкI.*

*«Iэдэб», «гу щабагъэ» жыхуэтIэхэм цIыкIухэм я псэр теухуэн къалэныр зэикI зыщигъэгъупщэ хуэдэкъым тхакIуэм, ауэ «натIэгум ираубыдэ» гъэсэныгъэ лэжьыгъэ иригъэкIуэкIыркъым. ЗэрыжаIэу, «къыхэмыщу мадэ».*

*«Аслъэн гъуэлъыжрэ пэт и ныбжьэгъум и фий макъ къызэхихащ. Ар щыщIэкIым къилъэгъуащ и ныбжьэгъур уафэм зэрыдэплъейр.*

*– Сыт къыпхурадзыхыну узыхуейр? – дэгушыIащ Аслъэн ныбжьэгъум.*

*– Зыри. НакIуэ, джабащхъэм дытегъэс, – жиIащ Арсен...*

*– Еплъыт-тIэ мо мазэм! Мазэгъуэ жэщщ ныщхъэбэ. Абы зы пшэкIухь иIэщи, плъэгъуащэрэт...*

*– Мазэгъуэ жэщщ, жыпIа? ПшэкIухь иIэуи? Мазэр сыт хуэдэ? Дахэ?*

*Аслъэн зэуэ къызэIынащ: «Еплъыт» жысIэн хуеякъым. Дауэ къызжьэдэхуа? И нэхэм ямылъагъумэ, сыткIэ зэреплъынур? Сыту хуабжьу сыхэуа! Мис аращ щIыжаIэр: гупсыси псалъэ... Ныбжьэгъум и жагъуэ сщIащ».*

*ГъэщIэгъуэнщ, мащIэуи укъегъэнэщхъей зи нитIым ямылъагъу щIалэ тхъэмыщкIэм и монолог цIыкIум.*

*«– Сэри сыт уи гугъэ мы джабащхъэ тесыныр щIысфIэфIыр? Мыбы сыщытесым деж мазэри вагъуэхэри слъагъуу... нтIэ, пэж дыдэу слъагъуу къысщохъу».*

*Мэлейм итха псори щапхъэщ, жысIэу сиувыкIыркъым сэ. Мыращ кIэщIу жысIэр: сигу ирохъ, нэхъ къехъулIахэм сагъэгуфIэ. Сабий литературэм и зыужьыныгъэм телажьэ «Нур» журналым сыщыщIэса илъэсипщIым зэман сиIагъэнщ сабийхэр зэгъэджапхъэу диIэмрэ дызыхущыщIэмрэ къэсщIэну. Ар зыуэ. ЕтIуанэу: сэ згъэунэхуа Iуэхущ къэбэрдей литературэм зы щIэ гуэр къыхэплъхъэныр гугъурэ тыншрэ. ИкъукIэ гугъущ.*

*Сэ сызыщыгъуазэщ мы сызыщытхъу тхыгъэ цIыкIухэр зейм къыхуэзымыгъэдэха зэрыщыIэм. А къыхуэзымыгъэдахэхэми ер я гум илъу ара хъункъым, къагурымыIуауэ арагъэнщ.*

*Мэлей ФатIимэ ди сабий литературэм щIэ къыхехьэ: бгъэдыхьэкIэщIэ, къэгъэлъэгъуэкIэ щIэщыгъуэ, Бахъсэн аузым и хъэуакIэ ягъэбэуа адыгэбзэ къабзэ, «мащIэрэ IэфIу» жозыгъэIэ стиль. И стилыр «хъэзыру» литературэм къыхыхьа куэд сэ сщIэжыркъым. Дэгуэн хуейуэ аракъым апхуэдэ лэжьэкIэ къэзыгъэлъэгъуэф «макъыщIэхэр». Дылъыхъуэу къэдгъуэтын хуейуэ аращ.*

**БЕЩТОКЪУЭ Хьэбас,**
*КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ*



*Рассказ кIэщIхэр*

МЭЛЕЙ ФатIимэ

# Гущэ къуапэ

*БлэкIа лIэщIыгъуэм псэуа*
*анэшхуэхэм фэепль яхузощI*

Хьэзрит щIын иуха сурэтым лъэбакъуитI-щыкIэ къыбгъэдокIуэт. И щхьэц Iув кIыр къехуэхар и Iэпэ краскэ защIэхэмкIэ дрилъэщIеижурэ, и IэдакъэщIэкIым йоплъыж. «Ещхьу пIэрэ? Хьэмэрэ емыщхь? Емыщхьми, сурэтыр къызэхъулIа? Езым илъэгъуамэ, сыту пIэрэт жиIэнур?»

Сурэтым щыплъагъурт адыгэ фызыжь. Нэгу угъурлыт. МащIэ дыдэу зэтеха и Iупэхэм зыгуэр къаIущэщырт. И нэ гуапэхэр, зэгуэр удзыфафэ зыщIэлъадэу щытахэр, мащIэу текIыжат.

Хьэзрит анэшхуэм и сурэт ищIам йоплъыж. БгъэдокIуатэри, зы щIыпIэм деж краскэ тIэкIу щецIэлъыж, адрейм деж IэпапIэ хуэдиз щыкIэрегъэкIыж. Анэшхуэм и нитIым щIоплъэ... «Пэжу пIэрэ? Къысщыхъурэ?»

И Iэ ижьыр и жьэпкъым щIегъакъуэри, сурэтым гупсэхуу йоплъ. «Нанэ и нэм гукъанэ гуэр щIэслъагъуэрэ, жызоIэ. Зыгуэр игу къеуэрэ? НэщхъыфIэу сыхуейщ, жысIэурэ нэщхъей сфIэхъуа? СытеIэзэщIыхьыжын и нэхэм? Е хуэмейрэ?»

Краскэ зэмыфэгъухэр къещтэ, зэхелъхьэри, чэтэным щабэу щецIэлъ. КъыIуокIуэтри йоплъыж. Игу ирихьыркъым. «Хьэуэ, хъуа-

къым». ПІащІэу трегъэкІыж. Шэнт лъахъшэ къещтэри, сурэтым и пащхьэм йотІысхьэ. «Си адэ шыпхъу нэхъыжьыр ещхьу жаІэти, абы тесщІыкІащ. Бостей джэдгыныфэр, ныкъуэтекІыж хъуа и кІэпхын къуэлэнышхуэр, и щысыкІэр, и плъэкІэр, и Іэхэр... Нанэ и дунейр ихъуэжащ, сэ сыкъытемыхьэ щІыкІэ. И нэ къикІырт къысІуплъэну, гущэм сыхипхэну, сыщІиупскІэну, гущэкъу уэрэд сыщІигъэжеикІыну, ауэ... И Іупэхэр мащІэу зэтехащ. Сыту пІэрэ къаІущэщыр? Гущэкъу уэрэду пІэрэ? Сыхипхэнут гущэм... СыщІиупскІэнут... Сэрауэ пІэрэ-тІэ сурэтым къыхуэтыр..?»

И нэгу къыщІыхьа теплъэгъуэр ІэщІэхункІэ гузэвауэ, Хьэзрит зэуэ къыщолъэт, шэнт лъахъшэр щхьэпридзу. Краскэхэр къепхъуатэри, гупсысэр лъэщІэмыхьэу, и Іэпэхэр сурэтым ирожэ.

– Умыгузавэт уэ, тІэкІунитІэ къыспэплъэж. Мис иджыпсту нэзгъэсынущ, – мэІущащэ щІалэ цІыкІур.

И щхьэц Іэрамэ къехуэхащ. Гу лъитэххэкъым. ПогуфІыкІ. И Іэпэхэр, нэр темыпыІэу, сурэтым ирожэ.

– Иджыпсту, куэд къэнэжакъым. Зы джэдуукІэ хуэдизщ.

ИкІэм-икІэжым, и Іэпэ краскэ защІэхэр, иужьрей дыдэу, чэтэным ирегъажэ.

– Суха хуэдэщ, ауэ нанэ игу згъэзэгъауэ пІэрэ иджы?

КъыІуокІуэтыжри... сурэтым къощ: анэшхуэм, гущэ къуапэр иІыгъыу, и къуэрылъхур щІегъэхъае, гущэкъу уэрэди щабэу къеІущэщ.



# Музыкэм и дуней

Алий, и щхьэр пІэщхьагъым зэрынэсу Іурихри, таурыхъ мэзым къыщІэхутащ. ИІыгъ скрипкэр лъахъстэн къэлътмакъым ирилъхьэжурэ зеплъыхь, погуфІыкІ. ИхъуреягъкІэ плъыфэбэщ: щхъуантІэщ, къащхъуэщ. плъыжьщ, шакъафэщ, морафэщ, джэдгыныфэщ. Алий дэтхэнэ плъыфэми псэкІэ едэхащІэу здэщытым, хуейм щыхъуакІуэ алъп шыщІэр къыбгъэдэлъэдащ:

– Укъэсаи... Сыту фІыт! ИІэ, неужьэркІ, къытпоплъэ. Уи скрипкэри пІыгъи?!

– Скрипкэр къыздэзмыщтэу, сэ зыщІыпІи сыкІуэркъым. Дэнэ дыздэкІуэнур? Къытпэплъэри хэт?

– Мазэм дылъэтэнущ. Абы щыІэ Бэч куэд щІауэ уэ къыппоплъэ.

– Бэчи?.. Хъунщ-тІэ.

Алий алъпым зэрышэсу, шыщІэм и къаз-дамэхэр лъэщу щІиупскІэурэ уафэгум ихьэри, Мазэм къыщыхутащ. Шым къызэрепсыхыу, абы гуфІэу къыпежьащ къамыл зыІыгъ мэлыхъуэр:

– Къеблагъэ, си къуэш. Сыту фІыуэ укъэкІуа! Уи скрипкэр...

– Си скрипкэр дэнэ кІуэжын? Мыра къамыл жыхуаІэр? Зэи слъэгъуакъым.

– Мэ-тІэ, еплъ.

Бэч кърита къамылыр Алий фІэгъэщІэгъуэну зэпеплъыхь, йопэщэщ, толъэщІыхь. ИтІанэ къамылыр Бэч хуешиижри, и нэ къабзэ пІащэхэр хъуапсэу мэлъаІуэ:

– СебгъэдэIуэфын мы Iэмэпсымэм и макъамэм?

Бэч пыгуфIыкIыу къамылыр къиищтэри, мыпIащIэурэ и Iупэм хуихьащ. Абы и Iэпэхэр къамылым зэрытригъэджэгухьым Алий здеплъым, макъамэ щабэ дыдэ къэIуащ.

Ар зэрызэхихыу сабийм, игури и псэри макъамэм итхьэкъуауэ, къамылым зыхуишияц. Ауэрэ къамыл макъамэм зешэщI, зеукъуэдий, мазэр зыхэсыхь хьэуам хобзахэ.

Алий скрипкэр къепхъуатэ, ар и дамащхьэм Iэрыхуэу трелъхьэри, къамылым щIэдэIуурэ, бзэкъур бзэпсым хуэсакъыпэу щхьэделъэфэх... Щегъэтыж. ЛъегъэIэсри, егъэзу... Щегъэтыж. Къамылапщэм и щхьэр къыхуищIащ, тегушхуэт уэ, жыхуиIэу. Алий бзэкъур щабэу бзэпсым трилъхьэри иришэжьащ. Ауэ тэлай дэкIауэ къыгурыIуащ скрипкэр къамылым къызэрыкIэрыхум. Бзэкъур ирихьэхыжри, къамылым гукIэ дежьууэрэ, и бэуэкIэр къиубыдащ. МыпIащIэурэ Iэмэпсымэр абы триухуэри... сыт телъыджэ: скрипкэмрэ къамылымрэ я гъусэу езым и псэри ежьащ.

Бэчрэ Алийрэ я музыкэ зэщIэжьыуэр мазэ хьэуа шэжыпсыфэм хэжэбзащ.

Акъужьым музыкэр ипхъуатэри, щIылъэм ирихьэхащ. Ар къурш бгыщхьэ папцIэхэм зууэ ялъэIусри, зиубгъуурэ къекIуэтэхыжащ. ИтIанэ акъужьым музыкэр мэзым щIигуэшащ. Псэущхьэхэмрэ къуалэбзухэмрэ, музыкэр зэрызэхахыу, зэщIэумэзэхащ. Мэз джэдым ещакIуэ бажэ щэхурыпхъуэр, зэхихыр и фIэщ мыхъуу, зэщIэувыIыкIащ. КъыIэщIэщIэ пэта щIэщхъум ириукIытэжри, бажэр тесабыращ. КъэкIыгъэ тхьэмпэхэр музыкэм зэрыдежьур мэз джэдым зэхихащ.

Акъужьым ари фIэмащIэ хъури, музыкэр къуэдыджым дихьащ. Абы и лъащIэм къыщыщIэж псынэ жейбащхъуэр игъэкIылащ. Псынэм, къибыргъукIри, и напIэхэр нэхъ ину къызэтрихащ.



## Сэлэтым и фэеплъ

*Зауэм хъыбарыншэу хэкIуэда*
*Къуэдзокъуэ Бэч и къуэ Чэрим*
*и фэеплъу*

ПшапэхуегъэзэкIщ. Зэхэуэ гуащIэр тэлайкIэ щызэпыум, сэлэтым и псыхуэлIэр къэетэжащ.

– Бетэмал, псы Iубыгъуэ закъуэ. Псы Iубыгъуэ... Дунейм дауэ псы сефа хъуну? Къыздисхынури дэнэ? Гъусэ сиIамэ, зыгуэр къэзгупсысынт. Ауэ си закъуэ дауэ... СыздэкIуэнур дэнэ? Псы лъыхъуэ сежьауэ, бийр къежьэмэ-щэ? Си «максимкэ» закъуэращ псоуэ къытхуэнэжар. Хьэуэ, сыIукIыныр ажалым хуэдэщ... «Псы Iубыгъуэ, абы фIэкIмэ, сымэхыпэнущ», – здыжиIэм, шэ ярылъу къэнэжа ашыкитIыр зимыIэтыщэурэ зрелъэфалIэ. Ашыкыщхьэхэр трехри, шэхэр зэрылъ лентIхэр «максимкэм» и гъунэгъуу егъэтIылъ. Езыр окопэ джабэм хьэмбыIуу кIэротIысхьэри, и напIэхэр къыфIощэтэх... псынэпс

къыщIэжым ефэну зригъэзых пэтрэ, и щIыбагъымкIэ Iэуэлъауэ щызэхехыр. КъызоплъэкI... и напIэхэр къызэтрехри: щIалэ гъур цIыкIу окопэ джабэм кIэрысщ.

– Ухэт? Узыхуейри сыт? – ерагъыу егъэпIэжьажьэ и Iупэ гъущIахэр.

– Сэ мо къуажэм сыщыщщ, – и щхьэр ещI къыздикIа лъэныкъуэмкIэ. – Гъуэмылэ къыпхуэсхьащ, – здыжиIэм, хъуржыным кърех кIэзет гъуабжэм кIуэцIылъ чыржынымрэ кхъуейхьэл ныкъуэмрэ.

Иджыри зыгуэр кърихыну пIэрэ, жыхуиIэу сэлэтым и нэр хъуржыным тенащ.

ЩIалэ цIыкIур аргуэру йоIэбэ. Зы птулъкIэ щхьэ быхъу, и зэхуэдитIым нэс шэ иту, кърехри сэлэтым хуеший.

– Мыр?! – жери занщIэу мэIэбэ, птулъкIэр егъэщIейри ireф. И Iупэр илъэщIыжурэ къыпогуфIыкI:

– Тхьэразэ къыпхухъу, щIалэфI. Псы щхьэкIэ сымэхырт... – жиIэурэ чыржынми кхъуейми хуищIэу фIыуэ йодзакъэри, итIанэ... зыкъещIэж. – Мы зауэ губгъуэм емынэм укърихуа?! Шэ цIыва къыптехуэмэ-щэ?

– ИджыпстукIэ щымщ. «Уи адэри зыщIыпIэ щозауэ. Шхын тIэкIу сэлэтхэм Iузгъэхуэфамэ, хэт ищIэрэ, уи адэм къэрэгъул бжыхь хуэхъунт. Сэ сыкIуэнщ», – жиIэри си анэм гъуэмылэ зэрилъхьат. Ауэ сэ хуэздакъым. Сэ, пщIэрэ, джэдум сыхуэдэщ... Зыми гу къыслъитакъым. Уи «максимкэм» и макъым уи деж сыкъишащ.

ТэлайкIэ щыму щытри, абы къыщIигъуащ: «Иджыри зыгуэр ухуей?»

– ЖыпIэр сыт? А къысхуэпщIам уасэ иIэкъым, щIалэфI. КIуэ, иджы кIуэж.

– НэгъуэщI мыхъуми, псы къыпхуэсхьынщи, итIанэ сыкIуэжынщ, – жеIэ щIалэ цIыкIум.

«Псы» псалъэр зэрызэхихыу, сэлэтыр къоIэнкун. Ар сабийм къегъэсэбэпри:

– Мыбдежщ псынэри, жыжьэкъым, уэ умыгузавэ, – жи.

– ЩIым зыхэудыгъуэ, ауэ къудеи уи щхьэр къыумыIэт, – жери, сэлэт псылъэр хуеший.

ЩIалэ цIыкIум ар къепхъуатэри, пшапэ зэхэуам хобзахэ. Ар къызэрыта сыхьэт ныкъуэм сэлэтым къигузэвам ущIэмыупщIэ. Сабийр зэриутIыпщам хущIегъуэжауэ, зыкъытриIэтыкIрэ зиплъыхьу, зэщIэдэIукIыу зэманыр игъэкIуащ. Ауэ, мес, хэпщIыкI къудейуэ Iэуэлъауэ зэхех, тэлай докIри, щIалэ цIыкIум и щхьэр къелъагъу... уэху-ху-ху. Хуиту мэбэуэж.

ЩIалэ цIыкIум, псалъэмакъыншэу, псылъэр къыхуеший. Сэлэтым ар зэщIеубыдэри IэплIэ хуещI. «Ди тхьэ, къэхъумэ мы сабийр. Плъагъуркъэ сэ мы лIыхъужьым къысхуищIар! Дэ Iэмал имыIэу бийм дытекIуэнущ», – мэIущащэ ар.

– Иджы кIуэж, уи анэр гузавэу къыщIэкIынщ, – жиIэри, дэIэпыкъуурэ щIалэ цIыкIур окопэм кърыгъэкIыжащ.

Абы и ужькIэ, хьэрэкIытIэхэр драгъэуейуэ зэхэуэм щIадзэжыху, сэлэтыр сабийми и адэми тхьэ хуелъэIуащ.

... Губгъуэжьым щекIуэкIа зауэр иухащ. Къуажэ гъунэгъухэм къикIа лIыжь-фызыжьхэмрэ сабий нэхъ балигъыIуэхэмрэ сэлэт хэкIуэдахэр зэхуахьэсыж. Зы щIалэ цIыкIу гуэр танкым зэхивыхьа щIыпцIэм, зэгуэр окопэу щытам, щхьэщытщ. Абы и гур къогъыкI. Зэуэ абы къелъагъу щIыгулъым къыщIэщ сэлэт псылъэр. ЩIалэ цIыкIум ар Iэрпхъуэру къыщIехыж. Сэлэт псылъэр зэхэушкумбат. Тхьэмахуэ ипэкIэ псы иту гуфIэу къыщихьым и Iэпэхэм къыфIэна хьэрфым гукIэ толъэщIыхь, и нэпсыр псылъэм тежабзэу.

# Зы жэщ

Уэс хъуэтым мэзыр гущIэгъуншэу иудынышщIэрт. Абы хузэфIэкIынур игъэлъагъуэ хуэдэт. Хьэуа щIыIэм щызэрызехьэ уэс пхъашэм нэр игъаплъэртэкъым. Зи щхьэр ехьэхауэ кIуэ мэзыхьэр жыг укIуриям жьэхэуащ. КъыпимыкIухьу щыщхьэпрыпщым, и лъэбжьанэр, лъыпсыр къижу, фIитхъащ. ЩIыIэр зэуэ уIэгъэм бжьыбжьу епхъуащ. Ар хэщэIукIри, занщIэу етIысэхащ. Мэзыхьэм и кIэбдз лъакъуэр зэпиплъыхьырт, ауэ уэс зэрызехьэм дахэ-дахэу иригъэлъагъуртэкъым. ЛъакъуищкIэ ерагъыу зэфIэту мэзым кIуэцIрыплъа щхьэкIэ, зи гъуса мэзыхьэхэр къыхуэлъагъужакъым. Гупым къакIэрыхуащ.

Мэзыхьэм псей жыг къигъуэту борэныр теужыху абы кIэщIэсыну мурад ищIащ. Борэным еныкъуэкъуу здэкIуэм, щакIуэ унэ бгынэжам, зи бжэр жьыбгъэм иридзылIэм, имыщIэххэу Iууащ. Ар сакъыу щIыхьащ абы. Унэ кIуэцIым цIыхумэ ауэ къудеи къыщIихыртэкъым. ПлIанэпэр е къуэгъэнапIэ гуэр къилъыхъуэурэ зыгуэрым жьэхэуэри, и лъакъуэр игъэузыжащ. Ар мащIэу хэщэIукIащ. ПлIанэпэм зыдигъэзэгъа къудейуэ, унэм цIыху къыщIыхьащ. Борэным еныкъуэкъуурэ абы бжэр ерагъыу къыхуищIри, Iэбэрабэурэ бжэкъуагъым къыщигъуэта баш гъум кIэщIыр бжэкъум иригъэлъэдащ. ЦIыхум хуэму зыкъиплъыхьурэ и джэдыгум уэсыр кIэригъэщэщщ, гъуэлъыпIэр къигъуэтри, зригъэщIащ.

АдэкIэ плIанэпэм къуэс мэзыхьэр абы занщIэу зэрытемылъам хущIегъуэжауэ, ищIэнур имыщIэу зимыгъэхъейуэ щылът. И лъэбжьанэ фIэтхъам щIыIэ зэреуам игъэщхьэлажьэрт. Уащхъуэдэмыщхъуэу иджы зридзыжыфынутэкъым щакIуэм. Ар зэрыщакIуэм мэзыхьэм шэч къытрихьэртэкъым. НэгъуэщI къэкIуэнутэкъым щIымахуэу мэзым. Ар мэзхъумэуи мэзыхьэм и гум жиIэртэкъым. «ЩакIуэщи, бланэщ, къарууфIэщ, дэтхэнэ псэущхьэми и пIалъэ ещIэ. Ауэ сыту пIэрэ хьэ щIимыгъусэр? Хьэм занщIэу лъымэри мэзыхьэм и мэри къыщIихьэнут. Мис итIанэ сыкIуэдат. Си лъакъуэм лъыпсыр къыфIэжу, сэ тIуми сапэлъэщынутэкъым. Сытми, си насыпым кърихьэкIщ, щакIуэм и закъуэу къыщIэкIри, гу къыслъитакъым. Апхуэдэу щыщыткIэ, зызмыгъэхъейуэ си къуэгъэнапIэ сыкъуэсыжынщи нэхъыфIщ. Борэныр

теужыхущ езыри мыбы зэрыщIэсынур. Сэри, дунейр мамыр хъужмэ, си гъуэ секIуэлIэжынщ».

Борэн щIэфиихьыжым мэзыр игъэтхьэусыхэрт.

«Унэ кIуэцIыр щIыIэми, борэн етам ухэт нэхърэ нэхъыфIщ. Дэнэ къикIа мы борэн емынэр? Къепщэн щIимыдзэ щIыкIэ мэзым сыщIэкIыжыфын си гугъами, сыщыуащ. Бетэмалу къызихьэлIат мы щакIуэ унэр. СыздэкIуэм занщIэу си пащхьэ къихутащ. Зэт! Мэ гуэр къысщIехьэ... Лъымэ хуэдэ? Дэнэ мыбы лъымэ къыздикIынур? КъысфIощI. Борэн етам Iэуэлъауэ гуэри зэхызигъэхынукъым. Хьэр щызимыIэжым, си закъуэу сыкъежьэн хуеякъым. Ныбжьэгъу пэжу сиIа Лъэбыху жьы хъури лIащ. Иджы абы и пIэм изгъэувэжын хьэпшыр сыхуейщ. Жыжьэ сыIукIынкъым, жысIэурэ, мэзым сыкъыхыхьэIуащ, борэнми зэуэзэпсэу зыкъызэкъуихащ. Мыбы зыгуэр щIэсу щхьэ къысщыхъурэ? Си псэм жеIэ мы щакIуэ унэр ныжэбэ хэщIапIэ зыщIар си мызакъуэу. Сэ си япэ мыбы зыгуэр къыщIихуащ борэным. Си нэр кIыфIым есэмэ, мафIэдз щIэзгъэнэнщ, жысIэурэ сызэремыпIэщIэкIари нэхъыфIщ. Къызжьэхэлъэну щытамэ, занщIэу зыкъызидзынут. Апхуэдэ къыщымыхъуакIэ, езыми зиущэхуауэ къуэгъэнапIэ гуэр къуэсщ. УIэгъэуи къыщIэкIынущ, лъымэр зэзэмызэ къысIуроуэ. Хэт ищIэрэ, си сэм и кIыр Iэрыхуэу субыдынщ. АфIэкIа хьэ си мыгъусэу мэзым лъапэ къыщIэсшиенкъым. Ялыхь, узыншэу си унэ сынэхьэсыж».



Нэху щыху щакIуэми мэзыхьэми я нэбдзыпэ къехакъым.

Пщэдджыжьыпэм борэныр сабырыжащ. ЩакIуэм, зэрышынэр имыгъэлъэгъуэн хьисэпу, хуэм-хуэму, зигъэжьажьэу, ауэ зыщIыпIэкIи зыщимыплъыхьу, бжэр Iухауэ къигъанэри, къыщIэкIыжащ щакIуэ унэм. Абы шэч къытрихьэртэкъым псэущхьэ уIэгъэми, тэлай дигъэкIыу, а унэр къызэрибгынэнум.

## ШэмыгъапцIэ жэщ

Мазэр хэIэжыну щIидзами, мастэ пIэпыхуамэ къэпщтэжыну, жэщыр нэхущ. Жыг хадэм щыубгъуа щIакIуэм щIалэ цIыкIуитI зэдытетщ. Пхъэ къамэ Iэпщэхэр IэдакъэкIэ яIыгъыу, лъэбакъуэхъуу иувыкIахэщ. Зыр зым поплъэ, щIакIуэм здытетым хъурейуэ къокIуэкI. Япэ уэн къащыхэмыкIкIэ:

– Еуэ, къыщIэдзэ, ущэнауэу куэдрэ ущытыну, – зыхуэмышыIэ пщтырафэу зыр къытреч.

– ХьыI! Абы и гугъэрелъ! Къэрабгъэр япэ мауэ къысхужыпIэжыну ара? Нэхъ къэпщтэнти, – шыIэныгъэ и макъым къыхэщу, къыпедзыж щIалэ цIыкIу напщIэхум.

Аргуэру хъурейуэ щIакIуэм къызэдокIуэкI. ЗэпэщIокIуатэ, йокIуэтыжхэр. Япкъхэр япэкIэ шияуэ, зэрылъэбакъуэхъуу щытхэщ. Яхуэмыгуэшар сыт зэныбжьэгъуитIым? МывэкIэ зэзэуами, нэхъ лъэщыр зэхагъэкIыну зэбэнами, IэштIымкIэ я нэшкIулхэр зэхущIаудыжами, зэкIужурэ къызэдогъуэгурыкIуэ, адакъэщIэ нэхъей, ныщхьэбэ зэпэува а щIалэ цIыкIухэр.

НтIэ, сыту пIэрэ иджы къэхъужар? КъызэрыщIэкIымкIэ, я хьэблэгъу пщащэ щхьэц баринэ цIыкIум нэхъ нэлейкIэ тIури еплъхэу гу зылъатэжауэ арат я щхьэусыгъуэр. Иджы мис, афIэкI хэмылъу, щIакIуэкIапэ зэдытеуващ. Абы щыгъуэми, езы пщащэ цIыкIум зыри хищIыкIыххэртэкъым.

– НтIэ, уэ улIыхъужьу ара жыпIэнур? ИIэт-тIэ, сыгъэлъагъут.

– Упсэлъэну ара унаджэу сумыгъэжейуэ сыкъыщIыдэпшар?

– УзэрыщIыкIурэ ужейнэдщ уэ, напщIэху!

– Уэрамэ, уей, жейнэдыр. ИIэ, къауэ, пащIэ Iушэ, – ауан ещI зи пащIэ цIырхъхэр пасэу къыхэжа щIалэ цIыкIур.

– НтIэ, мис иджы зыIыгъ, шейнычыпэ, – жери, пхъэ къамэр игъэдалъэу, къыжьэхокIуатэ.

– АбыкIэ нанэщ сэ къызэджэну хуитыр, къыбгурыIуа, шхунэIу? – напщIэху къолыбри, и ныкъуэкъуэгъум зыпэщIесэ.

– Ей, зэт-зэт! Фи нанэ жиIар зэхэпха? Ныжэбэ шэмыгъапцIэ жэщу жиIащ.

– Сыт мыгъапцIэ жэщ къэбгупсысар? Щхьэусыгъуэ умылъыхъуэ.

– Уей, сымылъыхъуэ-тIэ. ШэмыгъапцIэ жэщщ, бжызоIэ. Ныжэбэрей гъэмахуэ жэщыр апхуэдизкIэ кIэщIыщэщи, пщыхьэщхьэм зэрадза шэр шхууэ мыпцIэурэ нэху мэщ. Ар фи нанэ уи мыгъуэм жриIэу зэхэсхащ.

– ШэмыгъапцIэ жэщыр къызгурыIуащ, ауэ адрей жыхуэпIэр... си мыгъуэкъым сэ ар. КъыщIыскIэрыпцIэлъыр сыт? Уэращ ар зи мыгъуэр.

– Уей, сэри си мымыгъуэ-тIэ.

– НтIэ, сыт щIакIуэкIапэ дыщIытеувар?

– СщIэркъым. Уа, пэжу къамэкIэ укъэуэнут?

– Сэри? Уэрей, сыномыуэнут. Уэ-щэ?

– Ныбжьэгъум къамэкIэ дауэ, Iэу, узэреуэнур?

– НтIэ, ара щIакIуэр къыщIэплъэфар?

– Уэратэкъэ щIакIуэкIапэ дытеувэнщ, жызыIар?

– Уей, сэрамэ. Ар сощIэж, ауэ къысхуэмыщIэжыр пщIэрэ? Сытыт тхуэмыгуэшар, щIакIуэкIапэ дытеувэну?

– Тхуэмыгуэшын диIэу ара уэрэ сэрэ? Мы щIакIуэр къэубыди, дыгъэутхыпщIыж.

– Зэ умыпIащIэ. Мусэбийхэ я мыIэрысэ пасэр хъуащи, къыпыдгъэчи, шэмыгъапцIэ жэщым дыхэплъэу фи дадэ и щIакIуэм дытегъэс.

ГуфIакIэкIэ къахьа мыIэрысэхэр яшхыу, зэныбжьэгъуитIыр уафэм доплъейри щIакIуэм телъщ. ШэмыгъапцIэ жэщри, шы къарэ мыгъасэм ибг къихутащи, и лъэдакъэпэр пач нэхъей, жьыбгъэм япэ ищауэ, и гъуэгу хегъэщI.



# Iуащхьэ щыгум

Аслъэн гъуэлъыжрэ пэт и ныбжьэгъум и фий макъ къызэхихащ. Ар щыщIэкIым къилъэгъуащ и ныбжьэгъур уафэм зэрыдэплъейр.

– Сыт къыпхурадзыхыну узыхуейр? – дэгушыIащ Аслъэн ныбжьэгъум.

– Зыри. НакIуэ, джабащхьэм дытегъэс, – жиIащ Арсен.

Аслъэни фIэфIт жэщым хэплъэу, хэдэIухьу Iуащхьэм тесыни, хьэуэ къыхигъэкIакъым. Ныбжьэгъум япэ иту джабэм кIэрыхьауэ дэкI Аслъэн игъэщIагъуэрт и ужь ит Арсен къандзэгу зэрыжьэхэуэмыуэр е зэрымылъэпэрапэр. Щыгум зэрынэсу, Арсен аргуэру уафэм дэплъейуэ уващ.

– Сыт мы уафэм ныщхьэбэ къыщыбгъуэтар? КъетIысэх, – жиIащ Аслъэн.

– Хьэуа щIыIэтыIэ къабзэр сыт и уасэ! Пэжкъэ? – щIэупщIащ Арсен щетIысэхым.

– Тхьэгъэлэдж зэпэджэж макъыр-щэ! Зэхэпхрэ? – къыпещэ Аслъэн.

– Сыт, Iэу, щIызэхэзмыхыр?! – жи Арсен.

– Еплъыт-тIэ мо мазэм! Мазэгъуэ жэщщ ныщхьэбэ. Абы зы пшэкIухь иIэщи, плъэгъуащэрэт...

– Мазэгъуэ жэщщ, жыпIа? ПшэкIухь иIэуи? Мазэр сыт хуэдэ? Дахэ?

Аслъэн зэуэ къызэIынащ: «Еплъыт» жысIэн хуеякъым. Дауэ къызжьэдэхуа? И нэхэм ямылъагъумэ, сыткIэ зэреплъынур? Сыту хуабжьу сыхэуа! Мис аращ щIыжаIэр: гупсыси псалъэ... Ныбжьэгъум и жагъуэ сщIащ».

– И зо, зэхэпхрэ? Ныщхьэбэ мазэр сыт хуэдэ? Уэ зэрыплъагъуращ сызыхуейр, кхъыIэ, къызжеIэ, – Арсен и ныбжьэгъум йолъэIу.

Аслъэн зыри жимыIэу ину щэтащ.

– ИIэ, хуэмыху, уэ къызжумыIэм хэт къызжиIэн? – Арсен и ныбжьэгъур тригъэгушхуэну иужь итщ.

А псалъэхэм, пэж дыдэу, Аслъэн трагъэгушхуэри, къыщIидзащ:

– Мазэр, пщIэрэ, ныщхьэбэ хъуреябзэщ. Иджыпсту уафэм пшэ телъкъыми, вагъуэхэри мазэри IупщIу болъагъу. Мы джабащхьэм сытесу сыщеплъкIэ, вагъуэхэри мазэри нэхъ ину, лыду къысщохъу, – жиIащ.

– Сэри сыт уи гугъэ мы джабащхьэ тесыныр щIысфIэфIыр? Мыбы сыщытесым деж мазэри вагъуэхэри слъагъуу... нтIэ, пэж дыдэу, слъагъуу къысщохъу. Пшэ зытемылъ жэщ уафэ къабзэм, щIыIэтыIэм исщ ахэр. Мазэр тхъуэплъышхуэу вагъуэхэм къахощ. Абы къыпих нурым хьэуар ходжэгухь. Жьы къыщепщэкIэ, вагъуэхэм ядэджэгуу, и щхьэр тригъэужу, жэщ уафэм зыщыщIеупскIэри исщ. Ауэ ныщхьэбэ уэмщи, ар жьым хуэзэшу къысщохъу. И пIалъэр къэсмэ, хэIэжыну хуэмейуэ, абы уафэгум зыщиIэжьэнущ, зыгуэрым пэплъэ нэхъей. Дызэреплъыр зыхещIэ, езыми зэрыизыр, и дахагъэр, пшэкIухь къэзыухъуреихьыр и напщIэ телъщи, зегъэщIагъуэ е зегъэщэныфIэ. Аращ ар сытми... НакIуэ, жэщыр хэкIуэтащ, дегъэхыж.

Ныбжьэгъум и псалъэхэм пидзыжын имыгъуэтауэ, иджы езыри жэщ уафэм худэплъейрэ Арсен и ужь иту, Аслъэн джабэм къехыжырт.

# Дыгъужь шыр

Дыгъужь анэм, и шырым иужь дыдэу къыхуеплъэкIыжри, и нэхэр зэтрипIащ. Абы зэхихыжтэкъым и шырыр зэрыпщIэур. А пщIэу макъым къыхэщырт ар зэрызеиншэр, зэрызыфIэгуэныхьыжыр, зэрыдэIэпыкъуэгъуншэр. Псэ зыхэмытыж анэр шырым къипэмыхьри, зэрыщыгугъи щымыIэу, епэщIэуащ. Ауэ анэм и мэ IэфIыр къыщыщIимыхьэжым, абы и щхьэр къыIуихри, и занщIэр и гъуэгуу, ежьащ. ЗэманыфIкIэ къиущыхьа нэужькIэ, чыцэхэр зэлъыIукIуэтри, ар гъуэгум пэгъунэгъу хуэхъуащ. Шыр делэ цIыкIум къыгурыIуэртэкъым абы шынагъуэ къыщыпэплъэнкIэ зэрыхъунур. Ар гъуэгум техьэри, и лъакъуэхэр щIэукъуэдиикIауэ зигъэукIуриящ. Машинэ къакIуэр щилъагъум, абы зигъэхъеякъым. Къэсу къэувыIа машинэм щIалэ къикIыу къыщыбгъэдыхьэм, дыгъужь шырым и щхьэр щхьэхынэ-щхьэхынэу къиIэтащ. Гъуэгум телъыр щIалэм фIэгъэщIэгъуэну зэпеплъыхь:

– УэI! Елърэ мыр! Хэт игъащIэм илъэгъуа дыгъужь шыр! Анэр гъунэгъуу щымыIэу пIэрэ? – йопсалъэ ар шырым. ИужькIэ, дыгъужь анэр къыкъуэкIмэ, жери шынэри, машинэм зридзэжри хуэму ежьащ. АрщхьэкIэ къызэплъэкIмэ, дыгъужь шырыр машинэм къыкIэлъыжэрт. ЩIалэм машинэр къигъэувыIэри, сакъыу зиплъыхьащ. Iэгъуэблагъэм зыри щимылъагъум, ар къикIри псэущхьэ цIыкIум бгъэдыхьащ. Дыгъужь шырым тхьэмыщкIафэ дыдэ тетт, и цыр уат.

– Уэ сэ слъагъум уи анэр псэужу къыщIэкIынукъым. Хъунщ-тIэ, накIуэ си гъусэу. Уэ уехъулIащ сэ укъызэрысхуэзамкIэ. Сэ, пщIэрэ, псэущхьэхэр фIыуэ солъагъу, итIанэ, си къуэшыр циркым щолажьэ. Абы ухуэсхьмэ, ар къыпщыгуфIыкIынущ икIи егъэзыпIэ къыпхуигъуэтыфынущ.

Пэж дыдэу, Макс дыгъужь шырым щыгуфIыкIащ. Абы псом япэ дохутыр кърагъэплъати, зэрыузыншэр къыжриIащ. Ар шхын щхьэкIэ къулейсыз хъуауэ арат. Макс, гугъу дыдэ дехьурэ, дыгъужьыр шэ хуабэ иригъафэри, гъущапIэм щIигъэтIысхьащ.

Пщыхьэщхьэм унэм кIуэжа нэужь и къуэшыр къеупщIащ дыгъужь шырым и Iуэху зытетымкIэ.

– Узыншэ цIыкIущ, шэ ефэри Iурихауэ сыкъэкIуэжащ. Пщэдей зы унафэ тэмэм хуэтщIынщ.

– Циркым щыпIыгъынщ. Уегугъумэ, зебгъэлIалIэмэ, сэбэп къыпхуэхъужынщ, зыгуэрхэм хуебгъэсэнщи, зыкъигъэлъэгъуэнщ адрей псэущхьэхэм хуэдэу.

– ЖыпIэр сыт?! Дыгъужь циркым зыкъыщигъэлъагъуэу е ар цIыхухэм я пащхьэм къыщыфэу игъащIэм плъэгъуа уэ?! – и къуэшым «хьэуэ» кърагъэкIыу и щхьэр щищIым, абы пищащ: – Аращ-тIэ, икIи щыплъагъунукъым. Абыхэм хуитыныгъэр фIыщэу ялъагъу, дыгъужьхэр зэи цIыхум IурыщIэ, Iэсэ хуэщIынукъым. И псэр езым хихыжмэ нэхъ къищтэнущ, зыгуэрым хуэжыIэщIэ нэхърэ. Аслъэным е пылым хуэдэу, пIалъэ-пIалъэкIэрэ шхын епту, ахэр зэи гъущI хъарым щыпIыгъыфынукъым, пхуэгъэсэнукъым... Мы шырым и анэр псэу-

жамэ, зэи къулейсыз хъунутэкъым. И ныбжь нэсмэ, сэ ар сутIыпщыжынущ, и гуэныхь къэзмыхьу.

ЗэрыжиIам хуэдэу, Макс зригъэлIалIэу дыгъужь шырыр игъашхэрт, мэзым ишэурэ къыщригъэжыхьырт, дзыгъуэ цIыкIухэр къыщригъэубыдырт. Шэ ефэн зэрыщигъэтыжу, Макс дыгъужь шырыр мэзым щхьэхуиту щIиутIыпщхьэжащ.

# Нанэхэм я Махуэшхуэ

Сыт нанэхэм ятеухуауэ къуэрылъхухэм жаIэр? ДевгъэдаIуэт. Мис сабийхэм я гупсысэкIэр.

– Сэ си нанэр жьы хъуами, езым жеIэ игукIэ иджыри щIалэу. Дадэ дыкъыщимылъагъухэм деж абы Iэджэм сыхуегъасэ: жыжьэ сылъэфу, лъагэу сыдэпкIеифу, мывэр жыжьэ здзыфу, жыгым сыдэпщеифу. Топи къыдохуэкI абырэ сэрэ. Ар гъуащхьэтетщ. Дадэ ар щилъагъукIэ мэшхыдэ: «Ар уи ныбжьым къекIужыркъым!» – жи. Ауэ сэ сощIэ, ар си нанэ фIэфI дыдэщ. И ныбжьми йокIупс.

– Сэ си нанэрэ дэрэ дызэгъусэу зоопаркым дыщыIащ. Абы щаIыгъ псэущхьэхэр псори нанэ ецIыху. Иджы сэри, ахэр сигъэцIыхуащи, дэтхэнэми и цIэ къисIуэфынущ. Мис ар гъэщIэгъуэнкъэ?!



– Сэ си нанэ къызэрыгуэкI дыдэщ. Ауэ абы зыуэ таурыхъ, хъыбар гъэщIэгъуэн куэдыжьхэр ещIэри!..

– Сэ сыщысымаджэм деж, си нанэр занщIэу къосри, таурыхъкIэ, шхын IэфIхэмкIэ сегъэхъуж. Хущхъуэхэм нэхърэ, си нанэр нэхъ сэбэп къысхуохъу.

– Сэ си нани таурыхъ Iэджэжьхэр ещIэ. Таурыхъхэр, усэхэр иту сэ сиIэ тхылъ цIыкIухэм фIэфI дыдэу къоджэ. Иджы абы тыгъэу хуэсщIыну сыхуейщ нэгъуджэ щIэрыпс...

– Сэ си нанэр нэгъуджэ хуейкъым. Ар зыхуейр абырэ сэрэ паркым дыкIуэурэ кIэпхъ цIыкIухэр дгъэшхэнырщ...

– Къуажэм дэс нанэ и гъусэу сэри джэджьей цIыкIухэр согъашхэ. Абыхэм нанэ зыкIэ фIыуэ къалъагъури!..

– Девгъауи, Махуэшхуэ яхуэдвгъэщI ди нанэхэм! Къэдвгъэгупсыс Нанэхэм я Махуэшхуэ. А махуэм дэтхэнэ зы нанэми тыгъэу хуэтщIынщ нэгъуджэ щIэрыпс.

– Сэ си нанэр нэгъуджэ хуейкъым. Ар зыхуейр клюшкэрэ шайбэрэщ. Сэ абы сыкъигъэгугъауэ щытащ: «Хоккей сыбдэджэгунщ!» – жери.

# МыщIэ

Юрэ вагъуэхэм йопсалъэ: «Уэ ныщхьэбэ уфагъуи-тIэ?.. ЩIылъэм тIэкIунитIэкIэ нэхъ мыхъуми гъунэгъу зыкъыхуэпщIамэ, арат. ПщIэрэ, уэ хъыджэбз цIыкIу укIытэхым урещхьщ? Хъунщ-хъунщ, зумыгъэщIагъуэ иджы, сынаплъэкъым... Шыхулъагъуэ сылъыгъуэзэн?.. Уэ сызыIэпыбошэ, сызыбогъэхъуапсэ, уи лъагъуэм сытебгъэхьэну, щIылъэм сытыбоIэтыкI. Зы шы къарапцIэ сиIатэми... Зэм-зэм уи

лъагъуэмкIэ сынрикIуэнщ, ауэ нымщхьэбэкъым... Иджы Вагъуэзэшиблым салъэIэсынти», – ядогушыIэ щIалэ цIыкIур вагъуэбыным.

Лъыхъуэм-лъыхъуэурэ, Вагъуэзэшиблыр и нэгу къызэрыщIэхуэу, Юрэ къэуIэбжьащ. Илъагъур и фIэщ мыхъуу, и нэр иуфIыцIщ, къигъэплъэжри: «Хэт къакIуэу а уи пэнцIывым къытетIысхьар, ы? Зэ мыдэ, иджыпсту...», – жиIэурэ телескопым и окулярым абдж Iув пIэщIэрыщIэу иригъэтIысхьэри, уафэгум тригъэпсэжащ. Пэж дыдэу, Вагъуэзэшибл и пэнцIыв дыдэм вагъуэ шыр тест. Ар кIэзызт, идз нур фагъуэм мыщIэу къыхэцIуукIыу.

– МыщIэ, уэ дэнэ укъыздикIар? – Юрэ занщIэу къигъуэтащ абы фIищын цIэ. – Уэ сэ зэи услъэгъуакъым. Зэзакъуэ нэхъ мыхъуми уафэгум сыщыпхуэзамэ, зыми ухэзгъэгъуэщэнтэкъым... Ди нанэ и джэджьейхэращ сфIызэхэзэрыхьыр, ауэ вагъуэхэр фызоцIыху. Уэ увагъуэщIэщ. Сэ уэ укъэзгъуэтащ! Укъэсхутащ! – Юрэ гуфIэгъуэм зэрихьэрт. – Сэр нэмыщI зыгуэрым укъихута? Хьэуэ. МыщIэ, уэ сэращ укъэзыгъуэтари – усысейщ, – жиIэу Юрэ вагъуэм здепсалъэм, МыщIэ, ещIэ хуэдэу хъури, къехуэхыу хуежьащ. Юрэ, илъагъур и фIэщ мыхъуу, и нэр окулярым къытрихри уафэгум иплъащ.

– Еу-уей, МыщIэ йож. Сыт хуэсщIэфынур, – жиIэхуи пэтакъым: вагъуэр напIэIэрыкуу[1] ижащ. – Ижащ... МыщIэ...

Юрэ, нэщхъей къэхъуауэ, пкIэунэм ит шэнтжьейм гууэщIу зридзащ, къыщиуду гъын къудейуэ.

– Ар вагъуэщIэтэкъым, атIэ вагъуэижт. Си щхьэр къэзгъэпцIэжауэ аращ... Уа, вагъуэр ижа нэужь, щIылъэм къэмысу, уэхбзэхыу хьэршым хэкIуэдыхьрэ хьэмэрэ щIылъэм къытехуэрэ? Къытехуэмэ, сыт къыщыщIынур? Щыкъуейуэ щэщэну? Хьэуэ-хьэуэ, МыщIэ къутэнукъым, ар къутэ хъунукъым, – жиIэурэ, МыщIэ и гурыгъузым хэту, Юрэ Iурихащ.

МыщIэ IэфI дыдэу здэжейм, дыгъэ къыдэкIуэтейм и бзийхэр къылъыIэсри, къагъэушащ. Абы зиукъуэдийри, и жейбащхъуэр щхьэщымыкIыпауэ, зиплъыхьащ. Ар къыщыхутат пщIантIэ удзыпцIэм. ИхъуреягъкIэ джэдкъаз хъушэр щыхъуакIуэрт. Куэтэншэрхъ хуэдизу зи кIэр зыгъэцыджа гуэгушыхъум игъэщIагъуэу здеплъым, зы адакъэщIэ лъакъуэ мастэ къыбгъэдэлъэдащ:

– ЖьэкIэ зуплъыхьу щхьэ ущыт? Нажэ псынщIэу, мамэ къоджэ, – къыжриIэри щIэпхъуэжащ.

МыщIэ зыри жимыIэу, абы и ужь иуващ. Абдежым ирихьэлIэу Юрэ бжэщхьэIум къытеуващ. Зи джэджьейхэр зэщIэзыкъуэж джэдкъуртым щыхуеплъэкIым, ар къэуIэбжьащ: джэджьей быным яхэтт щхьэ топ цIугъэнэ зиIэ джэджьей пщэ псыгъуэ цIыкIу. Юрэ, илъагъур и фIэщ мыхъуу, дэкIуеипIэм къежэхри, хадэм ихьэ джэджьейхэм якIэлъыжащ. Иужь дыдэ ит джэджьей щхьэ топыр щIалэ цIыкIум и лъэ макъым къыхуеплъэкIри: «Иджыри сыхэбгъэгъуэщэну нанэ и джэджьейхэм?» – жыхуиIэу, и нэ щхъуэпсхэр Юрэ къыхуигъэджэгури, хадэм ихьа джэджьейхэм якIэлъыжащ.

[1] НапIэIэрыкIуу – напIэзыпIэу.

Уафэрыхум[1] и лъэужь махуэр игъэщIагъуэурэ, Юрэ къыпыгуфIыкIащ.

# «Уафэм къехуэха щыгъэ закъуэ...»

Унагъуэм сабий къахэхъуат. Пщащэ цIыкIу. НэкIу хъурей хужь цIыкIут. Щхьэц фIыцIабзэт. Нэ хъурей пIащэт, удзыфафэ щIэлъадэу. Удимыхьэхынк Iэ Iэмал иIэтэкъым. «Пу мэшалыхь» жумыIэу уеплъыфыртэкъым. Иджы ахэр зэкъуэшитIрэ зэшыпхъуиплIрэ хъурт.

А цIыкIур сабий кIэсыжт. Адэм адрей сабий нэхъыжьхэр, и анэм илъагъуу, и куэщI зэи иригъэтIысхьатэкъым. Ауэ, хэт къилъагъуми фIэмыIуэхуу, мы кIэсыжыр абы и куэщI иригъэтIысхьэрт, игъэджэгурт, дридзейрт, къиубыдыжырт. АпщIондэхукIи зэрылъэлъу дыхьэшх сабийм адэр и нэ щхъуэпсхэмкIэ еубзэрабзэрт.

А пщащэм, адэм и мызакъуэу, куэд щыгуфIыкIат. Хьэблэри Iыхьлы-благъэри. Гъунэгъу фызым, благъэми Iыхьлыми ялъимыгъэсу, цIэ фIэзыщын хуейр езырауэ зилъытэжат. Анэшхуэми адэ-анэми «хьэуэ» къыхагъэкIатэкъым. КъурIэныр зыIэщIэлъ фызым кърицIуа цIэр унагъуэм исхэм къабыл ящIат. ЦIэфIэщ джанэри зыщигъэгъупщатэкъым.



Адэми, анэшхуэми, и къуэш-и шыпхъухэми, хьэблэми пщащэ цIыкIур къэрахьэкIырти, анэм къыщылъысыжыр быдз щригъэфэнум дежт. Абы щхьэкIэ анэм зыри жиIэртэкъым. ЖиIэнури сытыт?!

А пщащэ цIыкIум и дэлъхухэм е и шыпхъухэм ящыщу дыгъуасэ гущэм хэзыпхар нобэ къыбгъэдагъэхьэжынутэкъым. Чэзур нэгъуэщIым лъысын хуейт. ЗэкъуэшитIым я нэхъыщIэм: «Мы фейцейр сэ нобэ хэспхэ хъуну?» – жиIэу пщэдджыжь къэс щIэупщIэми, дзыхь къыхуащIыртэкъым.

Гъуэгур я зэхуакуу къапэщыс унагъуэм я лIыр лэжьакIуэ къыщикIыжкIэ накIуэпакIуэу дыхьэрти, сабийр я деж ихьырт. «Хьэуэ, уэдгъэхьынукъым», – жаIэу игъащIэкIэ унагъуэм исхэм я бзэгупэ къыпыхуэнутэкъым. И Iэблэм тес сабийр, къыщыгуфIыкIыу, и Iэпэ щабэ цIыкIухэмкIэ лIы накъэпакъэшхуэм и нэкIу Iув пхъашэм щепэщэщкIэ, лIыр гуфIэрт.

Ауэ анэшхуэр... Зыми и пщIыхьэпIэ къыхэхуатэкъым мамэ (арат анэшхуэм къуэрылъхухэр зэреджэр) а хъыджэбз цIыкIум апхуэдизу щыгуфIыкIыну. Зауэри гъаблэри зыгъэва, зи щхьэгъусэр хъыбарыншэу зауэм (мэкъу хьэвэм хэкIуэда мастэм ещхьу) хэкIуэда фызыжьыр нысэм хуэтэмакъкIэщIт. «Сэ къуэщ, тIасэ, сызыхуейр», – жриIэххэурэ, и нысэр аргуэру зы пщащэ цIыкIукIэ къыхуэупсат. Ауэ а кIэсыж цIыкIур Iыхьэлейм икIауэ фIыщэу зэрилъагъур зэрыжиIэн псалъэхэр абы хузэпыщэртэкъым. Къыгуэудауи, щытелъэщIаи щыIэу псалъэ анэшхуэм, IупскIэ ипIа и къуэ закъуэм и кIэсыж пщащэ цIыкIум сыт щыгъуи жриIэр зыт: «уафэм къехуэха щыгъэ закъуэ»...

---

[1] Уафэрыху – вагъуэиж. /Метеорит.

# Мухьэмэдрэ Астемыррэ

ЩIымахуэт. Пасэу къэуша Мухьэмэд зиукъуэдийри, щхьэгъубжэмкIэ дэплъащ. Уэсыр Iуву къесауэ телът. Зэуэ игу къэкIыжащ дыгъуэпшыхь и къуэш нэхъыжьым къыхуихьа компьютер джэгу зытет дискыр. Ауэ уэсыр имытхъуауэ компьютерым бгъэдэтIысхьэ хъунутэкъым. Псори лэжьакIуэ дэкIат, езы Мухьэмэд и зыгъэпсэхугъуэт. Зимыгъэгувэу ар унэм къыщIэкIащ. «Лэжьыгъэр сухмэ, хуиту компьютерым сыбгъэдэсынщ», – жери, лэжьэн щIидзащ.

Уаем нэкIущхьэплъ ищIауэ, абы жыджэру уэсыр итхъурт. ПщIантIэм дэлъыр щиухым, уэрамым дэкIащ. Жьыбгъэ щIыIэм нэхъри зегъэпхъашэ, ауэ езы Мухьэмэд щIыIэр къыфIэIуэхукъым. КъызэщIэплъащи, уаери зыхищIэркъым, уеблэмэ къыпщыхъунщ уаемрэ езымрэ зэдэджэгу.

– ЩIыIэм уискъэ? – къыбгъэдыхьащ абы Iэжьэр къезышэкI Астемыр.

– Дунейр щIыIэу ара? – къыпогуфIыкI Мухьэмэд.

– Плъагъуркъэ зэрыщIыIэр? Уаещ. И зо, щIыIэм уискъэ? – щIоупщIэ ар аргуэру.

– Хьэуэ! – жеIэ Мухьэмэд, уэс здитхъум.

– НтIэ, дыгъуасэ ещхьу иджыри дыгъэджэгу, кхъыIэ.

– КъыздэIэпыкъуи, мы уэсыр зэгъусэу дыгъэтхъу, итIанэ IэжьэкIэ укъесшэкIынщ икIи дыджэгунщ.

ЩIалэ цIыкIум арэзыуэ и щхьэр щищIым, Мухьэмэд абы хьэнцэ Iэрыхуэ IэщIилъхьащ. Зэгъусэу улажьэм куэдрэт, уэсыр тхъун яухащ.

– НакIуэ, ди деж нызыщIыхьэ, дышхэнщи, Музэрин къысхуихьа дискымкIэ дыджэгунщ.

– Сэ, пщIэрэ, нышэдибэ щIагъуэу сышхэфакъым. Ауэ иджыпсту ... соукIытэ, ауэ ... сыкъэмэжэлIащ.

– Нышэдибэ сыт пщIар? Зэт, сэ къэсщIэнкъэ – компьютерым убгъэдэсащ. Пэжкъэ? Аращ ущIэмышхэфар. Иджы улэжьати, укъэмэжэлIащ.

И ныбжьэгъу нэхъыщIэ цIыкIум и Iэблэр иубыдри, Мухьэмэд ар я пщIантIэм дишащ.

# ЩIымахуэ пщIыхь

ЩIымахуэ пщыхьэщхьэ уаещ. Пхъэ мафIэр пIэнкIыу щыжьэражьэ хьэкум нанэ мэпщафIэри кIэрытщ. Дадэ мэщхьэукъуэри гъуэлъыпIэм илъщ. ПIытIэ и щхьэ хуэпсэлъэжурэ, зэзэмызи къыхэпсчыкIыурэ, унэ лэжьыгъэхэр ещIыж.

– «Мэз псэущхьэхэм я хьэл-щэн къэзыгъэлъагъуэ плъыфэцIэхэр щыIэцIэхэм щIыгъужын. А псэущхьэхэр хэту псалъэжь зыбжани къэгупсысыжын», – къыщоджэ лэжьыгъэми, къогуфIэ. – Уей, тыншыбзэмэ. Уэрей, си нэр уфIыцIауэ, жэрыгъэкIэ сщIыжынумэ, – мапсчэри пещэ. – Ыхьы. Бажэр – Iэмалшы, хьилэшы, дыгъуэрабз, пцIыупс. Си псалъэжьри хьэзырыбзэщ: бажэм дыгъужьибл къе-

гъапцIэ. АдэкIэ, м-м-м, мыщэжьыр стхынщ. Мыщэр – угъурлыжь, хьэлэболэжь, хьэлэлыжь. Мыщэ дыгъужь фIэбэлацэщ. ГъэщIэгъуэнкъэ ари! Дауэ къыпщыхъурэ а мыщэжьым и гугъэр?! Дыгъужьыр фIэбэлацэщ, жи. Хэт ирихьэлIа апхуэдэ?! Езыр зэплъыжащэрэт! Ыхьы. Дыгъужьыр стхынщ, жыжьэ сымыIэбэу. Дыгъужьыр – бзаджэ, хьэрэмыщх, гущIэгъуншэ. Псалъэжьхэри хьэзырщ. Мыщэри дыгъужьри зы псалъэжьым хэтщ. ТхьэкIумэкIыхьитI зэуэ къэзукIащ, жыпIэркъэ, – абдежым ПIытIэ и псчэныр къыщохьэри, уеблэмэ дадэ щхьэукъуари къегъэушыж.

– Уэлэхьи, ПIытIыкъ, зэрыджэ къыпхуэзмыхьу мыхъуну. КIыхьлIыхь хъуащ а псчэ джаурыр. Си Iуэхущ уэ а зэрыджэм уимыгъэхъужмэ, – жери, адэкIэ зегъазэ.

Абы хэту, нанэ шэ гъэпщтам бжэнищэ тедзэжауэ къыхуехь. Бжэнищэр щилъагъум, ПIытIэ и пэр зэрегъалъэ. ЗигъэтхьэмыщкIафэу нанэ къыхудоплъей.

– Ефэ, ефэ, ПIытIэ, щIэх дыдэ уи тэмакъыр игъэхъужынущ, – щыжиIэм, кIыхьлIыхьурэ шэр ирифри и Iупэхэр илъэщIыжащ. Унэ лэжьыгъэми пищэжащ.

– Уей, сухамэ адыгэбзэр. Тетрадри тхылъри занщIэу портфелым дэслъхьэжынщ. Иджы «Сосрыкъуэрэ Емынэжьрэ» я пшыналъэм седжэнщ.

ПIытIэ анэдэлъхубзэ тхылъыр къищтэри, и Iупэр игъэпIэжьажьэу, пшыналъэм къеджэу щIидзащ. Ар дадэ къыжриIэжауэ щыта нарт пшыналъэхэм ящыщти, къипщытэжри гъуэлъыжащ. АрщхьэкIэ мыжеифу, къыхэпсчыкIыу, зыкъомрэ хэлъащ, иужькIэ зэджа пшыналъэм хэта Сосрыкъуи, Емынэжьи, Къарэ Лъакъуищри, дыгъужьыр Сосрыкъуэ къызэрыдэIэпыкъуари игъэщIагъуэурэ Iурихащ...

Дадэ и пIэкIэ езыр мэзым зэрыджэхьэ кIуа хуэдэт. Жэщым къепща жьыр теужри, мэзыр щым хъужат. Уэс хьэщхьэтеуэхэр къызэщэщэха жыгхэр IэпцIэлъапцIэт. ПIытIэ зэрыджей лъыхъуэурэ мэзым кууэ хыхьащ. Ауэ, гъэщIэгъуэныракъэ, ар шынэртэкъым. «Сыт сыщIэшынэнур? Хэт сэ къысхуейуэ мы мэзым щIэсыр?» Ар жиIэн иухатэкъым, дыгъужь ныбаджэ и пащхьэм къыщихутам. ПIытIэ зэщIэувыIыкIащ. Еплъыпэмэ: дыгъужьыр зэрымэжэщIалIэр фэуэ тетт. Ар къакIуэри, ПIытIэ и пащхьэм къитIысхьащ. Дыгъужьыр хуабжьу гукъыдэжыншэт. ЩIалэ цIыкIум дыгъужьыр фIэгуэныхь хъуащ. Ар куэдрэ мыгупсысэу, и гъуэмылалъэм иIэбэри чыржын кърихащ. Абы и ныкъуэр дыгъужьым и пащхьэм щыму ирилъхьащ.

Дыгъужьыр дзыхьмыщIу чыржыным епэмри, итIанэ зыIуридзащ. ЗыIурыбзаежри, къызэплъэкIыурэ ежьэжащ. Зыбжанэрэ кIуэри, дыгъужьыр къызэплъэкIащ. ПIытIэ и пIэм имыкIауэ итт. Дыгъужьыр ежьэжащ. Ауэ аргуэру къызэплъэкIащ.

– Уей, зыщIыпIэ сишэну си гугъэмэ мыбы. НакIуэ-тIэ, уи ужь сыниувэнщ, – жери, ПIытIэ ежьащ.

Дыгъужьым куэдыщэ имыкIуу, зэрыджэ пIащэ зыпыт зэрыджейм бгъэдишащ.

ПIытIэ къыпыгуфIыкIри:



7 Заказ №352

– Сыту ужумарт уэ дыгъужьыр. Зэрыджэр тыгъэ къысхуэпщIу аращ-тIэ. Дадэ жиIэрейкъэ, фIы зыщIэр фIы IуощIэж, – жери, зэрыджэ Iэрамэхэр и къэлътмакъым из ищIащ. АпщIондэхукIэ дыгъужьыр ПIытIэ къежьэу щытащ.

Къыщежьэжами, мэзым къыхэкIыжыху къыдэкIуэтащ.

Нэху зэрыщу, ПIытIэ адыгэбзэмкIэ и тетрадыр къищтэри дыгъужьым хуитха плъыфэцIэхэр зэрихъуэкIыжащ: хьэлэл, жумарт, гуапэ.

# Жэщ хьэщIэ

Мазэхэ жэщщ. Жэщ хьэщIэ жагъуэр и бийм поплъэри къуэгъэнапIэм къуэсщ. «Уэ къуажэм укъыдыхьэжынущ. Си псэм жеIэ... Нэху щыху си нэбдзыпэ зэтезмылъхьэу сыппэплъэнщ... Сэ сыпIащIэркъым... Сыщыгъуазэщ уи лIыгъэр здынэсым. Зэхэсхыжащ уи лъапсэр убгынэну узэрыхуэмеяри. Ауэ уи анэжьым и щхьэфIэпхыкIыр зытрилъэфу уи пащхьэ лъэгуажьэмыщхьэу зыщригъэауэм, уемыдэIуэн плъэкIакъым. IэфIщ-тIэ анэр. Си анэр зыхьа узыфэр къызыхихар уэ букIауэ щIилъхьэжа и къуэрщ. Зэрыпхуэзгъэгъун мы дунейм теткъым. Си псэм жеIэ нысхьэбэ дызэхуэзэну. Мис итIанэ, плъэкIмэ, зыхъумэж. Дауи, пщIэуэ къыщIэкIынщ къуэ къызэрыпхуалъхуар. Сэ, плъагъуркъэ, фыз къэсшакъым, си щхьэм илъыр сщIэртэкъыми. Уи хьэгъуэлIыгъуэри си нэм бжэгъуу къыщIэуащ. УзукIыфыну щытат абы щыгъуэ, ауэ си анэм «и гугъу умыщI», къыщызжиIэм, къэзгъэгугъащ... Иджы зыри къыспэрыуэнукъым. Сэ шыIэныгъэр схурикъуащ – мазибгъукIэ сыппэплъащ. Тхьэмахуэ ипэкIэ къуэ къыпхуалъхуати, дауэдапщэхэри зэфIэкIащ. Иджы укъекIуэлIэжынщ, дэнэ укIуэн, укIуэн... Сыщхьэукъуауэ ара?! Жэщищ мэхъури, си напIэр зэтеслъхьакъым».



Пабжьэ гуэрэным хэса щIалэр къызэфIоувэри, и лъакъуэ ундэрэбжьахэм зрегъэгъэпсэху. Лъэ макъыншэу щхьэгъубжэм бгъэдохьэ. Илъагъур и фIэщ мыхъуу, къоуIэбжь: бийр жьэгум пэрысщ, и къуэр и IэплIэм илъу.

Жэщ хьэщIэм сэ хэпIуамэ, лъы IэмпIэ къыщIэкIынтэкъым. Лъыр и щхьэм дэуеящ. Ефыгъуащ. Зы мэскъалщ иIэжар иIыгъри зыIыгъри иукIыным... И щхьэр и IитIымкIэ фIиубыдыкIыжри гурымащ. Жэщ хьэщIэр тэлайкIэ щытащ, и бзэр дияуэ. Ехъуэпсащ...

Сабий цIынэр зыIыгъ хэгъэрей щIалэр къызэплъэкIащ. Абы псэкIэ зыхищIащ щIыбым къызэрыщыпэплъэIар. И IэплIэм илъ сабий жейр анэм IэщIилъхьэжащ. Iэщэ-фащэ зыкIэрихар къимыщтэжу, бгырыпх пцIанэу бжэщхьэIум ебакъуэщ, хуэсакъыу бжэр къыхуищIыжри:

– Къеблагъэ, хьэщIэм сыту хуабжьу зыбгъэгува? – жиIащ абы мамыру.

Къамэ къудеи кIэрымылъу, и пащхьэ къиува хэгъэрейм и лIыгъэм жэщ хьэщIэр ехъуэпсащ.

УпщIэм пидзыжын жэуап имыгъуэтауэ, щэхуу къыдыхьа жэщ хьэщIэр нахуэу куэбжэмкIэ дэкIыжри ежьэжащ.

# Мыщэ-бжьахъуэ

Зи щхьэр къызыхуэмыIэту къыдыхьэж къуэр зылъэгъуа мыщэ анэр жыг лъэдакъэжьым хуэмурэ тетIысхьащ. «Аргуэру...», – къиIу-щэщащ абы. И къуэр къыщIыхьэжри, зэрыкъуаншэр ищIэжырти, анэм къемыплъыфу, къызэбэкъуа бжэщхьэIум деж къыщынащ.

Анэр, ауи зыкъримыгъащIэу, жьы щIэту щылъэтри:

– Шэджагъуашхэр хьэзырщ, тIэкIу уедзэкъэну, Лъэбыцэжьей? – щIэупщIащ.

– Хьэуэ, ма, иужькIэ, – жиIэри, и пэшымкIэ щIыхьэжащ.

– Хъунщ, нэху, – кIэлъыпсэлъащ мыщэ анэр къуэм.

Мыщэ щIалэр, блыным щIыбкIэ кIэрыгъэщIауэ, къудамэ цIынэхэр зэрылъ унэ лъэгум щетIысэхащ. И фIалъэ лъакъуитIымкIэ и щхьэр фIиубыдыкIыжри иутхыпщIащ:

– Аргуэру лэжьапIэм сыкъыIукIыжащ. Щхьэ мыргуэрым сы-щымызэгъарэ? ЛэжьапIэ дапщэ схъуэжар икIи схъуэжынур? Дотэ сыт жысIэу сыIуплъэну? Ди анэми къыгурыIуащ аргуэру лэжьапIэм сыкъызэрыIукIыжар. Ари сфIэгуэныхьщ. Ауэ сэри сакъыгурыIуэн хуейщ. ЛэжьапIэхэм сыкъыщIыIукIыжыр сыщхьэхынэу, сымылэ-жьэфу аракъым. АтIэ, си псэм къиштэркъыми аращ. Сэ сыхуейщ лэ-жыгъэм дэрэжэгъуэ къызитыну. СыздыIутахэм зыри апхуэдэ яхэ-такъым. Дауэ ар Дотэ къызэрыгурызгъэIуэнур? «Узыхуейр сыт хуэ-дэ лэжьапIэ?» – жиIэмэ, сыт жесIэнур? Сэр дыдэм сщIэркъым. Ауэ къызгурыIуар зыщ: мэз дохутыри, жыггъэкIи, мэзхъуми сыхъуну-къым...

– Уи адэр къоджэ, – къыщIэплъащ пэшым анэр.

Лъэбыцэжьей къыщIэкIри, адэм и пащхьэм щыму иуващ. Адэри хоплъэ, къызэрыщIидзэн псалъэ имыгъуэту.

– Узыхуейри къыбгурыIуэж си гугъэкъым, щIалэ... – жиIащ абы, тэлайкIэ хэплъэу щыса иужькIэ. – Сылэжьарэт жыпIэрэ, пIалъэкIэ бжьахъуэу ув.

– Мыщэр бжьахъуэуи? – къыжьэдэхури, щIалэр щIегъуэжащ.

– Бжьахъуэу, уэлэхьи, бжьахъуэу. Лъапэ-лъэдакъэ пщIыуэ укIуэнщ ари... Уи гугъи уэ! – губжьат мыщэжьыр. – Сэ сымэз пащтыхь къуэдзэ щхьэкIэ, уэ умылажьэу ущысыну ухуиту ара? Нэху здэщым бжьэхэм ялъэIэс.

ЕтIуанэ махуэм Лъэбыцэжьей дзыхьмыщIурэ бжьэхэм яхыхьащ. Езы бжьэхэри зэщIэвэри, абы и хъуреягъыр мыарэзыуэ къалъэтыхьу хуежьащ. АрщхьэкIэ бжьахъуэм ахэр игъэсабырыжащ.

– Уэра пащтыхь къуэдзэм къытхуигъэкIуар? – щIэупщIащ бжьа-хъуэр.

– НтIэ, сэращ, – щтэIэщтаблэщ мыщэр.

– Хъунщ-тIэ, – къыфIигъэкIакъым бжьахъуэм.

Бжьэгъажэм[1] и гуащIэгъуэт. Бжьэ къэпщIхэм матэщIэхэр яхуэ-щIын, жьы хъуахэр зэгъэпэщыжын хуейт. Бжьэ Iэщынхэми[2] яхэп-лъэри, игу яхуэзэгъауэ къахэкIыжащ. Абыхэм бжьыхьэм бжьэ-телъхьэкIэ[3] хуэсакъахэти, уащIыхуэгузэвэн щыIэтэкъым. ПщIэн-

[1] Бжьэгъажэ – бжьэ къэпщIыгъуэ.

[2] Бжьэ Iэщын – ягъэхъуну, ягъэбэгъуэну къагъанэ бжьэ.

[3] Бжьэтелъхьэ – щIымахуэм, бжьэм яшхын щамыIэжкIэ, бжьэ матэм дакIэ фошыгъупс, фоупс; бжьэ Iус.

тIэпсыр ирикъуэкIыу, мыщэ щIалэ бланэр махуэ псом лэжьащ. «Си гугъати фом и Iуэхур тыншу. КъызэрыщIэкIымкIэ...»

– Мыщэр бжьахъуэ ящIрэ-тIэ? – къыбгъэдэлъэтащ абы зы бжьэ цIыкIу.

– Зэрыплъагъущ, – къыпыгуфIыкIащ нэжэгужэу Лъэбыцэжьей.

Абы къыгурыIуакIэт нэху здэщым гуфIэу, и лъэр щIым нэмысу, лэжьакIуэ бжьэхэм къазэрыхыхьэнур.

## Гуэрэныгу Iуащхьэм...

*(Балигъхэм папщIэ таурыхъ)*

Зи мычэзу хасэр зэхыхьэрт. Псори къызэхуэсауэ тхьэмадэм пэплъэрт. Емынэжьейрэ Иныжьыкъуэрэ темыпыIэжу къыщылъэтхэрти, я пIэм имызагъэу, къикIукI-никIукIырт. ХьэщхьэвылъэхэмрэхьэIуцыдзхэмрэ зэхэлъэдэжауэ зэудзэIужхэрт. ИкIэм-икIэжым, псори зыпэплъэ Уэзрэдж Ябгэр къэсащ, сыт щыгъуи хуэдэу, адакъэшым тесу. IумпIэр яубыдри, къэрагъэпсыхащ. И жьакIэ бжьиблыр зэрилъафэу, абы тахътэм зыщригъэщэтэхри, макъ итхъунщIыкIакIэ къахэгъуэхъуащ:

– ЩIыкъатибл сыздэщыIэм къысIэрагъэхьащ адыгэхэр аргуэру зэгурымыIуэжу хьэргъэшыргъэшхуэ яку къызэрыдэхъуам и хъыбар кIапэ. Иджы ар къэдгъэсэбэпу, датеуамэ арат... Мы адыгэхэм зыгуэр къахуэдмыгупсысмэ, даIэщIэкIуэдэпэнущ. Сыт худиIэмал? Хэт сыт хасэм къыхилъхьэн? – жиIэу зищиплъыхьым, Уд фызыжьым ипхъу УдщIэж гу лъитэри: – Хъулъхугъэщ дэ хасэм къедгъэблагъэ хабзэр, НэжьгъущIыдзэ, ауэ уи анэм и хьэтыркIэ хъыбарыншэ утщIакъым, – зыхуигъэзащ уд щылъхум Уэзрэдж.

УдщIэж Уд фызыжьым ипхъуу къыщащIэм, Хасэм къекIуэлIахэм ар ней-нейуэ, Iумпэм ящIу, зэпаплъыхьащ. Набдзэгубдзаплъэу жемыплъми гу лъыптэрт а пщащэм и нитIыр зэрызэмыфэгъум: ижьыр уафэ къащхъуэмэ, сэмэгур щIылъэ щхъуантIэт.

УдщIэж къэтэджщ, тхьэмадэм мащIэу щхьэщэ хуищIри, тIысыжащ.

Уэзрэдж ябгэу абы къыжьэхэплъэри, Иныжьыкъуэ дежкIэ зигъэзащ, къыхэдзэ жыхуиIэу.

– ФощIэж псоми си адэр Сосрыкъуэ зэрыIэщIэкIуэдар... И нэ закъуэр иришIащ, и щхьэри езы тхьэмыщкIэм и джатэмкIэ фIихри, нартхэ мафIэр къахуихьыжауэ щытащ. Ар хузэфIэкIащ а лъэнкIапIэ Iушэм. Фи кIуэдыр си кIуэдкIэ си тхьэлъанэщ.

– Дэри дигу къоуэ уи адэр жэмыхъуэрылъхум зэрыIэщIэкIуэдар. Дэ ар яхуэдгъэгъункъым нартхэ я щылъху адыгэхэм. Хъунщ, тIысыж. Емынэжьей, къыджеIэт мыдэ зыгуэр. Зыбущэхуауэ куэдрэ ущысыну?

Емынэжьей хьэлъэ-хьэлъэу зыкъиIэтри, ипкъ зещэтэжыр утыкум ирилъэфащ.

– Сэри си щIыхуэ ятелъщ адыгэхэм. Си адэр иукIам и мызакъуэу, абы и шы Къарэ ЛъакъуищриIэрыхьауэ щытащ СосрыкъуапцIэ. Тхьэгъэлэдж и ху нэдыр щихьыжым нарт хъыджэбзри здихьащ. Яхуэзмыгъэгъуни сэ ар Сосрыкъуэ и щIэблэм. Си адэм ишри, Къарэ ЛъакъуиплIри, къащIэхъуа шыщIэхэри сэращ зылъысын хуейр.

Хьэщхьэвылъэхэр зэхэсхэм къахэкъугъыкIащ:

– Шы къарэ псори уэ зым нэхъ пхуэфащэу ара?
– Ибогъэлейр Емынэжь и къуэм...
– Дэри ди Іыхьэ къыхэкІын хуейщ...
– Зэ фытесабырэ, емынэ жьэгу хъун къом! – Уэзрэдж Ябгэр къахэгъуэхъуащ. – ШыщІэ къамылъхум уанэ щІыхутефлъхьэр сыт? Апхуэдэщ фэ фи зэхэтыкІэр сыт щыгъуи. ФыдаІуэ япэщІыкІэ. Къихьэ уэри утыкум, – жьэхэлъащ ар удым и пхъум.
УдщІэж мыпІащІэурэ псэлъэн къыщІидзащ:
– Адыгэхэм даІэщІэкІуэдэнущи, зыгуэр къэгупсысын хуейщ, жывоІэ. Ауэ дыщІэпхъуэн и пэ, дызэвгъэплъэкІыж. Сосрыкъуэ и щхьэ закъуэтэкъым мафІэр щІихьыжар. Абы и фІыщІэкІэ, нарт хэкум исхэм я жьэгу мафІэр зэщІагъэстыжащ. Тхьэгъэлэдж и гъавэр Емынэжь тезыхыжу щІыр вагъэплъу[1] къыщІэмынари а лІы фІыцІэ гъущІынэрщ зи фІыщІэр. Сосрыкъуэ и закъуэ адыгэхэм яІар? Мыщэ и къуэ Батыр бланэр фщыгъупщэжа? А щІалэракъэ Благъуэр зыукІыу жылэдэсхэм я псыежэхыр къэзыутІыпщыжар. МафІэр, Гъавэр, Псыр. Сосрыкъуи Батыри я щхьэ закъуэ насыпкъым лІыукІыпІэм щІихьар. Я щхьэр халъхьэнуми, ахэр адыгэ лъэпкъым папщІэ къикІуэтынутэкъым.
Фэ псоми фощІэж ди нэхъыжьхэм яхэлъа къарур, бланагъэр зыхуэдизу щытар. Дэ абыхэм дращІэблэми, ди жагъуэ зэрыхъунщи, дапэлъэщынукъым къарукІи, ІэмалкІи, хьэгъэщагъэкІи... Хэт аргуэру фызыпэщІэувэнур? Сосрыкъуэрэ Батыррэ я щІэблэм фапэлъэщыну фигурэ фи щхьэрэ щхьэ зэтелъыххэ?
– ЖиІэр сыт НэжьгъущІыдзэм?! Уи щхьэцыр кІыхьми, уи акъылыр кІэщІщ уд щылъхум. Дэ тхуэдэ къикІуэтыр?! ФемыдаІуэ НэжьгъущІыдзэ. Уащхъуэдэмыщхъуэу датевгъауэ, иджыпсту, я бийхэри къафІэмыІуэхужу, ахэр езыр-езыру зэгурыІуэжкъым. Ара сэ си унафэр, – кІийрт Уэзрэдж Ябгэр, хъийм икІауэ.
ЗэпІэзэрыту щыт УдщІэж, къэхъур къыгурымыІуэу, япэщІыкІэ и нитІыр къихъуэпскІыкІащ, итІанэ къаскІэри, и щІыфэр тхытхащ. И кІуэцІыкІыщІэм уафэхъуэпскІыу хуэш щІыІэмылыр ирижэри, и щхьэ куцІыр цІыху Іэгум илъу и нэгум къыщІэуващ. Абы зыкъищІэжри, и нэ зэмыфэгъухэмкІэ уафэ нэзым нэплъысащ, итІанэ нэрымылъагъу гъуэгум ириплъащ. Абы къилъэгъуащ... адыгэхэр. Лъэпкъыр Гуэрэныгу Іуащхьэм къыхуэкІуэрт, щІы щІагъым илъэсищэ бжыгъэкІэ зи дунейр щызыхьа дзэ фІыцІэм, иджы адыгэщІыр зыутэм, пэувыну.
Абдежым УдщІэж, дызыхэт мыгъуэр сыт, жыхуиІэу, къызэхуэсахэр ауан ищІу, къыпыгуфІыкІащ. И Іупэхэр щызэтежым Уэзрэдж къилъэгъуащ абы гъущІыдзэ лъэпкъ зэрыІумытыр. Ар абы игъэщІэгъуэху, хъыджэбзым зэуэ зигъэкІэрахъуэу щІидзэри, нэхъ псынщІэ хъуху нэхъ фагъуэ хъууэрэ, икІэм-икІэжым, хьэуам хэткІухьыжыпащ, бжэнтхьэху удз гъэгъа къащхъуэр губгъуэм кърихэри.
И нэгу щІэкІам егупсысыну Уэзрэдж Ябгэр хунэсакъым: Іуащхьэ лъапэр адыгэхэм къаухъуреихьакІэт...

# ИлъэсыщІэ жэщ

ЩІымахуэ дадэ нэхущым ирихьэлІэу УэскІурий цІыкІур Іэжьэм кърихри, Псей жыгым бгъэдигъэуващ.

[1] Вагъэплъ – уэгъум, уэм я зэранкІэ гъавэ къызытемыхъуа е къэкІар зытекІуэдыкІыжа хьэсэ.

– ИлъэсыщIэр мэзым къыщибгъэхьэну уохъуапсэри, иIэ, уи нэгу зегъэужь! – жери, езыр ежьэжащ.

УэскIурий цIыкIур жейрти, дадэ къыжриIахэр зэхихакъым. Ауэ щIымахуэ дыгъэ бзий фагъуэхэр къыщытепсэм, ар къэушащ. ИхъуреягъкIэ зиплъыхьри:

– ЩIымахуэ уаем сыту дахэу мэзыр зэщIэпщIыпщIэу игъэщIэрэщIа! Дыжьыныфэ Псейр-щэ! – щыжиIэ дыдэм ирихьэлIэу, дыгъэ бзийр и пэм, пхъы гъуэплъышхуэм, щеIусэм, игъэкIылри ину къепсащ. Къыщепсым – и пэр къыпыхуащ. А напIэзыпIэм уафэмкIэ блэлъэтыкI Къуаргъ фIыцIэжьым ар къилъагъущ, къеухри, УэскIурий цIыкIум жиIэнIауэ хунэмысу, пхъыр ипхъуатэри лъэтэжащ. АрщхьэкIэ, пхъыр иныIуэти, жыжьэ хуэмыхьу, къыжьэдэхужащ. Ар зылъэгъуа УэскIурий цIыкIур къэгъащ, ауэ Къуаргъ фIыцIэжьым:

– IэфIыххэтэкъым уи пхъыр. Аращ щIыхыфIэздзэжар, – жиIэри, ауи къемыплъэкIыу ежьэжащ.

Абы хэту, Бэлацэрэ ТхьэкIумэшхуэрэ гъуэрыгъуапщкIуэ здэджэгум жыгей щIагъым кIэщIэлъ пхъыр къагъуэтащ. Куэдрэ мыгупсысэу, ТхьэкIумэшхуэ ар къипхъуатэри, тIуми яшхащ. ЗэIурыбзаеу абы зыщиплъыхьым, зи щхьэр ехьэхауэ хэплъэ УэскIурий гу лъитэри, тIури бгъэдэлъэдащ.

– Дауэ ущыт, УэскIурий цIыкIу! Щхьэ унэщхъей? – жиIэу Бэлацэ щеупщIым, УэскIурий цIыкIу къыщыщIар яхуиIуэтэжащ.

Бэлацэрэ ТхьэкIумэшхуэрэ зэплъыжащ.

– Къытхуэгъэгъу, дэ тщIакъым пхъыр ууейуэ, – жиIащ ТхьэкIумэшхуэ.

– IэфI дыдэт... – къыпищащ Бэлацэ, – ауэ уи пэр... иджы дауэ зэрыхъунур?

А псори зылъэгъуа икIи зэхэзыха Псейр къопсалъэ:

– Мы си шыкIуртIымыр пэ хъуну къысфIощI. Феплъыт, – жери, и къудамэр къахуишиящ.

Бэлацэ шыкIуртIым къыпичри, УэскIурий цIыкIу пэ хуищIащ, япэрейм нэхърэ нэхъ дахэжу.

Зэуэзэпсэу жьыр къыкъуэури, уэс налъэхэм джэгун щIадзащ. Ауэрэ ИлъэсыщIэри къэблэгъащ. Абдежым къыIухьащ мэз псэущхьэ цIыкIухэри: бажэхэри, дыгъужьхэри, кIэпхъхэри. Абыхэм я Iэр зэрыубыдри, УэскIурий цIыкIу и хъуреягъыр къафыхьу щIадзащ. Псей дыжьыныфэр Iэгу къахуеуэрт. Псоми я гуфIэгъуэт.

Псэущхьэхэм я макъыр Къуаргъым зэхихащ. Ар, гъунэгъуу къыщыт уэздыгъейм тесу, къехъуапсэу, абыхэм къеплъырт. УэскIурий цIыкIу Къуаргъым гу лъитэри, къриджащ. Ар къэгуфIэри, ирищIар къыхуигъэгъуну елъэIуащ. УэскIурий Къуаргъыр псэущхьэхэм яхишэри, псоми зэгъусэу ИлъэсыщIэр кърагъэхьащ. Абы и ужькIэ мэз псэущхьэхэр зэбгрыкIыжащ, езэшауэ. Ауэ Къуаргъыр мылъэтэжу, УэскIурий и гъусэу къэнащ.

Нэхущым УэскIурий зышэжыну къэкIуа ЩIымахуэ дадэ пхъым и пIэкIэ шыкIуртIымыр щилъагъум, къэуIэбжьащ. Ауэ IэфIу жей къуэрылъхум щеплъым, къыпыгуфIыкIри, Къуаргъым нащхьэ хуищIащ. ИтIанэ УэскIурий Iэжьэм иригъэтIысхьэжри ежьэжахэщ.



*Усэхэр*

# ХЬЭIУПЭ Джэбрэ Iил



* * *

Зэтесхам си напIэр,
Сыригушхуэу напэм
ЕсхьэкIат сэ япэм,
КъэзгъэщIар згъэлъапIэу.

Иджы сегупсысым,
Си гур мафIэм къесыр...
БлэкIа гъащIэр, месыр,
Псыхьэлъахуэу йосыр.

Псысэу сфIэщIа гъащIэм
Хэслъэгъуэжыр мащIэщ.
Щащэу къехуэх пщIащэм
КъиIущэщкъым гъащIэ.

* * *

Дэгызэу сиIэ си пэш зэшым
Пшыналъэр лъалъэу щIоузыкI.

IункIыбзэкъэб зэта псэ хъушэр
«Къэуштэм», жиIэу къегыз лъэкI.

Губгъуэшхуэщ сэркIэ си пэш тIэкIур!
ЩыпоткIу вагъуэщIи, щIым хохьэж...
Хьэрш зыкъизыхым зэш щызекIуэм
Дунейр тIэуней щызэпохьэж.

* * *

*Тхьэгъэзит Зубер деж*

Жэщ мазэхэм гур сIэпихми,
Схуэгумахэу махуэр, мес,
И нэс-къэсыр щызэрихым,
Сыдахьэхыр и бзий къэс.

Хуэсакъыпэу къысхуэупсэ
Уэсэпс псыпсыр допIэнкIей.
ПкIатэ-лъатэу пситI зоIусэ,
Псэху зимыIэ кIейр докIей.

КъыщопIэнкIри вагъуэр хьэршым, —
Шэ тхъурымбэу пшэр тырех.
Мес, зыхеш зэхэпхыу къуршым,
Къэуш гъащIэм зыкъырех.

ХекIутэжыр вагъуэр вагъэм,
Гъэм и жылэу тыресэж.
Сэтэней хъужынущ гъагъэм!
Гъатхэм гъащIэр зохъуэпсэж...

* * *

*Къашыргъэ КIурацэ и фэеплъу*

Щхъыщхъ мажорыр жорым и Iэдэжми —
«Жан-къыдэш» Тхьэ зэшхэм я Iэужьщ!
ИжькIэ ди адэжьхэм, дымыщIэжми,
Жыр къагъэшырт, ягу къыдэж нэужь!

Е зэужьым дэтым, я бгырыдзэр
Дзапэ уэрэд адэм иусарт...
Тхьэ сурэтхэр вагъуэм къызэпхидзырт,
Зэпадзыж ежьухэр нэIусам.

Лъапэрисэм и гугъу умыщIыххэ!
Хы макъамэ-къафэр уфэфам,
Уафэ дыдэм пхъэцIыч макъыу щихыр
Щыблэу зэкIуэцIычырт, уфIэфIам.

Афэу щхъыщхъ мажорыр зи мыфащэ
Щабэу гыз бжьамийр иджы мэзэш...
Пшынэ макъри, къыу уэрэду, щащэу,
Тхьэхэм къаIущэщыр зэпагуэш.

## БАХ



ЗэхуокIуатэ пшэхэр, зэщокIуатэ,
ЗэхуаIуатэ щэхухэр зэIэпах.
ЗэIэпаххэм къыухэр кIэщIэкIуадэу,
Дамэху псыпскIэ дыгъэ бзийх къыхах.

ЗэкIуэцIахри, пшэхэм хэлъэщIыхьу,
ПщIыхь Iэмыр макъамэр зэбгырах,
Хы толъкъуныр уафэ лъащIэм щIыхьэу,
Тхьэшхуэ пыхьэу щызэхихым Бах!

ПкIэлъей хъарщ гупсысэр — зэщIэскъыскъэу,
ГукъэкIыжыр гугъэм ебдзыжынщ!
Зы едзыгъуэ пищэм гъащIэм уи къуэм,
Къыу уэрэдыр уэ къомыпцIыжын...

Хашыр пшэхэм макъамэху яIуантIэр,
ХаIуэнтIыкIыр къыухэм зэIэпах.
ЗэIусхауэ си дуней и пщIантIэр
СыщIодэIур къысхуиIуатэм Бах!

## IЭДИИХУ

Пщыхьэщхьэ пшэплъым сыхэплъэм сакъыу,
Къурш джабэм, зэшу, къыришт зы жэщ...

Псы щIэж слъэгъуакIи сыхэхъуэпсакъым,
Псыкъелъэ макъыр къырум дэсшэщIт.

ДэсшэщIти IукIэ, дэсшт Iуащхьэмахуэ,
Шыхулъагъуэм щэхуу къехт Iэдииху.
Дэ зэхуэтIуатэ псоми и хъуахуэм
Къехъуапсэу, хьэршым зэш къыIэпыхут,

Iэпыхуми, IэхукIэ, щIым нимыгъэсу,
Уэсэпс уэрэдкIэ зэшыр игъэпскIт...
КъэхъуэпскIти уафэр, къехт шы мыгъасэ,
Мэскъалхэр лъалъэу фIалъэм дэхъуэпскIт...

СыкIэлъохъуапсэ си Iэдиихум,
А щыблэ-хуарэм дунейр дохъей!
Хъарпшэру си нэм къыщIэпсэ нэхум
Нэпс пэлыдыжым кIуар зэдагъей.



* * *

Аргуэру бжьыхьэр къэсыжащ си деж,
Гукъеуэр жэщым жэпу къыстехэжу.
Жэщыбгым си псэм кIуам и щыгу сыдеш,
Техьэгъуэу гъащIэр зэми къыстехьэжу.

Соплъых къэскIуами — нэр щоункIыфIыкI.
КIыфIыгъэр щхъыщхъыу телъщ зэман сыхьэтым,
Щхьэр сIэтрэ сыплъэм, слъагъукъым уэ зым фIэкI,
Мо уафэ къытщхьэщытыр си щыхьэту.

Техьэгъуэ-гъащIэ, си псэр езэшащ,
Сыздэпшэ куейхэм псэхупIэ щымыIэ...
Насып щымыIэм щхьэ сыхуэхэшат?
Жэуап схуэмытми, пхуеший си гур си Iэм.

* * *

Нобэрей махуэм хэлъэт си напщIэ,
БдэзмыщIэ Iуэхум сегъэпIейтей.
Пщэдейм хэлъ щэхум сыщIэмыупщIэ,
Си гущIэм илъыр телъщ уи сэтейм.

Дахагъэу щыIэм сыхуэнэпсейщ,
Нобэрей махуэм хэлъэт си напщIэ.
Тхьэм усхуищIамэ хъыбарегъащIэ,
Хуэсакъыу гуауэр къызэупсей.

Бэрэжьей гущэ дунейр мэщэIу...
Нобэрей махуэм хэлъэт си напщIэ,
Гулъытэ лейкIэ сыномылъэIу,
Спэщылъыр дыджми, зэ умыпIащIэ...

Гупсысэ жьычу чэщей пшыналъэр
Махъсымэ фалъэу къызогъэщIей.
ДэпщIыпщIу слъагъум макъамэм псалъэр,
«СылIэнущ» жысIэу сымыгужьей.

Нобэрей махуэм хэлъэт си напщIэ,
ЩIэлъэт къапщIийуэ укъысхуоджэгу...
Зэгуэр нэджыджым къытеща гъащIэм,
И мащIэ мыхъуми, къилъхьэж си жьэгу.



* * *

*«Псыхэгъэ», ещанэ симфоние*

Уи дахэр дахэт хьий икIауэ!
Уи Iейм нэхъ икIэ къэмыхъуат!
Уи къафэ лъащIэм зэпычауэ
ЩIэлъ къуэпсырщ си псэр зыдэтхъуар...

Сыпщытхъуми, хъуэныр дэнэ схьыну?
Уи дахэр уэрщ зымыдэжар.
ШэсыпIэ уэркIэ сыщIихьэну
Уи фащэр ябзри ядыжащ...

Уи хабзэр Тхьэхэм щаубзыхум
Дахагъэм тIэкIу къефыгъуэжат?
Уи хъугъуэфIыгъуэм пыщэщ сахуэм
Уи махуэр жэщкIэ ихъуэжащ.

Джэдкъурт анэжьу, Iуащхьэмахуэ
Къурш лъынтхуэр хишу зыщIиший

И шырэр, хэти псыхьэлъахуэт,
Хэт пшэху хъужауэ уэм щожей.

Лъея зырызхэм хабзэ кIапэр,
Дыгъэпсу, щIышхуэм къырашэкI.
Бэшэч ищIами лъэпкъыр напэм,
Iэгъуапэм нэпсыр сфIыпожэкI.

* * *

Уэрэд жыпIэу, сянэ, сыгъэжей.
Е къызжеIэ жьындум и хъыбар.
Сытхъу тепIэну зэгуэр зэтетпIар
ЕзупIэхми, нэхъ къысфIыдожей.

Уэрэд жыпIэу, сянэ, сыгъэжей.
Сабиигъуэм зэжедмыIэфа
Псалъэ IэфIхэм нэпсу дэбгъэвар
Зэпоуври, уэм сыдырашей.

Уэрэд жыпIэу, сянэ, сыгъэжей.
Уэ жэщ-губгъуэ дуней къыпхуэнам
Абгъуэринэу пщIыхь хэухуэнам
Нур къыдидзым си псэр хузоший.

Уэрэд жыпIэу, сянэ, сыгъэжей.
Ди хьэкужьри къыппыреуэршэр…
ЩIакхъуэ хуабэу, къыгуэзгъэхуу пшэр,
Нэхъ дахэIуэу дисфынт зы дуней…

* * *

ХъущIэ-щIатэу Бахъсэныжь
КъоукIуриехыр,
Щыридзыхым и псышур
Пшэху сурэт къытещыр
Iэпхъуэшапхъуэу мэхъури жэр,
ТкIуэпс-ткIуэпсу мэщащэ.

А щэщар зытырипхъэж
Псы Iуфэ удз щабэм

Еубзэжу бэ егъэш,
Гухэлъыр зи щыпэу.

Зы нэпкъ гуэр нэса нэужь,
Мэхъуж шы мыгъаси,
ХитIэ-хисэу зыкъеущI,
Нэпкъым зэреIусэу.

Йох апхуэдэу тафэм нэс,
Носри — псытепхъабэщ!
И тхъурымбэм пщIыпщIу хэсщ
Дыгъэпс Iэпэ щабэр.

Бахъсэныжь сыщIэдэIуху
Зэхэсх уэредадэм
И дауэщыр зи мэIуху
Ежьум зыкъетIатэ.



* * *

Уэ уи гущэр бэрэжьейщ,
Жей, си тIасэ, жей.
Уэ пхуагъашхэ нарт тхъуэжьей,
Жей, си шырэ, жей.

Ухуеиху бжесIэнщ таурыхъ,
Жей, нэфIыцIэ, жей.
КIущэ нагъуэри мэпырхъ,
Си псэ закъуэ, жей.

Уи хьэмыщэр гъуэлъыжащ,
Жей, нэ пIащэ, жей.
Мазэр зэшу еIэжащ,
Жей, си пцIащхъуэ, жей.

Джэджьей цIыкIухэр тесщ лъэуейм,
Жей, нарт шырэ, жей.
НасыпыфIэщ уи пщэдейр,
УкъэмыскIэу жей.

* * *

Дэнэ ущыхэтыр, си къыу уэрэд дахэ?
Хэт узыхуэгушхуэр, хэт узыхуэмахэр?
Хы псышу-уи дамэр сыт зыхуэбгъэджэгур?
ГъащIэр зэриухым нэхъ хигъэщIрэ уи гур?

Дэнэ ущыхэтыр, си къыу уэрэд дахэ?
Дунейм теспхъэ жылэр зэгуэр зэIэпахым,
Нобэ зэхамыхыр зы зэман зэхахым, —
ЖысIэу къэспсэу гъащIэр нэкIум телъщ лъэдэхыу.

Бжьыхьэр къысхуокIуатэ, щIиутхыкIыу нэпсыр,
Къыщысхуепэбжьауэм — сфIегъэтхъур гупсысэр,
Махуэм сыус псысэр жэщым зэхесыпэ,
IэфIщ итIани гъащIэр, ара сфIощI насыпыр.

Дэнэ ущыхэтыр, си къыу уэрэд дахэ,
Къэлъэтэж тэлайкIэ, къоблагъэ кIэухыр...
Щихум хуэдэ уи пкъым зэ Iэ дэслъэжамэ,
Си псэ лъэтэжынум ар хуэхъунут дамэ.



## МУЗЫКЭ

Си махуэ гугъухэм и гущэ,
Си жэщыр схуэзыгъэкIэщI,
ПсыхуэлIэу си Iур дэгъущIэу
Си гъащIэр уэрыншэм нэщIт.

Уи къэгъэшыпIэ-щыхупIэм
Сеплъыхыфын сызыщIа
Си гуащIэ уэ къыпхэхъупэр
Фэрныплъ жэбзауэ гуащIащ.

Уи зэхэлъыкIэм хэлъ хабзэр
Сыубзыхуху бдэсшэча
Гугъуехьым сищIым нэхъ къабзэ,
МымащIэ къызэпысчар.

Псэм тIасхъэ иIэм уеIусэм
Си нэпсыр къысфIыщиудт,

Уэрэдри ущишугъусэм
Уи уасэр имыгъэпудт.

Иджы уэр-уэру уопсэур...
Уэрэдым къимытIэса
Гупсысэ уи пкъым щызеуэм
Си бампIэр дэмытIыса.

Псыхэгъэу укъыщысхуэкIуэм,
Уджхэши зыбощIыжыф!
Уи къэгъэшыпIэм нэхъ гуакIуэр
Фэр мыхъуу, уафэм пхожыф!

Си махуэ гугъухэм и псысэ,
Си усэ къэпщIыр уи джэгущ.
Ажалыр къыщызэIусэм —
Зэгъусэу фысхуеуэ Iэгу.



* * *

Си хъуапси гугъи я псэр зы чысэщ!
Пщэдджыжь уэсэпсу, дыгъэпс пэлыдщ.
Дунейм и хабзэм тIури схуемысэ!
Дахагъ ялъагъум — зэдыхолъэт.

Зэпалъыт Iэджэр уэзджынэ макъыу,
Зэпэзуужу кърy макъ мэхъуж...
СыщIэдэIужым, гущIыхьэу магъыр,
Зэпалъытари тхьэмпэу мэгъуж.

А схужымыIэ — псэм хуэмыIуатэр,
АнэIэ щабэу, си нэм хузохь...
Гугъуехьу сшэчыр щысхуэмыIэтым, —
Си хъуапси гугъи гур зэхабзыхь.

* * *

ФIэсщ псеищхьэм бзуупцIэ,
Хишу и уэрэдыр,

А уэрэдыр е убзэ?
Убзэм — сыт къыхуэтыр?!

Е бзуубзэ фIыт сщIамэ,
ДэсIэтынт и уэрэдыр!
Къыжьдэлъэлъыр зи дамэ
Псей щхьэкIэм зеIэтыр.

Уафэхуэплъэ бзуупцIэ,
Къысхуеплъых умыплъакъуэу!
КъыхэтIысхьэ удзыпцIэм,
Гугъущ ущищхьэзакъуэм.

Си уэрэдхэм сфIэдахэр
БжесIэнщ сыщIэфиеу,
Уигу дэмыхьэм зэхэпхыр, —
Укъызэмыгие.

Дызэщхьамэ си гуапэт,
ТIури добзэрабзэ...
Дахагъ псоми нэхъапэр —
Гурэ псэкIэ къабзэрщ.



* * *

Сыздэшэжи къуажэм ущехыжкIэ
Жэмыжьыкъуэ деж сыщигъэкIыж...
ПщIантIэжь нэщIым бжэ щыIуамыхыжкIэ
Кхъужьеижьым зэ зезгъэшэкIыж.

Сыздэпшэжрэ жэщым сыкъэбгъанэм,
Арджэныжь щхьэ закъуэм Iэ дэслъэнт.
Ди хьэкужьыр зи фэеплъ си анэм
Къигъэна хьэпшыпхэм сахэплъэнт...

Сахэплъэнти, хьэкум къина яжьэр
ЗэIыспщIыкIыу тIэкIу сыщхьэщытынт.
Абы мафIэ щыращIар иужьу
Щыдаха а махуэм... уигъэщтынт.

Махуит1 зэхуэмыдэм къару щIихым
Зэш теупIэ хадэр дэзбгынащ.
Зи хъыджэбз ишэгъуэу зыкъырихыу
А зэш дыдэр си пащхьэм къинащ.

Гукъыдэж щызиIэм, згъэфIэрафIэу,
Къафэ мыхъуу, зэшыр согъэудж...
Сынэщхъей къыфIэщIым — сыхуогуфIэ,
Язынықъуэм дыгъэм сыдотэдж.

* * *

*ХьэIупэ Зурятрэ Локъанрэ я фэеплъу*

Си анитIым псысэкIэ сапIат...
ПIырыпI хъуам сеплъамэ — дыгъэшырт,
Я уэршэрым и кIэм къысхуащI бам
И щабагъым сищIыфырт нэхъ жэр.

Махуэр зэрежэкIым гу лъыстэнт!
Жэщыр къэсым — пщIыхь губгъуэ убгъуам
Сигъуэщыхьым, къыуитI къэлъэтэнт,
СаIэтынти, сахьырт пшэху ипхъам...

Си анитI-къыуитIыр къысщхьэщыст
Пщэдджыжь къэскIэ, сыкъызэщыуам,
Я уэрэд-гъэушыр пэшым щIэзт,
Акъужь къабзэр пэшым и хьэуат.

... Иджы сыхощтыкIыр пщэдджыжь жейм,
Псэр зыдэжэм зэшыр къыпожэкI.
ГукъэкIыжым уэрэд дыришейм
Еш имыщIэу гъащIэм зырешэкI.

* * *

*Къэбэрдейхэм я жэщтеуэм и фэеплъу*

ГъыбзэщIэш-ежьум и дахэр
Зи тхыдэжьым къыхэна
Хабзэзехьэ къэбэрдейхэ,
Сыт фэ нобэ къыфхуэнар?..



8 Заказ №352

УанэгунэщI лIэщIыгъуэ гуауэм
Уэрэдыпкъыр зэфIещIыкI,
Лъапсэрыхэ хъуа жэщтеуэм
Адыгэшыр хощыщыкI...

Балъкъыжь псыхъуэ дэкIуэдахэр
Хьэдрыхэ нэмыса:
Нэпс хъужауэ хэт йожэхыр,
Мывэ сыну хэт хэсащ.

Зэпымычу згъэнэщкIу тхыдэм
Къыхиху гъуэзым си Iур щеч!
Ди пщэдейр зыхэлъ шэхудэ —
ПщIыхь дыдж гуэри нэгум щIокI.

Уи хэкIыпIэм и зы гудзэ —
Дзапэм фIэлъу къесхьэкI бзэр
ЗэрыкIуэдри спкъырытщ узу...
ЕгъэзыпIэу къанэ Псэ,
Птелъ гугъуехьыр хьэщхьэрыIуэщ,
ПщIишхыкI гуащIэм сыт схуещIэн?..
Iуащхьэмахуи игъэщэIуу
ГъыбзэщIэш-ежьум пищэнщ…

* * *

*ХьэIупэ Анзор деж*

Зэпымычу нэгум щIэтщ
Ди шыгъуэгу жыг хадэр...
Кхъужьей, дей е нэгъуэщI куэд
ИгъэкIат си адэм.

Хадэку дыдэм ит кхъужьейм
Нанэ сыришалIэт:
IэплIэ хуэщI, умыгужьей, —
ЖиIэм, гум ежалIэт.

Мыр уи адэм и фэеплъщ, —
ЖиIэурэ гъынанэт...

Къысхуишийти кхъужь джабэплъ,
Іэ къыздилъэт нанэ.

Кхъужьей, дей е нэгъуэщІ жыг
Зыхъума гукъинэм —
ЩІым сыхэплъэу сырешэх,
Еплъ, жыхуиІэу, къанэм.

* * *

Щыгъэмахуи, е щыбжьыхьи
ГъащІэр сыту ІэфІ,
Е щыплъагъукІэ дыгъэ къухьэр —
Пщэдейм уигу егъэфІ.

Къепсэпсауэу, тІэкІуи пшагъуэу
Гъуэгу утеувам, —
ЗыщибзыжкІэ уоплъ бгъэщІагъуэу
Уафэ къиуфам.

Уузыншэу нэху укъекІым —
ГъащІэр сыту ІэфІ:
ДунеижьыIм и гуфІакІэ
Щэхум удоплъэф.

* * *

*Адыгэхэм (Шэрджэсхэм) я махуэм и фэеплъ*

Пщэдджыжь акъужьым хы дэуфафэм
И щІыфэм дыгъэр хуэму щІеупскІэ.
Нэгум щІэкІ псысэр адыгэ къафэщ,
Адыгэ къафэр псыхьащ дыгъэпскІэ.

Псыхьащ зэмыщхьу едзыгъуэ къэскІэ,
ЗэщІэбзэрабзэу зыр зым поувэ.
УгуфІэ щхьэкІэ, зэм укъигъаскІэу,
И къафэ хъуаскІэм пхесыкІ уи щІыфэр.

Адыгэ фащэр къэзылъхуар къафэ?
Е къафэ дыдэм къилъхужа фащэр?

Адыгэ хабзэр зи бзыпхъэ уафэм
И дыщэидэу хузогъэфащэ.

ЗэмыщхьитI, жаIэ, зэримыхьэлIэу,
Адыгэ къафэ, адыгэ фащэ!
Лъэпкъ зэшыр зыми ятемыгуплIэу
Iэгуауэ макъыр зэхырещащэ.

ГуфIэгъуэу диIэ Адыгэ махуэм
ЩыджылыкI къафэ, адыгэ цей,
Зэгуэр феттами лъэпкъ куэдым щIыхуэу,
«Шэрджэс» жаIамэ, къащIэнущ зейр.

## БАЛЛАДЭ

*ХьэIупэ Заур деж*

Дзапэ гъэфIэну къэна уэрэд,
Даущым и цIэр сэзыгъэщIа,
Си бын нэхъ пажэ, зи пщIэр мыкIуэд,
Дунейм сыт Iуэхукlэ дызэрыщIат?..

Уащхъуэдэмыщхъуэу псэм ущопсых,
ЩIыуэпс уи лъахэр нэгъуэщIу слъагъут,
Телъыджэ Iуэхур хуиту зэхэсхт,
Си Iум щыджэгум сищIыпэт мэгъу.

МакъкIэ узгъэIум усфIэкIуэдын
Си гугъэу, шынэм сыщIэдэIужт.
Псэрыжэ уи пкъыр зэрысIуэтэн
СымыщIэ пэтми, тхьэ птызоIуэж...

Тхьэ птесIуэжами семыпцIыжа:
Жагъэ къызэпту гъуэгу хэзбгъэшам
И нашэкъашэм уезмыдзыжам,
Лъэмыж хъыринэу сыптезэшат.

Уэ птеухуауэ жысIэн си куэдщ,
Зи дауэдапщэр хуэнэпсырыжэ,
А уи къежьапIэм зы ныбжь щокIуэт,
Абы къыкъуэтыр мынэжэгужэ.

Уфэеплъ дахэщ, пхуэдэр зырызщ,
Зэрыджэпс ткIыбжьуи сыпхэIубэху —
ЩIымахуэ гуэрым си гур къехуз,
Къихузми, мэхъур дунейр нэхъ нэху.

АпщIондэхункIэ къэзгупсысыж
ЖызмыIэф Iэджэр къыщыукъубейм, —
Сызыхуэмейми зызогъэсэж,
Си напэр къисым — сыдоIэбей...

ПхузэщIэмыхьэр Iыхьэ мышыу
Зэрыхъур хьэкъми, схузэбгъэпцIыж
ГукъэкIыж жэрым зездзым сышущ,
Сыкъепсыхамэ — хъуэр зызодзыж.

Уи фащэр щыздым зыхэзмыщIа
Дахагъэр гъащIэм еубзыхуж,
А фащэм ещхьу сызыIущIа
Бзыхьэхуэ куэдыр уэм имыхуэж.

Нобэр къыздэсым узыIурылъ
Гухэлъ зыщIахэм къафIощI уарей,
Абы сэ зыкIи си Iуэху хэмылъ...
Пшыналъэ къабзэм арщ и дунейр.

Дзапэ гъэфIэну къэна уэрэд,
Дауэ щыкуэдым щIэжэбзыкI псэм
ЗыгъэпсэхупIэу иIэр уэрат,
Ауэ уэ сытми сыпхуэусэнт?

Пэжщ, гурэ псэкIэ гъащIэ уэстам
Къыхиху Iубахъэр къыздэзыхьар
Жьым ихьыжами, псэ щIэгъэстэн
УзыщIа гуащIэр нуркIэ псыхьащ.

* * *

ЗгъэщIагъуэт и жьыхъугъуэм Гёте
ИщIа гухэлъым и дахагъыр.

Зэрезгъэкӏун къысхуэмыгъуэту,
Хуэсхьыжырт псори и Iэщӏагъэм.

Згъэщӏагъуэ фӏэкӏ сыщӏэнэкӏатэм, —
Збжынт нобэ згъэшым пыщӏа Iуэхуу...
Пцӏыр сыткӏэ щхьэпэ: сыукӏытэу
Согъэпщкӏур схуэмыIуатэ щэхур.

Гухэлъыр ныбжьым елъытамэ,
Сыт гумрэ псэмрэ жьы щӏэмыхъур?
Зэгуэр ар цӏыхум къихутамэ —
Хабжэнт имыгъуэу къэхъуа щӏэщхъум.

* * *

*Тут Заур деж*

СыщедэIуэжкӏэ си уэрэду
И макъ дахащэмкӏэ гъэпсам,
КъызгуроIуэжыр псыхэкӏуадэ
Зэрымыхъуар къысхуэхъуэпсар.

Апхуэдэу жысӏэр къемыкӏущэ,
Арщхьэкӏэ пэжыр дэнэ схьын?
Си лъагъуныгъэ-псыхъуэгуащэм
И фэеплъ куэдыр къыпщысхьын?

А си уэрэдхэм хуида фащэ
Морафэ щыпкъэр ауэ цей!
Ар, умылъагъуми, лъоIэс гущӏэм,
Къещӏыфыр наIуэ ар лъэпкъ зейр.

Абы и макъ-виолончелыр
Щыдыришейм къигъэщӏ дунейр
Зыпыхьэж лъахэ — нарт пшыналъэр
Зэхэпх къудейм, уегъэгужьей.

Аращ дахагъэм иIэ хабзэр!
Щыпкъагъэ псори зи дурэш
Абы и макъым, и псэ къабзэм
КъызэIуехыфыр псэм и Хьэрш.

* * *

*КIыщокъуэ Алим и фэеплъу*

Тхьэпэлъытэу ябжт кхъужьей къудамэр...[*]
Ди адэжьхэр жьауэм щIэтIысхьэху,
Гъэчыр нэхъыбэIуэу къыдэжамэ,
Ехъуэхъунти, я дунейр хъурт нэху.

КъинэмыщIу, ящIти кхъуейкIэрыщIэ,
Ефэ-ешхэм уэрэдыр пащэнт.
Къыпагъэщти, гъэчыр хуахьт нысащIэм,
Абы пыщIа псоми хэлът хьэл-щэн.

Псори зыхуэкIуэж а бжьыхьэ гуэным
Гъавэ бэвыр изу дыращIейт,
Я нысащIэр щыкъуэбын-щэбыным,
Гъищ фэрныплъыр къызэдагъэщIейт.

Арагъэнт Созрэщ къащIыхуэгуапэр!
Ари хьэкъыу адыгэм ябжыжт.
Дэхьеят я Iэщхьэм и Iэгъуапэр,
Я бгырыпхыр, дауи, дыжьын быжт.

ЩIымрэ Уэмрэ зи дуней епхауэ
Щытыгъа ДыщэIуэ-Къэбэрдейм
Сегупсысым, шы Iэлу етхауэ
Сигу мыпыIэр зэгуэчын къудейщ.

## УЭРЭД

Дэнэ ущыIа иджыри къэс,
Фэм дэзгъахуэр псэкIэ зыхыумыщIэу?
Махуэ ущыслъагъур нэхъ дыгъэпсщ,
Соплъ нэ лейкIэ уи гугъу къысхуэзыщIым.

Ар щIалагъэм къыхэкIам нэхъыфIт,
Абы фIэсщын гуэр къысхуэгъуэтынут...



[*] Мыпхуэдэ IуэхущIафэм Джон Фрейзери Хъан-Джэрии тетхыхьащ.

Дунейм теткъым си гур зэрызгъэфI,
Уэр фIэкIа. А мащIэм куэд щIэстынут.

Щхьэхуэпсалъэу сыщыбдэуэршэр
Зэзэмызэм жысIэр зэхэпхамэ —
Нэм щIат уасэ псэри хъунт нэхъ жэр,
ЗыхэпщIэнут сызэрымыхамэр.

Дэнэ ущыIами, сызэрыпхуэзам
Къысхуихьа телъыджэр гурыфIыгъуэу
Сопсэу, тIасэ, а къэзгъэIэса
Хъуапсэр хъужу зэми уафэгъуагъуэ.

* * *

КъапщIий къэлъалъэр си нэм къыщIихьэжу,
СыщIэтщ жыг щIагъым, уафэм сыдоплъей.
Мы дунеижьым Iэджи зэхехьэжэ,
КъыпхуэмыщIэну къищхьэпэнур, лейр...

Езы дунейри гъадэщIыдэ дзажэщ,
Мыкъутэжыну зы къимыгъэщIа!
ДемыпIэщIэкIыу, зыхэтщIэу дыздэжэр,
Ди ужькIэ къакIуэм фIыт зыгуэр хуэтщIам.

Езы дунейми цIыхур къыщигъэщIым,
ЩIэпхъаджэу пылъым емыгупсыса...
КъапщIийм пылъ гуауэ? Ар псэкIэ зыхыумыщIэм,
Сыт уасэ иIэр гъащIэ къыплъысам?

Уэсэпсыр зи къабзагъыр щIым хуосакъыр,
Хьэлэбэлыкъыр цIыхум и Iэдэжщ...
Зы къимыгъэпкIми нобэкIэ си макъым,
Лъэпкъыбзэм, ди Тхьэ, зэ егъэIуэтэж!

# ЛЪЭПКЪ ЛИТЕРАТУРЭМ И ЛЪАГАПIЭЩIЭ

*(Бещтокъуэ Хьэбас и «МэзылIымрэ мацIэмрэ» роман-арабескэм теухуауэ)*

Лъэпкъ художественнэ зэхэщIыкIым, хэхауэ къэбгъэлъагъуэмэ, адыгэ литературэм къикIуа гъуэгуанэм уриплъэжмэ, наIуэ мэхъу нэгъуэщI лъэпкъ литературэхэм ялъэщIыхьэн дэнэ къэна, зы Iуэхугъуэ, пщалъэ гуэрхэмкIи куэд щIауэ абыхэм зэращхьэдэхар. Абы щыгъуэми Iуэхум къыхэлъытапхъэщ ди лъэпкъыр зи тхыбзэр зэфIэувагъащIэхэм зэращыщыр, ди литературэм и гъуэгуанэр зэрымыкIыхьыр, лъэпкъ щэнхабзэм и зыужьыныгъэм гулъэф хуэхъу лъэпощхьэпо куэди къызэрызэринэкIар, а псом ящIыIужкIи лъэпкъышхуэхэм яхузэфIэкIахэм ди литературэри ди щэнхабзэри къазэрыкIэрымыхуар. Зи гугъу тщIым и щыхьэту щапхъэ куэд дыдэ къэбгъэлъэгъуэфынущ, ауэ иджыкIэ дэ дыкъызытеувыIэнур пIалъэ кIэщIым къриубыдэу адыгэ литературэм зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэрщ, жанр и лъэныкъуэкIэ абы игъуэта зыужьыныгъэ инырщ.

БжыгъэкIэ къэбгъэлъагъуэмэ, адыгэ литературэм къикIуа гъуэгуанэм и кIыхьагъыр зы лIэщIыгъуэм мащIэу щIигъуу аркъудейщ. Ар мащIэщ икIи куэдщ: мащIэщ – нэгъуэщI лъэпкъ литературэхэм я ныбжьым тепщIыхьмэ, куэдщ – ди лъэпкъ цIыкIум и литературэм щIэгъэхуэбжьауэ псынщIэу икIи кууэ зэрызиужьар, зэманми дунейпсо щэнхабзэми зэрадэбакъуэр къэплъытэмэ.

ИщхьэкIэ къэдгъэлъэгъуа пIалъэм – лIэщIыгъуэм щIигъум – къриубыдэу адыгэ усакIуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ литературэм и жанр псори (къанэ щIагъуэ щымыIэу) къагъэIэрыхуэн яхузэфIэкIащ, тхыгъэм и ухуэкIэ хабзэхэм, усэ гъэпсыкIэм, образ къэгъэщIыкIэм хуэIэзэ хъуахэщ.

Литературэдж-щIэныгъэлIхэм къыхагъэщхьэхукIа гуэшыкIэм тепщIыхьмэ, адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэм и зыужьыныгъэ гъуэгуанэр лъэхъэнэ зыбжанэу зэтепщIыкIащ. Апхуэдэхэщ:

– литературэр IуэрыIуатэм къыхэщхьэхукIыу щыхуежьа лъэхъэнэр (1900–1920 гъгъ.),

– литературэм япэ лъэбакъуэхэр щича лъэхъэнэр (1920–1940 гъгъ.),

– Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэр (1941–1945 гъгъ.),

– зауэ нэужь лъэхъэнэр (1945–1960 гъгъ.),

– совет лъэхъэнэр е «IувыкIыжыгъуэ» («оттепель») зыфIаща лъэхъэнэр (1960–1980 гъгъ.),

– совет нэужь лъэхъэнэр (1990–2000 гъгъ),

– иджырей лъэхъэнэр (2000–2020 гъгъ.).

Мыпхуэдэ гуэшыкIэмкIэ дэри дыарэзыщ, ауэ къэдгъэлъэгъуа лъэхъэнэхэм зэхъуэкIыныгъэ гуэри хэплъхьэ мыхъужыну убзыхуауэ, абыхэм ящIыгъуу къэтхьа илъэсхэм я къупхъэм ихузауэ

щыткъым. Дауэ мыхъуами, нэхъыщхьэращи, лъэхъэнэ къэскIэ ди лъэпкъ литературэм езым и зыужьыкIэ иIэжащ, лъагапIэщIэхэр къигъэIурыщIащ, абы щыгъуэми зыщиужь зэманым и нэпкъыжьэ тридзэурэ къэгъуэгурыкIуащ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, къэралым къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэ инхэр, тхыдэ къэхъугъэхэр литературэми къыхэщащ, жылагъуэ зэхэтыкIэм пэIэщIэуи лъэпкъ художественнэ дунейм зиужьынкIэ Iэмал иIакъым: къапщтэмэ, ди литературэм и тхыдэм къыхэхуащ нэхъ щIэгъэхубжьауэ зыщиужьа 60–80 гъэхэм я лъэхъэнэр («IувыкIыжыгъуэ» – «оттепель» фIэщыгъэр теIукIауэ къэралым и щэнхабзэм нэхъ кууэ зыщиужьауэ къалъытэ зэманыр), апхуэдэуи абы и зыужьыныгъэр нэхъ кIащхъэ щыхъуа зауэ е зауэ нэужь илъэсхэр. Абы и щхьэусыгъуэри гурыIуэгъуэщ: литературэр – гъащIэм и гъуджэщ, абы и зыужьыныгъэри дунейм, къэралым къыщыхъу-къыщыщIэхэм, ар зей лъэпкъым и щыIэкIэ-псэукIэм гуэхыпIэ имыIэу епхащ.

ИщхьэкIэ къэтхьа лъэхъэнэ къэскIэ адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэм и жанрхэм зыужьыныгъэ пыухыкIа ягъуэтащ. КIэщIу къэбгъэлъагъуэмэ, лъэхъэнэкIэ зэщхьэщыхауэ жанрхэр къызэрыгъуэгурыкIуар мыращ:

– литературэм и зэхэублапIэ хъуа 20–30 гъэхэм къыщыщIэдзауэ 40 гъэхэм къэсыху ХьэхъупащIэ А., ЩоджэнцIыкIу А., Щомахуэ А., Махъсидэ З. сымэ я творчествэм рассказ жанрыр щызэфIэуващ. А лъэхъэнэ дыдэм ЩоджэнцIыкIу Алий и фIыгъэкIэ адыгэ усыгъэм зыщызыужьа силлабо-тоникэмкIэ тхауэ усэ, поэмэхэр дунейм къытехьащ. Апхуэдэуи япэ лъэбакъуэхэр ичащ фельетон жанрым: 1924–1935 гъэхэм Абыкъу Хъ. и фельетонхэр дунейм къытехьащ. Зи гугъу тщIы лъэхъэнэм адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэм щызэфIэуващ прозэм и жанр пIащэхэри: Абыкъу Хъ. и «Инжыдж и Iуфэхэм» япэ адыгэ романыр 1930 гъэм итхащ, пIалъэ кIыхь дэмыкIыу, 1934 гъэм, ДыщэкI Мухьэмэд и «Пшэплъ» романри Черкесск къыщыдэкIащ. 1935 гъэм къыщегъэжьауэ повесть жанрми зиужьащ: мы илъэсым дунейм къытехьащ Къуэжей С. и «ЩIэ», Нало Ж. и «ЩIэдзапIэ» повестхэр. А лъэхъэнэ дыдэм адыгэ драматургиеми япэ лъэбакъуэхэр ичащ: 1929 гъэм Тобыл Талъустэн акт зырызу зэхэлъу «Зули», «Зэрылэ» пьесэхэр итхыгъащ. Апхуэдэуи шэрджэс драматургием и гъунэ изылъахэм ДыщэкI Мухьэмэди яхэтащ – 1932 гъэм «Сабий пьесэ», «Сабийхэмрэ бийхэмрэ» тхылъхэр къыдигъэкIащ. А гъэ дыдэм дунейм къытехьащ Амирокъуэ Ибрэхьим и «Октябрь» пьесэр. 1935 гъэм Нало Ж. и «Къэхъун», АфIэунэ Мухьэмэд и «МафIэ бзий», 1936 гъэм ШэкIыхьэщIэ Пщыкъан и «КIуэрыгъуэт», 1938 гъэм Тубай Мухьэмэд и «Мэжидрэ Мэрятрэ» пьесэхэр къыдэкIащ. Зэрынэрылъагъуущи, XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэм лирикэ, лиро-эпикэ, эпикэ, драматургие жанрхэр щызэфIэувэри, нэхъ иужьыIуэкIэ наIуэ къызэрыхъуащи, зыужьыныгъэм и гъуэгу махуэ теувахэщ;

– Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэмрэ зауэ нэужь лъэхъэнэмрэ – 1945–1956 – 60 гъэхэм къэсыху – прозэм и жанр цIыкIухэм, псом хуэмыдэу очеркымрэ рассказымрэ щIэгъэхуэбжьауэ заужьащ. А жанрхэм иту а лъэхъэнэм тхыгъэ я Iэдакъэ къыщIэкIахэщ КIыщокъуэ Алим (зауэм щыIэу итха очерккхэр), Теунэ Хьэчим («ЛъагъуэщIэ», «Дыщэплъ пщэдджыжь» рассказхэр, н.), Шортэн Аскэрбий («Офицерым и гъуэгуанэ тхылъым щыщ», «Псэемыблэжхэм я нып», «Атакэ нэужьым», «Балъкъ и деж», «ЛIыгъэм и вагъуэ»), н. Зауэ, зауэ нэужь лъэхъэнэхэм нэхъ ипэIуэкIэ зэфIэува усэ, поэмэ, пьесэ жанрхэми зыужьыныгъэ ягъуэтащ: Теунэ Хь. и «Гъэунэхуныгъэ», Шортэн А. и «Луизэ», «Танкистищ» пьесэхэр дунейм къытехьащ. Повесть жанрым и зыужьыныгъэм и хэлъхьэныгъэ ин хъуащ 50 гъэхэм икухэм ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и къалэмыпэ къыпыкIа «Софят и гъатхэр». КъызэщIэкъуауэ къэбгъэлъагъуэмэ, XX лIэщIыгъуэм и 60 гъэхэм къэсыху адыгэ лъэпкъым жанр нэхъыщхьэ псори щызэфIэува литературэ къулей зэригъэпэщащ;

– блэкIа лIэщIыгъуэм и 60 гъэхэм адыгэ литературэм усакIуэ, тхакIуэ гупышхуэм (Гъубжокъуэ Л., Тхьэгъэзит З., Бещтокъуэ Хь., Нэхущ М., Бемырзэ М., IутIыж Б., Уэрэзей А., Къагъырмэс Б., Гъэунэ Б., Мэзыхьэ Б., Ацкъан Р., нэхъ иужьыIуэкIэ – 70 гъэхэм къыщыщIэдзауэ: Мыкъуэжь А., Зэгъэщтокъуэ Л., Тхьэгъэпсэу У., н.ку.) япэ лъэбакъуэхэр щачу, абы и унэтIыныгъэщIэхэр яубзыхуа къудейкъым, атIэ ипэ ита лъэхъэнэхэм щымыIауэ жанрыщIэ зыбжанэ къагъэIэрыхуэн, лъэпкъ щэнхабзэмрэ литературэмрэ гъуэгуанэщIэ трашэн яхузэфIэкIащ. Апхуэдэ жанрхэм ящыщщ прозэм деж – новеллэр, усыгъэм деж – сонетыр, а жанрым и фащэ сонет Iэрамэр. Лъэпкъ литературэм и хэлъхьэныгъэ хъуахэщ, ипэкIэ зыгъэкIуэтахэщ, новеллэ жанрым зезыгъэужьахэу КIыщокъуэ А., Мэзыхьэ Б., Ацкъан Р. сымэ, нэгъуэщI зыбжанэми я IэдакъэщIэкIхэр. Адыгэ усакIуэхэм ящыщу усыгъэм и жанр нэхъ гугъу дыдэр – сонетыр, сонет Iэрамэр – къэзыгъэIурыщIахэм я бжыгъэр мащIэкъым, ауэ нэхъыбэм я творчествэм а жанрыр къызэрыщыунэхуам хуэдэу псынщIэу (зы сонет, сонетитI-щы нэхъ ямытхыу) щыужьыхыжащ. Жанрым и зэхэублапIэм деж щытар япэ сонет зи Iэдакъэ къыщIэкIа Сокъур Мусэрбийрэ ЩоджэнцIыкIу Iэдэмрэщ, ауэ абы адэкIэ кууэ зезыгъэужьар, зи сонетарий (сонет творчествэ) къэзыгъэщIыжыфар (ЩоджэнцIыкIу Iэдэм нэмыщI) IутIыж Борисрэ Ацкъан Русланрэщ. Жанрым и фащэ гугъум – сонет Iэрамэм – зезыпщытыфахэм икIи къэзыгъэIэрыхуэфахэм я бжыгъэри куэд хъуркъым (Бемырзэ М., КIэщт М., Уэрэзей А., Жылэтеж С., ПщыукI Л., н.). ИщхьэкIэ къыщыдгъэлъэгъуахэм къадэкIуэу, 60–80 гъэхэр адыгэ романым и зыужьыныгъэр нэхъ хуабжь дыдэу щекIуэкIа лъэхъэнэу зэрыщытыр къыхэгъэщыпхъэщ. А илъэсхэрщ лъэпкъ романистикэм и хэлъхьэныгъэ хъуа тхыгъэ пIащэхэр (КIыщокъуэ А., Нало А., Шортэн А. сымэ я роман-трилогие, роман-тетралогиехэр) дунейм къыщытехьар. 80 гъэхэм я кIэуххэм нэблагъэу къэдгъэлъагъуэ мы лъэхъэнэм гу зылъытапхъэу нэгъуэщI къэхъугъэ

зыбжани литературэм и тхыдэм къыщыхъуащ. Абыхэм ящыщщ драмэ-поэмэ жанрым лъэпкъ литературэм зэрыщызиужьар – хэхауэ къэбгъэлъагъуэмэ, Бещтокъуэ Хьэбас и «Нэсрэн ЖьакIэ», «КхъуафэжьейкIэ хым зэпрысыкIхэр» дунейм къызэрытехьар. Зи гугъу тщIы лъэхъэнэм и ехъулIэныгъэ нэхъ ин дыдэу къэлъытапхъэщ роман-миф жанрыр ди литературэм къызэрыхыхьар: Бещтокъуэ Хь. и Iэдакъэ къыщIэкIауэ критикхэми, литературэдж щIэныгъэлIхэми, щIэджыкIакIуэхэми ягу дыхьа, адыгэ литературэм и лъэбакъуэщIэу къалъыта «Мывэ лъэхъэнэ» роман-мифыр 1985 гъэм дунейм къытехьащ. Зэ еплъыгъуэкIэ къыпфIэщIынущ 80 гъэхэм я кIэуххэм – 90-хэм я пэщIэдзэхэм нэсыху адыгэ литературэм жанр псори къигъэIэрыхуауэ, абыхэм зегъэужьын мыхъумэ, щIэуэ къыхэплъхьэн щымыIэу. АрщхьэкIэ къыкIэлъыкIуа илъэсхэм къагъэлъэгъуам тепщIыхьмэ, сыт хуэдэ зыужьыныгъэми гъунапкъэрэ кIэухрэ иIэкъым;

– совет нэужь лъэхъэнэм – 90 гъэхэм – къыщегъэжьауэ XXI лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм къэсыху нэхъ ипэIуэкIэ зи творчествэр зэфIэува тхакIуэ нэхъыжьхэри литературэм жыджэру хэлэжьыхьащ, апхуэдэу усыгъэмрэ прозэмрэ (нэхъыбэу усыгъэм) макъыщIэ зыбжанэ щыIуащ. Усыгъэм и зыужьыкIэ хабзэ щIэщыгъуэхэр къыхалъхьащ Аброкъуэ Беллэ, МахуэлI Нарзан, Къаныкъуэ Заринэ, ГъущIо Зариф, ПщыукI Латмир, Абазокъуэ Къантемыр сымэ, нэгъуэщI зыбжанэми.

– иужьрей илъэс тIощIым – 2000-2020 гъэхэм – къриубыдэу адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэм «лIэщIыгъуэщIэм и щIэблэкIэ» узэджэ хъун усакIуэ, тхакIуэ ныбжьыщIэ гупышхуэ къыхыхьащ. Абыхэм я творчествэм къыдэунэхуащ темэщIэхэр, мотив щIэщыгъуэхэр, художественнэ гупсысэм и къэIуэтэкIэ IэмалыщIэхэр. Зи гугъу тщIы щIэблэщIэм хэтщ усакIуэхэри, прозэ жанрхэм нэхъ яхуэIэрыхуэ тхакIуэхэри, уси прози зытххэри. Апхуэдэхэщ Жамбэч Рабия, Бемырзэ Зураб, Гугъуэт Заремэ, Щомахуэ Залинэ, КъуэщIысокъуэ Марьянэ, Чэнджэщауэ Артур, Къаныкъуэ Анфисэ, Нартокъуэ Анжелэ, КIарэ Альбинэ, Бэрбэч Аслъэнджэрий, Къэзан (Гъыдэ) ФатIимэт, Шорэ Маринэ сымэ, нэгъуэщIхэри. Зи цIэ къитIуахэм я нэхъыбэр (къэбэрдей щIэблэр) «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэмрэ абы и тхьэмадэу илъэс куэдкIэ щыта усакIуэ, тхакIуэ, публицист Хьэх Сэфарбийрэ я гъукIэгъэсэнхэщ. Литературэ хасэм лэжьыгъэ щхьэпэ зэрыригъэкIуэкIам, къэбэрдей литературэм зэчиищIэ къыщыунэхунымкIэ, макъыщIэ щыIунымкIэ къалэн ин зэригъэзэщIам и щыхьэтщ иужьрей илъэсипщIым усакIуэ, тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я IэдакъэщIэкIхэр зэхуэхьэсауэ дунейм къытехьа «Жызум уэшх» (2005), «КъудамэщIэ» (2009), «Шыхулъагъуэм» и вагъуэхэр» (2010) сборникхэр. КъищынэмыщIауи, ищхьэкIэ къедбжэкIа усакIуэ, тхакIуэ ныбжьыщIэхэм зи IэдакъэщIэкIхэр тхылъ щхьэхуэу къыдэзыгъэкIаи яхэтщ. Зи гугъу тщIы 2000-2020 лъэхъэнэм адыгэ литературэм жанр и лъэныкъуэкIэ зыужьыныгъэ ин игъуэтащ. 2005 гъэм абы къыхыхьащ роман-поэмэ жанрыр (Бэлагъы Л. и «Гуащэнэ»), 2012 гъэм – лирикэу гъэпса роман-дневни-

кыр (Бещтокъуэ Хь. и «Дыщэхурэ фIамыщIрэ»), 2019 гъэм – роман-арабескэр (Бещтокъуэ Хь. и «МэзылIымрэ мацIэмрэ»). Иужьрейуэ къэдгъэлъэгъуа лъагапIэщIэм – роман-арабескэм – ди литературэр зэрыхуэкIуар, абы нэсын ипэ къихуэу къикIуа гъуэгуанэ гугъур къэдгъэлъэгъуэн папщIэ, ищхьэкIэ къыщеттхэкIа псор – литературэм и тхыдэм хэзышэ, хэзыгъэгъуазэ Iыхьэр – къэтхьыныр Iэмалыншэт. АдэкIэ Бещтокъуэ Хьэбас и «МэзылIымрэ мацIэмрэ» роман-арабескэм и гугъу щIыпхъэу, щIэныгъэр и лъабжьэу джыпхъэу къыдолъытэ.

«МэзылIымрэ мацIэмрэ» тхыгъэм и гугъу тщIын ипэ къихуэу, арабескэ жанрыр ди литературэм япэу къызэрыхыхьэр Iуэхум къыхэлъытауэ, абы и щхьэхуэныгъэхэр къэгъэлъэгъуапхъэщ.

*Арабеска, арабеск* псалъэр франджыбзэм хэт *arabesques,* итальяныбзэм хэт *arabesco* псалъэхэм къатекIащ, *«хъэрып»* («арабский») мыхьэнэ иIэщ. А псалъэм ехьэлIауэ нэгъуэщI еплъыкIэхэри щыIэщ: «Арабескэхэр – тхыпхъэщIыпхъэ, пкъыгъуэ зэхуэмыдэ куэд щызэхэухуэна хьэрып тхыпхъэхэщ»; «Арабескэ – муслъымэн къэралхэм я гъуазджэм къыхэщхьэхукIа тхыпхъэм и европей фIэщыгъэ. Къытрагъэзэжурэ зэхэшыхьа пкъыгъуэ зэхуэмыдэу – геометрие, къэкIыгъэ, эпиграфическэ мотивхэу – зэхэлъщ. ТхыпхъэщIыпхъэ зэлъэпкъэгъухэр зыр зым трихьэурэ куэду зэхэшыхьа-зэхэухуэнауэ нэм къыIуидзэ тхыпхъэщ».



Литературэм ехьэлIауэ къапщтэмэ, арабескэр – XVI–XVII лIэщIыгъуэхэм гротескым и синониму къагъэсэбэпу щыта литературэ Iэмалщ (прием). Гротескми хуэдэу, арабескэм къэмыхъуа, щымыIэ, дунейм, гъащIэм хэмызагъэ гуэрхэр къыщыгъэлъэгъуащ, фантастикэ пкъыгъуэхэм ущрохьэлIэ, дахагъэмрэ нэджэIуджагъэмрэ, дыхьэгъымрэ дыхьэшхэнымрэ щызэхэджащ.

XVIII лIэщIыгъуэм и кIэухым нэмыцэ усакIуэ, тхакIуэ, критик, философ Шлегель Фридрих гротескымрэ арабескэмрэ зэрызэщхьэщыкIыр иубзыхуну иужь ихьэгъащ. Абы къызэрилъытамкIэ, гротескыр арабескэм нэхърэ нэхъ «лъахъшэщ» (художественнэ мыхьэнэ, художественнэ лъапIагъэ и лъэныкъуэкIэ. – *Хь.Л.*). Арабескэр – «фантазием и къулеягъэщ», апхуэдэуи тыншагъэ-псынщIагъэщ, гушыIэ, ауан зыщIэлъщ, «акъылкIэ зэщхьэщыбгъэкIыу (зэрызэмыкIуалIэр къыбгурыIуэу. – *Хь.Л.*), ауэ зэфэгъу-зэхэшыпсысхьу» щыт пкъыгъуэ гуэрхэр щызэхэшыхьа-щызэхэухуэнащ. Арабескэм и щапхъэу Ф. Шлегель къигъэлъэгъуахэм ящыщщ Тик Людвиг и «История господина Вильяма Ловелля», Ваккенродер Вильгельм и «Сердечные излияния монаха, любящего искусство» тхыгъэхэр.

Ф. Шлегель арабескэм ехьэлIауэ къигъэлъэгъуа еплъыкIэм нэгъуэщI нэмыцэ философ икIи филолог Аст Фридрих зригъэужьащ. Абы къызэрилъытамкIэ, арабескэр «купщIэ щIагъуэ имыIэу, фащэ (жыпхъэ) къудейуэ щыт къэхъугъэ гуэрщ... Арабескэр – акъылкIэ (псэр Iуэхум къыхэмыхьэу. – *Хь.Л.*) зэхуэхьа, зэгъэпэща хъуа конструкцэщ, купщIэ зыхэмылъ дахагъэм и джэгукIэщ». Мыб-

дежым «джэгукIэ» псалъэр щхьэусыгъуэншэу къыхэхуакъым, сыту жыпIэмэ арабескэр ауани гушыIи щызэщIэлъу, дыхьэшхэнри, дыхьэгъри, псалъэхэри, жанрхэри, щызэдэджэгуу ухуащ.

Ищхьэкlэ къэдгъэлъэгъуа еплъыкIэхэр XIX лIэщIыгъуэ пщIондэ къэгъуэгурыкIуащ. А лъэхъэнэм къыдэунэхуа романтикхэми къызэралъытамкIэ, арабескэр тхыпхъэщIыпхъэхэр «щызэдэджэгуу», зы жыпхъэ гуэрым е ухуэкIэ хабзэ зэхуэмыдэхэм ямыхузауэ «щхьэхуиту», кIэух пыухыкIа гуэри имыIэу гъэпса художественнэ фащэщ. Нэмыцэ философ Шопенгауэр Артур и еплъыкIэмкIэ, арабескэм удэзыхьэх дахагъэу хэлъыр «къэмыхъун гуэр къэхъуфыну къызэрыпфIигъэщIырщ, абы щыгъуэми ар къэхъункIэ Iэмал зэримыIэр зэрыпщимыгъэгъупщэрщ. Зы хабзэ закъуэ мэкIуэдыж е абы зэхъуэкIыныгъэ мащIэ егъуэт... адрей псори зэрыщыту къонэ, итIани Iуэхум и кIуэкIэ псом зехъуэж, нэхъапэхэм къэмыхъуну тфIэщIахэм лъэбакъуэ тчыхукIэ дыкъагъэуIэбжь...».

Арабескэр зищIысыр яубзыхун папщIэ, философхэм, тхакIуэхэм, усакIуэхэм ар гъуазджэм и пкъыгъуэ зэхуэмыдэхэм ирагъапщэуи щытащ. Псалъэм папщIэ, Новалис (Барон Фридрих фон Харденберг) къызэрилъытамкIэ, арабескэр «нэм къыIуидзэ макъамэщ» («зримая музыка»), Фридрих Шеллинг ар къэкIыгъэ мотивхэмкIэ зэщIэузэда индус архитектурэм хуихьащ. Иужьрейм и гупсысэхэм Урысейм зыщригъэужьащ критик, усакIуэ, егъэджакIуэ Шевырев Степан. Испанхэм я тхэкIэ хабзэхэм я гугъу щищIым абы къыхигъэщащ: «Мы псалъэхэм я тхыпхъэщIыпхъэхэр, метафорэ щхъуэкIэплъыкIэхэр ебгъапщэ хъунущ арабескэ хъырахъэхэм – КъуэкIыпIэм и алэрыбгъу тхыпхъэщIыпхъэр зэбэкIхэм къатехъукIахэм... ахэр гупсысэ кIыхьым кърикIуа къэхъугъэкъым, атIэ уащхъуэдэмыщхъуэ хьэл яхэлъщ: ахэр фантазием и щыблэщ, ахэр нэкъыфIэщI дунейм и вагъуэижщ».

XIX лIэщIыгъуэм и 20-40 гъэхэм арабескэр тхыпхъэщIыпхъэ щIыкIэу, «щхьэхуиту» ухуауэ щыт тхыгъэу къагурыIуэу зэрыщытам къишащ пкъыгъуэ-пкъыгъуэурэ зэхэлъу, гугъусыгъуу ухуауэ къагъэщIа тхыгъэхэм, ахэр зэрытха жанру къагъэлъагъуэм емылъытауэ, «арабескэ» фIэщыгъэ иратыныр. Апхуэдэхэщ: Гоголь Николай и «Арабескэхэр» (1835 гъ.), Иммерман Карл и «Мюнхгаузен. История в арабесках» (1838-1839 гъгъ.) романыр, По Эдгар и «Гротески и арабески» (1840 гъ.) сборникыр, Белый Андрей и литературэ-критикэ статьяхэр щызэхуэхьэса «Арабески» (1911 гъэ) тхылъыр.

По Эдгар къызэрилъытэу щытамкIэ, арабескэр фантазием, нэкъыфIэщIым къыпкърыкIа гуэрщ, гротескыр ауанымрэ бурлескымрэ (мюзиклымрэ водевилымрэ пэгъунэгъу жанрщ) япыщIащ.

Шлегель Фридрих зэритхыгъамкIэ, «романыр – гъуазджэм и пкъыгъуэ псори, щIэныгъэри, усыгъэри щызэхэпща «IэшрыIщ», абы щыгъуэми тхыдэщ икIи философиещ, икIэм-икIэжым, гъуазджэщ... Романым и фащэ нэхъыфI дыдэр – арабескэ нэгъэсахэрщ». Мыпхуэдэ еплъыкIэр зэрыпэжым, сюжеткIэ къуэпсыбэу, лъэхъэ-

нэ зэхуэмыдэхэр, тхыдэ къэхъугъэ инхэр къызэщIикъуэу, цIыху гъащIэ зэмылIэужьыгъуэхэр и тегъэщIапIэу ухуа романыр езыр арабескэм и хабзэм тету зэрыухуам щыхьэт тохъуэ мы къэхутэныгъэр щIызэхэдублэжа тхыгъэр – Бещтокъуэ Хьэбас и «МэзылIымрэ мацIэмрэ» роман-арабескэр. Арабескэм и хабзэ жытIэ щхьэкIэ, абы «хабзэншэу» (зэкIэлъыхьыкIэ гуэрми темыту) сюжет пычахуэхэр, ауаныр, гушыIэр, дыхьэгъыр, дыхьэшхэныр, гъащIэм и философие куур, психологизмыр, гъуазджэр, щэнхабзэр, щIэныгъэр, нэгъуэщI куэди зэрыщызэхэшыхьарщ а жанрым и ухуэкIэ хабзэ нэхъыщхьэр.

Бещтокъуэр адыгэ литературэм «революцэ» щезыгъэкIуэкI усакIуэщ жытIэмэ дыщыуэнукъым. Япэу литературэм къызэрыхэбэкъуа «Ракетодромхэр» (1969 гъ.) тхылъым и фIэщыгъэ къудеймкIэ наIуэ хъуат Хьэбас и усыгъэр зэрыщхьэхуитыр, лъэпкъ зэхэщIыкIкIэ псыхьа пэтми, абы и гъунапкъэхэм зэрамыхузар, усакIуэм и художественнэ гупсысэм гъуни нэзи зэримыIэр. Зэманым къызэригъэлъэгъуащи, жанр зэхуэмыдэхэр къэгъэIэрыхуэнымкIи усакIуэм и зэфIэкIымрэ зэчиймрэ къэзыгъэувыIа щыIэкъым. Лирикэ тхыгъэхэм нэмыщI, абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ «УIэзэмэ – куэдрэ!» рассказыр, лиро-эпикэм и хэлъхьэныгъэ ин икIи щIэщыгъуэ хъуа «Мывэ лъэхъэнэ» роман-мифыр, драматургие тхыгъэхэу «Имыс», «Нэсрэн ЖьакIэ», «КхъуафэжьейкIэ хым зэпрысыкIхэр», «Истамбыл къикIа джэду», «Сэроробот» жыхуиIэхэр, критикэ, публицистикэ тхыгъэхэр щызэхуэхьэса «Анэдэлъхубзэм и псынащхьэ» (2009) тхылъыр.



«МэзылIымрэ мацIэмрэ» тхыгъэр езы Бещтокъуэм къызэригъэлъэгъуа роман-арабескэ жанрым сыт хуэдэ пщалъэкIи изагъэу тха хъуащ. Тхыгъэр зытеухуа и лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ, абы шэщIауэ сюжет хэха гуэрым зыщиужьу, зы темэ гуэр щыпхрышауэ щыткъым, атIэ арабескэм зэрыщыхабзэу, Iуэхугъуэ куэд дыдэ, тхыдэ лъэхъэнэ зыбжанэ щызэхэшыхьащ. Апхуэдэ Iуэхугъуэхэм языхэзщ, псалъэм папщIэ, щIэныгъэм и щытыкIэ хъуар, кIуэ пэтми и пщIэр нэхъ лъахъшэ хъу зэпытурэ къызэрыгъуэгурыкIуэр. Абы и щхьэусыгъуэхэри тхыгъэм ауан зыхэлъ щIагъыбзэ куукIэ къыщыгъэлъэгъуащ. «ЩIэныгъэ лэжьыгъэ» фIащу утыку кърахьэхэм я нэхъыбэр зэрыкупщIэншэмрэ «зызыгъэщIэныгъэлIхэм» (е «щIэныгъэлI нэпцIхэм») я образ дыхьэгъхэмрэ кIуэ пэтми гъащIэм зэрыщыбагъуэр тхыгъэм и пэщIэдзэ дыдэм деж гъэщIэгъуэну къыщыгъэлъэгъуащ:

*ЦIывым теухуа и диссертацэм*
*КIэлъыгупсысэжу,*
*Къохъэ ар утыку зигъэнапщIацэу,*
*Зи къулыкъу хуэпэжу.*

*И жьэ къупщхъэр фIыуэ ныщIекъузэ,*
*Ирегъэхри Iупсыр,*
*Тлъагъуу зэхуехъэсыр и гупсысэр,*
*И гупсысэ бгъузэр...*

Гу зэрылъытапхъэщи, арабескэ жанрым зэрыхуэщу, Бещтокъуэм и тхыгъэм ебэкIыу хэлъ ауанымкIэ абы и япэ сатырхэри къыщIидзащ. АдэкIи ауаныр щыщIохуабжьэ.

ИщхьэкIэ къэдгъэлъэгъуа еплъыкIэхэм къыхэщащ арабескэм къэхъункIэ, щыIэнкIэ Iэмал зимыIэ гуэрхэр къыщыхъу-къыщыщIэу е къэхъун-къэщIэнкIэ шэч къытепхьэу, гуитIщхьитI уищIу Iуэхугъуэ гуэрхэр къыхэхуэу. Апхуэдэу Хьэбас и тхыгъэм къыхэщыр мацIэр къэблэгъэнкIэ, губгъуэхэм теуэнкIэ шынагъэ щыIэу, абы зэребэнын, зэрызыщыхъумэн хуейм тепсэлъыхьыну хасэ псо зэрызэхуашэсарщ, ар приватизацэ Iуэхуми къепхыжауэ усакIуэм къызэригъэлъагъуэрщ. Япэрауэ, дэ дызэреплъымкIэ, иджырей зэманым зэхыхьэ хасэхэмрэ зэхуэсхэмрэ (псалъэм папщIэ, езыхэми я бынхэми ямыщIэ бзэр зыхъумэну махуэ къэс зэхэлъадэхэм) я щIэнэкIалъэщ Бещтокъуэм и тхыгъэм къыщигъэлъагъуэр. ЕтIуанэрауэ, зэрымытым Iэтэ изыгъэувэу, батэр зыгъэшу зи гугъэжхэр я бгъэм еуэжмэ, мыдрей гупыр Iужажэу абыхэм Iэгу хуеуэу къызэрызэхэнар тхыгъэм IупщIу къыхэщащ. Мис апхуэдэ «пашэхэм» языхэзым – щIэныгъэшхуэ зыхэлъ доклад ищIу зи гугъэж Шухьиб Муштаидович – мыр жеIэ:

*ЖаIэр пэжмэ, мацIэр къогъунэгъур,*
*Тхъэм ар къытхуимыхь дэ...*
*МацIэр хэкум къэсмэ – доунэхъур.*
*Губгъуэр хъунщ цIырхъ дыдэ.*
<...>
*МацIэр Iудгъэщтыну тхузэфIэкIмэ,*
*Тхъэр къыддэIэпыкъуу,*
*Сэ си Iуэхущ итIанэ зым игу къэкIмэ,*
*Лъахъшэу фи къулыкъур.*

МацIэм я теуэкIэр къэралыр зэщIэзыщта приватизацэми хуехь:

*Мы приватизацэм и IэбэкIэр –*
*Ар Iуэху тынишхэм щыщкъым.*
*Хэт хогъухь, хэт кIытэу къызэщопкIыр,*
*Хэт хохъухь пшэрыщэ.*

АдэкIэ тхыгъэм лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм ди къэралым щекIуэкIа политикэр къыхощ, усакIуэм мыхъумыщIагъэ куэд сэтей къещI. Апхуэдэхэм ящыщу роман-арабескэм къыщыгъэлъэгъуащ нэхъ пасэ лъэхъэнэхэм псэр зыщIату щыта къэрал дамыгъэхэм, орденхэмрэ медалхэмрэ нобэкIэ я пщIэр къызэрылъэхъшар.

НэгъуэщI мыхъумыщIагъэу къэралым щекIуэкIахэм ящыщу тхыгъэм къыхощ ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа приватизацэр, абы къыдэкIуа шхыныншагъэр (тыкуэнхэм ерыскъыр щызэпэубыдауэ зэрыщытар), цIыхухэм ерагъкIэ къаугъуея мылъку мащIэр трахыу езыхэр напIэзыпIэм ягъэкIуэду зэрыщытар. Абы щыгъуэми, иджырей

лъэхъэнэми хуэдэу, зи хьэмтетыгъуэхэри мэжэщIалIагъэм ихьхэри щыIащ. Зи хьэмтетыгъуэр – шыни укIыти зымыщIэжу къэрал мылъкур зэхэзыдыгъуэхэрщ, цIыхухэм я гуащIэдэкI хьэлэлым къыпэкIуэ фIыгъуэхэр зэзылъэфалIэхэрщ. Апхуэдэхэмрэ мацIэмрэ я образхэр метафорэ, аллегорие Iэмалхэм тету Бещтокъуэм и тхыгъэм щызэхьэлIащ. МацIэм и теуэкIэр къритхэкIкIэрэ усакIуэм къэрал мылъкур зэзыпхъуахэм я гугъу ещI. Тхыгъэм и лIыхъужь нэхъыщхьэ, захуагъэм и телъхьэ, ихъуреягъкIэ щызэрахьэ цIыхугъэншагъэм, щIэпхъаджагъэхэм хуэхъущIэу зи дунейр зыхь Пэдис Ержыб мацIэр къэсауэ пщIыхьэпIэ елъагъу:

*Дунейр къутэжым ещхьыркъабзэу,*
*Ныжэбэ мацIэм я IутIыжщ.*
<…>
*Зы тхьэмпэ къанэу ягу темыхуэ,*
*Нэхъ мащIэ зышххэм хуащI гущыкI.*

*Тогушхуэ, шхэныр – бэнэныгъэщ,*
*Нэхъыбэ зышхыр – нэхъ лIыхъужьщ.*
*Нэхъ мащIэр – мацIэмкIэ – лIэныгъэщ,*
*Нэхъыбэр – мацIэмкIэ – биижьщ.*



Мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщ Бещтокъуэм и тхыгъэхэм пщIыхьэпIэр куэдрэ къызэрыхигъэхьэр. ПщIыхьэпIэр литературэ Iэмалу (прием) къагъэсэбэп хабзэщ, тхыгъэм и лIыхъужьым акъылрэ псэкIэ зэригъэзахуэм нэхърэ нэхъыбэ – псалъэм папщIэ, гурыгъуазэкIэ (интуицэ) зыхищIэри, езым зэхимыщIыкIыу («бессознательно» жыхуаIэм хуэдэу) пкърылъри тхакIуэм къигъэлъэгъуэн мурад иIэмэ.

«МэзылIымрэ мацIэмрэ» роман-арабескэм, ищхьэкIэ зи гугъу щытщIахэм нэмыщI, нэгъуэщI къэрал Iуэху куэди, тхыдэм и напэкIуэцI зэхуэмыдэхэри къыщетхэкIащ. Ахэр ауанрэ гушыIэрэ хэлъу, художественнэ IэмалхэмкIэ зэщIэузэдауэ усакIуэ Пэдис Ержыб и зэхэщIыкIым къызэритIасэкIэ, абы и псалъэкIэ тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуэжащ. Абы жеIэ: *«Журтхэм я жэрдэмкIэ урысхэм революцэшхуэ зэращIрэ мы къэралым и Iуэхур щыхьэлэмэта мазэ къэгъуэтыгъуейщ. ИгъащIэми зи Iуэху мыщIагъуэ адыгэ тхьэмыщкIэхэри а революцэм, джэдылIэм здихьа бабыщу, здипхъуэтащи... Бабыщым и пщэр хеш – уакъ-уакъ-уакъ! И дамэхэр еIэт. (Дами иIэж!) Дамэ папщIэу къыгуэлэлыр... ЕIэт, кърегъэхуэхыж... Граждан зауэжьыр... Троцкэр... Зэрыхьэзэрийхэр. Колхозхэр, совхозхэр. Кулаккхэр. Гузэвэгъуэхэр. КIэзызыгъуэхэр. Сиблагыр. Гулагыр. Социализмыр. Нурыр къызыщхъэщих коммунизмыр. Перестройкэр. Горбачев. Ельцин. Чубайс и ваучер зэщIылындэхэр. Мэ, Къэсбот!».* Мыбдежым къыщыгъэлъэгъуа къомым нэмыщI, тхыгъэм къыхэщащ гъуазджэм, щэнхабзэм, литературэм я зыужьыныгъэм гулъэф

9 Заказ №352

хуэхъуу щыта идеологиери. Мис, абы ехьэлIауэ Пэдис Ержыб (усакIуэм) и гукъэкIыжхэр: «Щыгъуазэкъым ар (Исуф. – *Хь.Л.*) ди Iуэху зытетым (тхакIуэхэрщ зи гугъу ищIыр. – *Хь.Л.*), *зы сатыр ттхыху унэшхуэмкIэ деплъэкIыни хуейуэ. Зэ уакъыпэщIэхуэмэ, зэфIэкIауэ аращ. <...> Партым и накъырэ гъум кIыхьым ди Iупсыр къежэхыу дыщрагъапщэм, къыттелъэщIыхьу дыкърашэкIащ. Накъырэр хыфIадзэжри, дэри лей дыхъужащ. Ди Iуэхур нэхъыкIэжу къызэремыкIэрэхъуэкIами дыщыгуфIыкIын хуейуэ пIэрэ жыдоIэ»*. АдэкIэ, нехьэкI-къехьэкI хэмылъу, зэрыщыта дыдэм хуэдэу, тхыдэм и пэжыр роман-арабескэм къыхэщащ: *«Сытыр я лажьэт щэщI гъэхэм зэтраукIа ди щIалэ къомым – Нало Жансэхъу, Борыкъуей ТIутIэ, Къуэжей Сосрыкъуэ, Махъсидэ Залымхъан...»*.

Зэрынэрылъагъущи, «МэзылIымрэ мацIэмрэ» роман-арабескэм и кIуэцIкIэ Бещтокъуэ Хь. ди къэралым и тхыдэ напэкIуэцIхэр щызэфIигъэувэжащ, абы мыхъумыщIагъэу къыщекIуэкIа, лейуэ щызэрахьа псори сэтей къищIащ – Iэщ зехуэным, колхоз-совхозхэм я къекIуэкIыкIам и деж къыщыщIэдзарэ щэнхабзэм, гъуазджэм, щIэныгъэм я зыужьыкIам и деж щиухыжу.

«МэзылIымрэ мацIэмрэ» роман-арабескэм образ системэ щхьэхуэ щызэфIэгъэуващ. Нэхъыбэу абы къыхэщыр лъэпкъ интеллигенцэрщ – щIэныгъэлIхэрщ (Шухьиб Муштаидович), усакIуэхэрщ (Пэдис Ержыб), журналистхэрщ (Хьэтиб, Нэзирэт, ХьэкIуэкIунэ, Сэтэней), художникхэрщ (Дыжьыныгъуэ Хьисэ), музыкантхэрщ (Лэгъунэпыт Нуслъин), музейм и лэжьакIуэхэрщ (Бэрзэдж ЛутI). Ауэ образхэм я къежьапIэмрэ я зыужьыкIэмрэ IупщIу къэгъэлъэгъуауэ, я хьэл-щэным, шыфэлIыфэм усакIуэм гулъытэ щхьэхуэ хуищIу щыткъым. Нэхъ нэIурыту тхыгъэм къыхэщыр, абы щыпхрыша гупсысэ нэхъыщхьэхэр Бещтокъуэм зи бзэкIэ къиIуатэр усакIуэ Пэдис Ержыбрэ «журналисткэ дахэшхуэ» Нэзирэтрэщ. Абы и щхьэусыгъуэри гурыIуэгъуэщ – усакIуэм нэхъыбэу зытригъащIэр образ къэгъэщIыныр аракъым (псалъэм папщIэ, абы и теплъэ е хьэл-щэн кIыхьу кърихэкIыу), атIэ тхыгъэм пкърилъхьэну зыхуей гупсысэхэр, куэд щIауэ зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр утыку къихьэнырщ, дерс къыхахын папщIэ, тхыдэ къэхъугъэхэр зэрыщыта дыдэм хуэдэу къигъэлъэгъуэжынырщ. Мыбдежым шэч зыхэмылъыжщ роман-арабескэм усакIуэу къыхэщ Пэдис Ержыбыр езы Бещтокъуэ Хьэбас и зэрипрототипыр.

УсакIуэр зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм ящыщщ зэманыр кIуэхукIэ цIыхупсэр нэхъ чэнж зэрыхъур. Ар Нэзирэт и бзэкIэ тхыгъэм къыщиIуэтащ: *«Псом нэхърэ нэхъыщхьэу сэ мы дунейм щыслъытэр псэм и хуабэкIэ узэрыщIэнырщ, – жи Нэзирэт. – Сэ уи псэращ фIыуэ слъагъур, уи Iэпщэхэракъым. <...> Дужэгъуащ тхъэ, щIалэжьхэм я къежьэкIэ къудейр. Хэт нитIым хуейщ – къуэлэнщи, хэт – нэбжьыцхэм, хэти – тхъэкIумакIэм. Уи псэм зы IэфI гуэр хэлърэ абы гу къылъитауэ зыкъозыгъащIэ урихъэлIэркъым. Апхуэдэурэ екIуэкIмэ – псэ жыхуаIэр къраммыдзэжыххэу дыкъызэхэнэнкIи мэхъу»*.

«МэзылIымрэ мацIэмрэ» роман-арабескэм мифымрэ фантастикэмрэ я кIапэлъапэ гуэрхэри къыхощ, зэрытха жанрым Iэзэу ирагъэзагъэу. ИщхьэкIэ къызэрыщыхэдгъэщащи, арабескэм къэмыхъун, щыIэнкIэ Iэмал зимыIэ гуэрхэри хэухуэна хабзэщ. Апхуэдэу Бещтокъуэм и роман-арабескэм зы Iыхьэу хэуващ Шухьиб Муштаидович (щIэныгъэлIыр, философыр) мэзылIым кърищгъэлъхуауэ жыхуаIэм теухуа хъыбарыр.

Тхыгъэр зэрытха бзэми щхьэхуэу гу лъытапхъэщ. Арабескэ жанрым зэрыщыхабзэу, «МэзылIымрэ мацIэмрэ» тхыгъэми гушыIэмрэ ауанымрэ йобэкI. Тхыгъэм и Iыхьэ зэхуэмыдэхэм къыхэтха щапхъэ зытIущкIэ къэдгъэлъэгъуэнщ:

*Сытыр ягъэ кIырэ*
*ЗыщIэвгъакъуэмэ усэ зытхуххIэ*
*Щэрэ пщэцу кIыхэм.*

*Пырхъ макъым бгъэцыр докIэзыз.*

*И бгыр лотосым хуэдэу занщIабзэу зэфIэтIысхьэнущи, и тхыкъупщхьэ къеузымрэ и ныбэ къежьамрэ къыхуадэркъым. Апхуэдиз щIакхъуэмрэ жьэрыкуеймрэ лъэужьыншэ пхуэщIынт... Нэхъ къехъулIэр аращи, зэхеублэ адыгэ медитацэр: и Iэ сэмэгумкIэ и ныбащхьэр иIыгъыу, и Iэгу ижьыр образ хъарзынэхэр къызригъэджэлыкI и щхъэбгъум кIэщIигъэкъуауэ кIыхьлIыхьрэ хьэлъэу мэгупсысэ...*



Роман-арабескэм и бзэр нэхъ зыгъэшэрыуэхэм ящыщу адыгэ псалъэжь зыбжанэм ущрохьэлIэ: *«Напэ зимыIэм дзажэпкъ иIэщ»*, *«БампIэ зиIэ псалъалэщи, фашхэ зиIэ тIэхъуалэщ»*.

Эстетикэ лъагэм и щапхъэу, художественнэ Iэзагъ хэлъу пейзажыр къыщыгъэлъэгъуа щIыпIэхэми тхыгъэм ущрохьэлIэ. Языныкъуэхэм деж дунейм и щытыкIэр гузэвэгъуэ гуэрым и пэIу щIыкIэу къетхэкIащ: *«Жьыбгъэм щIегъэхуабжьэ. Пабжьэр зэщIохъае. Жьыбгъэм жыг тхъэмпэхэр, цIыху нэкIум хуэдэу, кърехулэкI. Кхъэм и плIанэпэм Iуву щызэхэт кIарц лъагэхэм я щхъэкIэм вынд, къуаргъ пIейтеяхэр щохъэргъэшыргъэ, яхуемыгъэх гуауэмрэ, къэгъунэгъуа пэтми, зыхуэмыхъэзыр гузэвэгъуэмрэ къыщригъэуд хуэдэ»*. Мыпхуэдэ Iыхьэ зыбжанэ тхыгъэм хэтщ. Апхуэдэщ хьитI щызэрыщх щIыпIэу усакIуэм психологизм куу хэлъу, гущIыхьэу кърите хэкIри.

Мотивхэм, псалъэхэм я «джэгукIэм», дыхьэшхэным, дыхьэгъым нэмыщI, арабескэм жанрхэмрэ стилхэмрэ щызэхэшыхьащ. Апхуэдэ зэхэлъыкIэр зищIыс дыдэр Н. Гоголь езым и IэдакъэщIэкI арабескэр М. Максимович щыхуригъэхьым абы щIыгъуу иутIыпща письмом гъэщIэгъуэну къыщиIуэтауэ щытащ: «Посылаю тебе сумбур, смесь всего, кашу, в которой есть ли масло, суди сам».

Бещтокъуэ Хь. и «МэзылIымрэ мацIэмрэ» роман-арабескэми Гоголым къигъэлъэгъуа псори хыболъагъуэ. Тхыгъэм и языны-

къуэ Iыхьэхэр стиль лъагэкIэ, художественнэ Iэзагъ ин къызыхэщ хъэтIкIэ тхащ, адрейхэр къызэрыгуэкI псэлъэкIэм («разговорный стиль» жыхуаIэм) тету гъэпсащ, уеблэмэ зэзэмызэ жаргон лексикэ къыщыхэхуэ щыIэщ. Жанр и лъэныкъуэкIэ уеплъмэ, мыбы усыгъэри, прозэри, драматургием и кIапэлъапэ гуэрхэри щызэхэтщ. КIэщIу жыпIэмэ, къэдгъэлъэгъуа псори щыхьэт зэрытехъуэщи, Бещтокъуэ Хьэбас и «МэзылIымрэ мацIэмрэ» тхыгъэр сыт хуэдэ пщалъэкIи ар зэрытха роман-арабескэ жанрым йозагъэ.

Зызыхъуэжу, зызыужьу дунейм тетыр псэ зыIутхэм я закъуэкъым. Езы дунейр, щIыуэпсыр сыт хуэдэ зэмани зызыхъуэж-зызыужь щытыкIэм итщ, ауэ къэувыIэнкIэ Iэмал иIэкъым, сыту жыпIэмэ зэщIэувыIыкIыныр – лIэныгъэм и япэ нэщэнэщ. Апхуэдэщ литературэри – усакIуэ, тхакIуэ зэчиифIэхэм я фIыгъэкIэ ар зыужьыныгъэм и гъуэгу гугъум, ауэ лъэпкъыр нэхугъэм хуэзышэ гъуэгуанэ дахэм тетщ. Псом хуэмыдэжу ар нэрылъагъу мэхъу ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа тхыгъэхэм хуэдэ дунейм къытехьэхукIэ. Бещтокъуэм и IэдакъэщIэкI къэскIэ литературэм и кIуэкIэр нэхъ хуабжь икIи екIу зыщI лъэбакъуэщIэщ. ДяпэкIи усакIуэмрэ лъэпкъ литературэмрэ зэдачыну лъэбакъуэр зыхуэдэр куэду тфIэгъэщIэгъуэнщ...

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат*

# ХЬЭРЭМЭ ІУАЩХЬЭ ЗИ КЪЕЖЬАПІЭ АДЫГЭ ОЛИМП ЛІЫХЪУЖЬХЭР

*Японием и къалащхьэ Токио мы гъэм июлым и 24-м щыщIэдзауэ августым и 9 пщIондэ щекIуэкIын хуеящ XXXII Гъэмахуэ Олимп джэгухэр. ИлъэсиплI къэс зэ зэрахабзэу, абы къыщызэхуэсынут дунейм и спортсмен нэхъ лъэщ дыдэхэр икIи я зэфIэкIыр здынэсыр ягъэунэхунут. АрщхьэкIэ иджы дыдэ ар зы илъэскIэ ягъэIэпхъуащ.*

*Адыгэхэм тхуэугъурлыщ мы зэхьэзэхуэр. ЖыпIэну урикъунщ Олимп чемпиону нобэр къыздэсым щIалибгъу дызэриIэр, тIур вице-чемпион зэрыхъуар, домбеякъ медалыр апхуэдизми къазэрылъысар. Къэралышхуэ Iэджи щыIэщ апхуэдэ ехъулIэныгъэхэр я пщIыхьэпIэми хэмыту.*

## Тхыдэ жыжьэм уриплъэжмэ...

ДыкъызытехъукIыжахэм илъэс мин зыбжанэ зи кIыхьагъ тхыдэ къулей зэраIэм и щыхьэтщ налкъутналмэс щIэину къытхуагъэна нарт эпосыр. Апхуэдэм ирипэгэфыну дунейм лъэпкъищ-плIы тету аращ. Абыхэм къыхощыж Пасэрей Алыджым ди эрэм и пэкIэ IX лIэщIыгъуэм къыщежьа Олимп джэгухэм куэдкIэ ящхьэщыкIыу нарт лIыхъужьхэм езыхэм я лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэ, я къарур, зэфIэкIыр здынэсыр щагъэунэху зэпеуэ инхэр зэраIар. Ар IупщIу къыхощ Сосрыкъуэ зэраукIам и хъыбарми нэгъуэщIхэми.

*Сосрыкъуэ Хьэрэмэ Iуащхьэ ираджащ:*

*– Шурылъэс дыджэгунущ, Хьэрэмэ Iуащхьэ жаншэрхъ къедгъэжэхынущ, – жари...*

*Хьэрэмэ Iуащхьэ нэсащ Сосрыкъуэ. И жагъуэгъухэр Хьэрэмэ Iуащхьэ тетщ. Сосрыкъуэ къыщалъагъум, жаншэрхъыр кърагъэжэхащ:*

*– НатIэкIэ къеуэ, Сосрыкъуэ! – жари.*

*НатIэкIэ еуэри, Сосрыкъуэ жаншэрхъыр Хьэрэмэ Iуащхьэ дрихуеижащ.*

*– IэдакъэкIэ къеуэ, Сосрыкъуэ! – жари жаншэрхъыр кърау-тIыпщхьэхыжащ.*

*IэдакъэкIэ еуэри, жаншэрхъыр Хьэрэмэ Iуащхьэ дрихуеижащ.*

*– БлыпкъкIэ къеуэ, Сосрыкъуэ! – кърагъэжэхащ жаншэрхъыр.*

*БлыпкъкIэ еуэри, жаншэрхъыр Хьэрэмэ Iуащхьэ дрихуеижащ Сосрыкъуэ...*

Илъэс мин бжыгъэ зи кууагъ лъабжьэ быдэ зэраIэрауэ къыщIэкIынщ адыгэхэм Олимп лъагапIэр мызэ-мытIэу къыщIащтэфар. Я гугъу фхуэтщIынщ Хьэрэмэ Iуащхьэ зи къежьапIэ ди лIыхъужьхэм. НобэкIэ ахэр, Олимп чемпионхэр, бгъу мэхъур.

# Япэ адыгэ чемпион



*Олимп зэпеуэхэр къызэрежьэрэ илъэс минитIым щIигъуащ. ПIалъэ гуэрым ар зэпагъэуауэ щытами, тхыдэм къыхэтэджыкIыжащ икIи дунейм къытехъуа зэхъэзэхуэ нэхъ удэзыхъэххэм я деж жьантIэр щиIыгъщ. ДиIащ, диIэщ икIи диIэнущ абы адыгэ лъэпкъыр щызыIэта щIалэ ахъырзэманхэр. Апхуэдэхэм я лъагъуэхэш хъуащ Тыркум щыпсэуа ди лъэпкъэгъу Догу (ГъукIэ) Яшар.*

Илъэсищэм щIигъукIэ екIуэкIа Урыс-Кавказ зауэжьым дунейм тригъэкIуэдыкIыжа, тенджыз ФIыцIэм и Iуфэм щыпсэуа убыххэм я щIэблэщ Догу Яшар. Ар къызыхэкIар ГъукIэхэщ икIи 1913 гъэм Тыркум и Самсун къалэм пэмыжыжьэ Къарэ-Эмир адыгэ къуажэ цIыкIум къыщалъхуащ. Яшар и адэжь пагэхэм Кавказыр ябгынат я Хэкур гущIэгъуншэу къэзызэуа урыс пащтыхьым я щхьэр хуамыгъэтIылъын папщIэ. ЯлъэкI къагъэнакъым абыхэм зыхэхуа тыркухэми яхэмышыпсыхьын щхьэкIэ. Абы щыгъуэми, адрей адыгэ мухьэжырхэми хуэдэу, я къаруи зэфIэкIи щысхьакъым кIуэдыжыгъуэ щихуам зэзышэлIа къэралым и пщIэр яIэтын, ар ягъэбыдэн папщIэ. Ахэр зауэлI хахуэхэт, политик Iущхэт, ухуакIуэхэт, щIэныгъэлIхэт, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ ипэкIэ зыгъэкIуатэхэт. Ахэр икIи спортсмен лъэрызехьэхэт. Нобэ зи гугъу фхуэтщIынур адыгэхэм къахэкIауэ япэ дыдэу Олимп чемпион хъуа Догу (ГъукIэ) Яшарщ. Абы и цIэр Хэкужьми, Тыркуми, хамэ къэралхэми хуабжьу пщIэ лъагэ щызиIэщ. Ар ящыщщ тыркухэр спорт бэнэкIэмкIэ дунейпсо утыку изышахэм, япэ ехъулIэныгъэ инхэр къахуэзыхьахэм.



И ныбжьыр илъэс пщыкIутхум иту Яшар бэнэныр IэщIагъэ хуэхъуащ. Дзэм хыхьа иужькIэ, нэхъ IэмалыфIхэр иIэ хъуащ утыкушхуэхэм зыкъыщигъэлъэгъуэну. Ар алыдж-урым бэнэкIэми бэнэкIи хуитми хэтт, ауэ нэхъ ехъулIэныгъэфIхэр щызригъэгъуэтар иужьращ. 1939 гъэм щыщIэдзауэ Тыркум и командэ къыхэхам хэтащ.

ЕтIуанэ дунейпсо зауэм щIидзэным и пэ къихуэу Яшар и цIэр алыдж-урым бэнэкIэмкIэ Iуащ. Норвегием и къалащхьэ Ослэ щекIуэкIа Европэм и чемпионатым килограмм 66-м нэс зи хьэлъагъхэм я деж абы дыжьын медалыр къыщихьащ. ИужькIэ Балкан джэгухэми 1940, 1942 гъэхэм щытекIуащ.

Зауэ нэужь лъэхъэнэращ Догу (ГъукIэ) Яшар и зэфIэкI лъагэр наIуэ щыхъупар. 1946 гъэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ Европэм и чемпионатым аргуэру дыжьын медалыр къыщихьащ. Махуэ зыбжанэ нэхъ дэмыкIыу апхуэдэ дыдэ зэхьэзэхуэм Швецием и къалащхьэ Стокгольм дыщэр щызыIэригъэхьащ. Иджы бэнэкIэ хуитымкIэ. Килограмм

73-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм убых щIалэм къыщыпэлъэщын къыхэкIакъым.

КъыкIэлъыкIуэ илъэсым Яшар аргуэру Европэм и чемпион хъуащ. Иджы ар абы къыщехъулIащ алыдж-урым бэнэкIэм. Чехословакием и къалащхьэм къикIыжащ дыщэ медалыр пщIэхэлъу.

Догу (ГъукIэ) Яшар куэдрэ хэтт, щыпсэу Тыркум къищынэмыщIауэ, Иранным, Индием, Данием, Швецием, Польшэм, Италием, нэгъуэщI щIыпIэхэм къыщызэрагъэпэщ дунейпсо зэпеуэ инхэм. ИкIи къыщыхъу щIагъуэ щыIэтэкъым текIуэныгъэхэр щызыIэримыгъэхьэ. Ауэ абы и вагъуэр нэр щIисыкIыу къыщыблар иужькIэщ. 1948 гъэм Великобританием и къалащхьэ Лондон щекIуэкIа XIV Гъэмахуэ Олимп джэгухэм япэ ехъулIэныгъэ ин щаIащ тыркухэм. Ар зи фIыгъэр абыхэм я командэ къыхэхам хэту бэна Догу (ГъукIэ) Яшарщ. Зэи къэмыхъуауэ, адыгэ Олимп чемпион дунейм къытехутащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, абы щыгъуазэр мащIэт, Тыркум щыпсэу хэхэсхэм къызыхэкIа лъэпкъыр ябзыщIын хуей хъурти. Псоми зэреджэр тыркут.

Европэм и чемпиону Олимпиадэм кIуами, Догу (ГъукIэ) Яшар куэдым кърадзащэртэкъым. Къащыхъуат зэрымыщIэкIэ и насып нэхъапэм къикIауэ. Абы щыгъуэми ар зыхэт бэнэкIэ хуитымкIэ килограмм 73-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм спортсмен гъуэзэджэ куэд щызэтрихьат, дэтхэнэми дыщэр хуагъэфащэу. Япэ дыдэ зэIущIэм Америкэм и Штат Зэгуэтхэм къикIа Мерил зэрыхигъэщIам гу лъызытар мащIэщ. АдэкIэ къыпэщIэувари нэхъ лъэщыж швед Фределт. Хухаха зэманыр имыух щIыкIэ ар къабзэу щытридзэм, итIанэ ягъэщIагъуэу щIадзащ Яшар и зэфIэкI лъагэр. Къапщтэмэ, Великобританием къыщыдэкI «Миррор» газет цIэрыIуэм абы иужькIэ итхащ: «Мы тырку щIалэр Лондон къыщIэкIуар дыщэрауэ фэ тетщ!» Ар икIи пэжт. КъикIуэтрэ шынэрэ зымыщIэ Догу (ГъукIэ) Яшар чемпионыгъэм хуэпабгъэт. Абы текIуэныгъэ дахитху Лондон къыщихьащ икIи, и хьэрхуэрэгъу лъэщ псори иригъэкIуэтэкIри, Олимп щыгум къыщыхутащ.

Нэхъ гугъу дыдэ кIэух зэIущIэм Яшар къыщыпэщIэтащ техникэ гъуэзэджэ зиIэ икIи къарууфIэ Геррард, Австралие жыжьэм къикIар. Хьэрхуэрэгъур сакът икIи IэкIуэлъакIуэт. Ар икIи бзаджэт – пэплъэрт Догу Яшар щыбэлэрыгъынум. Адыгэ щIалэр зэрытеплъэкъукIыу, занщIэу тридзэри, къыщхьэщытIысхьэжащ, къабзэу хигъэщIэн папщIэ. Мис абдежым Яшар и къэмыланджагъэр наIуэ хъуащ: щхьэпхэтIыгур алэрыбгъум щIигъакъуэщ, и бгыр къытриIэтыкIри, «лъэмыжу» уващ. ДакъикъитIым нэблагъэкIэ австралийцыр хущIэкъуащ ар хигуэну. Инджылызхэр нэхъыбэу зыдэщI Геррард цIэрыIуэр щытекIуэнур къахуэмыгъэсу зэпэщIэтыныгъэм кIэлъыплъхэр зэрызехьэрт. АрщхьэкIэ ахэр щыуащ. НапIэзыпIэм и лъакъуэр щIигъакъуэщ, и плIэр игъазэри, Яшар щытыкIэ гугъум къикIащ. Бэнэныгъэр зэрекIуэкIым кIэлъыплъхэр зэщIэщымащ. Зэхьэрхуэрэгъухэр аргуэру зэпэщIэувэжащ. Балл бжыгъэкIэ хагъащIэми, Догу (ГъукIэ) Яшар тегушхуэныгъэм зэщIищтащ, щытыкIэ гугъум къызэрикIыфам папщIэ. Геррард Iэнкунщ. ЗэIущIэм пащэну судьям хуит зэрищIу, адыгэ щIалэм и хьэрхуэрэгъур ипхъуатэри, тридзащ. Ар, игъэкIэрахъуэурэ, япэ ищащ. Къабзэу тридзэну абы къару иIэжтэкъым. АрщхьэкIэ, псом ящхьэр текIуэныгъэрат. Догу (ГъукIэ) Яшар ар зыIэригъэхьэри, адыгэхэм

ящыщу япэу Олимп чемпион хъуащ! Апхуэдэ ехъулIэныгъэхэр зи щIэщыгъуэ тыркухэми я бэнакIуэр уафэм нэс драхьеинут.

Абдежми къыщыувыIакъым Яшар. КъыкIэлъыкIуэ махуэм ар хэтащ алыдж-урым бэнэкIэмкIэ зэхьэзэхуэм. Абы саугъэт лъапIэхэр къыщимыхьами, гуп зэпеуэм тыркухэр япэ щизыгъэщын балл зыбжанэ зыIэригъэхьащ.

КъыкIэлъыкIуэ текIуэныгъэ инми Догу (ГъукIэ) Яшар къыдэщIхэр куэдрэ пигъэплъакъым. 1949 гъэм Европэм и чемпионат Истамбыл щекIуэкIам абы бжьыпэр щиубыдащ. Илъэсищ ипэкIэ адыгэ щIалэр апхуэдэ зэхьэзэхуэм щытекIуати, ар щIигъэбыдэжын хуейт. Олимп чемпион зэрыхъуам апхуэдэ къалэн ин къыхуигъэувырт. Iуэхур гугъу ищIырт Европэм и чемпионатыр я деж зэрыщекIуэкIым икIи трагъэгушхуэн папщIэ цIыху минхэр и пащхьэм зэрыщызэрызехьэм. Ахэр текIуэныгъэ фIэкIа зыри хуейтэкъым. Ар щымыIэмэ, апхуэдизу иджыри къэс яIэтар щIым щыщ ящIыжыфынут.

Догу (ГъукIэ) Яшар зыхэт, килограмм 79-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм бэнакIуэ тIощIым щIигъу кърихьэлIат. Дэтхэнэми дыщэ медалыр хуэфащэу къилъытэрт икIи ар зыIэригъэхьэн папщIэ и фэм къипщынут. Псоми я хъуэпсапIэт Олимп чемпионыр хагъэщIэну. АрщхьэкIэ Яшар абыхэм апхуэдэ Iэмал яритын дэнэ къэна, гугъэ къудеи яригъэщIакъым. Адыгэ щIалэр тхуэнейрэ утыку къихьати, тхуэми къыпэлъэщын къыкъуэкIакъым. Абы иужькIэ Догу (ГъукIэ) Яшар къыфIащащ «Бэнэным и тхьэ» цIэ лъапIэр.

НэгъуэщI текIуэныгъэ инхэри иIащ ди лъэпкъэгъум. АрщхьэкIэ, 1951 гъэм Хельсинки (Финляндие) бэнэкIэ хуитымкIэ щекIуэкIа зэхьэзэхуэм килограмм 87-м нэс зи хьэлъагъхэм я деж дуней псом и чемпион щыхъуа иужькIэ, спортым хэкIыжыну мурад ищIащ. Абы къыщыпхуэхьыну псори зыIэрызыгъэхьа щIалэм адэкIэ фIэхьэлэмэтыжтэкъым зэпеуэхэм хэтыну. Ар иджы Тыркуми, Балкан джэгухэми, Европэми, ЩIы хъурейми, Олимп джэгухэми я чемпионт. И ныбжьри илъэс 38-м щIигъуати, зигъэпсэхуну, зи щIалэгъуэхэм гъуэгу яритыну и чэзут.

АрщхьэкIэ алэрыбгъур ибгынакъым Догу (ГъукIэ) Яшар. Тыркум и командэ къыхэхам и тренер нэхъыщхьэу лэжьащ, чемпионхэр игъасэу. 1961 гъэм и пэщIэдзэм инфаркт етIуанэу къеуэри, дунейм ехыжащ. Ар щащыгъупщэркъым зи щIыхьыр лъагэу дунейпсо утыкум щиIэта Тыркуми, къызытехъукIыжахэр щыпсэуа Хэкужьми. Яшар и фэеплъ сынхэр щагъэуващ Истамбыли щалъхуа щIыпIэми. И хьэдэр щыщIалъхьа Къалаллахь къалэ цIыкIум абы и цIэкIэ илъэс къэс щрагъэкIуэкI зэхьэзэхуэ инхэм я саугъэтхэм щыщIобэн дуней псом и бэнакIуэ нэхъыфIхэр.

Зылъэгъуахэмрэ зыцIыхуахэмрэ нобэми ягу къагъэкIыж Догу (ГъукIэ) Яшар цIыху телъыджэу, спортсмен гъуэзэджэу зэрыщытар. Зэхьэзэхуэхэм абы Iэмал щIэщыгъуэ, зыпэмыплъа куэд къыщигъэлъагъуэрт, къарууфIэт. ЗыщихъумэжкIи щебгъэрыкIуэкIи Яшар хуэбгъэдэфынур мащIэ дыдэт. А псом ищIыIужкIэ хабзэрэ нэмысрэ зыхэлът икIи и хьэрхуэрэгъухэм хьэрэмыгъэ гуэр щакIэлъызэрихьа зэи къэхъуакъым. Апхуэдэ бэнэкIэмрэ дуней тетыкIэмрэщ зыщIипIыкIар и гъэсэнхэри. ИкIи тырку бэнакIуэхэм я иджырей ехъулIэныгъэхэми абы и IыхьэфI хэлъщ.

1948 гъэм Великобританием и къалащхьэ Лондон щекIуэкIа XIV Гъэмахуэ Олимп джэгухэм дыщэ медаль къыщызыхьа Догу (ГъукIэ) Яшар хиша лъагъуэ дахэм иужькIэ ирикIуащ Тыркур зи хэщIапIэ хъуа адыгэ бэнакIуэ щIалэхэу Къаплъэн (Ущхъуэ) Хьэмидрэ (1956 гъэ) Аталай (Нагъуэ) Мэхьмудрэ (1968 гъэ). ИужькIэ абы къыпащащ Хэкужьым къыщыхъуахэу Шыхъуэ Борис (лъакъуэрыгъажэ спорт), Чыржын Мухьэрбий (атлетикэ хьэлъэ), Ахэмын Еленэ (волейбол), Къардэн Мурат (алыдж-урым бэнэкIэ), Хъущт Аслъэнбэч (алыдж-урым бэнэкIэ), Мудрэн Беслъэн (дзюдо) сымэ. А IуэхуфIыр зыгъэкIуэтэнухэри, Тхьэм и шыкуркIэ, ноби ди мащIэкъым.

## Абазэхэ хъыжьэ Къаплъэн Хьэмид



*XIX лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэм щыщIэдзауэ Уэсмэн къэралыгъуэм къыщыхута адыгэхэр къуажэ щхьэхуэу тIысхэрт, я бзэ, хабзэ, я зэхэтIыкIэ яхъумэфын папщIэ. Гуауэр зэдагуэшырт, гуфIэгъуэр зэдаIэтырт. Дауэдапщэ зэмылIэужьыгъуэхэм сыт щыгъуи хэтт адыгэм игъащIэ лъандэрэ къыдекIуэкI шыгъажэмрэ бэнэкIэхэмрэ. Апхуэдэ зэхъэзэхуэхэр щIэдзапIэ хуэхъуащ Олимп джэгухэми дуней псоми я чемпион, абыхэм я медаль лIэужьыгъуэ псори зыIэрызыгъэхьа Къаплъэн (Ущхъуэ) Хьэмид.*



Тыркум хыхьэ Хьэмэмёзю щIыпIэм щетIысэха Ущхъуэхэ я абазэхэ унагъуэм 1934 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 20-м къыщалъхуащ адыгэ псори иужькIэ дызэрыгушхуа Хьэмид. Тырку унэцIэу абы зэрихьащ Къаплъэныр икIи апхуэдэущ цIэрыIуэ зэрыхъуари. МащIэт зыщIэр ар ди лъэпкъэгъуу. ИужькIэщ, къэрал гъунапкъэхэр нэхъ зэIуахыу, щхьэж зыщыщыр къиулъэпхъэщыж щыхъуаращ, абазэхэ хъыжьэм и хъыбар Хэкужьым къыщысар.

ЩIалэ дыдэу Хьэмид бэнэкIэ хуитым хыхьащ. Абы ирихьэлIэу лъэпкъ бэнэкIэм хуабжьу хуэIэзэ хъуат икIи текIуэныгъэ куэд зыIэригъэхьат. Езыр лъагэт, бжьыфIэт, къарут икIи, алэрыбгъум хуабжьу щыерыщти, игъэкIуэтыгъуейт. И ныбжьыр илъэс тIощIым иту Тыркум и командэ къыхэхам хагъэхьащ. Абы ухэхуэну хуабжьу гугъут, ди лъэпкъэгъу Олимп чемпион Догу (ГъукIэ) Яшар я пашэу бэнакIуэ лъэщ куэд щызэхуэсати. АрщхьэкIэ Хьэмид абыхэм фIы дыдэу яхэзэгъащ. Нэхъыжьхэм ар бэнэкIэ Iэмал гъуэзэджэхэм хуагъэсащ икIи текIуэныгъэ инхэм трагъэгушхуащ.

Къаплъэн (Ущхъуэ) Хьэмид Тыркум и командэ къыхэхам щыхагъэхьам ирихьэлIэу абы и бэнакIуэхэр дунейпсо утыкум мащIэу къыщрагъэкIуэтат икIи тепщэныгъэр IэщIахат. Абазэхэ щIалэщIэр ящыщт ар зэфIэзыгъэувэжыну зыщыгугъхэм. ИкIи 1955 гъэм ар къэралым и чемпион щыхъуам зыгъэщIэгъуар мащIэщ, ящIэрт Хьэмид Iуэхугъуэшхуэхэм къызэрыхуигъэщIар. АрщхьэкIэ, щIэх-щIэхыурэ зэхьэзэхуэ инхэм ягъакIуэурэ, и зэфIэкIыр къапщытэрт. Даниеми, Польшэми, Швециеми, Иранми щытекIуауэ абы къигъэзэжащ. ИтIанэщ Къаплъэн (Ущхъуэ) Хьэмид щыжраIар Австралием и Мельбурн къалэм щызэхэтыну XVI Олимп джэгухэм зыхуигъэхьэзырыну. Дэтхэнэ зы спортсменми хуэдэу, апхуэдэ зэхьэзэхуэ иным хэтыну щIэхъуэпс абазэхэ щIалэм нэхъ ерыщыжу зигъасэу хуежьащ. Ар махуэми жэщми алэрыбгъум къытемыкIым хуэдэт, и Iэзагъым хигъэхъуэрэ зэфIэкIым зригъэужьу.

1956 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 22-м XVI Олимп джэгухэм щIадзащ. Ар къыщызэIуахым Тырку къэралыгъуэм и ныпыр Мельбурн и стадион абрагъуэм щыкIуэцIрихыну пщIэ хуащIащ, гупым я пашэу ягъэува, абазэхэ бэнакIуэ ахъырзэман Къаплъэн (Ущхъуэ) Хьэмид. Ар дэтхэнэ спортсменри хуабжьу зыгъэлъапIэ Iуэхугъуэт.

Хьэмид алыдж-урым бэнэкIэмкIи бэнэкIэ хуитымкIи Тыркум и командэ къыхэхам хэтт икIи ехъулIэныгъэфIхэр тIуми щиIэт. Къапщтэмэ, Олимпиадэм и пэ къихуэ илъэсым алыдж-урым бэнэкIэмкIэ Германием и Карлсруэ къалэм щекIуэкIа дунейпсо чемпионатым жэз медалыр къыщихьат. БэнэкIэ хуитымкIэ апхуэдэ лъагапIэм нэмысыфами, Къаплъэным и гъэсакIуэ цIэрыIуэ Атик Джелал ар къыхригъэхащ Мельбурн кIуэну зыщагъэхьэзырым. ИкIи щигъэуакъым.

Австралием щызэхэта Олимп джэгухэм бэнэкIэ хуитымкIэ килограмм 87-м щIигъу зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм абазэхэ щIалэм къыщыпэщIэтащ Совет Союзым икIа Выхристюк, хэгъэрейхэм ящыщ Мичел, Болгарием и лIыкIуэ Мехмедовыр. Дэтхэнэри хуабжьу лъэрызехьэт икIи Iэзэт. АрщхьэкIэ Олимп лъагапIэр зыхухахар зыт – ар Къаплъэн (Ущхъуэ) Хьэмидт. Абы и хьэрхуэрэгъу псори лъэныкъуэ иригъэзащ икIи и ефIэкIыныгъэм зыми шэч къытрыригъэхьакъым. Мельбурн и дыщэ медалыр ди лъэпкъэгъум и пщIэнтIэпс хьэлэлкIэ къилэжьащ икIи дэтхэнэ адыгэри дызэрыгушхуэщ.

КъыкIэлъыкIуэ илъэсым Истамбыл щекIуэкIа дунейпсо чемпионатми хуабжьу мыхьэнэшхуэ иIэт Къаплъэн (Ущхъуэ) Хьэмид и мызакъуэу тырку бэнакIуэ псоми я дежкIэ. Австралием щыIа Олимп джэгухэм а спорт лIэужьыгъуэмкIэ бжьыпэр щызыубыдыжа щIалэхэм а тепщэныгъэр я Хэкум щыщIагъэбыдэжын хуейт.

Зэхьэзэхуэр зэрекIуэкIым дуней псор кIэлъыплъырт. Тыркум и щIыпIэ куэдым къикIыурэ ар я нэкIэ зрагъэлъагъуну щIэхъуэпсу къызэхуэсырт къулыкъущIэхэр, депутатхэр, хьэрычэтыщIэхэр, цIыху къызэрыгуэкIхэр. Апхуэдизу яфIэхьэлэмэт зэпеуэм къыщыхагъэщIам спортым адэкIэ щищIэжын щыIэтэкъым. Зыми щыгъупщэжатэкъым 1952 гъэм Финляндием и къалащхьэ Хельсинки щекIуэкIа Олимп джэгухэм ещанэ гуп увыпIэм фIэкIа (?!) къыщызымыхьыфа тырку бэнакIуэхэм тезыр ткIий ятелъхьэн хуейуэ, абыхэм лъэпкъым и напэр трахауэ куэдым къызэрагъэувар.

Истамбыл щыIа дунейпсо чемпионатым Къаплъэн (Ущхъуэ) Хьэмид хьэрхуэрэгъу къыщыхуэхъуащ ЩIы хъурейм и бэнакIуэ лъэщ пщыкIутху. Абыхэм яхэтт илъэс ипэкIэ Олимпиадэм щыхигъэщIа, СССР-м щыщ Вихристюк, Польшэм къикIа Сосновский, Германием и лIыкIуэ Дитрих. Дэтхэнэми и плъапIэр дыщэрат, нэгъуэщIыр зыуи къырадзэртэкъым.

Дауи, Истамбыл щекIуэкI зэхьэзэхуэм кIэлъыплъыну къекIуэлIа цIыху минхэр хуабжьу жыджэру Хьэмид къыдэщIырт. Тыркум къыщыдэкI газетхэм ящыщ зым, уеблэмэ, итхат: «Ди Къаплъэн Хьэмид псоми яфIэтелъыджэщ. Ар ящыщкъым зэрызелъафэу, зыр адрейм гъэпщкIуауэ хукIэщIэуэу алэрыбгъум тетхэм. Хьэмид и гъэсэныгъэ, зыIыгъыкIэ дахэр зэхьэзэхуэр щекIуэкIкIи нэрылъагъущ. Абы и бэнэкIэм дихьэхыр къыдэщIхэмрэ къыпэщIэтхэмрэ я закъуэкъым, атIэ судьяхэри етхьэкъуф, сценэм ит артист цIэрыIуэм и джэгукIэм хуэдэу...»

Абазэхэ щIалэр къызэрыщыгугъауэ къыщIэкIащ. Вихристюк дригъэкIуэкIа япэ зэIущIэр узыIэпызышэт, зэи имыухыну ущIэхъуэпсу. Хьэмид и совет хьэрхуэрэгъум дахэу ефIэкIащ. Ардыдэр къапэплъэрт иужькIэ абы къыпэувахэу Швейцарием щыщ Видмаррэ поляк абрагъуэ Сосновскэмрэ. Финал ныкъуэм Къаплъэным щыхигъэщIащ Болгарием къикIа Мехмедовыр. Ар къабзэу тридзэри, дыщэм щыщIэбэныну кIэух Iыхьэм кIуащ. Абы къыщыпэщIэуващ нэмыцэ пелуан Дитрих.

Къаплъэн (Ущхъуэ) Хьэмид и зэфIэкI лъагэмрэ Iэзагъ инымрэ финалым къыщигъэлъэгъуащ. Аращ дыщэ медалыр зыIэригъэхьэу Олимп чемпионыгъэм ЩIы хъурейм зэрыщынэхъ лъэщыр щIыщIигъуужыфари. Зэхьэзэхуэр щекIуэкI спорт уардэунэм и щхьэр трачыным хуэдэу къырихьэлIахэр зэрыгъэкIийт, дэрэжэгъуэм зэщIищтауэ. Хьэмид и текIуэныгъэм лъэпкъ, къэрал мыхьэнэшхуэ иратат. Тыркум и премьер-министрыр щыту абазэхэ щIалэм Iэгу хуеуэрт, цIыхубэм я гухэхъуэр гъунапкъэншэт. ИужькIэ ди лъэпкъэгъум фIащащ «тырку къаплъэн» цIэр икIи нобэми абыкIэ куэдым къацIыху.

Къаплъэнымрэ Дитрихрэ ирагъэкIуэкIа финал зэIущIэр киноплёнкэхэм тетхауэ дуней псом щызэбгрыкIащ. Абы къыщагъэлъэгъуа бэнэкIэ пэрытым тету иужькIэ спортсмен куэдым загъэхьэзыращ икIи ехъулIэныгъэ инхэр зыIэрагъэхьащ. Хьэмид и хьэрхуэрэгъухэми ар къагъэсэбэпащ: къытрагъэзэжурэ еплъурэ зэпкърахащ алэрыбгъум зэрызыщиIыгъыр, къигъэсэбэп Iэмалхэр икIи зэрыпэщIэтыфыну щIыкIэхэр яубзыхуащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, Къаплъэн (Ущхъуэ) Хьэмид и гъэсакIуэхэм яхузэфIэкIакъым абы и бэнэкIэм щIэщыгъуагъ халъхьэну икIи абы и зэранкIэ чемпионыгъэм афIэкIа зэи нэсыжыфакъым, Средиземнэ тенджыз Iуфэм Iусхэм я зэхьэзэхуэм бэнэкIэ хуитымкIи алыдж-урым бэнэкIэмкIи 1959 гъэм зэрыщытекIуар къыумылъытэмэ.

Тегеран щекIуэкIырт зи чэзу дунейпсо чемпионат. Хэгъэрей персхэм я дежкIэ спорт бэнэкIэр лъэпкъ мыхьэнэ зиIэщ икIи 1959 гъэм дзыхь къыхуащIа зэхьэзэхуэр егугъуу къызэрагъэпэщащ, я пщэ къыдэхуэ жэуаплыныгъэ иныр кууэ зыхащIэу.

Килограмм 87-м щIигъухэм я деж текIуэныгъэр псоми зыхуагъэфащэр дунейми Олимп джэгухэми я чемпион Къаплъэн (Ущхъуэ)

Хьэмидт. АрщхьэкIэ абы и бэнэкIэр куэдым лъэныкъуэ псомкIи зэпкърахауэ къыщIэкIащ икIи зэрыпэщIэтыфыну Iэмалхэр къызыгупсысаи щыIэт. Хьэрхуэрэгъу лъэщу къыхукъуэкIат Болгарием икIа Ахмедовыр, совет бэнакIуэ щIалэщIэ Дзарасовыр, хэгъэрейхэм ящыщ Шурвази. Апхуэдэу щыт пэтми, Хьэмид къыпэщIэувахэр хигъэщIащ икIи Дзарасовымрэ абырэ зэрытемыгъэкIуами, финалым кIуащ. КIэух зэIущIэм нэсащ Ахмедоври. Болгарием и щIыхьыр зыхъумэ а щIалэм иужь илъэситIым хэхауэ зыхуигъэхьэзырат абазэхэ бэнакIуэм зэрыIущIэнум. АбыкIэ хуабжьу сэбэп къыхуэхъуащ 1957 гъэм Истамбыл щекIуэкIа дунейпсо чемпионатым Къаплъэнымрэ Дитрихрэ щрагъэкIуэкIа финалым траха киноплёнкэхэр. Ахмедовымрэ и гъэсакIуэхэмрэ къытрагъэзэжурэ ар зэпкърахащ икIи Хьэмид зэрыпэщIэтыну Iэмалыр къагъуэтащ. Тегеран щыIа кIэух зэIущIэм Болгарием икIар щытекIуащ. Ди лъэпкъэгъум къылъысар дыжьынращ.

Апхуэдэу щыт пэтми, Къаплъэн (Ущхъуэ) Хьэмид и къару илъыгъуэт, куэд зэрыхузэфIэкIынури наIуэт. Италием и къалащхьэ Рим 1960 гъэм щекIуэкIа Олимп джэгухэм къыщыхэжанык Iахэм ящыщ зыщ ар. Иджыри и хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэхэр нэхъапэм ерыщу къыпэщIэта Ахмедовыр, Дзарасовыр, Дитрих сымэт. Зэхьэзэхуэм и кIэухым белджылы хъуащ дыщэм хэт щIэбэнынуми. Ахэр Къаплъэныр, Дзарасовыр, Дитрих сымэт. НэхъыфIхэм яхэхуатэкъым Хьэмид дунейпсо зэпеуэм къыщыхэзыгъэщIа Ахмедовыр.

Абы щыгъуэм кIэух зэIущIэм бэнакIуищ хэту щытащ икIи зыр адрейм зэрыпэщIэтам кърикIуахэр зэхалъхьэжырти, увыпIэ нэхъыфIищыр ягуэшырт. Финалым и япэ зэпэщIэтыныгъэм Къаплъэным Дитрих хигъэщIащ, арщхьэкIэ ди лъэпкъэгъум Дзарасовыр балл бжыгъэхэмкIэ къыщытекIуащ. Совет бэнакIуэмрэ нэмыцэмрэ я зэIущIэм елъытат Хьэмид къылъысыну увыпIэр. Ди жагъуэ зэрыхъущи, Дитрих Дзарасовыр къабзэу тридзащ икIи Олимп лъагапIэр къылъысащ. Къаплъэн (Ущхъуэ) Хьэмид етIуанэ, Дзарасовыр ещанэ хъуащ.

КъыкIэлъыкIуэ илъэсым Японием щекIуэкIа дунейпсо чемпионатми абазэхэ щIалэр дыщэм щылъэIэсакъым икIи аргуэру дыжьынымкIэ арэзы хъун хуей хъуащ. Ар икIэм-икIэжым къыхигъэщIащ иджыри къэс сыт щыгъуи зытекIуа Дитрих.

АдэкIэ «жэз лъэхъэнэм» щIидзащ. Къаплъэн (Ущхъуэ) Хьэмид ещанэ увыпIэхэр къыщихьащ бэнэкIэ хуитымкIи алыдж-урым бэнэкIэмкIи 1963 гъэм зыхэта дунейпсо чемпионатхэм. Иужь кIэух дамыгъэр щигъэувыжащ къыкIэлъыкIуэ илъэсым Токио щекIуэкIа Олимп джэгухэм. Абы ирихьэлIэу зи ныбжьыр илъэс щэщIым щIигъуа бэнакIуэм хузэфIэкIащ ещанэ увыпIэр зыIэригъэхьэн.

Олимп джэгухэми дунейпсо чемпионатхэми я медаль лIэужьыгъуэ псори зыхуагъэфэща Къаплъэн (Ущхъуэ) Хьэмид спортым и вагъуэ нэхъ лыдхэм ящыщ зыуэ бэнэныр щигъэтащ.

Илъэс 41-рэт абы мы дунейм къыщигъэщIэну хухихар. 1976 гъэм щIышылэм (январым) и 5-м ар автомобиль зэжьэхэуэм хэкIуэдащ икIи щалъхуа ХьэмэмёзЮ щыщIалъхьэжащ. Абы и цIэр фIащащ а щIыпIэм щаухуа спорткомплекс инымрэ бэнакIуэхэр щагъасэу Амазье щыIэ уардэунэмрэ.

# Адыгэр сыт щыгъуи япэ итыпхъэщ



*Апхуэдэ къыхуеджэныгъэм щIэту и гъащIэр ихьащ бэнэкIэ хуитымкIэ дунейми Олимп джэгухэми я чемпион Аталай (Нагъуэ) Мэхьмуд. Тыркум къыщальхуа икIи щыпсэуа шапсыгъ щIалэм зэи игу ихуакъым къызыхэкIа лъэпкъымрэ адэжь Хэкумрэ.*

Мэхьмуд и адэшхуэр шапсыгът, анэшхуэр – къэбэрдейт. Урыс-Кавказ зауэм и ужькIэ адэжь Хэкур 1893 гъэм ирагъэбгынащ икIи зыхэхуа тыркухэм абыхэм я Нагъуэ унэцIэр АталайкIэ ирагъэхъуэжащ. Арат и натIэр Уэсмэн къэралыгъуэм къыщыхута дэтхэнэ зы хэхэсми. Сабийуэ къыздаша Ибрэхьим и ныбжьыр илъэсибл ирикъуа къудейми, фIы дыдэу и гум къинащ Кавказым и къуршыщхьэ тхъуахэр, тенджыз ФIыцIэ Iуфэ зэщIэгъагъэр, зэрыпхъуакIуэхэм къращIылIа лъапсэрых зауэр. Хэкур залымыгъэкIэ уагъэбгынэфынущ, уи унэцIэр уагъэхъуэжыфынущ, укъызыхэкIа лъэпкъри уагъэбзыщIыфынущ, ауэ гум илъыр зыми къыхуихынукъым. Ибрэхьим и унагъуэм щызекIуэр адыгэ хабзэмрэ зэхэтыкIэмрэт, зэрыщыпсалъэр анэдэлъхубзэрт. Аращ зыщIипIыкIари Тыркум и Чоракъ щIыпIэм 1934 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 30-м къыщыхуалъхуа, дуней псом иужькIэ цIэрыIуэ щыхъуа и къуэ Мэхьмуди.

Хамэ щIыпIэ къыщыхъуа дэтхэнэ зыми хуэдэу, абы и гъащIэ гъуэгур езым иубзыхужащ, гугъуехьымрэ хьэзабымрэ къапимыкIуэту. Iэмалыншагъым къыхилъхьа ерыщагъымрэ бэшэчагъымрэ Мэхьмуд и ехъулIэныгъэ инхэм я лъабжьэ быдэ хъуащ икIи Олимп лъагапIэм нашэсащ.

«Си ныбжьыр илъэсипщI щыхъум щыщIэдзауэ, утыку сыкърашэурэ сагъэбэнащ, – игу къигъэкIыжырт шапсыгъ щIалэм. – Апхуэдэт дэтхэнэ адыгэ сабийри. Къуажэм хьэгъуэлIыгъуэ е губгъуэ лэжьыгъэхэм (вакIуэдэкI, гъавэ къехьэлIэжыгъуэ...) ехьэлIа дауэдапщэ гуэр къыщыхъуамэ, Iэмал имыIэу дыщызэрагъэбэнырт. Абыхэм ди Iэпкълъэпкъыр псыхьа щыхъурт, утыкум екIуу дитыфу драгъасэрт икIи текIуэныгъэм IэфIагъыр щызыхэтщIэрт».

Шэч хэлъкъым, Мэхьмуд апхуэдэ зэхьэзэхуэхэм къахэжаныкIыу зэрыщытам. Армырамэ, гу къылъатэу спорт иным хашэнтэкъым.

И ныбжьыр илъэс тIощIым щIигъухукIэ Аталай (Нагъуэ) Мэхьмуд зыщигъэсар щалъхуа щIыпIэращ. Дзэм ираджа иужькIэ, хуабжьу и насып къикIащ: Европэм и чемпион Жандемыр (Гугъэжь) Адыл и гупым хэхуащ. БэнакIуэ цIэрыIуэм и лъэпкъэгъур (езыри шапсыгът) адрейхэм къахигъэщхьэхукIащ икIи и зэфIэкI, Iэзагъэ псори бгъэдилъхьэну хущIэкъуащ. «Догу (ГъукIэ) Яшар игъэсащ Жандемыр (Гугъэжь) Адыл, иужьым сэ сигъэсэжащ, – жиIэрт Мэхьмуд. – Яшар тIуми куэд дигъэщIащ, аращ ди егъэджакIуэ нэхъыщхьэу щытар. Сэ

иужькIэ згъэсэжахэми, адыгэ бэнакIуэ Iэджэ спортым къыхашащ икIи ди пщIэр лъагэу яIэтащ».

Гу лъытапхъэщ мы Iуэхугъуэм: Тыркум къыщыхъуа адыгэ сабийхэр куэдрэ я нэIэ щIэхуэрт бэнэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ Европэми, дунейми, Олимпиадэхэми ехъулIэныгъэшхуэхэр щаIауэ, иужькIэ тренер IэнатIэм пэрыува ди лъэпкъэгъухэм. Апхуэдэ щIыкIэкIэ зэрымыгъэгъуащэу зэрыIыгът, зэрыгъэгушхуэрт, текIуэныгъэхэм хуэкIуэрт.

Аталай (Нагъуэ) Мэхьмуд япэ ехъулIэныгъэ иныр щызыIэригъэхьар и ныбжьыр илъэс тIощIрэ тхурэ хъуа иужькIэщ. 1959 гъэм ар Тыркум и чемпион хъуащ. Ущыпсэу къэралым ущытекIуэныр апхуэдэу ехъулIэныгъэшхуэ дыдэу къызыщымыхъун щыIэщ. АрщхьэкIэ зыщыгъэгъупщэн хуейкъым а лъэхъэнэм Тыркур бэнэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ дуней псом щытепщэу зэрыщытар. ИкIи абы и гуп къыхэхам ухэхуэныр хуабжьу гугъут, хамэ къэрал куэдым къикIахэр къыздрихьэлIа зэхьэзэхуэхэм ущытекIуэн нэхърэ. Тыркум щытепщэр дуней псоми щылъэщынут. Нэхъыщхьэр абы и гуп къыхэхам хэхуэнырт, къэралым узэрыщынэхъыфIыр къэгъэлъэгъуауэ.

1959 гъэм щыщIэдзауэ Мэхьмуд хузэIуха хъуащ дунейпсо ехъулIэныгъэхэм я бжэр. Тыркум и командэ къыхэхам и щIыхьыр ихъумэу а илъэсым ар щытекIуащ Средиземнэ тенджыз Iуфэм Iус къэралхэм я зэпеуэ Бейрут щызэхэтам. Абы «олимпиадэ цIыкIукIэ» еджэрт. ИужькIэ а ехъулIэныгъэм къытригъэзэжащ. Щэнейрэ бжьыпэр щиубыдащ Балкан джэгухэм, тIэунейрэ Европэм и вице-чемпион хъуащ. Апхуэдиз текIуэныгъэм игъащIэ псокIэ ирипагэну ирикъунут дэтхэнэ зы бэнакIуэри. АрщхьэкIэ, Аталай (Нагъуэ) Мэхьмуд нэхъыбэжыр и плъапIэт, ауэ лIы нэсу щыпсыхьар ахэращ.

«Зэгуэрым Балкан джэгухэр Софие щекIуэкIыртт, – игу къигъэкIыжырт абы. – Хуабжьу гугъу кIэух зэIущIэ къыспэщылът, си хьэрхуэрэгъур хэгъэрейхэм зэращыщым къыхэкIыу. Утыку сыкъихьэн и пэ, бжэм дипIытIэри, си Iэпэхэр пиубэрэжьыкIащ, зы къупщхьэ къутаи хэту. Си Iэр бэгащи, есщIэнур сщIэркъым. Сыбэнэну хьэмэрэ зэпеуэм сыкъыхэкIыну? Финалым сыщытекIуэмэ, Тыркум и гуп къыхэхам бжьыпэр иубыдынущ. Армырамэ, хэгъэрей болгархэр ди япэ ищынущ. Гупсысэ куум сыхэту Догу Яшар къызбгъэдыхьащ: «Сыт ущIыхэплъэр? – къригъэжьащ си гъэсакIуэм. – Тырку къэралыгъуэм иджыпсту и плъапIэр уэращ. Уадыгэкъэ уэ?!» А псалъэ ткIийхэм гупсысэ хьэлъэр занщIэу сщхьэщахури, тегушхуэныгъэ ин къысхалъхьащ. Абы иужькIэ утемыкIуэу хъурэт?!»

Дауи, Аталай (Нагъуэ) Мэхьмуд и хьэрхуэрэгъур тридзащ, Iэ лъэныкъуэм фIэкIа хуиту къимыгъэсэбэпыфми. Псоми наIуэ ящыхъуащ адыгэхэр къызэримыкIуэтыр икIи я псэр пытыхукIэ бэнэныгъэм зэрыхэтынур.

Гугъуу икIи нэшэкъашэу щытащ Аталай (Нагъуэ) Мэхьмуд Олимп чемпионыгъэм зэрыхуэкIуа гъуэгур. 1963 гъэм Болгарием и къалащхьэм щызэхэта дунейпсо зэхьэзэхуэм тыркухэр ещанэ увыпIэм нэс къыщекIуэтэхащ. Апхуэдэ зэпеуэ иным япэу хэта Мэхьмуд пэщIэдзэ зэIущIэм щыхигъэщIащ Ираным къикIа Мовахед. Абы кIэлъигъэкIуащ хэгъэрей пелуан Вылчевыр, швед абрагъуэ Енсен. АдэкIи кIуэтэну къыщIэкIынт, куржы бэнакIуэ Бериашвилирэ япон атлет Хориутирэ къытемыкIуатэмэ. Абыхэм я зэранкIэ медалыншэу къэна адыгэ щIалэм, иужькIэ «илъ ищIэжащ», зэман дэкIауэ хигъэщIэжри.

ЕплIанэ увыпIэм фIэкIа къимыхьами, ди лъэпкъэгъум и бэнэкIэм куэд дихьэхат. Болгарием къыщыдэкI «Нова свет» газет цIэрыIуэм абы щыгъуэ итхат: «Шэч къыщIытепхьэн щыIэкъым – Аталай (Нагъуэ) Мэхьмуд зыщIэхъуэпс спорт лъагапIэм и щыгум нэсынущ. Абы и вагъуэр къызэрыщIэкIыр иджыпстуи наIуэу уолъагъу». АрщхьэкIэ а IуэхугъуэфIым иджыри илъэсищкIэ пэплъэн хуей хъуащ.

Олимп чемпионыгъэм щIэбэныну Мэхьмуд Iэмал хъарзынэ къыхукъуэкIащ 1964 гъэм. Тыркум и командэ къыхэхам хэту ар ягъэкIуат Японием и къалащхьэм. АрщхьэкIэ XVIII Олимп джэгухэр абы къехъулIакъым.

А зэманым бэнакIуэхэм я зэпеуэр зэрекIуэкIыр иджыпстурейхэм хуэдэутэкъым. Зэхьэзэхуэм къриубыдэу къуэдыуэ баллих къэзыхьар абы къыхагъэкIырт: очко бжыгъэкIэ текIуам – зы балл, зэрытемыгъэкIуамэ – баллитI, очко бжыгъэкIэ къыхагъэщIамэ – баллищ, къабзэу традзамэ – баллиплI къуэдыуэ хуагъэувырт. Къабзэу текIуам и закъуэт зыкIи зэмытхьэкъур. Килограмм 70-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэпеуэ Мэхьмуд зыхэтам бэнакIуэ тIощIрэ тIурэ къырихьэлIат. ЯпэщIыкIэ абы очко бжыгъэкIэ хигъэщIащ илъэс ипэкIэ къефIэкIа, Совет Союзым щыщ Бериашвили Зарбег. АдэкIэ ятекIуащ Алыджым къикIа Иоанидис Стефанос, Пакистаным и лIыкIуэ Башир Мухьэммэд, Аргентинэм щыщ Варио Карлос. Абыхэм псоми ефIэкIа пэтми, къабзэу тридзар зырати, къуэдыуэ баллищ иIэ хъуащ. Японием къикIа Хориути Ивао къыщытекIуэм, зэхьэзэхуэм къыхагъэкIащ. Аргуэрыжьти, медалхэм пэгъунэгъу дыдэ хъуами, Iыхьэншэу къэнащ.



Токио щекIуэкIа Олимп джэгухэмрэ къыкIэлъыкIуэ илъэсым Инджылызым щыIа дунейпсо чемпионатымрэ дерс гъуэзэджэ къыхихащ Мэхьмуд. Зэпеуэ къэс килограммих-блы кIэрызыгъэхун хуей хъу бэнакIуэм и къарур абы щIилъэсыкIырт икIи мурад ищIащ нэхъ хьэлъэхэм я зэпеуэм хэтыну. Арати, дунейпсо зэпеуэм дыжьын медалыр къыщихьа пэтми, килограмм 78-м нэсхэм яхыхьащ. Абы иужькIэщ текIуэныгъэ нэхъ инхэр щызыIэригъэхьар.

Япэр къыщехъулIар 1966 гъэм США-м щыIа дунейпсо чемпионатращ. И хьэлъагъым «езэуэн» хуэмей Мэхьмуд зэпIэзэрыту зэхьэзэхуэм ирихьэлIащ. И хьэрхуэрэгъухэм яхэтт хэгъэрейхэм ящыщ Кауфман, Ираным къикIа Техами, Японием и лIыкIуэ Ватабэ. АрщхьэкIэ, абыхэм къадэкIуэу бэнакIуитху хигъащIэри, адыгэ щIалэр финалым нэсащ. Иджы дыщэ медалыр зыIэригъэхьэн папщIэ къызэринэкIын хуейт дуней псом тIэунейрэ и чемпион совет пелуан гъуэзэджэ Сагарадзе Гурам.

Аталай (Нагъуэ) Мэхьмуд зэрызэпIэзэрытт. И хьэрхуэрэгъу лъэщым къыпикIуэтыну абы зигъэхьэзыртэкъым. КъищынэмыщIауэ, ищIэрт а тIум я зэпэщIэтыныгъэм крикIуэм зэрелъытар езыхэр зи пашэ Тыркумрэ Совет Союзымрэ я командэ къыхэхахэм гуп зэпеуэм хэт бжьыпэр щиубыдынуми. Ар къигъэдзыхакъым кIэух зэпеуэм ирихьэлIэу температурэ лъагэ иIэ зэрыхъуам. Дохутырхэм къыпаубыдами, алэрыбгъум къихьащ. ИкIи псоми наIуэ ящищIащ дуней псом абы хуэдэ зэрытемытыр – дыщэ медалымрэ чемпионыгъэмрэ зыIэригъэхьащ.

КъыкIэлъыкIуэ лъэхъэнэр Олимп джэгухэм зыхуэгъэхьэзырыным хухихащ. Ар Мексикэм кIуащ, и ныбжьыр илъэс 34-рэ хъуами, и къарумрэ зэфIэкIымрэ хуабжьу къигъэгугъэу. ЗэкIэлъхьэужьу абы хигъэщIащ США-м, Италием, Кореем, Ираным, Монголием я бэнакIуэ

лъэщхэр икIи финалым нэсащ. КIэух зэIущIэм къыщыпэщIэтт Франджым икIа Робен Даниел. Ар хуабжьу бэнакIуэ щIыкIейт, ауэ абыи Iэмал къыхуигъуэтащ адыгэ щIалэм. ЗэрыщIадзэу ебгъэрыкIуэныгъэ зэкIэлъхьэужь лъэщхэр трикъутэри, Iэнкун ищIащ. АдэкIэ дыщэ медалымрэ Олимп лъагапIэмрэ къыпэплъэрт!

Дуней псоми Олимп джэгухэми я чемпион, Тыркум и чемпионатым пщыкIутхурэ щытекIуа Аталай (Нагъуэ) Мэхьмуд абы иужькIэ бэнэныр щигъэтащ икIи щIэблэр а спорт лIэужьыгъуэ телъыджэм хуигъасэ хъуащ. Илъэс пщыкIутхукIэ пэрытащ а IэнатIэм икIи щIалэщIэ куэд чемпионыгъэм хуэзышэ гъуэгум тригъэуващ. Абыхэм ди лъэпкъэгъу Iэджи яхэтащ икIи дэтхэнэми жриIэ хабзэт: «Уэ уадыгэщ икIи сыт щыгъуи япэ уитыпхъэщ». Аращ езыри и гъащIэм зытетар.

2004 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 5-м дунейм ехыжащ. КъыщIэна бынищыр, абыхэм къалъхужахэр Аталай (Нагъуэ) Мэхьмуд иригушхуэу мэпсэу, къызыхэкIа адыгэ лъэпкъымрэ щыпсэу Тырку къэралыгъуэмрэ я пщIэр яIэту.

## Куэшхьэблэ щыщ пелуан



*1972 гъэм Мюнхен щекIуэкIа Гъэмахуэ Олимп джэгухэр адыгэхэм ди дежкIэ хуабжьу мыхьэнэшхуэ зиIэщ – адэжь Хэкум щыщ ди лъэпкъэгъухэр япэ дыдэу чемпион хъуащ. Адыгейм икIа Чыржын Мухьэрбийрэ къэбэрдей щIалэ Шыхъуэ Борисрэ атлетикэ хьэлъэмрэ лъакъуэрыгъажэ спортымкIэ я дыщэ медалхэр нэхъапэм зэи димыIа дэрэжэгъуэ инт. Тхъэм и шыкуркIэ, а тIури иджыри тхуэпсэущ икIи щIэблэм я щапхъэщ. Нобэ и гугъу фхуэтщIынщ хьэлъэ къэIэтыныкIэ Совет Союзым плIэнейрэ (1971, 1973-1975 гъэхэм), Европэм тIэунейрэ (1973, 1974 гъэхэм), дуней псоми апхуэдизрэ (1972, 1973 гъэхэм), Олимп джэгухэм (1972 гъэм) я чемпион Чыржын Мухьэрбий.*

Адыгейм хыхьэ Куэшхьэблэ къуажэм 1949 гъэм и япэ махуэм дунейм къыщытехьащ игъащIэкIи лъэпкъыр дызэрыгушхуэну Чыржын Мухьэрбий. Дуней псом цIэрыIуэ зэрыщыхъуа хьэлъэ къэIэтыным пасэу щIыдихьэхын щхьэусыгъуэ щIагъуи щыIауэ фIэщщIыгъуейщ – дэтхэнэ зы сабийми хуэдэу

къижыхьырт, банэрт, фыщIэрт, топ джэгурт... Хьэлъэ къэтынымкIи щызэпеуэ къэхъурт.

Япэ дыдэу штангэр щилъэгъуам Мухьэрбий хуабжьу игъэщIэгъуащ. Дзэм къулыкъу щищIауэ къэзыгъэзэжа я гъунэгъу щIалэр здэщыIам хьэлъэ къэIэтыным щыдихьэхат икIи къыздэкIуэжам езым и щхьэм щхьэкIэ абы щыпищэрт. ФIэхьэлэмэт хъуат гъущI хъуреишхуэхэр фIилъхьэурэ ар къызэриIэтыр. Къуажэ сабийр абы епщIащ икIи нэхъ тегушхуэхэм штангэр къаIэт икIи зэхьэзэхуэ хъуащ. ЩIэх-щIэхыурэ Мухьэрбий псоми ефIэкIырт. Хуэм-хуэмурэ езым и хьэлъагъым нэхърэ нэхъыбэ къиIэтыф хъуащ. Ар телъыджэт. ЦIыхум игъащIэми нэхъ къару дыдэу хъумпIэцIэджыр къелъытэ, абы и хьэлъагъым хуэдиз къызэрырихьэкIыфым щхьэкIэ. Чыржыныр апхуэдэ зэфIэкIми щхьэпрыкIыжат. ЗригъэщIэну щIэхъуэпсырт и Iэпкълъэпкъым «къигъэпкIыфынур» здынэсыр. Абы папщIэ утыкушхуэ ихьэн хуейт. Къуажэдэс адыгэ щIалэ цIыкIум апхуэдэ Iэмал дэнэ кърихынт?!

Балигъ хъууэ дзэм къулыкъу щищIэну даша иужькIэщ Чыржын Мухьэрбий и зэфIэкIхэр къызыкъуихыну щыхузэфIэкIар. Саратов и «Спартак» обществэм япэ лъэбакъуэхэр щичауэ, Дон Iус Ростов и СКА командэм ирагъэблэгъащ. Гу лъатат адыгэ щIалэм къару къызэрымыкIуэ зэрыбгъэдэлъым икIи, хуэфэщэн техникэ абы дыщIыбгъужмэ, ехъулIэныгъэ инхэр къызэрыпэкIуэнум.

ГъэсакIуэ хуэхъуамкIи и насып къикIащ Чыржын Мухьэрбий. Абы къыдэлажьэ хъуащ, иужькIэ сыт щыгъуи игъуса, Стогов Владимир. Ар езыр тхуэнейрэ дунейпсо чемпиону, хэнейрэ Европэм и чемпиону щытат икIи адыгэ щIалэм бгъэдилъхьэн и куэдт. Стоговым занщIэу Мухьэрбий игу ирихьащ ерыщагъ ин хэлъу зэрызигъасэмрэ зэфIэкI лъагэ зэрыбгъэдэлъымкIэ. Абы и гъэсэныр залымыгъэкIэ спорт залым къыщыщIихуж куэдрэ къэхъурт. Спортсмен икIи тренер цIэрыIуэм ищIэрт лейуэ зыбукIыжи узыщысхьыжи зэрымыхъунур. Зэхьэзэхуэхэм ирихьэлIэн хуейт Iэпкълъэпкъри, къарури, гукъыдэжри къанэ щымыIэу хузэщIэгъэуIуауэ. Арат зэгупсысри зытелажьэри.

Социалист къэралхэм я армэхэм щIэх-щIэхыурэ зэдрагъэкIуэкI зэхьэзэхуэхэм дунейпсо Iэзагъ щызригъэгъуэтащ Чыржын Мухьэрбий. Румынием, Польшэм, Венгрием, Чехословакием, нэгъуэщI ди ныбжьэгъу къэралхэм я штангист цIэрыIуэхэр зэпеуэхэм зэрыхэт щIыкIэм, абыхэм къагъэсэбэп Iэмалхэм набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъ адыгэ щIалэр мыгувэу и хьэрхуэрэгъу лъэщхэм ефIэкI хъуащ.

Чыржын Мухьэрбий и япэ текIуэныгъэшхуэр къыщихьар и ныбжьыр илъэс тIощIрэ зым щIигъуауэщ. Хьэлъэ еIэхэм я дежкIэ ар куэдкъым, килограммищэхэр дэбдзеин ипэ Iэпкълъэпкъыр сыт илъэныкъуэкIи зэрыубыдауэ щытын зэрыхуейм къыхэкIыу. Атлетикэ хьэлъэмкIэ Совет Союзым и чемпионат Мэзкуу щекIуэкIам нэхъ псынщIэ дыдэхэм я деж (килограмм 67,5-м нэс зи хьэлъагъхэм) дыщэр щызыIэригъэхьащ куэдым иджыри ямыцIыху адыгэ щIалэщIэм. Абы щыгъуэм хэт ищIэнт къыкIэлъыкIуэ илъэс зыплIытхум ар дуней псом щытепщэну икIи зыри иджыри къэс зыпэмылъэща рекордхэр игъэувыну?!

1971 гъэм, СССР-м и чемпион хъуа иужькIэ, Чыржыныр къэралым и командэ къыхэхам хагъэхьащ. Перум и къалащхьэ Лимэ бжьыхьэм щекIуэкIыну дунейпсо зэпеуэм ар хуагъэхьэзыру щIадзащ. Зэманыр къемэщIэкIами, япэу утыкушхуэ зэрихьар арами хэт ищIэн, ауэ зэ ебгъэрыкIуэныгъэкIэ Мухьэрбий дыщэр зыIэригъэхьэфакъым.



10 Заказ №352

АрщхьэкIэ Америкэ Ипщэм къыщихьа жэз медалыр нэхъ лъапIэжхэм я лъабжьэ хъуащ.

XX Гъэмахуэ Олимп джэгухэр щекIуэкIыну илъэсым и гъатхэм Румынием и Констанцэ къалэм щекIуэкIа Европэм и чемпионатми адыгэ щIалэр ещанэ щыхъуащ. Ауэ ар гъэм и зэхьэзэхуэ нэхъ ин дыдэм, дэтхэнэ зы спортсменри зыщIэхъуэпсым, и зыхуэгъэхьэзырыныгъэт. Мюнхен щекIуэкIыну Олимпиадэм дыщIагъуат дунейпсо чемпионатри. Абыхэм хуэфэщэну хэтын, екIуу зыкъыщыгъэлъэгъуэн хуейт. Ахэр Чыржын Мухьэрбий и лъагапIэ нэхъ ин дыдэ хъуащ.

Мюнхен къыщызэIуаха Олимпиадэр совет штангистхэм я дежкIэ щIагъуэу къыщIидзакъым. НэхъапэIуэкIэ утыку къихьа Чегиным – жэз, Шанидзе дыжьын медалхэр зыхэт хьэлъагъхэм щызыIэрагъэхьэфауэ арат. Олимп чемпион иджыри зыри хъуфатэкъым. Куэдым я плъапIэр Чыржынырат. АрщхьэкIэ абы и хьэрхуэрэгъухэр хуабжьу лъэрызехьэт: болгар Кучевыр Европэм и чемпионт, поляк Башановскэр Олимп джэгухэм нэхъапэм тIэунейрэ щытекIуат, чех Качмарек дунейпсо рекордхэр IэщIэлът. Зи цIэ къитIуахэм къапикIуэтынутэкъым Ираным щыщ Дахнави, Японием къикIа Като, нэгъуэщIхэри. ГурыIуэгъуэт абыхэм дунейпсо рекорд куэд Мюнхен зэрыщакъутэнур. Апхуэдэуи къэхъуащ.

Iуэху дахэр зэхиублащ Кучевым. ЖимымкIэ абы килограмми 157,5-рэ къиIэтащ. Штангэм еIэхэм я хьэлъагъыр килограмм 67,5-рэ хъууэ арат! Болгар щIалэм дунейпсо рекорд игъэуващ. Мухьэрбий къыхуэIэтар абы нэхърэ килограммипщIкIэ нэхъ мащIэт. Жимыр хьэлъэ къэIэтыкIэм и зы лIэужьыгъуэрат. КъыкIэлъыкIуэхэм къыщагъэлъагъуэхэр зэхалъхьэжынурэ псоми зэхэту нэхъыбэ къэзыIэтарат текIуауэ ябжынур.

Мухьэрбий и лъэр щIэхун дэнэ къэна, нэхъри къызэщIэплъащ. Рывокым адыгэ щIалэр щынэхъыфIащ икIи и хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэм нэхърэ килограммипщIкIэ нэхъыбэ къиIэтри, къызэрыкIэрыхуар иригъэкъужащ. Абдежым адыгэ щIалэм зекIуэ олимп рекордым къыщытригъэзэжащ, килограмми 135-рэ къиIэтри.

КIэух зэпеуэм Чыржынымрэ Кучевымрэ зэхуэдэу ирихьэлIащ. Жимымрэ рывокымрэ абыхэм дэтхэнэми зэхэту килограмм 282,5-рэ къыщаIэтат. Ар езыхэм я хьэлъагъым хуэдитIым щIигъукIэ фIэкIырт. Иджы псори щызэхэкIынур толчокырат. Хэт и къарур нэхъ зэгъэзэхуа хъуа, хэт и зышыIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ нэхъ ин?

Олимп дыщэр зэпэзыубыдар Кучевымрэ Чыржынымрэт. Адрейхэр абыхэм я зэпэщIэтыныгъэм еплъу щыт фIэкIа пщIэнтэкъым, езыхэри зэхьэзэхуэм зэрыхэтыр ящыгъупщэжауэ. Болгар штангистым бгъэдыхьэгъуитIыр фIы дыдэу къехъулIащ, арщхьэкIэ ещанэм къигъэдзыхащ. Арати, килограмми 167,5-м къыщыувыIащ. Чыржыным къыщыщIидзар а хьэлъагъращ! КъыкIэлъыкIуэ бгъэдыхьэгъуэм килограммитхукIэ щIигъуу къиIэтащ. Ар Олимп чемпионыгъэт!

Дыщэ медалыр и Iэрылъхьэ пэтми, Чыржын Мухьэрбий зыпэщIэува хьэлъагъым хригъэгъэхъуащ килограмми 177,5-м нэсыхукIэ. Апхуэдиз къэзыIэта зыхэт хьэлъагъым зэи къыщыхъуатэкъым. Адыгэ пелуаным ар къыфIэмыIуэху хуэдэу дридзеящ. Дунейпсо рекордыр гъэува хъуащ!

Абы и закъуэтэкъым. Чыржыным троеборьемкIи дунейпсо рекордыр зыIэщIилъхьат. БгъэдыхьэкIэ лIэужьыгъуищымкIи (жимымкIэ,

толчокымкIэ, рывокымкIэ) Мухьэрбий къиIэтар зэхэту килограмм 460-м нигъэсат!

Насыпыр уэру нэмыцэщIым къыщыхукъуэкIат Куэшхьэблэ икIа щIалэщIэм. Олимп джэгухэр щыщыIа лъэхъэнэм къриубыдэу атлетикэ хьэлъэмкIэ Мюнхен щекIуэкIа Дунейпсо чемпионатми щытекIуащ Чыржын Мухьэрбий. Арати, а спорт лIэужьыгъуэмкIэ дуней псом щынэхъ лъапIэ дамыгъитIыр IэщIэлъу абы Хэкум игъэзэжащ.

Чыржыныр щагъэлъапIэр щылъхуа Адыгеймрэ зи щIыхьыр лъагэу иIэта Совет Союзымрэ я закъуэтэкъым. Ди лъэпкъэгъухэр щыпсэу щIыпIэ псоми абы и текIуэныгъэм и хъыбар гуапэр псынщIэ дыдэу нэсащ. Хэкужьым щыщу япэу Олимп чемпион хъуа Чыржын Мухьэрбий и ехъулIэныгъэм дэрэжэгъуэ ин къаритащ дунейм адыгэу тетым, дэтхэнэ къэралым хиубыдэми емылъытауэ.

Хьэлъэ къэIэтынымкIэ иджыри илъэситIкIэ ЩIы хъурейм тепщэныгъэр щиIыгъащ ди лъэпкъэгъум. 1973 гъэм Кубэм и къалащхьэ Гаванэ щекIуэкIа дунейпсо зэпеуэми, а илъэсымрэ къыкIэлъыкIуэ гъэмрэ Испаниемрэ Италиемрэ щызэхэта Европэм и чемпионатхэми Чыржын Мухьэрбий дыщэ медалхэр къыщихьащ икIи рекорд зыбжанэ щигъэуващ. Ар спортым хэкIыжащ зыри къытемыкIуауэ икIи пщIэрэ щIыхьрэ иIэу нобэми Адыгейм щопсэу.

Совет Союзми, Европэми, дунейми, Олимп джэгухэми я чемпион, СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, «Знак Почёта» орденыр зезыхьэ, «Адыгейм и щIыхь» дамыгъэр зыхуагъэфэща Чыржын Мухьэрбий щапхъэ нэсщ Хэкумрэ лъэпкъымрэ яхуэпэжынымкIэ. Ар нобэми жыджэру хэтщ жылагъуэ лэжьыгъэм икIи щIэблэр гъащIэ узыншэм хуеущий.



## ЛъагапIэм лъэбакъуэ зырызурэ хуэкIуа Шыхъуэ Борис



*Шыхъуэ Борис. БлэкIа лIэщIыгъуэм и блыщI гъэхэм абы и цIэм иримыгушхуэ адыгэ къэгъуэтыгъуейт – арат Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу япэ дыдэу Олимп чемпион хъуар. Абы ипэжкIэ къэралпсо, дунейпсо лъагапIэхэри мызэ-мытIэу къищтат.*

*Зэманыр макIуэ, ауэ цIыхухэм ящыгъупщэркъым нэхъапэм дэрэжэгъуэ къезыта, лъэпкъымрэ Хэкумрэ я пщIэр зыIэтахэр. Шэч хэлъкъым апхуэдэхэм зэращыщыр СССР-м лъакъуэрыгъажэ спортымкIэ тхуэнейрэ и чемпион (1968, 1971, 1972 гъэхэм командэ зэпеуэм, 1968 гъэм щхъэзакъуэ зэхъэзэхуэм, 1972 гъэм махуэ куэдкIэ екIуэкIа зэдэжэм), дунейпсо чемпион (1970 гъэ), Олимп чемпион (1972 гъэ) Шыхъуэ Борис.*

**– Борис, сыт щыгъуи ди гуапэщ укъытхуеблэгъэну икIи псалъэмакъым и пэщIэдзэу щIэджыкIакIуэхэр уи къекIуэкIыкIам щызгъэгъуэзэну сыхуейт.**

– Тхьэр арэзы къыфхухъу! Сэри сыт щыгъуи си гуапэу адэжь щIыналъэм сыкъокIуэж икIи зыхызощIэ псори фIыуэ къызэрысхущытыр, сазэрыщымыгъупщэр.

Си къекIуэкIыкIам и гугъу пщIымэ, сэ 1947 гъэм Закарпатьем сыкъыщалъхуащ. Си адэ Хьэбалэ Хэку зауэшхуэм жыджэру хэта офицеру а щIыпIэм дзэм къулыкъу щищIэрт. ИужькIи абы и гъусэу къэралым и щIыпIэ куэд къызэхэскIухьащ, сыщыпсэуащ.

**– Уи адэр дзэ къулыкъущIэу щыщытакIэ, дауи, арагъэнщ зи фIыгъэр спортым узэрыдихьэхар?**

– Спортым сыхыхьэн хуей щIэхъуам и щхьэусыгъуэр гур зыкъутэ Iуэхугъуэщ. Си ныбжьыр илъэсихым нэблэгъауэ зыдгъэпсэхуну зэрыунагъуэу псым дыкIуащ. Абы щыгъуэм ди адэм къулыкъу щищIэр Молдавиерат. МывэкIэщхъ къыщыщIаха щIыпIэхэм псыр ирагъэлъэдэжурэ гуэлхэр къэунэхурт икIи апхуэдэхэм ящыщ зым дыкъыщыувыIащ. Си адэм бдзэжьей къызэриубыдыну къунтхыр зэфIищIэну IукIащ, си анэм дызэдзэкъэн тIэкIу игъэхьэзырыну яужь ихьащ. Псым сыхэплъэну сыщыIухьэм сыгуэцIэфтри, напIэзыпIэм гуэлым сыхэхуащ. Ар зылъэгъуа си анэм зыныхидзащ икIи сэ сыкъригъэлыхукIэ езы тхьэмыщкIэр щIилъэфащ. Си адэр къыщысам Iуэхур зэфIэкIат.

ИужькIэ Львов къулыкъу щищIэну ар занщIэу ягъэкIуащ. ИкIи ди пIэм дызэризагъэу абы си Iэпэр иубыдри, бассейным сишащ икIи къызжиIащ: «Мис мыр уи тренерщ. Уи анэм етIуанэу гъащIэ къуитащи, псым есыкIэ зэгъащIэ».

ИлъэситI-щыкIэ сэ бассейным сыкIуащ, ауэ си гур абы бгъэдыхьэртэкъым. Зэхьэзэхуэ гуэрхэми сыхэтт, ехъулIэныгъэ мащIэхэри сиIэ хъуат, арщхьэкIэ псы есыныр сфIэфIтэкъым – си анэр зэрыкIуэдыкIар абы теслъхьэу къыщIэкIынт. Си псэм а спорт лIэужьыгъуэр къызэримыщтэр щилъагъум, адэри къыспэувакъым. Абы и дежкIэ нэхъыщхьэр псы есыкIэм сесэнырати, ар хъарзынэу къызэхъулIат.

Мыгувэу гъунэгъу щIалэ цIыкIум сыкъигъэдаIуэри, езыр здэкIуэ боксымкIэ секцэм сыхыхьащ. Ар илъэс зытIукIэ сэ нэхърэ нэхъыжьынт икIи нэхъ лъагэт, Iэчлъэчт. Бокс Iэлъэм, зэуэкIэм сызэресэнум сыдихьэхат, ауэ апхуэдэу зэрекIуэкIар зы мазэщ. ТхузэфIэкIым еплъыну дыщызэпагъэувым, секцэм сыкъэзыша щIалэ цIыкIур ныкъуэкъуэгъу къысхуэхъуащ икIи фIыуэ сыкъиудыныхьащ. Унэм сыкъыщыкIуэжым си пэр апхуэдизу къытебэгати, слъагъужырт. Абы иужькIэ боксми гущыкI хуэсщIащ.

Зэгуэрым, футбол дыджэгуу пщIантIэм дыдэту, щIалэ балигъ гуэр къыдбгъэдыхьэри, къыткIэлъыплъащ. ИтIанэ, псоми къыдэджэри, зытхухым къыджиIащ къыкIэлъыкIуэ махуэм дыздекIуэлIэну щIыпIэмрэ зэманымрэ. Апхуэдэу футболым сыхыхьэри, 1962 гъэ пщIондэ абы зыхуэзгъэсащ.

Псоми зыкъыщигъэзар Львов къалэм дыщыпсэу унэм щыдигъунэгъу щIалэ цIыкIур зэрызэдэжэ лъакъуэрыгъажэкIэ къэкIуэжауэ

сыщрихьэлIаращ. Сэ абы занщIу сыбгъэдэлъэдащ икIи псынщIагъыр зэрытраухуэр, и шэрхъхэр сфIэхьэлэмэту зэпысплъыхьу щIэздзащ. Сигури къыхэскIыкIащ – зыхэсщIащ абы си гъащIэр епха зэрыхъунур.

Школ щIэтIысхьэжыгъуэрат спорт секцэхэм щыхатхэри, ар къысхуэмыгъэсу сыпэплъащ икIи сентябрым и 1-м лъакъуэрыгъажэ зэдэжэм щыхуагъасэм сыхыхьащ. АрщхьэкIэ, сэ къызэрысщыхъуамрэ къызэрыщIэкIамрэ шурэ лъэсрэ я зэхуакут – институт гуэрым и подвалым дыщIашащ икIи ди тренер цIыхубзыр дагъэлъэгъуащ. Лъакъуэрыгъажэ сызыщIэхъуэпсари къыслъысакъым, абы и пIэкIэ къызэрыгуэкI къызатащ. Абы щхьэкIэ къэмынэу псоми сатежыну къысщыхъурт икIи япэ тренировкэм щIэддзащ. КилометрипщI-тIощI хуэдиз къэджын хуейти, абы и къызэнэкIыным къарууэ сиIэр тезгъэкIуэдащ икIи унэм ерагъкIэ си лъэр къэсхьыжауэ аращ. ИужькIэ тхьэмахуэкIэ сысымэджэжащ.

Апхуэдэу щыт пэтми, тренировкэхэм кIуэн щызгъэтакъым, футболым зыхуэгъэсэнри зэпызгъэуатэкъым. А тIур зэрызэдэсхьыр къыщацIэм, спорт школым и унафэщIхэм къысхуагъэуващ языхэзыр къыхэсхыну.

**– Дауи, къыхэпхар лъакъуэрыгъажэрщ.**

– Пэжщ. СыкъызэрыхэкIыжам щхьэкIэ футболым фIэкIуэдар сыт хуэдизми сщIэркъым, сыти жыIи ди къэралыр зэи абыкIэ дунейпсо чемпион хъуакъым, ауэ лъакъуэрыгъажэ спортым хэхъуэ гуэр иIауэ къыщIэкIынущ. Ар къызэрыхэсхар си гъащIэм унэтIыныгъэ хуэхъуащ.

Лъакъуэрыгъажэ спортым гурэ псэкIэ сыкIэрыпщIат икIи арыншауэ сыпсэужыфыртэкъым. Абы иужькIэ хъуэпсапIэхэри къыкъуэкIащ. 1960 гъэм Совет Союзым щыщу Капитонов Виктор япэ дыдэу а спорт лIэужьыгъуэмкIэ дыщэ медалыр Олимпиадэм къыщихьащ. Хэт и гугъэнт иужькIэ, зэман дэкIыу, ар къэралым и командэ къыхэхам и тренер нэхъыщхьэу, сэ гупым срикапитану етIуанэ дыщэ медалыр СССР-м къыхуэтхьыну?! Капитоновыр си дежкIэ тхьэпэлъытэт икIи абы и зэранкIэ игъащIэм япэу икIи иужь дыдэу сыдыгъуауэ щытащ.

**– Ар дауэ?**

– «Комсомольская правда» газетым Олимпиадэм щытекIуа Капитоновым и сурэтышхуэ къытрадзати, ар сыщеджэ школым и кIэлындорым и блыным абджым илъу къыфIадзащ. Сэ абы сыбгъэдыхьэурэ щIэх-щIэхыурэ сеплъырт икIи и лъабжьэм щIэта тхыгъэр гукIэ зэзгъэщIауэ нобэр къыздэсым сощIэж. Арати, зэгуэрым, псори зэбгрыкIыжа нэужь, кIэлындорым сыкъытехьэщ, абджым и IункIыбзэр къыIусхри, абы илъ газетыр зыIэрызгъэхьащ. Иджыри къэс ар зызохьэ.

**– Олимп чемпион Капитоновым ещхь ухъун папщIэ, шэч хэмылъу, гугъуехь Iэджи пшэчащ, зэман куэди тебгъэкIуэдащ.**

– ЗэманкIэ илъэс пщыкIутI текIуэдащ, пщIэнтIэпсу згъэжар къыпхуэпщытэжынукъым. Олимп лъагапIэм лъэбакъуэ зырызурэ сыхуэкIуащ. Тренерым махуэ къэс бэшэчагъым дыхуигъасэрт, тщIэнухэр, зэрызытIыгъынур къыдгуригъаIуэрт. Сэхуран, мороженнэ тшхыуэ идэртэкъым, ди бэуэкIэр зэпимыудын папщIэ, махуэ къэс бассейным

дишэрт. Псом ящхьэращи, щхьэхынагъэм дытекIуэу дигъэсащ. Уэшх къыщешхи, уэс къыщеси, дыгъэр щывэржьэрми дэ тщIэрт а махуэм зэпытчын хуей гъуэгуанэр къызэрызэднэкIынур. Апхуэдэурэ илъэс куэдкIэ екIуэкIащ икIи ехъулIэныгъэхэр къыпэкIуащ. ГъащIэми зэрыщыщытыр апхуэдэущ. IэщIагъэлI нэс хъуну хуейм щхьэхыр зищIысыр ищIэн хуейкъым, махуэ къэс и щIэныгъэм, Iэзагъым хигъэхъуапхъэщ.

**– Япэу ехъулIэныгъэ ущиIар пщIэжрэ?**

– Ар дауэ пщыгъупщэн?! 1966 гъэм союзпсо чемпионат Тбилиси щекIуэкIырт. Балигъхэм я зэпеуэр иуха иужькIэ сэ щIалэгъуалэ зэхьэзэхуэм сыхэтыну зызгъэхьэзырт. АрщхьэкIэ, гуп нэхъыщхьэм хэтхэм языхэз сымаджэ хъуащ икIи ар икIэщIыпIэкIэ яхъуэжын хуейт. ЩIалэгъуалэм къытхэплъэри, сэ ар нэхъ схузэфIэкIыну къалъытащ. Къалэн лъэпкъи къысхуагъэувакъым, командэм хэтын хуей цIыху бжыгъэр сэркIэ ирагъэкъуауэ арат. Абы къыхэкIыу сэри сыгузэващэртэкъым. АрщхьэкIэ зэпеуэм зэрыщIидзэу бэнэныгъэм сыдихьэхащ икIи ещанэу сыкъэсри, дыжьын медалыр къэсхьащ. ИужькIэ куэдрэ зэзгъэпщэжати, дунейпсо зэпеуэхэми, Олимп джэгухэми, къэралым щекIуэкIа нэгъуэщI зэхьэзэхуэхэми апхуэдизу гугъу зэи сыщехьакъым. Аращ а си япэ медалыр дыщэ пэлъытэу нобэми щIызесхьэр.

Тбилиси щекIуэкIа чемпионатым иужькIэ СССР-м и командэ къыхэхам и тренер нэхъыщхьэр къызбгъэдыхьэри, къызжиIащ: «Хъарзынэу къыщIэбдзащ, адэкIэ деплъынщ. Декабрым дызэхуэсынущи, некIуалIэ». Абы лъандэрэ къэралым и командэ къыхэхам зэи сыкъыхагъэкIакъым икIи гупым и капитану илъэсихкIэ сыщытащ.

**– Апхуэдизу дэтхэнэ спортсменри зыщIэхъуэпс Олимпиадэм 1968 гъэм укIуэнуи Iэмал къыпхукъуэкIащ…**

– Мексикэм щекIуэкIа Олимп джэгухэм сыкIуэн ипэкIэ къэралым и чемпионатым и зэдэжэгъуищми сыщытекIуащ. Союзпсо радиом и корреспондентым интервью къыщысIихым жесIащ къыкIэлъыкIуэ медалыр Олимпиадэм къисхыну икIи къэрал псом ар хэIущIыIу щыхъуащ. СлIожьт, си ныбжьыр илъэс 21-рэ хъууэ арати, схузэфIэмыкIын щымыIэу къысщыхъурт. СщIэрт Олимпиадэм сызэрыкIуэнур, командэм и капитануи сыхахат. А псоми си щхьэр ягъэунэзауэ къыщIэкIынут. ЖысIэнур жысIа иужькIэщ сыщегупсысыжар абы къикIым. ИкIи хуабжьу сыгузэвэжащ, схузэфIэмыкIыжмэ, жысIэри. Псом нэхърэ нэхъ сыщIэпIейтейр а псори си адэм зэхихамэ икIи къызэмыхъулIэжмэ, сызэрыукIытэнурат.

Апхуэдэуи къэхъуащ – Олимп джэгухэм ерагъыу еханэу сыкъыщысауэ аращ. Сытыт адэкIэ сщIэнур, дауэ апхуэдэу сыкъэкIуэжынут? Сытми, си щхьэр лъахъшэу ехьэхауэ къэзгъэзэжри, нэхъ ерыщыжу зызгъасэу щIэздзащ.

ИлъэситI дэкIри, ди къэралым зэи къыщымыхъуауэ, дунейпсо чемпион сыхъуащ. Ар, дауи, Iэтауэ дгъэлъэпIащ. Дауэдапщэхэр зэфIэкIа иужь, си закъуэу зыкъысхуигъазэри, ди адэм къызжиIащ: «Дунейпсо чемпион узэрыхъуам дрогушхуэ – абы шэч хэлъкъым. АрщхьэкIэ, Олимпиадэм ущытекIуэну дыкъэзыбгъэгугъари зыщумыгъэгъупщэ».

Спортым сыкъыхэкIыжа иужькIэ куэдрэ сегупсысащ икIи хьэкъ сщыхъуащ: абы щыгъуэм ди адэм къызимыубыдылIауэ щытамэ, Олимп

чемпион сымыхъунри Iуэхум хэлът. Сыт щыгъуи си нэгу щIэтт абы и псалъэхэр икIи псэхугъуэ къызатыртэкъым.

**– Мюнхен щекIуэкIа Олимпиадэр игъащIэ псокIэ, дауи, уи гум къинащ.**

– Аращ си ехъулIэныгъэ нэхъ ин дыдэр къыщысхьар. Олимпиадэм щIидзэным махуэ зыбжанэ иIэжущ абы кIуэнухэр щаубзыхуар. Сэри командэм и капитану Мюнхен кIуэнухэм сыхагъэхьащ. Иджы къикIуэт щыIэжтэкъым – дыщэм щIэбэнын хуейт. Ар Iуэху тынштэкъым, хьэрхуэрэгъухэр егъэлеяуэ зэрылъэщым къыхэкIыу. АрщхьэкIэ абыхэм дефIэкIыфащ икIи Совет Союзым олимп дыщэ медалхэр къыхуэтхьащ. Хэку зауэшхуэм хэта ди адэм абы гуфIэгъуэу къритар пхуэмыIуэтэжыным хуэдизщ – дэрэжэгъуэр игъэбагъуэрт Германием дызэрыщытекIуам.

**– Апхуэдэу щыт пэтми, илъэс дэкIри, уи къару илъыгъуэу, илъэс 26-рэ фIэкIа умыхъуу, спортым укъыхэкIыжащ. Сыт абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар?**

– 1973 гъэм Испанием дунейпсо чемпионат щекIуэкIыу а щIыпIэм щыщ спорт лэжьакIуэхэр къызбгъэдыхьэри къызжаIащ «Барселона» профессионал командэм контракт къызищIылIэну зэрыхьэзырыр. Абы ипкъ иткIэ, доллар мини 100-120-рэ тхьэмахуэм къэзлэжьынут. Апхуэдиз ахъшэ Совет Союзым зэи щыслъагъунутэкъым. Арати, зэхьэзэхуэм етIуанэ увыпIэр къыщысхьауэ сыкъэкIуэжри, ди спорткомитетым и унафэщI генерал Куприяновым и деж сыщIыхьащ икIи Iуэхур зытетыр хуэсIуэтащ. Ар гупсэхуу къызэплъщ, итIанэ къысщхьэщыувэри жиIащ: «Сэ къызгуроIуэ ди нэхъыфIхэр тхашыну испанхэр зэрыхуейр. Ауэ уэ Совет Армэм уриофицерщ, сэ сыгенералщ. Мы Iуэхур къетхьэжьэмэ, уэри сэри Макар и шкIэхэр щимыгъэхъуам дызэрахунур пщIэрэ? Аращи, испанхэм къыбжаIар зыщыгъэгъупщи, тIури бэIутIэIуншэу пенсэм дынэгъэс».

Абы иужькIэ сызыхущIэкъун лъакъуэрыгъажэ спортым щыIэжтэкъыми, сыкъыхэкIыжащ. Зэ ущытекIуа зэхьэзэхуэм етIуанэу къыщыпхь ехъулIэныгъэр апхуэдэу хьэлэмэтыжкъым.

**– Зэхьэзэхуэхэм и медалхэм къищынэмыщIауэ, къэрал дамыгъэхэри мымащIэу къыпхуагъэфэщауэ къыщIэкIынщ.**

– АбыкIи Iыхьэншэ сыхъуакъым. ФIыщIэм, ГуащIэдэкIым и Бэракъ Плъыжь орденхэр, «ГуащIэдэкI хахуагъэм папщIэ», «Лэжьыгъэм къызэрыхэжаныкIам папщIэ», нэгъуэщI медалхэри къысхуагъэфэщащ, СССР-м спортымкIэ щIихь зиIэ сримастерщ.

**– Борис, уи гъащIэм и нэхъыбэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и адрыщIкIэ щыбгъэкIуащ, иджыпстуи Самарэ ущопсэу. Адэжь лъахэр къоджэжыркъэ?**

– НэхъапэIуэкIэ къызэрыхэзгъэщащи, си адэм дзэм къулыкъу зэрыщищIэм къыхэкIыу къэралым и щIыпIэ куэд къызэхэскIухьын хуей хъуащ. Сыкъэзылъхуахэр адыгэщ. ТIури Тэрч районым щыщхэщ: си адэр Арыкъ, си анэр Дей къуажэм. Абы къыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым сыт щыгъуи си псэр къыхуеIэ зэпытт. АрщхьэкIэ дыкъэкIуэжыну щытхузэфIэкIар ди адэр отставкэм щыкIуа 1964 гъэрщ. Мыращ спор-

тым и япэ ехъулIэныгъэхэри щызиIар, тренер цIэрыIуэ Хьэжалы Исуф и нэIэм сыщIэту.

Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъапэми къэзгъэзэжынут, арщхьэкIэ си узыншагъэм и щытыкIэм къыхэкIыу дохутырхэм нэхъ щIыIэтыIэ щIыпIэхэм сыщыпсэуну къысхуагъэуващ. Абы щхьэкIэ къэмынэу илъэс къэс тIэу-щэ сыкъокIуэжри, си шыпхъум, Iыхьлыхэм сахэсщ, къаруущIэ къысхалъхьауи Самарэ согъэзэж. Абы си унагъуэр щопсэу: ди щIыпIэм исша щхьэгъусэ, къуитI, къуэрылъху сиIэщ.

Илъэс зыбжанэ ипэкIэ архив IэнатIэм къикIри зыкъысхуагъэзащ. КъызэрыщIэкIымкIэ, си ехъулIэныгъэхэм теухуауэ абы зыри щIэлътэкъым. Япэу сыкъыщыкIуэжым, зэхуэсхьэса дэфтэр псори къахуэсшэжри, тыгъэ яхуэсщIащ. Ещхьыркъабзэу, Лъэпкъ музейми сыхуэупсащ. ЗыIэрызгъэхьа текIуэныгъэхэр зейр си закъуэкъым, ар адыгэм зэрыщыту ди ехъулIэныгъэщ.

## Волейболым и Ленэ дахэкIей



*БлэкIа лIэщIыгъуэм и 70 гъэхэм я кIэухым цIыхубз волейболым щылыдащ адыгэ бзылъхугъэ тельыджэ, СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер Ахэмын Еленэ и вагъуэр. 1978 – 1982 гъэхэм Свердловск (иджы Екатеринбург) и «Уралочка» командэм хэту ар СССР-м и чемпион тхуэнейрэ хъуащ, Европэм и чемпионхэм я кубокыр тIэунейрэ зыIэригъэхьащ. Къэралым и гуп къыхэхам 1979 – 1983 гъэхэм зэпыу имыIэу ираджащ икIи абы дэщIыгъуу Европэмрэ Олимп джэгухэмрэ дыщэ медалхэр къыщихьащ, дунейпсо чемпионатым зыкъыщигъэлъэгъуащ. Ахэмын Еленэ и закъуэщ ди лъэпкъэгъу цIыхубзхэм Олимп чемпиону къахэкIар.*

Свердловск къалэм дзэм къулыкъу щызыщIэу абы къэнэжа Ахэмын Рабихь и унагъуэм 1961 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 5-м хъыджэбз цIыкIу къралъхуащ. Ленэ зыфIаща сабийр, адыгэ уэрэд цIэрыIуэм зэрыщыIуащи, дахэкIейт, ауэ и гъащIэ гъуэгур щыпхишар спортращ.

Ахэмын Рабихь волейболыр хуабжьу фIыуэ илъагъурт икIи сабийхэр абы хуигъасэрт. И ныбжьэгъут къэралми Европэми щыцIэрыIуэ Свердловск и «Уралочка» цIыхубз командэм хэтхэмрэ зыгъасэхэмрэ икIи зэпыщIэныгъэ быдэ яхуиIэт. И щхьэгъусэ Инесси спортым и мастерт, ауэ зыкъыщигъэлъагъуэр баскетболырат. Абыхэм я быныр, дауи, къэзылъхуахэм я лъагъуэм ирикIуапхъэт.

И ныбжьыр илъэс пщыкIутI щрикъум Еленэ волейболым зыхуигъасэу щIидзащ. Абы и япэ тренер Филимонов Юрэ лъэкI къигъэнакъым адыгэ пщащэм а спорт лIэужьыгъуэр фIыуэ иригъэлъагъун, текIуэныгъэ инхэм я лъабжьэр хуигъэтIылъын папщIэ.

Пхъум къыдэлажьэ зэпытт и адэри. «Сыт волейболыр фIыуэ щIэплъагъур?» – жаIэу журналистхэр иужькIэ къыщеупщIам, Еленэ яжриIат: «Си адэм абы сызэрыхишаращ. Ар езыр тренеру лажьэрти, волейболыр си гъащIэм щыщ зы Iыхьэ ищIыфащ».

Спортым и закъуэкъым Рабихь ипхъухэр зыдригъэхьэхар. Школ каникулхэм и деж абы и унагъуэр гъэмахуэм Къэбэрдейм къиишэжырти, благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ яригъэлъагъурт, адэжь щIыналъэм и дахагъымрэ IэфIагъымрэ захригъащIэрт. Еленэрэ абы и шыпхъу нэхъыщIэ Иринэрэ я гумрэ я псэмрэ щызу загъэпсэхуауэ, ауэ къыздэкIуэжар аргуэру зэрабгынэжыр къатехьэлъэу Свердловск ягъэзэжырт. ЩIэхъуэпсырт илъэс дэкIмэ къытрагъэзэну, зыхунэмыса, зыхуэмызэфа псори зэщIагъэхьэну.

Курыт еджапIэр фIы дыдэу къиуха иужькIэ, Еленэ институтым щIэтIысхьащ. Абы еджэнымрэ спортымрэ хъарзынэу зэдихьырт икIи ехъулIэныгъэхэр дэни щиIэт.

Совет Союзым тепщэныгъэр щызыIыгъ, Европэми фIыкIэ къыщацIыхуа Свердловск и «Уралочка» командэм а лъэхъэнэм ухыхьэну хуабжьу гугъут. Ар хузэфIэкIащ Еленэ. ХузэфIэкIам и закъуэкъым, атIэ гупыр зыгъэгуп, абы и пашэ хъуащ. Я тренер нэхъыщхьэ Карполь Николай и ныбжьэгъу Ахэмын Рабихь зэгуэрым къыжриIауэ щытащ: «Уи пхъур уэщхьщи, насыпыфIэ хъунущ. Хьэл-щэнкIи къыпкIэрыхуркъым – мурад ещIри, ерыщу зрегъэхъулIэф, бэшэчщ, зэфIэкI лъагэ зыбгъэдэлъщ».

Адэ-анэм я дежкIэ быным я насыпым нэхъ дэрэжэгъуэ щыIэ?! Рабихь хуабжьу щыгуфIыкIырт ипхъухэм я ехъулIэныгъэхэм. Псом хуэмыдэу ар ирипагэрт Еленэ спортым къыщихь текIуэныгъэхэм. Япэр къыщыхъуар школакIуэхэм я урысейпсо зэхьэзэхуэращ, къыкIэлъыкIуэр 1978 гъэращ – СССР-м и Лъэпкъхэм я спартакиадэу Ташкент щызэхэтам. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым Свердловск и «Уралочка»-м хэту Совет Союзым и чемпион хъуащ икIи къэралым и гуп къыхэхам хагъэхьащ.

1979 гъэм нэхъ утыкушхуэж ихьащ. А илъэсым Франджым щекIуэкIа Европэм и чемпионатым ар зыхэта СССР-м и командэ къыхэхар зыри зыпэмылъэщынт икIи дыщэ медалыр IэщIэлъу Ахэмыным къигъэзэжащ. Ар хуабжьу ехъулIэныгъэ инт, ауэ лъагапIэ нэхъыщхьэр къыщыпэщылъыр дяпэкIэт – Мэзкуу щыIэну Гъэмахуэ Олимпиадэм хуэфэщэну зыхуагъэхьэзырыпхъэт. Рабихь хуабжьу щIэхъуэпсырт и пхъур а зэхьэзэхуэм щытекIуауэ илъагъуну, арщхьэкIэ... зэуэзэпсэу къытехуэри лIащ, и ныбжьыр илъэс плIыщI ирикъуа къудейуэ.

Еленэ икъукIэ кууэ зыхищIащ а гуауэ хьэлъэр. Волейбол джэгун дэнэ къэна, зыри хуеижтэкъым, фIэIэфIыжи щыIэтэкъым. Дуней псор къытеункIыфIам хуэдэт. АрщхьэкIэ адэкIэ псэун хуейт. ГъащIэм къыхэзышэжар и адэм къыхуиIа хъуэпсапIэр зригъэхъулIэну мурад быдэ зэрищIаращ. Абы папщIэ Олимп чемпион хъун хуейт.

Совет Союзым волейболымкIэ и цIыхубз командэ къыхэхам ерыщу зэхьэзэхуэм зыхуигъэхьэзырырт. Я деж щекIуэкIыну Олимпиадэм зэфIэкI лъагэ къыщигъэлъэгъуэну дэтхэнэри хущIэкъурт. Гупым и пашэт и ныбжьэгъухэр сыт щыгъуи тезыгъэгушхуэ Ахэмын Еленэ.

И пIалъэр къэсри, Гъэмахуэ Олимп джэгухэр 1980 гъэм бадзэуэуэгъуэм (июлым) и 20-м Мэзкуу и «Лужники» стадионым Iэтауэ къыщызэIуахащ. Афганистаным советыдзэр зэрихьар фIэгъэнапIэ ящIри, абы къэкIуакъым хамэ къэрал куэдым я лIыкIуэхэр. АрщхьэкIэ зэхьэзэхуэм кърихьэлIахэри зэфIэкI ин зиIэ защIэт.

ЦIыхубз волейболрат дэ ди плъапIэ нэхъыщхьэр. Совет Союзым и командэ къыхэхам хэту абы зыкъыщигъэлъэгъуэнут Ахэмын Еленэ.

Адыгэ бзылъхугъэм и джэгукIэр, сыт щыгъуи хуэдэу, узыIэпызышэт. ЗэIущIэм и нэхъ гугъури абы и Iэзагъым къигъэIурыщIэрт. Япэ гъэунэхуныгъэт финал ныкъуэм Кубэм и волейболисткэхэм зэрыщаIущIар. Ахэр дунейм щынэхъ лъэщхэм хабжэрт икIи хуабжьу хэгъэщIэгъуейт. АрщхьэкIэ Ахэмын Еленэ зыхэт гупри лъэрызехьэт. Абыхэм я къарур игъэбагъуэрт къыдэщIхэр зэрыкуэдымрэ я Хэкум и къалащхьэм зэрызыкъыщагъэлъагъуэмрэ. Ахэр тенджыз къэукъубиям хуэдэти, «щхьэхуитыныгъэм и хытIыгур» (арат Кубэм зэреджэр) щIрагъэлъэфащ. Бжыгъэр шэч къызытумыхьэнт – 3:0.

Дыщэм щыщIэбэныну кIэух зэIущIэм Германие Демократие Республикэм и командэр къащыхуэзащ. Ар хуабжьу лъэщт икIи игъэкIуэтыгъуейт.

Япэ Iыхьэм ди волейболисткэхэр псынщIэу япэ ищащ. 14:8-уэ я хьэрхуэрэгъухэм щащхьэщыкIым, ахэр бэлэрыгъащ икIи къапэщIэтхэм очкоиплI зэкIэлъхьэужьу ирагъэхьащ. Къаруушхуэ трагъэкIуэдэн хуей хъуащ, зы очко зыIэрагъэхьэжу текIуэныгъэр къахьын папщIэ. Ар лъэужьыншэу къэнакъым икIи къыкIэлъыкIуэ зэIущIэр нэмыцэхэм 15:11-у яхьащ.

Ещанэ Iыхьэри хуабжьу ухэзыгъаплъэу ирагъэжьащ – 0:3, 3:6, 5:11, 7:13. Iуэхур хэкIыпIэншэ щыхъум, СССР-м и гуп къыхэхам и тренер нэхъыщхьэ Карполь Николай джэгум къыхигъэхьащ и «Iэщэ гъэпщкIуар» - Ахэмын Еленэ. Зэрыщыгугъауэ, зэIущIэм и екIуэкIыкIэм абы напIэзыпIэм зригъэхъуэжащ. Адыгэ бзылъхугъэм очкоих зэкIэлъхьэужьу гупым къыхуихьащ икIи и ныбжьэгъухэм я гур къызэригъэгъуэтыжащ, бжыгъэр 12:13-м нигъэсри. Ар лъэщу ебгъэрыкIуэрт икIи ныкъусаныгъэншэу зихъумэжырт. КъызэщIэрыуэжа ди волейболисткэхэм адэкIэ нэмыцэхэм я щхьэр кърагъэIэтакъым икIи 15:13-уэ хагъэщIащ.

Зи къарумрэ зэфIэкIымрэ шэч къытезыхьэжа ГДР-м и командэ къыхэхар еплIанэ зэIущIэм ужьыхыжыпащ. АдэкIэ зэрыныкъуэкъуэн гукъыдэж абы щыджэгухэм яIэжтэкъым икIи 15:7-уэ икIуэтащ.

Апхуэдэу, Ахэмын Еленэ и фIыгъэкIэ, Совет Союзым волейболымкIэ и цIыхубз командэ къыхэхар Гъэмахуэ Олимпиадэм 1980 гъэм щытекIуащ. Дэри, зэи къэмыхъуауэ, диIэ хъуащ адыгэ пщащэхэм къахэкIа япэ Олимп чемпион. Абы папщIэ къыхуагъэфэща дыщэ медалым уасэ гуэр хуэгъэувыгъуейт – ар и адэ Рабихь и псэр зэригъэгуфIа тыгъэ лъапIэт.

ТекIуэныгъэ иныр къэзыхьа СССР-м и командэ къыхэхам щыджэгухэмрэ абы и тренерхэмрэ зэхэлъэдэжауэ IэплIэ зэхуащIырт, зэхъуэхъужхэрт. Тренер нэхъыщхьэ Карполь Николай псоми псалъэ гуапэ яжриIэрт, ауэ Ахэмын Еленэ нэхъ къыхигъэщхьэхукIырт, абы и фIыгъэкIэ зэIущIэ хьэлъэм зэрыщытекIуам папщIэ. Зэхьэзэхуэм еплъыну кърихьэлIахэм щIалитI къахэжауэ абыхэм къахуэжэрт. Мылицэри адрей хъумакIуэхэри къапэмылъэщу ахэр утыкум къилъэдащ

икIи удз гъэгъа Iэрамэшхуэр Iэнкун хъуа Ахэмыным IэщIалъхьащ. А щIалитIыр и адэм и хэкужь Къэбэрдейм къикIат.

ИужькIи ехъулIэныгъэфIхэр иIащ Еленэ. АрщхьэкIэ олимп текIуэныгъэр зыри зэмыфIэкIыфынщ. Ар гум щегъафIэ дэтхэнэ зы спортсменми, апхуэдэр зыгъэсами, къыдэщIахэми.

КъыкIэлъыкIуэ илъэсым Ахэмын Еленэ и гъащIэм зэхъуэкIыныгъэшхуэ къыщыхъуащ: Одессэ и «Черноморец» футбол командэм щыджэгу Соколовский Игорь дэкIуэри, 1981 гъэм Украинэм Iэпхъуащ. Дауи, къыхэкIыжын хуей хъуащ игури и псэри зыкIэрыпщIа Свердловск и «Уралочка» гуп телъыджэм.

Олимп чемпионкэр гуфIэжу зыхагъэхьащ здэIэпхъуа Одессэ и «МедИн»-м. Ари СССР-м волейболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм щыджэгурт. ИлъэсиблкIэ хэтащ Еленэ абы икIи ехъулIэныгъэфIхэр къыхуихьащ. ИужькIэ Финляндием, Польшэм, нэгъуэщI къэралхэм я командэхэм зэфIэкI инхэр къыщигъэлъагъуэу щыджэгуащ. А псори къалъытэжри, XX лIэщIыгъуэм къриубыдэу Одессэ и волейболисткэ нэхъыфI дыдэу къалъытащ, а къалэм физкультурэмрэ спортымкIэ и управленэм и унафэщIу иужькIэ илъэс куэдкIэ лэжьащ.

Ахэмын (Соколовская) Еленэ Хэкум куэд зэрыхуилэжьар гулъытэншэ хъуакъым. «За доблестный труд» медалыр, «СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер» цIэ лъапIэр абы къыхуагъэфэщащ. Ар щапхъэ яхуэхъуащ волейболымкIэ къэралым и гуп нэхъыщхьэм 80 гъэхэм щыджэгуа Налшык и «Университет»-м хэта Лий Ларисэ, ЗекIуэрей Эльвирэ сымэ, нэгъуэщI ди лъэпкъэгъу куэдми.



## Чемпионхэми къулыкъущIэшхуэхэр къахокI



*ЦIыху цIэрыIуэхэмкIэ бейщ Зэрэгъыж къуажэр. Абыхэм ящыщ зыщ алыдж-урым бэнэкIэмкIэ Олимп чемпион (2000 гъэм), Дунейпсо кубокыр щэнейрэ къэзыхьа (1992, 1995, 1997 гъэхэм), Европэм щытекIуа (1998 гъэ), иужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым спортымкIэ и министру, республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэу щыта, иджы КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Къардэн Мурат.*

Ди адэжьхэм пщIэ лей зыхуащIурэ къэгъуэгурыкIуа бэнэкIэ спорт лIэужьыгъуэмкIэ 2000 гъэм Австралием и Сидней къалэм щекIуэкIа Олимп джэгухэм пашэныгъэр щызыубыда Къардэн Мурат щытхъу хэха хуэфащэщ. Абы и гъащIэ гъуэгуанэр щапхъэ зытраххэм хуэдэщ. АрщхьэкIэ псори нэгъуэщIу къекIуэкIыфыну къыщIэкIынут, ар бэнэным щысабийм димыхьэхатэмэ. Я къуажэ школым физкультурэмкIэ и егъэджакIуэ ГъуэплъащIэ Замир игъа-

сэ гупым хагъэхьэн папщIэ тхьэмахуэ енкIэ Мурат лъэIуэн хуей хъуащ. ЩIалэ цIыкIум и ерыщагъыр тренер Iэзэм къилъытащ икIи къыгурыIуащ спортсмен лъэрызехьэ къызэрыхэкIыфынур. Абы щыгъуэм Мурат дихьэхакIэт осетин бэнакIуэ цIэрыIуэ Андиев Сослъэн икIи 1976, 1980 гъэхэм ар Олимп чемпион щыхъуам зэрихьа гуфIэгъуэр пхуэмыIуэтэжынщ. Дэнэ щищIэнт илъэс тIощI дэкIмэ, езыри апхуэдэу зэраIэтынур?!

Къардэн Мурат сыт щыгъуи фIыкIэ игу къегъэкIыж гъащIэм и гъуэгу захуэм тезыгъэувахэр. Апхуэдэхэм ящыщащ Гъуэплъащ Iэ Замири. Аращ бэнэным япэ лъэбакъуэхэр щезыгъэчар. АбыкIэ фIыщIэ куэд бгъэдэлъщ и япэ тренерхэм ящыщу щыта Къалмыкъ Юри.

Мурат и ныбжьыр илъэсипщI ирикъуауэ арат я унагъуэр Налшык щыIэпхъуам. Дауи, спортым зыщыхуебгъэсэну абы Iэмалхэр щынэхъыбэт икIи ахэр нэсу къигъэсэбэпащ ныбжьыщIэм. Псом япэу Мурат зыхригъэтхащ бэнэкIэмкIэ секцэм. АрщхьэкIэ зыхэхуар иджыри къэс дэзыхьэха бэнэкIэ хуитыракъым, атIэ алыдж-урым бэнэкIэращ. Зи нэIэ щIэхуа Лобжанидзе Владимир абы а спорт лIэужьыгъуэр фIы дыдэу иригъэлъэгъуащ икIи и гъащIэ псокIэ зэрихъуэжын щымыIэу ищIащ.

– Абы щыгъуэм тренировкэхэр си пщIыхьми хэкIыртэкъым, – игу къегъэкIыж Мурат. – Ар, дауи, зи фIыгъэр Лобжанидзе Владимирщ. Абы бэнэкIэ Iэмалхэр дигъащIэ къудейтэкъым, атIэ гъащIэми дыхуиущийрт. БэнакIуэ цIэрыIуэхэм я псэукIам, текIуэныгъэ инхэм зэрыхуэкIуам дыщигъэгъуазэрти, щапхъэ тхуищIырт, хьэлэмэт куэд къыджиIэрт.

Къардэн Мурат и гъащIэм щыщ зы Iыхьэ хъуащ бэнэныр. И гупсысэхэм я нэхъыбэр зытеухуар арат икIи и къару псори ирихьэлIэрт. Дауи, ар псыхэкIуадэ хъуакъым – Мурат щытекIуэу хуежьащ ныбжьыщIэхэм я зэхьэзэхуэ куэдым. Апхуэдэхэм и деж зэрыхабзэщи, гу къылъатэри, спорт интернат щхьэхуэхэм ирагъэблагъэу щIадзащ. АрщхьэкIэ, Лобжанидзе къыжриIащ: «УмыпIащIэ, республикэм уикIын ипэ, уи Iэпкълъэпкъыр зэрыгъэубыд». И егъэджакIуэм и псалъэ Iущхэм Мурат едэIуащ икIи зэи щIегъуэжакъым.

Зи зэфIэкIхэр зэрылъагэр пасэу наIуэ къэхъуа щIалэщIэм и ехъулIэныгъэхэм иригушхуэну хунэсакъым Лобжанидзе Владимир – и гур къыщыхьэри, зэуэзэпсу дунейм ехыжащ. Ар гуауэшхуэт Мурат и дежкIэ.

И тренер гъуэзэджэр щыIэщIэкIым, Къардэн Мурат щIэтIысхьащ Олимп резервхэр щагъэхьэзыру Дон Iус Ростов дэт училищэм. Ар и зыужьыныгъэм и зи чэзу лъэбакъуэ лъэщт. АдэкIэ, спортым и мастер хъуа иужькIэ, къыпэплъэрт ФизкультурэмкIэ Краснодар щыIэ къэрал институтыр. Мурат щIэныгъи зригъэгъуэтырт, спортми щытекIуэрт. АрщхьэкIэ и адэ Наусбий сымаджэ хьэлъэ зэрыхъуам унэм къришэлIэжащ: ар быным я нэхъыжьт икIи унагъуэмкIэ жэуап ихьырт.

Псори IэщIыб ищIу къыкIэлъыплъыну, зэрихьэну къекIуэлIэжа и къуэр зыбгъэдигъэтIысхьэри, адэм къыжриIащ: «Си хущхъуэ нэхъыщхьэр – уи текIуэныгъэхэращ. Сэ абыхэм сапоплъэ. Дунейпсо зэпеуэр мыгувэу къыппэщылъщи, абы, хуэфэщэну зыхуэгъэхьэзыри, кIуэ».

Адэм и жыIэм ебакъуэу Мурат есатэкъым. И псэм къехьэлъэкIми, зыгъэсэныгъэхэм игъэзэжащ икIи нэхъ ерыщыжу зигъэхьэзыру хуе-

жьащ. СССР-м и цIэкIэ дунейпсо зэпеуэм кIуэну щIэхъуэпсыр куэд хъурт, ауэ ар хэтми щызэхэкIынур къэралым и чемпионатрат. Къардэным абы щыхигъэщIащ Мэзкуу къалэм, Белоруссием, Украинэм я лIыкIуэхэр. Финал никъуэм къыщыпэщIэхуащ Арменией щыщ Мелконян. А тIур куэдрэ зэхуэзат икIи зыр адрейм и бэнэкIэм фIы дыдэу щыгъуазэт. Хуабжьу сакъын хуейт. Мурат бэлэрыгъакъым икIи 7:1-уэ и хьэрхуэрэгъур хигъэщIащ. Финалри гуащIэт. Къардэным къыпэщIэтт Совет Союзым щынэхъ лъэщхэм ящыщ Покалэ Сергей. Абыи къыпикIуэтакъым Мурат икIи, гугъу дехьами, текIуэныгъэр къыIэщIитхъащ. АдэкIэ къызэIухат 1991 гъэм щыIэну щIалэгъуалэм я дунейпсо зэпеуэм хуэзышэ гъуэгур. АрщхьэкIэ, бетэмал...

Мурат нэхъ зыщышына дыдэр къэхъуащ – и адэр дунейм ехыжащ. А гуауэшхуэм иужькIэ хуабжьу гугъут зэхьэзэхуэр щекIуэкI алэрыбгъум утехьэжыну. АрщхьэкIэ и адэм и иужьрей псалъэхэр абы фIы дыдэу ищIэжырт. «СыкIуэнщ», – мурад быдэ ищIащ Мурат. КъыгурыIуэрт и адэр хуабжьу зэрыщIэхъуэпсар дунейпсо чемпион и къуэр хъуну.

Чехословакием щекIуэкIа зэхьэзэхуэшхуэр Къардэн Мурат и дежкIэ зэхэгъэкIыпIэ инт. Япэ дыдэ зэIущIэм абы къыщыпэщIэхуащ хэгъэрейхэм ящыщ бэнакIуэр. Пэшым щIэсхэр зэрогъэкIий, мэфий, я спортсменыр трагъэгушхуэу. Мурати Iэнкун хъуауэ и хьэрхуэрэгъум пэщIэтщ. Абы и никъуэкъуэгъуми и Iуэхур хэплъэгъуэщ: къыдэщIхэм ялъагъуу текIуэну щIохъуэпс, ауэ къыхагъэщIэнкIи хуабжьу мэшынэ. Ар Мурат зыхищIэщ, чех щIалэр ипхъуатэри, идзащ. Къардэныр зэрытекIуар пэшым зэрыщагъэIуар хьэлэмэтущ: «ТекIуэныгъэ къабзэр къихьащ Къардэн Мурат, Совет Союзым къикIа шэрджэс щIалэм», – жиIащ, микрофоныр къиищтэри, судья-хъыбарегъащIэм.

А псалъэхэр зэхэзыха зы щIалэ зэIэщIэлъ утыкум къилъэдащ, спорт фащэ щыгъыу. Абы Мурат быдэу IэплIэ къыхуищIри, къыжриIащ: «Сэри сышэрджэсщ. Тыркум и командэ къыхэхам сритренерщ, къызэрызэджэр Табур Билалщ. УкъимыкIуэт, шынэхъыщIэ, дэ уэ дыбдэщIынущ!»

Финалым хуэзыша зэIущIэращ Къардэным нэхъ къехьэлъэкIар. Нэмыцэ бэнакIуэр инт, къарут, ерыщт. АрщхьэкIэ ари хигъэщIащ, 6:2-уэ.

АдэкIэ Франджым къикIам ефIэкIын хуейт, дыщэр зыIэригъэхьэн папщIэ. ЗэIущIэм и пэ къихуэ дакъикъэхэм Мурат апхуэдизу и гур сабырт, зэпIэзэрытти, текIуэныгъэр къызэрыпэплъэр псэкIэ зыхищIэрт. Пэж дыдэуи, гугъу емыхьыщэу абы и хьэрхуэрэгъур хигъэщIащ икIи дунейпсо чемпион хъуащ. ЗэкIэ щIалэгъуалэ зэпеуэм. Илъэс тIощI фIэкIа зи ныбжьыр мыхъуа Къардэн Мурат адэкIэ къыпэплъэрт и пщIэр нэхъ лъагэжу зыIэтыну балигъхэм я зэхьэзэхуэ гуащIэхэр.

КъыкIэлъыкIуэ илъэсым Дунейпсо кубокыр япэу зыIэригъэхьащ. ИужькIэ тIэунейрэ (1995, 1997 гъэхэм) а ехъулIэныгъэм къытригъэгъэзэжащ. 1998 гъэм Европэм и чемпион хъуащ. А псори Олимп лъагапIэм хуэзышэ лъагъуэ дахэт.

Къардэн Мурат 2000 гъэм Сидней зэрыкIуэнур щызэхэкIар Олимп джэгухэм щIадзэным махуитху иIэжущ. А лъэхъэнэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ килограмм 76-м нэс зи хьэлъагъхэм я деж щынэхъыфIу

къалъытэ Мишиныр хигъэщIа иужькIэщ, Австралием кIуэ гъуэгур абы къыщыхузэIуахар.

ИгъащIэ лъандэрэ Олимпиадэм хэтыну зи хъуэпсапIэ адыгэ щIалэм къыхукъуэкIа Iэмалыр нэсу къигъэсэбэпащ. Сидней и алэрыбгъухэм къыщыпэщIэува и хьэрхуэрэгъу псоми ар ефIэкIащ. Псом хуэмыдэу удэзыхьэхт кIэух зэIущIэр. Абы къыщыпэщIэтащ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм къикIа бэнакIуэ лъэщ дыдэ Линдлэнд Мэтт. Ар 3:0-у хигъащIэри, ди лъахэгъур Олимп чемпион хъуащ.

И адэ Наусбий имылъэгъуами, Къардэн Мурат и ехъулIэныгъэхэм нобэ ирогуфIэ икIи ирогушхуэ и анэ Динэ, и къуэш нэхъыщIэ Хьэсэн, и щхьэгъусэ Иннэ, и къуэмрэ и пхъумрэ, и Iыхьлы, и благъэ, и ныбжьэгъу, къэзыцIыху куэдыр.

## Хъущт Аслъэнбэч и «бгырыпх зэдзэкIа»



*Китайм и къалащхьэ Пекин 2008 гъэм щекIуэкIа Олимп джэгухэм я дыщэ теувапIэм Хъущт Аслъэнбэч лъэ быдэкIэ техьащ, илъэсищэ и пэкIэ Европэм и бгы нэхъ лъагэ дыдэ Iуащхьэмахуэ и закъуэу къэзыгъэIурыщIа ди лъэпкъэгъу Хьэшыр Чылар хуэдэу.*

Хъущт Аслъэнбэч наIуэ ищIащ зыхуигъэувыжа къалэным псэемыблэжу зэрыхуэкIуэфыр. ГъащIэм абы езым и лъагъуэ щыпхишыфащ икIи къуажэдэс щIалэжь цIыкIуу къежьар Олимп чемпион хъуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым хыхьэ Тэрч къалэм пэмыжыжьэ Белоглинское къуажэм къыдэкIа бэнакIуэм 2008 гъэм Китайм щызэхэта Олимпиадэм ехъулIэныгъэ щиIэныр зи фIэщ хъур зырызыххэт, Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам илъэсиплI хъуауэ хэт пэтми. ЩIэупщIэ щыIэт: Хэт ар езы Хъущтыр? Сыт абы хузэфIэкIынур? Ар дауэ къэралым и командэ къыхэхам зэрыхыхьар? Апхуэдэ псалъэмакъ мыщхьэпэ къекIуэкIхэм емылъытауэ, Аслъэнбэч зыхуигъэувыжа къалэныр зэригъэзэщIэным иужь итт. Нэхъ мащIэ дыдэу ар зыщыгугъар Пекин зэрыкIуэн путевкэ зыIэригъэхьэнырати, къехъулIащ.

Хъущтым и зэфIэкIыр къэзымылъыта псоми я нэхейкIэ Китайм абы лъагапIэ нэхъ ин дыдэр къыщищтэфащ: зэIущIих иригъэкIуэкIати, хыми текIуэныгъэ къабзэ къыщихьащ, и хьэрхуэрэгъухэм зы очкои къаримыгъэхьу! Апхуэдэ ехъулIэныгъэхэр спортым и тхыдэм илъэс куэдкIэ къыхэнэнущ.

Алыдж-урым бэнэкIэмкIэ килограмм 96-рэ зи хьэлъагъхэм я гупым адыгэ чемпионыщIэ къызэрыхэхъуам и хъыбарыр псынщIэу нэсащ дэнэ щIыпIи щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я деж. Ар спортым цIыху псори – абы дихьэххэри, пэжыжьэхэри – щызэщIигъэуIуа махуэт.

ЕпщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм адыгэхэм къатепсыха гуауэм, лъэпкъ куэдым хуэдэу, дунеишхуэм щызэбгридзащ Хъущт лъэпкъри. Абыхэм ящыщ унагъуэ Iэджэ щопсэу Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, хамэ къэрал зыбжанэм. Псоми я гъащIэр къызэрекIуэкIар зырызыххэущ, ауэ я лъабжьэр, я къежьапIэр зыщ – Шапсыгъырщ. Абы щыIэщ Хъущтхэ я къуажэ КIыщмей Ин жылагъуэр.

– Аслъэнбэч олимп медалым зэрыхуэкIуа гъуэгуанэр икъукIэ гугъут, – и гъэсэныр зэрыIукIар къегъэсэбэпри, жеIэ и тренер Къардэн Анзор. – Командэ къыхэхам езым ипкъ иIэжщи, абы ухэхуэныр лэжьыгъэ хьэлъэщ. Пекин дыщыкIуэнум ипэ къихуэ илъэситIым зыми шэч къытредгъэхьакъым дэ къэралым и цIэкIэ Олимп джэгухэм дызэрыщыбэнэфынум. Аслъэнбэч и зэIущIэ псори къабзэу къихьэхурт, и хьэрхуэрэгъухэм зы очко закъуэ фIэкIаи яритакъым. КъищынэмыщIауэ, ар хуитакъым щыуагъэ гуэр IэщIэкIыну – апхуэдэу ущытыныр икъукIэ хьэлъэщ.

Тренерым къызэрилъытэмкIэ, Хъущтым и хьэлыфIхэм ящыщщ зы Iуэхум зытриухуэу адрейхэр лъэныкъуэкIэ иригъэкIуэтэкIыфыныр.



– Аслъэнбэч сытым дежи дахэу, удэзыхьэхыу мэбанэ, – жеIэ Къардэным. – Iэмал куэд ещIэри, ахэр и хьэрхуэрэгъухэм я зэфIэкIым елъытауэ къегъэсэбэпыф. Абы и дэтхэнэ зэIущIэри гукъинэж, псори дэзыхьэх мэхъу.

Пекин щригъэкIуэкIа япэрей зэIущIитIым яужькIэ, цIыху мин 15 зыщIэс пэшым дикторым Хъущтыр къыщригъэблагъэм, псори IэгуауэшхуэкIэ пэджэжащ. Абы и бэнэкIэм кIэлъыплъыну зэIущIэхэм къекIуалIэрт нэгъуэщI къэралхэм я командэ къыхэхахэм я тренерхэр.

Хъущт Аслъэнбэч алыдж-урым бэнэкIэмкIэ профессиональнэу зигъэсэн щыщIидзар гувауэщ – илъэс 23-рэ хъууэщ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта иужькIэ. Абы и пэкIэ и ныбжь щIалэ цIыкIухэм хуэдэу, къыщыхъуа къуажэм щылажьэ лъэпкъ бгырыпх бэнэкIэмкIэ секцэм зыщигъэсащ. АдэкIэ ерыщу щыпищащ зыщIэтIысхьа Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш академием.

Аслъэнбэч и анэр пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэщ, и адэр щIалэ цIыкIур илъэситху хъууэ дунейм ехыжащ. Унагъуэм сабиищ къыщыхъуащ: шыпхъу нэхъыжьрэ къуэш нэхъыщIэрэ иIэщ. Спортым япэ лъэбакъуэхэр Хъущтым щрагъэчащ тренерхэу Битокъу Юрэрэ Цырхъ Анзоррэ. ЕджапIэ нэхъыщхьэм «технолог» IэщIагъэр щызригъэгъуэтащ. Абы иужькIэщ бэнэкIэм и зэман псори щыхухихар.

Нэхъапэм зыми ямыщIыхуу щыта Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэнакIуэ щIалэщIэр къэралым и командэ къыхэхам и тренерхэм ягу дыхьащ икIи я гъусэу зигъэсэну ирагъэблэгъащ. АдэкIэ абы зэхуихьэсу щIидзащ нэхъ лъапIэныгъэ дыдэ зиIэ саугъэтхэр.

Пекин и дыщэ медалыр Аслъэнбэч къыхуихьащ езым фIэкIа зыми нэгъэсауэ къыхуэмыгъэсэбэп бэнэкIэ Iэмал гъуэзэджэм – «бгырыпх зэдзэкIа» зыфIащам. Мы спорт лIэужьыгъуэм хэтхэр щыгъуазэщ ар зэбгъэхъулIэну хуабжьу зэрыгугъур. КъызэрымыкIуэ къарумрэ Iэзагъымрэ къищынэмыщIауэ, абы папщIэ егъэлеяуэ псынщIагъ пхэ-

лъын хуейщ: къыпщхьэщыс хьэрхуэрэгъум напIэзыпIэм укъыIэщIокI, зэщIыбоубыдэ, алэрыбгъум къытыбочри, уи щхьэмкIэ щхьэпрыбодз. Апхуэдэ Iэмалым Аслъэнбэч хуабжьу дэзыхьэх адыгэ бгырыпх лъэпкъ бэнэкIэм куэдрэ ущрохьэлIэ.

Хъущтым и «бгырыпх зэдзэкIам» дуней псом и спортсмен цIэрыIуэ куэд ихьащ. Иужьрейхэм ящыщщ Олимпиадэм и финалым щыхигъэщIа нэмыцэ абрагъуэ Энглих Миркэ.

– Псори езыр-езыру къэхъуащ, – игу къегъэкIыж Пекин и чемпионым. – И Iэр къыщишиям къысхуэмыIэтынкIэ шэч къытесхьат. АрщхьэкIэ секIуэтэкIи хъунутэкъыми, къарурэ ерыщагъыу сиIэр зэхэслъхьэри, си хьэрхуэрэгъур щхьэпрыздзащ.

Нобэ Хъущтыр Европэм щэнейрэ и чемпионщ (2008, 2009, 2010 гъэхэм), дунейпсо зэпеуэм тIэунейрэ жэз медалхэр къыщихьащ (2009, 2010 гъэхэм), Дунейпсо кубокыр зыIэригъэхьащ (2008 гъэм), Урысей Федерацэмрэ хамэ къэралхэмрэ я зэхьэзэхуэ зыбжанэм щытекIуащ, дунейпсо классымкIэ спортым и мастерщ.

Алыдж-урым бэнэкIэм хэкIыжа иужькIэ Хъущт Аслъэнбэч илъэс зыбжанэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым спортымкIэ и министру лэжьащ. А IэнатIэми ехъулIэныгъэфIхэр щызыIэригъэхьащ.

Спортым щиIа зэфIэкIхэм къапэкIуэу Хъущтым къыхуагъэфэщащ Зэныбжьэгъугъэм и орденымрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденымрэ.

Аслъэнбэч унагъуэ дахи иIэщ. ЗэгурыIуэрэ зэдэIуэжу и щхьэгъусэмрэ абырэ зэдапI хъыджэбзищрэ зы щIалэрэ.



## Президентхэми ягъэныбжьэгъу Мудрэн Беслъэн



*2016 гъэм адыгэм ди пщIэр аргуэру лъагэу Iэта хъуащ. Бразилием и Рио-де-Жанейрэ къалэм щызэхэта XXXI Гъэмахуэ Олимп джэгухэм текIуэныгъэ дахэ икIи гукъинэж щызыIэригъэхьащ дзюдоист гъуэзэджэ Мудрэн Беслъэн.*

ГъащIэми хуэдэу, спортым цIыхухэр лъагъуэ зырызкIэ хохьэ. Къапщтэмэ, Мудрэн Беслъэн и натIэ хъунур къыхухэзыхар и къуэшырщ. Ар япэщIыкIэ спортым зэрыхыхьар самбэращ. Зыгъэсэн зэрыщIидзэрэ куэд дэмыкIауэ, 2007 гъэм Урысей Федерацэм и чемпион хъуащ икIи дунейпсо зэпеуэм дыжьын медалыр къыщихьащ. Абыхэм къыхэкIыу «Дунейпсо классымкIэ спор-

тым и мастер» цIэ лъапIэр къыфIащащ. АрщхьэкIэ иужькIэ дзюдор къыхихыжащ. Щхьэусыгъуэр зы закъуэщ – дэтхэнэ зы спортменми хуэдэу, Мудрэныр щIэхъуэпсырт Олимп зэпеуэхэм хэтыну, арщхьэкIэ самбэр абы и программэм хагъэхьатэкъым. Дзюдом и Iуэхур абыкIэ нэхъыфIт.

Зэман кIэщIым къриубыдэу бэнэкIэ лIэужьыгъуэщIэр Беслъэн къигъэIурыщIащ икIи къыкIэлъыкIуэ илъэсым абыкIи къэралым щынэхъ лъэщ дыдэ хъуащ. АдэкIэ Европэм чемпион (2012, 2014 гъэхэм), дунейпсо зэхьэзэхуэм етIуанэ (2014 гъэм) щыхъуащ, Европей джэгухэм (2015 гъэм) дыщэ медалыр къыщихьащ. Абыхэм къапэкIуащ «Урысей Федерацэм дзюдомкIэ щIыхь зиIэ и мастер» цIэр. АдэкIэ Олимп лъагапIэм хуэкIуэ гъуэгур къызэIуха хъуащ.

Мудрэн Беслъэн Бразилием зэрыщыхуэмыхунур хэт и дежкIи гурыIуэгъуэт. Нэрылъагъут ар зым щхьэкIи къызэримыкIуэтынур. Уеблэмэ, абы гу лъитат Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимири. Олимп джэгухэр щыщыIэну илъэсым и пэщIэдзэм ар кIуат Сочэ зыщызыгъасэ къэралым дзюдомкIэ и гуп къыхэхам кIэлъыплъыну. Путиныр кимоно щыгъыу къыщIыхьэри, япэщIыкIэ гупым и тренер нэхъыщхьэ Гамбэ зымащIэрэ ебэнащ. Зызыгъасэ спортсменхэм итIанэ яхыхьащ. Мудрэным и гъусэу зэрытрадзэ Iэмал гуэрхэр щагъэлъагъуэм къеупщIащ Олимпиадэм зэрызыхуигъэхьэзыр щIыкIэмрэ и мурадхэмкIэ.

Беслъэн къэралым и Iэтащхьэм жриIащ Рио-де-Жанейрэ кIуэну зэримурадыр икIи Iэмал имыIэу медалхэм зэрыщIэбэнынур.

– Сыт хуэдэ медаль узыщыгугъыр? – щIэупщIэжащ Путиныр.

– Дауи, дыщэращ, – жэуап пыухыкIа итащ ди щIалэм.

Хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэу къилъытэхэм щыщIэупщIэм, Беслъэн жиIащ Японием щыщ Такатэ Наохисэ апхуэдэу зэрыщытыр. Нэхъапэм ахэр зыбжанэрэ зэпэщIэхуати, гъуэрыгъуэурэ текIуэныгъэр зыIэрагъэхьащ. Иджы Олимпиадэм Мудрэным щичэзууэ къелъытэ.

Урысей Федерацэм и Президентым игу къэкIыжащ Такатэрэ Мудрэнымрэ иужьу зэрызэбэнар зэрилъэгъуар. Зыщыщ лъэпкъыр зригъащIэри, къыпищащ: «Сыт жыпIэр?! Къэбэрдейхэр японхэм нэхърэ куэдкIэ нэхъ лъэщщ. ИIэ, ятекIуэ...»

Зэбэнхэр яуха иужькIэ зэхэта зэIущIэм Путиным щыжиIащ къэбэрдейхэр японхэм хъыжьагъэкIэ ефIэкIыу къызэрилъытэр. Ар ди лъэпкъэгъухэм я гуапэ зэрыхъуар наIуэщ икIи а Iуэхугъуэр зэрыпэжым куэд мыщIэу Бразилием щыхьэт щытехъуэжащ.

Хуабжьу дызэрыщIэхъуэпсауэ, гуфIэгъуэшхуэкIэ щIидзащ Рио-де-Жанейрэ къыщызэIуаха XXXI Гъэмахуэ Олимп джэгухэм. Абы и япэ махуэм Урысей Федерацэм дыщэ медалыр къыщыхуихьащ Бахъсэн къалэм щыщ адыгэ щIалэ Мудрэн Беслъэн – дзюдомкIэ килограмм 60-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм ар Олимп чемпион щыхъуащ! Къэбэрдей щIалэр и хьэрхуэрэгъу псоми ефIэкIри, Олимп лъагапIэм къыщыхутащ. Ар тыншауэ зыми хужыIэнукъым.

Бразилием щызэхэтыну Олимп джэгухэм ипэ къихуэу допингым ехьэлIауэ щыIа псалъэмакъ, Iуэху мыщхьэпэ куэдым иужькIэ ди къэралым и спортсменхэм я гур иудауэ абы ирихьэлIэн хуейт. Арат зыщыгугъар ди ныкъуэкъуэгъухэри. АрщхьэкIэ...

XXXI Гъэмахуэ Олимп джэгухэм я япэ махуэм утыку къихьэнут дзюдомкIэ щэнейрэ Европэм и чемпион, Урысей Федерацэм спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер ди лъахэгъу Мудрэн Беслъэн. Абы тепыIэншэу дыпэплъэрт, дэтхэнэ зы хъыбарри къэтпхъуатэу телевизорымрэ интернетымрэ дыбгъэдэсу.

Мудрэным и япэ хьэрхуэрэгъу, Голландием къикIа Мурен Джерен адыгэ щIалэм къыпигъэувын иIакъым. Беслъэн ар хигъащIэри, Армением щыщ Давтян Ованес финалым и 1/8-нэ Iыхьэм щыIущIащ. Абыи зэрелIэлIэща щыIэкъым. АдэкIэт зэпэщIэтыныгъэ нэхъ гугъухэм щыщIидзэр.

Финал ныкъуэм кIуэн папщIэ адыгэ щIалэм къыпэуващ дунейпсо рейтингым щыпашэ Ким Вон Чжин. Корее Ипщэм щыщ дзюдоистыр лъэщым и закъуэтэкъым, атIэ хьилагъи зыхэлът. Ар «зэрымыщIэкIэ» Беслъэн и нэм щIэIэбащ, абыкIэ нэхъ мыхъуми иригъэкIуэтын и мураду. Мудрэныр апхуэдэу къыпхуэгъэдзыхэнутэкъым. Дохутырхэр къеIэзэри, бэнэныгъэм пищащ икIи и хьэрхуэрэгъур хигъэщIащ.

Финалым хуэзыша гъуэгури тыншакъым. Куржым щыщ Папинашвили Амирани щIэхъуэпсырт и хэкур игъэлъэпIэну. АрщхьэкIэ текIуэныгъэр зыIэрыхьэнур а тIум язырат. Ар хэт нэхъ хуэфащэми Мудрэн Беслъэн зыми шэч къытрыригъэхьакъым – къыпэщIэтар къабзэу тридзэри, медалхэм ящыщ зы къызэрыIэрыхьэнур белджылы ищIащ. Ар дыщэми дыжьынми щызэхэкIынур иужьрей зэIущIэрат.

Къэзахъстаным къикIа Сметов Елдос и ныбжьыр илъэс 23-рэ фIэкIа мыхъуми, дунейпсо чемпионт. Апхуэдэм упэщIэтыныр, дауи, къызэрыгуэкI Iуэхутэкъым. АрщхьэкIэ Мудрэным фIы дыдэу къыгурыIуэрт къикIуэт зэрымыхъунур – Къэбэрдей-Балъкъэрри, Адыгейри, Къэрэшей-Шэрджэсри, Урысей Федерацэри зэрыщыту, дунейм и дэнэ щIыпIи щыпсэу адыгэхэри абы къыдэщIырт. Псори щIэхъуэпсырт Беслъэн и текIуэныгъэм.

Бэнэныгъэр гуащIэу щытащ. Сметовым и щIалагъэмрэ жыджэрагъымрэ Мудрэным и Iэзагъымрэ лъэщагъымрэ пэуващ. Абы нэхъ лъэрызехьэр щызэхэкIар иужь дыдэ секундхэращ. Беслъэн и хьэрхуэрэгъум лъакъуэпэщIэдз хуищIри, ириудащ. Ар текIуэныгъэт! Мэзкуу зэманымкIэ жэщыр сыхьэт 12 нэблэгъами, Бахъсэни, Налшыки, Мейкъуапи, Черкесски, Мудрэным дэщIа цIыху минищэхэр щыпсэу нэгъуэщI щIыпIэхэри дэрэжэгъуэ иным зэщIищтащ.

Афэрым, адыгэлI! Зэи къэмыхъуауэ ди лъэпкъым иджы къыхэкIащ дзюдомкIэ Олимп чемпион. Ар Мудрэн Беслъэнщ!

Бразилием щекIуэкI Гъэмахуэ Олимп джэгухэм Урысей Федерацэм япэ дыщэ медалыр къыхуэзыхьа Мудрэн Беслъэн и текIуэныгъэм теухуа хъыбарымкIэ къызэIуахащ дунейм я хъыбарегъащIэ IэнатIэ нэхъыщхьэхэм я къыдэкIыгъуэхэр. Дэтхэнэми хуэфащэн пщIэ лъагэ щыхуащIащ Къбэрдей-Балъкъэрым щыщ адыгэ щIалэм и ехъулIэныгъэ иным, къызыхэкIа лъэпкъым, къэралым я дежкIэ абы иIэ мыхьэнэм. Езыми хэкулI нэсу аргуэру зыкъигъэлъэгъуащ журналистхэм щепсалъэм. Абыхэм ящыщ зы къеупщIат цIэрыIуэ зэрыхъуам къыхэкIыу дяпэкIэ дэнэ щыпсэуну къыхихынуми. «Си хэкужь хуэдэ щыIэкъым. Дуней псор тIэу-щэ хъурейуэ къэслъэтыхьащи, унэм щызгъэзэжынум сыт щыгъуи тепыIэншэу сыпоплъэ. Ди бгы лъагэхэм, дыкъэзылъ-

хуахэм, гъунэгъухэм, Iыхьлыхэм зэи защызгъэнщIыркъым». Олимпиадэм зэрыщытекIуам папщIэ къратыну мылъкур къызэригъэсэбэпыну щIыкIэмкIэ къыщеупщIами, ярита жэуапри пщIэ лей абы хуозыгъэщIщ. «Рио-де-Жанейрэ сыкъежьэн ипэкIэ ди анэм къызжиIащ: «Дэ уэ сом мелуанхэмкIэ дыпщыгугъыркъым, ахэр дэри къэдлэжьыфынущ, дыщэ медалыр зыIэрыгъэхьэ». Сэ мыбы олимп хъуэпсапIэм сыкъиишащ икIи ар къызэхъулIащ. Аращ псом ящхьэр».

Олимпиадэм и щIэдзапIэр телъыджэт. Абы хуэфащэу къыпащэну дыщыгугъырт бэнэкIэ хуитымкIэ ди щIалэ ахъырзэманхэу Европэм щэнейрэ и чемпион Джэду Iэниуаррэ дуней псом апхуэдизрэ щынэхъ лъэща Махуэ Билалрэ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, Билал мэскъалкIэ зэрыбэлэрыгъам медалыншэу къигъэнащ, япэ дыдэ зэIущIэм къыщыхагъащIэри. Iэниуар утыкур игъэбжьыфIами, къылъысар дыжьынырщ.

Пасэрей алыджхэм ирахьэжьа хабзэм тету Рио-де-Жанейрэ щекIуэкIа XXXI Гъэмахуэ Олимп джэгухэм къыщыхэжаныкIа Мудрэн Беслъэн Iэтауэ Хэкум къыщрагъэблэгъэжащ. Мэзкуу и «Шереметьево» кхъухьлъатэ тIысыпIэм къызэреувэхыжу абы адыгэ джэгукIэ къыщыIущIащ, къэралымрэ лъэпкъымрэ я ныпхэр яIыгъыу. АдэкIэ гупышхуэу къыщыпежьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъунапкъэм къыщихьэжым, республикэм и къалащхьэм, щалъхуа Бахъсэн къалэм. Абы къыхуагъэфэщащ къэрал дамыгъэ лъагэ, саугъэт лъапIэхэр, псэупIэ екIу, иратхащ ар щIыхьым и алеем.



Мудрэн Беслъэн IущIэну къэкIуахэм яхэтт благъэхэр, Iыхьлыхэр, ныбжьэгъухэр, къулыкъущIэхэр... Дэтхэнэми ар иIэтынут, игъэлъэпIэнут, псалъэ IэфIхэр хужиIэнут. Зи лIыгъэм уэрэдхэр хуауса Бэдынокъуэ, Сосрыкъуэ, Андемыркъан сымэ хуигъадэрт ар къызыхэкIа лъэпкъым. Абы нэхъ лъапIэ сыт щыIэ?!

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и журналист*

# АДЫГЭБЗЭР ХЪУМЭНЫМ ТЕУХУА ІУЭХУ ЩХЬЭПЭ

Бзэр гъащІэм и тыгъэщ. Ар уи анэм и бзэщ, уи адэм и псэщ. Ди бзэр кІуэдыжыну жаІэри, нобэ куэд тогузэвыхь. Абы «ирогузавэ» зи Іуэху хэлъхэри хэмылъхэри, бзэр зыгъэлажьэхэри абы иримыпсалъэхэри, ар фІыуэ зылъагъухэри анэдэлъхубзэм и мэр жыжьэрэ гъунэгъуу къызыщІимыхьэхэри. Ар зэи кІуэдыжынукъым, бгъэлажьэмэ, пІурылъмэ. Бзэ нэхъыбэ ищІэху, шэч хэмылъу, цІыхур нэхъ губзыгъэщ, нэхъ набдзэгубдзаплъэщ, нэхъ бейщ. Урысыбзэр къызыІурыІэфІэу зи анэдэлъхубзэр ІэщІыб зыщІхэм бзэ лей зэрыщымыІэр ящІэну сыхуейщ.



**Зэпеуэр езыгъэкІуэкІахэмрэ абы хэтахэмрэ.**

Сыт и уасэ адыгэбзэкІэ макъамэ дахэ уедэІуэну, адыгэ пшынэр зэрыбзэрабзэр-щэ! Адыгэгу зыкІуэцІылъу абыхэм дамыхьэх щыІэу си фІэщ хъуркъым. Сэ къызэрысщыхъумкІэ, Бахъсэн куейм адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкІэ щекІуэкІ лэжьыгъэм фІэкІа щымыІэмэ, ди бзэм зиузэщІынщ.

Илъэс къэскІэ лэжьыгъэ зэмылІэужьыгъуэ куэд ди районым щыдогъэкІуэкІ бзэмрэ литературэмкІэ еджакІуэхэм я щІэныгъэм хагъэхъуэн, я бзэм пщІэ хуащІу, ар фІыуэ ялъагъуу, къызыхэкІа лъэпкъым и тхыдэм щыгъуазэу къэтэджын папщІэ. Абыхэм ящыщ зыт адыгэ литературэмкІэ едгъэкІуэкІа «Іущхэм я зэпеуэ» гуманитарнэ олимпиадэр.

Ислъэмей дэт еплІанэ курыт еджапІэм щекІуэкІа а зэхьэзэхуэм еджакІуэ тІощІрэ хырэ хэтащ. Ар зытеухуар Елмэс Іэулдин и «Бгъэхэм къуршым къагъэзэж» романырат.

ЕджапIэ Iэхуитлъэхуитым и егъэджакIуэхэр гуапэу къытпежьащ, гупыр зэгурыIуэ-зэдэIуэжу зэрызэдэлажьэр наIуэ тщащIу. Iуэхур щекIуэкIыну актовэ пэш гъэщIэрэщIам, зыхуеину IэмэпсымэхэмкIэ гъэнщIам дыщIашащ. ЕгъэджакIуэхэри еджакIуэхэри етIысэха иужь, адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ школым и егъэджакIуэ Атэлыкъ Аксанэ утыку къихьэри, зэпеуэм и зэхэлъыкIэмрэ и зэкIэлъыхьыкIэмрэ псори щыгъуазэ ищIащ, къэпщытакIуэ гупым и лэжьыгъэри игъэпсащ.

АдэкIэ Къулъкъужын дэт етIуанэ курыт еджапIэм и егъэджакIуэ Ахъуэбэч Ленэ Елмэс Iэулдин и творческэ гъуэгуанэм щыгъуазэ дищIащ, презентацэ и гъусэу.

Утыку къихьа еджакIуэхэм щхьэж зытеувэну лъагъуэр къыхахын папщIэ, творческэ лэжьыгъэ ягъэзэщIэн хуейт темэ щхьэхуэхэмкIэ. Япэ лъагъуэ техьэгъуэм хэтынухэр «Тхылъыр щIэныгъэм и IункIыбзэщ» темэмкIэ тхэн хуейт. А Iыхьэм щызэхьэзэхуащ ЗэкIурей Рузаннэ (Ислъэмей, еплIанэ курыт еджапIэ), Ахъмэт Арианнэ (Къэсейхьэблэ, ещанэ курыт еджапIэ), Елбэрд Азэмэт (Кыщпэк) сымэ икIи япэ увыпIэр Елбэрд Азэмэт къыихьащ.





**Олимпиадэр йокIуэкI.**

«Нэхъыжьыр бгъэлъапIэмэ, уи щхьэр лъапIэ хъунщ» – арат я темэр етIуанэ лъагъуэ техьэгъуэм щызэпеуэнухэм. Абы щытекIуащ Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм и ещанэ курыт еджапIэм и епщIанэ классым щеджэ Къуэдз Маринэ.

Ещанэ лъагъуэ техьэгъуэм щызэпэщIэтынухэр «Сэ цIыху нэсу къэслъытэр» темэмкIэт зэрызэхьэзэхуэнур. А теуэгъуэм бжьыпэр щиубыдащ Къэсейхьэблэ и етIуанэ курыт еджапIэм и епщIанэ классым щеджэ Купшын Алинэ. Лъагъуэм тета еджакIуэхэм езыхэм я гупсысэкIэр, я Iуэху бгъэдыхьэкIэр екIуу литературнэ псалъэхэмкIэ къаIуэтащ. ЕджакIуэхэм ящыщу щIэныгъэ нэхъ куу зиIэхэр къэнэхуащ. Абыхэм я щхьэр лъагэу ялъагъужащ я лъэпкъ тхыдэм ямыщIэу хэлъхэм щыгъуазэ зэрыхъуам щхьэкIэ.

ТекIуахэм нэмыщI теоретик лъэщхэри еджакIуэхэм къахэкIащ. Ахэр: Ахъмэт Арианнэ, Къуэдзокъуэ Самирэ, Ерыжокъуэ Викторие, нэгъуэщIхэри. ЕджакIуэхэм щIэ куэд къыщащIащ зэпеуэм, Iэнэ пэрысыкIэм, зэкъуэшыгъэм и нэщэнэу пасэ зэманым лъэпкъым къыдекIуэкIахэм, адыгэ IэзэкIэхэм, зекIуэ уэрэдыжьхэм, нэгъуэщIхэми ехьэлIауэ.

ФIыщIэ яхуэфащэщ апхуэдэ сабий губзыгъэхэр зыгъасэ егъэджакIуэ псэемыблэжххэм. Абыхэм ящыщу я цIэ къиIуапхъэщ Ерыжокъуэ Марэ, Теркъул Сарэ, Тхьэкъуахъуэ Фозэ, Ахъмэт Раисэ, Хьэщэ Тосэ, Абрэдж Людэ, нэгъуэщIхэми.

Мыпхуэдэ зэпеуэхэм гъэсэныгъэ мыхьэнэшхуэ яIэщ, ахэр лъэпкъым и блэкIам и гъуджэщ, и гъуэгугъэлъагъуэщ, и гуимыхужщ. «Бгъэхэм къуршым къагъэзэж» тхыгъэр адыгэ тхыдэм и гъуазэщ, и фIыпIэщ.

Зэпеуэм и кIэухыу, Бахъсэн куейм егъэджэныгъэмкIэ и управленэм и унафэщI Абрэдж Тамарэ лэжьыгъэм хэтахэм гуапэу ехъуэхъуащ.



**НАНЭ Любэ,**

*Бахъсэн районым егъэджэныгъэмкIэ и управленэм адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ и методист*

# Гуэргуэныжь хасэм макIуэ

*Нарт хъыбархэм щыщщ*

Нартхэ зэхыхьауэ я хасэт. Зрагъэджапхъэм ирагъаджэри, щIэупщIащ:

– Хэт къэт? Хэт демыджарэ?

– Гуэргуэныжь къэтщ. Гуэргуэныжь деджакъым.

– Гуэргуэныжь демыджауэ дауэ хъун? – жаIащ хасэм. – ФыкIуи, феджэ.

Гуэргуэныжь нартхэ я кхъуахъуэт.

Зы щIалэ ягъэкIуащ Гуэргуэныжь деж.

– Хасэм къуагъэджащ, – жиIащ щIалэм, Гуэргуэныжь деж нэсри.

– СынэкIуэнт, кхъуахъуэ блэкI сиIатэмэ, – къыжриIащ Гуэргуэныжь.

– Сэ сыхъункъэ кхъуахъуэ блэкI, – жиIащ щIалэм. – Сэ сыкъыпэрынэ.

– Си кхъуэм я бжыгъэр къызжепIэмэ, ухъунщ, – къыжриIащ Гуэргуэныжь. – КхъуэпIащэр бгъу мэхъу, кхъуэныжьыр пщIы, кIэ задэр пщыкIуз, мыхъумыфэр пщыкIуий, кхъуэбзыр щэщI, кхъуэбз къэси щэщI-щэщI ящIэсщ – дапщэ хъурэ си кхъуэр?

Къилъытэщ-нилъытэри, кхъуэм и бжыгъэр къыхуэщIакъым щIалэм.

– Уэ кхъуахъуэ блэкI усхуэхъункъым, – жери, щIалэр къиутIыпщыжащ Гуэргуэныжь.

НэгъуэщI зы щIалэ ягъэкIуащ. Абыи хуэлъытакъым кхъуэм и бжыгъэр. Ари къиутIыпщыжащ.

– Гуэргуэныжь тхэмыту хъунукъым, – жари, ещанэри ягъэкIуащ.

Ещанэр гъуэгум щыгуващ техьащ Гуэргуэныжь и пщыIэм:

– Хасэм унэмыкIуэу хъунукъым, – жери.

– Щхьэ укъэгува-тIэ? – къеупщIащ Гуэргуэныжь.

– Тхьэгъэлэдж и мэш хьэсэм сыкъыблэкIырти, мэшыщхьэр сыбжурэ сыгуващ, – жиIащ щIалэм.

– Убжа Тхьэгъэлэдж и мэшыщхьэр? Дапщэ хъурэ?

– Сыбжащ, – жери, хьэсэм ит мэшыщхьэ бжыгъэр къыжриIащ.

– Абы щыгъуэм, – къыжриIащ Гуэргуэныжь, – си кхъуэри пхуэбжынущ, си дзыхь узогъэз.

ЩIалэр кхъуахъуэ блэкI ищIри, езыр хасэм кIуащ, зы кхъуэпIащэ шэсри.

Гуэргуэныжь хасэурэ, и кхъуэпIащэм и пэр щапхыкIащ:

– Мыбы ищIэм деплъынщ, – жари.

Гуэргуэныжь къэшэсыжын щыхъум, кхъуэпIащэр зэгуэудауэ къыщIэкIащ.

– Хъуакъым ар, – жери, кхъуэпIащэр и плIэм ирилъхьэщ, хасэм хэкIыжри, и Iуэху и ужь ихьэжащ Гуэргуэныжь.



*Усэхэр*

## НЭГЪУЕЙ Радимэ



### КАВКАЗ

Уи бгы лъагэжьхэм
Къащхьэщыт пшэплъым,
Псэр ягъэгуфIэ,
ЯгъэпIейтей.
Сыкъыщалъхуащи,
Кавказ, уи лъахэм,
Уи теплъэ уардэм
СещIыр къулей.
ЗащызмыгъэнщIу
Соплъыр ди бгыжьхэм,
Дахагъэу слъагъур —
Гум хошыпсыхь.
Уи теплъэ гуакIуэм
Хьэщыкъ ищIащи,
Хэт уимылъагъуми,
Щохъур гурыхь.

Дэнэ сыкIуами,
Си гум уилъынущ,
Анэ гущапIэу
ФIыгъуэр зи куэщI.
Дэнэ сыкIуами,
Къэзгъэзэжынущ,
Си лъахэ дахэу
Къару мыкIуэщI.

## АНЭШХУЭ ЖЬЭГУ

Ди унащхьэм уэшхыр къыщопIэнкI...
Нанэ сигу къокIыжыр жьэгум дэсу,
ПщIэнкъым слъагъур нобэ дыдэу фIэкI:
Мис, унагъуэр, псори дызэхэсу.

Нанэ жыгей мафIэр зэщIегъэст,
Хьэкум трегъэувэ шыуан цIыкIур,
Нартыху хужьыр псоми къытлъегъэс,
Ар дэ догъэлъалъэ ди гур хэхъуэу.

Шыуан цIыкIур, мис, къызэщIэплъащ,
Дгъэлъэлъа нартыхур абы хедзэ...
Нанэ пыгуфIыкIыу къытхэплъащ:
Ди нартыхум, мис, пIэнкIын къыщIедзэ.

... Нанэ и пхъуантэшхуэр къызэтрех,
Таурыхъ тхылъ Iувышхуэхэр зыдэлъыр,
«Нартхэр» телъэщIыхьурэ къыдех,
УедэIуэнумэ хъыбар, — къеблагъэ!

Ди нэгу щIэтщ ди нарт лIыхъужьхэр, мис:
Сосрыкъуэ, Бэдынокъуэ, Ашэмэз...
Щэхуу дэ додаIуэри дыщысщ, —
Нарт хъыбархэр дэ ди жьэгум дэзщ.

Благъуэ жьабгъуэм хэт текIуами,
МафIэр хэт къихьыжыфами,
Хэт иныжьыр къигъэпцIами,
Хэт нэхъ Iущу къыщIэкIами...

... Ди бзэм и Iэфlагъыр тфlэгунэсщ,
ДощIэ хабзи, къытхилъхьащ нэмыс...
Нанэ пыгуфIыкIыу жьэгум дэсщ,
Сабиигъуэ куэщIым сэри сисщ.

* * *

ЦIыхум я гум Iейуэ илъыр
ЗэщIэскъуэнти, хым хэздзэнт.
Пэжыр хъуаскIэурэ згуэшынти,
ЦIыхухэм я псэм сэ хэслъхьэнт.
ХъуаскIэр лыду зэщIэнэнти,
Я псэр нуру зэщIэблэнт.
Фыгъуэ-ижэр бзэхыжынти,
Дуней псор нэхъ нэху къэхъунт.
Я гум фыгъуэр имылъыжмэ,
Сытым щхьэкIэ ныкъуэкъуэнт?
Лъагъуныгъэм гъуэгу ищIыжмэ,
Дуней псор зэщIэгъэгъэнт.



## БЖЬЫХЬЭ ДЫГЪЭПС

Бжьыхьэ дыгъэпсыр си гум къодэхащIэ,
ЩIэрыщIэу сыкъалъхуауэ къысщохъуж.
Тхьэмпэ гъуэжьхэр сфIощI къызэIущащэу,
Сыхашэ си щIалэгъуэ-гукъэкIыж.
Жьыбгъэ мащIэм ныщIеупскIэ гущIэр,
Хъыринэ ещIэ сфIощI си Iэпкълъэпкъ псор.
ЛъащIэншэу куущи къэуша гурыщIэр,
Жыг тхьэмпэ цIыкIухэр макъкIэ къыздожьу.

* * *

Жьыбгъэм гущIэгъуншэу пегъэщэщыр пщIащэр,
ЩIылъэм къытехуахэр псэншэу мэзэгъэж.
Къыпынащ зы пщIащи, жыгыр мэIущащэ:
«Хъунум, сыкъэбгъанэу, уэри уемыжьэж».

Жьыбгъэри, етауэ, пщIащэм йоныкъуэкъур,

Iэлу егъэсысыр — быдэу къыщIэкIащ.
Ауэ жыыбгъэ бзаджэм питхьэлыкIри и къур,
ЩIылъэм щыщ ищIыжу, жыгым пигъэкIащ.

Жыгым, зипхъэхауэ, зэуэ мэхъу нэщхъей,
Хъару узэпхоплъыр, пщIащи щымыхъей.

## УЭС IЭПЭХЪ

Налкъутналмэсу уэгум илъыр
Хьэуам джэрэзу кърехьэх.
ЗэтепщIыпщIыкIыу уагъэ джылъыр,
Сэ къызещIэкIыр уэс Iэпэхъ.
Щхьэц тIэрэзами къытесащи,
Щыгъэ нэрынэу зэролъэлъ.
Нэбжьыцхэр кхъуакIэу къищIыхьащи,
НитIым щIагъапщкIуэ си гухэлъ.
Си нэкIущхьитIыр дыхьэрэну
СэхусэплъкIэ щабэу кърелыкI.
ХулъэкIкъым Iупэм лъэIэсыну,
Iу бахъэ пщтырым ар фIолIыкI.



* * *

Ухэтат си гъащIэм,
Къысхуэпхьу гукъыдэж.
Ухэтат си гъащIэм,
КъысщыпщIу гъащIэр пэж.
Лъэс лъагъуэр схуэбгъэнэхути,
Хуабагъэ псэм лъыбгъэст.
Ухэтт си гъащIэм нэхуу,
ФIы куэд уи деж щызгъуэтт.
Зэман-кхъухьлъатэ псынщIэм
ГурыщIэхэр здихьащ.
ГукъэкIыж кIэншэм
Си псэр игъэдиящ.
ЗэщIиIулIащ гупсысэр,
Сэрауэ зызмыцIыхуж.
Къысхуэгъэзэж, гурыщIэ,
Мы си псэр къэгъэвыж.

* * *

Соджэразэ жэщым и IэплIэм,
Закъуэныгъэм псэр егъэгыз.
Iупхъуэ пIащIэм мазэ къыпхыплъыр
Фагъуэщ, игу къысщIоуз.

* * *

Си гум и макъамэм къыдежьу,
Жьым иумыгъэхьыж ди гухэлъ псалъэр.
Удз гъэгъами, пщIэркъэ, иIэщ пIалъэ,
ЛъапэпцIийуэ си псэм зынеший.

Си гухэлъым лыгъэ щIыбогъанэ...
Си гум телъ къыпфIэщIрэ афэ джанэ?



* * *

Зэгуэр ди гъатхэм къигъэзэжынщи,
И бзийхэр гуапэу Iупхъуэм къыпхыжынщ.
Си пэши сигури къигъэушыжынщи,
Ди дыгъэр уэгуми къытхуиувэжынщ.

Къигъэнэхуэнщи гум щызгъэпщкIуа щэхухэр,
ЗэщIэлыдэжу нэгум щIигъэкIынщ.
Е гугъэхэр щытщIа мазэгъуэ жэщым
Сришэжынщи, си нэр игъэплъэнщ.

Шыхулъагъуэ нэхум сытришэнщи,
Вагъуэбэ уафэм сыкъыщыхутэнщ.
Лъэмыж хъыринэм сытригъэхьэнщи,
Псым и дауш макъым сригъэдэIунщ.

Макъ убзэрабзэу гъатхэм и пшыналъэм
Си зы макъами хэзухуэнэнщ.

* * *

Арати, бжьыхьэр ежьэжащ,
Тхьэмпэ дыщафэмкIэ Iэ къищIу.
Кърухэми, кIапсэу, зашэщIащ,
Яжьафэ уафэм тхыпхъэ щащIу.

* * *

Уи гъащIэм гурыфIыгъуэ хэмылъыжмэ,
Абы гъащIэ щIыфIэпщыжыр сыт?
Гум къеIущащэ цIыху уэ уимыIэжмэ,
Абы гъащIэкIэ ущIеджэр сыт?

Пшэплъ дахащэр нэм къыIуимыдзэжмэ,
Абы гъащIэ щIыфIэпщыжыр сыт?
Мо бзэрабзэ бзум гур пэмыджэжмэ,
Абы гъащIэкIэ ущIеджэр сыт?

# ПСАЛЪЭЖЬУ ЗЭХЭЛЪ ПСАЛЪЭЗЭБЛЭДЗ






*ЕкIуэкIыу:* 1. ... зыщытхъу ... и уасэщ. **2.** ДывгъэтIыси, ... нысэ дывгъэубыж. **6.** ... псори пцIыупсщ. **9.** Дзыхь зыхуумыщI щыкъур ... . **10.** ... лъэмыжщ. **13.** Зэдэшхэ IэфIщи, ... унэщ. **15.** ... хъуапси, шхэгъуэм ухъуэпсэжынкъым. **16.** БжэщхьэIум ... хьэдрыхэ ноIус. **17.** ... я нэхъыфI дыдэр тэмакъкIыхьыгъэщ. **18.** Фыз ... умыгъабгэ. **20.** ... шыфэ псо иплъхьэмэ, вакъапхъэ къипхыжыркъым. **22.** ... зимыIэ щыIэкъым. **25.** Пщэдейрей ... нэхърэ — нобэрей бзу. **26.** ... — къуэшыфI палъэщ. **27.** Къыхэдзэ закъуэ, ежьуун ... . **29.** ... зыдэщы-

мыплъэрэ тхьэкІумэ зыщымыдаІуэрэ щыІэкъым. **30.** Зи ... ираІуэ бжьэщхьэІу тесщ.

*Къехыу:* **1.** Щхьэж ... и щыдэжынщ. **3.** И анэ еплъи, ... къашэ. **4.** ... зимыІэ щыІэкъым. **5.** ... нэхъри зыщІэф. **7.** Уи дахэ ... си Іей. **8.** ... уэлбанэрэ я хьэкъ зэтенэркъым. **11.** ... пэшэгъум мыгъуэ уохъулІэ. **12.** ЩымыІэ ..., къыплъыхъу умыгъэпуд. **14.** ... лъапэкІэ зэрехуэ. **19.** ... и Іуэху блэкІыркъым. **21.** ... умыхъуу, къуажэ ухъункъым. **23.** ... гъерэт ухуэмыхъу. **24.** ... бгъашхэ пэтми, мэзымкІэ маплъэ. **27.** Анэр ... гъэкІуэдщ. **28.** Зи ... зыфІэмыдэхэж щыІэкъым.

---

**Япэ къыдэкІыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр**



*ЕкІуэкІыу:* **5.** Къипщам. **6.** ЩІэкІкъым. **8.** ХуэзытІыр. **10.** Нэмыс. **11.** Анэрэ. **12.** Хэзагъэр. **17.** Щхьэм. **18.** Чэзу. **20.** Пэшхщ. **21.** Мыщэ. **22.** ХьэщІэ. **26.** ПсэуэгъуфІ. **30.** Гуапэр. **31.** Дыгъэр. **32.** ИумышэкІ. **33.** Ныбгъуэр. **34.** Ерыщыр.

*Къехыу:* **1.** КъищІкъым. **2.** ЛъапІэгъуэ. **3.** ДжэдыкІэ. **4.** Мышынэ. **7.** Уэшх. **9.** Трех. **13.** ЗэдэпщІэ. **14.** Гъатхэпэ. **15.** Хьэхущи. **16.** Зэкъуэш. **17.** Щэм. **19.** Унэ. **23.** Трач. **24.** Бжэн. **25.** Лъэпкъым. **27.** Саугъэт. **28.** Гъунэгъурэ. **29.** Гъыркъым.

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
**№2**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредитель:**

Государственное казённое учреждение
Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»
(360017, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков,
Борис Бижоев, Адам Гутов, Хамид Кармоков,
Астемир Татроков, Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова,
Залина Истепанова (ответственный секретарь)

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по Кабардино-Балкарской Республике
ПИ № ТУ07-00127 от 11.01.2018 г.
Подписной индекс: П5891

Подписано к печати 08.04.20. Выход в свет 30.04.20
Формат 70х108$^{1}/_{16}$ Бумага офсетная №1. Печать офсетная.
Усл. п. л. 15,4.Уч-изд. л. 12,3. Тираж 2.532 экз. Заказ №352
Подписная цена на 2 месяца 34р. 73к.
Подписная цена на 6 месяцев 104р. 19к.

Адрес редакции: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Телефон: 40-04-51. Адрес электронной почты:
e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

Адрес издателя: 360017, КБР, г. Нальчик
пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа»

Отпечатано ООО «Тетраграф»
360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 33

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством
предоставленного электронного оригинал-макета

## АВТОРХЭМ ПАПЩІЭ

Журналым къытехуэ тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкІэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэхэр Іэмал имыІэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къыІэрыхьэ тхыгъэхэр компьютеркІэ тедзауэ, флешкэм е дискым тету щытын хуейщ.

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщІыпІэ щытрадзэмэ, «Іуащхьэмахуэм» къызэрырахыжар къагъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Іэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкІэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, епщыкІузанэ къат, «Іуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 40-04-51 (редактор нэхъыщхьэ); 40-95-72 (жэуап зыхь секретарь); 42-42-14 (прозэ, поэзие, публицистикэ); 40-94-71 (оператор). e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

## ЖУРНАЛЫР ЗЫІЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩІЭ

Журналыр зэрытедзам дагъуэ гуэр иІэу къыщІэкІмэ, абы теухуауэ фыщыщІэупщІэ хъунущ: Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, ООО «Тетраграф».

МЭШБАЩӀЭ Исхьэкъ
*(1930)*

* * *

«НасыпыфIэу хэт къэплъытэр?» – жыпIэу,
Уэ укъызоупщIыр уи фIэщыпэу.

НасыпыфIэу Iэджэм Iэджэ ябжыр.
СхужыIэн сэ зым зэхимыха?
НасыпыфIэщ –
ХэткIи зи унэбжэр
Жэщи махуи хуиту зэIухар.

НасыпыфIэщ –
Итми губгъуэ нэщIым,
ХуимыщIыкIыу жьапщэм, жыг дэкIейр.
НасыпыфIэщ –
Уэшхым щIы иуфэнщIыр.
НасыпыфIэщ –
ЩIым удз къыхэкIар.

Сыт хуэдэ тыншыгъуэ къыплъысами,
НасыпыфIэ нэс уэ умыхъун, –
И уанэгу шы жэр зэ уимысамэ,
ПлъэмыкIамэ ар зэ бгъэлъэхъун.

Къуршу лъагэщ цIыхум плъапIэу иIэр.
Къуршым и щхьэщыгур къабзэщ – уэсщ.
И пIэ исыр зэтедзауэ и Iэр,
И мурадым зэи лъэмыIэс.

ГугъапIэншэщ зыри зыхуэмыщIэр.
ЦIыхукъым – зылъэмыкIыр гумэщIэн.
И гухэщI нэгъуэщIым зыхыумыщIэм,
Уэ насып жыхуаIэр умыщIэн.